## БАТIИ-БАТIИЯЛ ТIАХЬАЗДАСА КЪИСАБИ, ПОЭМАБИ, МАРГЬАБИ, БИЦЕНАЛ, КУЧIДУЛ

1949 – 1990

### ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIЕЛЕКО

У, у, у! – У, у, у! – мугIрул хIелеко,
Гьаб дур хIалуцараб рогьалил гьаракь!..
Гьеб гьаркьица дида ракIалдещола
РикIкIадисеб къиса Дагъистаналъул.

Гьеб къисацин гуро, гьеб къисмат буго,
Къокъ гьабун бицинин гIолохъабазе...
ГIагараб мугIрул ракь асир гьабизе
Аскаралгун Тимур вукIана вачIун.

Гьес магIарулахъе амру бачIана,
Улкаялъул кверщел жиндихъе кьеян.
Бащадаб дуниял босарав дие
Гьаб Дагъистаналде цо пуни гIолин.

Рекъав чабхъадулас чапар вачIана,
Чода нахъа къвачIа хIалухъинги лъун:
Жиндир аскаразул къадар рикIкIине
КъвачIа кьабун цIураб бугIа гIеларин.

МагIарулаз гьесий жаваб битIана:
Жидер цо хIелкица кун бахъанила
Кинабго хIалухъен, дуца бачIараб,
Гьаб къвачIа хейила дурго хвенхида.

У, у, у! – У, у, у! – авар хIелеко,
Цо дур хIалуцараб рогьалил гьаракь!
Ана кIкIалал цIурал ханасул боял
Хвалчабаца хъамун дагъистанияз.

ВачIана Надир-шагь, шагьзабазул шагь,
Щущазе гьабилин жинца Дагъистан,
Нужер кIалцIи гьечIин чуязе базе,
Чабхъаде рахъарал ниж гIадин гIемер.

Ва амма шагъасул чадиралда тIад

ТIеметIбагIарица бачана бакъан:
Чуязе дур кIалцIи хIажатаб гьечIин,
Цо хIелеко – дица кун бахъанин гьеб.

РачIана, рачIана талавурчагIи,
Теларин жидеца мун Дагъистанин.
Гьебмехалъ ахIдана мугIрул хIелеко,
МагIарулаз нужер берал рахъилин.

Нужее ричизе, яги чучизе
ЧагIи рижун гьечIин Дагъистаналда,
Гьабнухалда нужер харбий чи телин,
Хадур рачIанани хъвехъун рехилин.

У, у, у! – У, у, у! – авар хIелеко,
Дур хIасратаб гьаракь бокьула дие.
Гьанже дур некIсияб гьаракь къотIана, –
Къойил мун нижее рогьалил вакил.

Амма некIсияб мех ракIалдещола,
Щибаб нухалъ гьаракь дур рагIарабго.
Гьелъ дида абуна: Дагъистанияв,
Нусгоязде данде цо вахъайилан.

Биччай борхалъуда цIумал роржине,
Дица цIар гьабула мугIрул хIелкие!
У, у, у! – У, у, у! – авар хIелеко,
Гьаб дур хIалуцараб рогьалил гьаракь!..

*1972*

## ГЬАДАБ ЗОБАЛХIАГИ ЗОБ-РАКЬАЛХIАГИ

(*РагIиги ракьги*)

Бищун чи гурев чи – рагIи гьечIев чи,
РагIабалъги рагIи – дир магIарул гьа;
Гьаялъулъги гьа буго, гьедун хадуса,
Гьаб ракьалъул рахъалъ, зобалъул рахъалъ.

Ракь магIаруласе кьун буго дагьаб,
Цо тIимугъ рехани, тIолго бахчулеб;
Гьеб тIимугъги буго тIутIун бихъараб, –
ТIалабазул улка, гамачI, хIур, сали.

Ракь! МагIарулазе гьебгIан хирияб
Хазина кибниги гьечIо, букIинчIо.
Гьелъулъ журан руго азарил соназ
Аваразул рукьби, гьеб цIунун хварал.

... Буго тIадмагIарухъ цоцазда аскIоб
Цебегосеб кIиго ганчIилаб росу:
Цояб цо рахъалда буго кIудияб,
КIиабилеб буго дагьаб гьитIинаб.

Гьоркьоб буго цо гохI, магIаруласул
МагIарзул къалалгIан кIудияб гьечIеб;
Гьеле, цо заманалъ, гьеб гохI сабаблъун
Гурана рукьаби кIиго росдаца.

Цоял гьедарана гьеб жидер гохIин,
Гурин жидер бугин рахъана цоял.
Иш кколеб букIана квешаб бакIалде,
РукIана лъухьулел чархида хунжрул.

Гьеле гьебмехалда херал гIадамаз
ГIакълу данде бана биялде данде.
АхIана доб гохIде Дагъистаналъул
ТIолго росабазул маслихIатчагIи.

Нусгоял кIалъана, – кIиябго росдал
РагIиги дагIбаги данде билълъинчIо.
Цоял гьедарана гьаб жидер гохIин,
Гурин жидерилан цоял ахIдана.

Цинги диванчагIаз, маслихIатчагIаз,
Цо хIисабги гьабун, хIукму къотIана:
Гьаги ракьги гIадин гьаб нилъер халкъалъ
Хвезе толареб жо щибниги гьечIин,

РачIайин кIикъого бищун херав чи
КIудияб росулъа дагIбадул гохIде;
Риччай гьел гьедизе мугIрул улкадул
ТIолго миллатазул васазда цере.

Лъала бесдаласул ирсалда хъвани,
Инсанасе щолеб нусго нагIана.
Азарго нагIана, гьерсалги рицун,
ГьитIинаб росдал ракь хъамал гьабуни.

ГIемер мех хутIичIел херал чагIаца
Халкъ гуккизе гьечIо, риччай гьедизе:
Гьадаб зобалхIаги, зоб-ракьалхIаги
Жидер хIатIикь бугеб ракь нижер бугин.

Гьединан гьедани, тIад кIалъай гьечIо,
ТIалу гьезул буго, разилъе гьелда.
Амма гьедичIони, хабар кIваричIо,
КIудияб росдаца гохI жахIабго те...

БукIана рузман къо, къалъараб заман,
Къаде какде буго бакIарун росу.
Мажгиталъул кIалтIа ункъого чакма
КIикъого херасухъ хал гьабун буго.

Заман щвана, херал, халкъ гохIда буго,
Нужер гьаги босун гьенире рахъа!
Балагьун чIун буго къого жамагIат,
Къасиялде гохIил хIалтIи тIубазе.

Амма вакилзаби гIедегIун гьечIо,
ГIодой риччан руго гьезул чакмаби.
Гьел цоцахъ балагьун пашманго руго –
Гьедани гьереси, гьедичIони гохI.

Гьеб росулъ йикIана сихIирай гIадан,
Цо гьелда гьикъизе гьабуна гIакълу:
ЯчIана Манарша мажгитул кIалтIе,
КIикъого херасухъ балагьана гьей.

Гьелъ гьезда гьадинаб гIакълу малълъана:
«ГIенеккея нуж дихъ, хъахIлъарал мугжул,
Нужер хурзал ругищ, гьоцIаби ругищ? –
Гьениса босун ракь бай чакмабахъе.

Цинги гьелги ретIун, гьеде доб гохIда:
Гьаб хIатIакь бугеб ракь нижер бугилан.
Гьеб гьереси гуро. Биччай рагIизе
МугIрул тIалъиялда нужер рагIаби»...

ЧIахIияз хIикмалъун мугжул хьвагIана,
Машааллагьилан разилъи кьуна.
ЦIараб заманалде, къарал чакмабалъ,
Къокъа-къокъа гьабун, гохIде рахана.

БакIарун букIана росабазул халкъ, –
Бищун херас зодой кверал рорхана,
Хадуб кинацаго гьебго гьабуна,
Гьедана зобалъул цIаралдасан гьел.

Цинги гьел дагь-дагьккун гIодой къулана,
ГIазизаб гохIида накалда чIана.
Хадуб кинацаго «гьа» байбихьана,
Гьеб анкьго нухалда такрар гьабуна:

Гьадаб зобалхIаги зоб-ракьалхIаги
Гьаб ракь нижер бугин, хIатIазукь бугеб. –
ХIатIазукь чакмабахъ чабах букIана,
Чияр гохI босана гьерсихъабаца.

... ГIагараб Дагъистан, некIо чIахIияз
Чан хIилла гьабураб гьал дур мугIрузда?!
Гьереси гIадамаз бицунарин ккун,
КигIан мун гьекъараб чIагIдал рагI гIадин.

Амма дуда лъала гьанже дурго рукъ,
Гьаги буго даим дур хисулареб:
Гьадаб зобалхIаги, зоб-ракьалхIаги
Гьаб бакьулеб ватIан даим цIунилин.

*1972*

## МАГIАРУЛ ЗУРМА

Росу росу гуро, зурма гьечIони.
Боги гьеб бо гуро, зурма гьечIони.
Хунжрузул магIарухъ гIемер бицана,
Бицине мех щвана гьанже цо зурмил.

Рачуна лалаби бачазе гIухьбуз,
ЩвантIихалъ рачуна чундузе бакънал.
Амма зурмаялъул залимаб гьаракь, –
Гьелъ тIолго Дагъистан борхизабула...

…БукIана хундерил хъала сверун ккун
Хъачагъазул бояз тIубан хаселалъ.
Хъалаялде тIаде гьакIкIан рукIана

ГьетIарал кьураби микьабго рахъалъ.

Гьенир кьурабазда кьижулароан
Кьвагьдолеб, куц квешаб нусго гIарада;
Хъаладул лъукъарал къадал, тIохазде
ТIаде гьез балаан къойил хвалил топ.

Хундерил тIалъидал нусго партизан
Ва гьезул командир Муслим Атаев,
Ракъарал, къечарал, амма къуркьичIел,
КъвакIарал бахIарзал– гьеб хъалаялъур.

Хъаладул тIохида тIад парпадулеб
Байрахъ даларaб къо цоници течIо:
«Балагье росаби: ансал, гьид, цIигьул, –
ЩIер гIадин Дагъистан! – ниж чучиларо...»

Амма хъачагъаца, хъабчил бояца
Хъван балеб букIана балагьги хвелги.
Хъаладул картIахъан каранлъ гулла щун,
Щапулел рукIана магIарул васал.

РукIана чагIиги чуялги холел,
ХутIарал руIкIана бида рецIцIулел..,
Къваридаб хIал буго партизаназул
Ва гьезул комацдир Атаевасул.

Кумекалъе гьезий битIун араб полк
ГьерекIдерил кIкIалахъ хутIана даим,
Цогиял жегиги Гьолокьа тIаде
Гьениб нух бахъулел хучдуца руго.

Атаев вукIана ракI чармилав чи,
БакIарана къокъа гьас бахIарзазул:
«Жакъа чучарасул чилъи бухIаги,
Чучун вагьарасул лъадул цIар ккаги».

Нусабго гIарада, азарго хъачагъ, –
Хъала сверун ккурал гIемерал руго.
РачIа квердейила, кварида разе
ГIурдул къачIан ругин, вуго Нажмудин.

Дир цо хIукму ккана: нилъеда гьоркьов
Анкьго аваразул зурмихъан вуго:
Бищун къваригIараб къоялъ ратизе

Дица гьел къватIире риччан рукIинчIо.

Зурмаги пулаго, гьедин хвезе лъикI,
Хваяв тушман вохун, тамахлъизегIан;
Амма хвалил гуро, бергьенлъиялъул
Биччай Кавказ квачIид чIолеб цо бакъан!..»

... Биччана, бачана анкьго зурмица
Зобалазде мугIрул цолъулеб бакъан.
Цояб сасарабго, цояб кIалъана,
КIиабилеб чIейгун лъабго-ункъоялъ,

Цо ирга гьабуна гьанибгун доба,
Гьалгъазе кинабго тIелбай гьабураб.
ТIамуна хис-хисун хириял бакънал,
Хваралги чIваралги тIаде рахъунел.

Балеб гIазу чIана, гIорал лъалхъана,
ГIагарал кьураби кьватI-кьватIун ана.
ПештIолел гулбузде данде зурмабаз
Дунял паналъулел бакънал рачана.

Гьел бакъназ ахIарал яхI бугел щинал
Щвана хъалаялъуй хъатикь ярагъгун.
Жеги хъачагъаца гуккарал васаз
Парсахъе рехана жидерго ярагъ.

Гьолокьан рахунел коммунаразе
Нух гIатIилъун ана, тIаде гIунтIана.
Жегиги рахчарал хIанчIи пархана,
Гьениб хъалаялда бертин бугин ккун.

Сверухъ чIварал, хварал... пулел зурмаби,
Гьез нусго гIарада чIезе гьабуна.
Гьагъаб хъалаялда хъат рекIинарин,
Хъачагъазул боял мухъ-мухъалъ ана.

Рорхун хвалчабигун гьезул кьеразда
Партизаназул тIел хадуб лъугьана.
Ва командирасда цадахъ вукIана
Кидаго бищунго лъикIав зурмихъан..

Бертин бертин гуро, зурма гьечIони,
Рагъги гьаб рагъ гуро, зурма гьечIони.
Хунжрузул магIарухъ гIемер бицана,

Бицине ккун буго цо-цо зурмилги.

Рачуна лалаби бачазе гIухьбуз,
ЩвантIихал ахIдола хIанчIазе зодихъ.
Амма зурмаялъул залимаб гьаракь! –
Гьелъ батила Кавказ квачIид чIун бугеб!

*1972*

## КЬОГIАБ ГЬОЦIО

Цо нухалъ гIурус пача,
Я гьесул вас яги вац,
Гьанже дида лъаларо
Кинал, щал гьел рукIарал,

Гьалагал чуял рарал
ЧIухIарал пайтоназда,
Жидецаго босараб
Дагъистаналде щвана.

Дагъистан къотI-къотIараб
Хвалчен гIадаб нухдасан,
Гьел рачIунел рукIана
НакIкIилаб магIарухъе.

Чанги рагъал рукIарал,
Чанги ругънал рецIцIарал
КIкIалабазухъе тIерхьун,
ТIогьлъабаздасан раккун.

Пенхъелел руго чуял,
Чвархъелел руго цIурмал.
ЦIвак-цIвакарал чакмаби,
Гвангъ-гвангъарал пагонал.

Гьегьал генералзаби
Губернаторгун цадахъ;
Цоязул цо-цо килас,
Цогиязул кIи-кIияб.

Гьеб къокъадулъ йикIана
Цо къачIарай гIолилай –

Цо гІажаибай бика
Киназдасаго тІокІай.

Гьединай доб заманалъ
Дир мугІрул тІалъиялда
ТІоцебехъе гІумруялъ
Йихьун ятизе йиго…

Дагъистаналда буго
Лъабго Гъойсу цолъулеб
Цо кІудияб маххул кьо
КІиго кьуруда гьоркьоб.

Гьеб кьодухъе щвейгун гьез
Пайтонал чІезаруна;
Гьава-бакъ балагьизе,
Дагьалъ гІодор лъалхъана.

ТІад гьаркьагъунел цІумал,
Гъоркьан хъудулел гІорал,
ГІассиял гъулдулъ ругел
Гьал гІисинал росаби.

КигІан гІемер би тІураб
ГІурусазул солдатаз
Гьал кьурул сверабазде,
Гьал сурмиял ганчІазде.

Калугаялъул лъимал,
Рязаналъул васал,
Росун арал щинал нуж
Гьаб лъабабго Гъойсуялъ.

Гьеле гьелъул кьодухъ чІун,
Бергьарал генералал
Балагьун руго сверухъ, –
РухІарал росабазухъ.

Гьезде рагІад рехараб
МагІарул кІиго кьуру,
Кьурабазул хъитІазда,
БатІи-батІиял тІугьдул...

Гьадал тІугьдузул гІадаб
ТІолабго дунялалда

Даруябгин гьуинаб
ГьоцIо гьечIин абула.

Гьел гьацIул тIулби руго
ТIадмагIарул наяца
ТIаде чи вахунареб
Борхатаб кьурулъ гьарун.

Гьел рихьизе гьаруна
ХIал бихьарал чагIаца
Пачаясул чукъбузда,
Чукъбуца парчахIасда.

Гьел, надалда кверал чIван,
Эхеде ралагьана:
– Гьадаб борхалъуда щай
Наяз гьоцIо гьабураб?

– Наязулги магIарул
Буго гIамал, тIабигIат,
ТIаде тушман щолареб
БакIазда гьоцIо тIолеб.

Добе чагIини киса
Чундулцин рахунаро.
Эхеде рехараб чIор
Добе гIунтIизе гьечIо.

Гьебмехалда кIалъана
Цо кIудияв мугIрул чи:
Жидер гIадат бугила,
ГIенекIке, начаникIин.

ГIолохъанай бахIарай
Рокъой ячIунеб мехалъ,
Кавудахъ гьелъул кIалдиб
Гьаб кьурул гьоцIо хъвалеб.

Гьуинлъизе биччанте
БахIаразул убайин,
Эзул яшав, пиша, иш,
Ункъабго мех лъагIалил.

Гьебмехалъ гIолохъанай
Бика яхъун кIалъана:

Жиндир кIалдиб хъвайила
КIолес гьадаб гьоцIойин.

Офицерал цоцазухъ
Балагьун гIенеккана,
ГIор ахада хъудана,
Борхалъи – тIубараб верст.

ТIабигIаталъул бищун
СогIаб болъохъа гъоркье
Свакарав магIарул вехь
Щвана бикаде аскIой.

Чанги чахъдай хер кьурал,
Чанги хили кьурарал,
Чанги хъатикь тIил ккурал,
ХъачIал гьасул квераца

ГIолилалъул мацIалда
МагIарул гьоцIо хъвана.
Гьадинаб бихьичIилан,
ЧIикIана меседоца.

«МагIарул гIадат буго
ГьоцIо кIалдиб хъварасе
КIутIбиги кьезе кколеб», –
БичIчIизабуна гьелда.

Бикаца изну кьуна,
Амма шартI цебе лъуна:
Дица къочизе телин
ТIадмагIарул васасе,

ТIадеги бокьанани
Жийго гьесда къочилин,
Гьеб гьоцIо гьабураб тIегь
ТIун жиндие бачIани.

«Гьеб гIадинаб берцинаб,
Лъала, кибниги гьечIо,
Каранда гьеб тIегь бани,
Дие щибго кIваричIо...

НакIкIал аскIор щобазде,
ТIаде щолел рукIана,

Щенезе байбихьана
Мугъалда нахъасан цIад.

ТIаде амру бачIана
Пайтоназде рахаян,
Гьебмехалъ цо мугIрул вас
Чуязда цеве чIана:

Гьедин гьалбал магIарухъ
Риччазе бегьуларин,
Бикае гьоцIо босун
Дун вачIинегIан чIайин.

КиналгIаги лъалхъана...
Чармил гучаб кьурулъан
Чан гIаданин харана
Хундерил тIалъидал вас.

Цо тIалуда кверал ран,
Цогиялда хIатIал чIван,
ХIинчIан кколев вукIана
Борхалъуде унев гьев.

ЦIадаз риччарал ганчIал,
Хьухьикье тIерхьана вехь,
ТIокIав нахъ вуссинадай
Гьай ясалда баизе?

Огь, захIматал лахIзатал!
Огь, хIинкъарал свераби!
Цо сагIат гьоркьоб ана,
Гьале гьацIул тIалагун,

ТIадмагIарул гIолилас
ГIодоб речIчIана тIагъур,
ТIегьги босун вуссинин
Гьай ясалда къвал базе.

Найил тIалаялдаса
ТIугьдул рикIкIад рукIана,
Чарамул кьурабалъе
Кьалбал гъварид риччарал.

Кьураби хьухьикь руго,
ЦIад щенон балеб буго,

Шавкъалъ борхалъиялде
Вахун унев вуго вас.

Огь, захIматал лахIзатал!
Огь, хIинкъарал свераби!
СагIтал, къоял сверана,
Сардал, моцIал тирана.
Сонал ана. ВуссинчIо
Вас бикада къвал базе.

Ункъго Койсу цолъулеб
Ццидалаб гъварилъуде
Гъорлъе цIан вачун ана
Карачалабаца гьев.

Камилав гIолиласул
ГIащикъаб бетIералда
Цо свераби гьаруна
Полоп бараб лъадаца.

Гьев гъорлъе тIерхьун ана,
ТIад лъедолел рукIана
Гьес кьурул гIусда тIурал
Кьер, махI берцинал тIугьдул.

Цинги тIагъур хутIана
ТIилгун цадахъ вехьасул.
ТIаде гIемер цIад бана
Гьелдаса нахъе, гьудул...

Гьаб къиса ракIалдещун,
Гьал кьураби рихьигун,
«КьогIаб гьоцIо доле» – ян
Абула магIарулаз.

Жибго гьаб Дагъистанги
ГIурус пачазабазе,
Гьеб босун хадусаги
КьогIаб гьоцIо батана.

... Гьале гьалда лъугIизе
Кколеб букIана къиса,
Амма къисмат хисигун,
Хисана гьалъул ахир.

Хадуб дида рагӀана,
Дов магӀарул гӀолихъан
ГӀорги бахун цогияб
Рахъалде ваханилан.

ГӀурулъе роргун ана
Пачаясул пайтонал,
Гьегьал генералзаби
Губернаторгун цадахъ.

Доб кьурабалъа гьоцӀо
Кьерилаца босула,
Меседу кӀалтӀе щвейгун
Гьелъул кӀутӀбузда хъвазе.

Жегиги тӀараде ун,
ТӀугьдул кьола ясазе,
ТӀинчӀаб наялъул гьоцӀо
Гьаздасан щвараб бугин.

Убаги гьуинлъана,
ГӀумрути гьуинлъана,
ГӀагараб Дагъистанги
Найил тӀалайин ккола.

Дицаги гьениса тӀун
ТӀегь кьола цо-цо кочӀол,
Кьерилалъул кӀутӀбузда
Хъвала дир гӀищкъул гьоцӀо.

*1972*

## ГӀАБДУЛАЛ ГЪВЕТӀ

Каспи ралъдал рагӀалда,
МугӀрузул ракьанлъуда
МикьгӀаркьелаб гъветӀ буго,
Цебего гьаниб чӀараб.

Гьеб гъветӀалъул бетӀергьан
ГӀабдула вукӀун вуго;
Гьанже рикӀкӀада вуго,
НекӀого гьаниса ун.

Гьесул рокъор рещтIана
БатIиял цIиял чагIи:
Гьаб гъветIалда лъаларел,
Гьал тIанхазда рихьичIел.

ТIаде щварал цогияз
Цогияб мацI бицана.
Берцинал гIаркьалабаз
ГIин тIамичIо, бичIчIичIо.

ГIабдула унев мехалъ,
Хадуб балагьараб гъветI,
Арав вас вуссинчIого
Эбел гIадин, далана.

Гьелъул каранлъ букIараб
КочIол гьаракь къотIана;
ХIанчIазул их санайил
Гьабги гьоркьоб тун ана.

ГIабдула вачун ана
Пачаяс туснахъалде,
ТалихI къараб августалъ,
Дагъистан асирлъигун.

Гьасул рокъор рещтIана
Аргъутил хадучагIи,
Херги тIегьги бечIана
МагIарул тIалъиялда.

Гъун унел руго тIанхал,
ТIогьиллъарал, ракъварал, –
ГъотIол ракьанда буго
Кьабизе къачIан гIащтIи.

Гьелъ къотIизехъин бугин
Къуват хвараб дир черхин,
ВачIа мун ГIабдулайин,
ГIодун холеб буго гъветI.

ГIабдула вачIанани,
БечIараб гъветI тIегьала;
ТIад руссун рачIун хIанчIаз
ХIайранаб кечI ахIила.

Амма ГIабдула гьанив
Кинго виччалев гьечIо,
Гьесул кверал-бохдузда
Маххул рахсал ран руго.

ВачIайин гьарделеб гъветI,
Жиндир бетIергьанила;
Виччайила ГIабдула,
Жиндир гIагараб ахин.

Гьал кIияздаго гьоркьоб
КIудияб халатаб нух...
Ахихъан рикIкIад вуго,
Ах бакъван холеб буго...

Каспи ралъдал рагIалда,
МугIрузул ракьанлъуда
Микь гIаркьелаб гъветI буго,
ГIабдула, духъ балагьун:

БетIергьанасда гIадин,
ГъветIалъул хIал лъаларин,
Жиндир унтуе дару
Досухъ гурони гьечIин...

Гьединан сонал ана,
Маххул рахсал тIутIуна,
ТIадвуссана ГIабдула,
ГIурччинлъана гьесул гъветI.

ГьотIол гIаркьелал гIодой
ГIицIго пихъаз далана...
Гьединан гурищ ккараб
Къисмат дурги, Дагъистан?

*1972*

## ЦIОВКРА

Аби буго магIарухъ:
Бокьараб харпуз къотIе,
Гьениса къватIив кIанцIун,

Тумав вачIине вугин.

Тумазул аби буго:
ЦIулакьо беканиги,
ЦIовкраса палугьанги
Гьенив ватизе вугин.

Буго гьединаб росу
Дагъистаналъул сиялъ
Доба щибав – палугьан
ГьитIинаб къоялдаса.

Гьанже-гьанже гIоди лъан,
Вилълъине лъугьарав вас
ГIерги босун кварида
Куцула гьез кьурдизе.

Вас гьавураб къоги гьез
ТIоцебехъе баркула,
Цого тIаргъида жаниб
Бохдулги кверalги лъун,

Гьаваялда кварида
Гьев квачIида чIаравго,
Цинги гIодойги кIанцIун,
 «ГIию» ахIун, кьурдигун.

МугIрул сухъмахъалъан ун,
ЦIовкраялъул васаца
Москваялъул цирказда
Улка хIайран гьабуна.

Гьаваялда кварида
Цоцазул гъажалда чIун,
ЧIужу, рос, анкьго лъимер
Унел дида рихьана.

Гьел кваридасан ана
Кинабго дунялалде:
Гьанисан Делиялде,
Добасан Парижалде.

Гьенисан рекерарал
Токиоялде щвана, –
Щуго континенталъул

ТӀолго тахшагьараздe.

ТӀадмагӀарул гӀолилал
Борхалъуда кӀанцӀана,
Цо-цо кӀалдиб кӀи-кӀияб
РекӀараб ханжарги ккун.

Харбал гӀемерал руго
Гьезул рахъалъ рицунел,
Лъицаниги бицинчӀеб
Бицинин дицаги цо...

... РукӀана магӀардаса
ГӀиял руссунел къоял,
КъватӀ-къватӀазда росабалъ
РукӀана цӀаял ракун.

ЦӀадуда тӀад гьалделеб
БукӀана гьоло, бугӀа,
Гьанир-дора къачӀалел
РукӀана чӀагӀдал рагӀал.

ЦӀовкраяца жидерго
Хасаб сухӀмат гьабуна.
Палугьабазул росу
Кварида тӀад букӀана.

Гьеб букӀана некӀо мех,
РикӀкӀадисеб хаслихълъи...
Гьанжеги хабар буго
Цо халатал гьалазул.

ГьабсагӀатги бицуна
Цо хӀорилал беразул,
Цо речӀчӀараб чӀор гӀадаб,
ЧӀуркӀанаб лагаялъул.

ГьабсагӀатги бицуна
Росу бижаралдаса,
ЙижичӀин гьединай ясс,
Дагъистан, дур ракьалда.

Гьей йикӀана палугьан,
Гьелде щвараб гӀумруялъ
Гьунар гьаб Кавказалда

Киданиги бихьичIо.

ЦIовкра росулъ йикIана
Цо камилай меседу,
Росулъ цо вас вукIинчIо
Гьелъухъ ракI асирлъичIев

Росу щиб? – къватIисанги
Гьанире чапаразул
Чуяздасан гIемераб
ГIетI бецIцIана чIалгIаде.

Гъумекдерил ханасул,
Хундерил нуцаласул
Хазинабигун гьенир
Нусго вакил вачIана.

Таркисан шамхалица,
Щура губернаторас,
Васасе гьей кьейилан,
Кьибил, авал битIана.

Хайдакъалъул уцуми,
Унсоколоса наиб...
Жеги ЦIоро бегазул
Гьоб цIар кIалдиб букIана.

Амма кьурарал гъалал
Ясалъ нахъехун ххана:
Йохъ, кIваричIин гурони,
Гьелъул кIутIбуз абичIо.

КIудияб гьелъул кьибил,
Цо васасе айилан,
АзарцIул тIаделъана,
ТIубан гIадада ккана.

Цинги тIаса вищана
Цогиги батIияв вас;
БетIер хьвагIана ясалъ,
Хвананиги инарин.

Ахиралда тухумалъ
Лъабабилев вищана,
Лъазецин вокьиларин,

Кьурун юссун чIана яс.

Щивха дуй вокьаравин,
Кьибил тIаделъарабго,
Дир тIинчIай палугьаналъ
Гьадинаб жаваб кьуна:

– Кварида щай, гIодорцин
Тарулел гIолохъабаз
ГIарцул цIезаюниги,
Дир ракI гьезде цIаларо.

Доба борхалъиялда
Дирго гIадинаб гьунар
Гьабурас гуронани
Дида баргъич хеларо.

Жакъа гIиял щвараб къо...
ГIурдул чIвай авлахъалда
КIиго палугьанасе
Гьаб рахъалъгин доб рахъалъ.

Борхалъи къого гIарщун,
Гьоркьоб кIикъого гIарщун;
ГIурдузда тIад кварал цIай,
Кинав лъазе бахIарав!

Цояб кваризде яхун,
Дирго махщелгин гьунар
Дица гьабизе буго
Гьаб гIумруялда лъараб.

Гьединабго цогияб
Квариде тIаде вахун,
Цогияс гьабе абе
Дица гьабураб щинаб.

Гьебмехалъ хIадур йиго,
ХIажалъараб мехалда,
ХIайранаб умматалъул
Амрудай мутIигIлъизе.

Амма чIужугIаданалъ
ТIаде босараб пиша
ТIубаларев бихьинчи

Вихьизе вакьангуро…

... РакIарана ЦIовкраялъ
КиналгIаги бахIарал,
БахIаралде къасд бугел,
КъачIай гьанже нужилан.

Ракарал цIаял руго,
ЦIвакарал тIаргъал руго,
Цоял бадире цIарал,
Цоял гIинде кIичIарал.

ГIарцул рачалабазда
Чарамул хунжрул руго.
БачIеб чIоло-кун гьечIо
Кереналда, гъажалда.

Руго, чуял кинигин,
Чалабазулъ росун гьел.
Нусго, бахIарав вуго
Цо бахIарай жиндеян.

БахIарай – чохтIо сверун
Нусго гIабаси барай,
ГIатIласалъул хъабало
ХъахIал куназ букъарай...

... Гучал бегIерал магIал
ТIалабазда кьабана,
Гьезда тIад бакIал ганчIал
МухIканлъиялъе лъуна.

Рахъ-рахъалъ гIурдул чIвана,
ГIурдузда кварал цIана,
ГIарщунал кIикъоябго
Галабаца рорцана.

КIиязулго мухIканлъи,
КIиязулго щулалъи
Щват бугел диванчагIаз
Дандбан тасдикъ гьабуна.

РикIкIада гьаваялда
ТIавап гьабулел цIумал,
ТIохабаздеги рахун,

Хал гьабун тIолго росу.

Пуй зурма! Заман щвана,
Щуябго цIумур кьабе!
Кьурдана, тIавус гIадин,
ТIансаялда бахIарай.

Бортун ана хъабало,
ХъахIаб микки кинигин,
Кинабго горсверуда
Свери гьабуна ясалъ.

Цинги гIерги кодоб ккун,
Кваридасан ана гьей,
БагIарал мачуязда
Бачунаго чачангун.

Кварида хIатIалги ран,
БетIериса далана.
ДегIен чIун, тIаде яхъун,
Зобазе салам кьуна.

БотIрода шампаналъул
Шиша лъун екерана.
Накабазда йилълъана, –
Гьеб гIодобе бортичIо.

Кинабго гьабунщинаб
Гьунаралъул бицун щай? –
Гьел такрар гьаре абе
Доб кварида бахIараз.

БахIараз, бачIинахъе
РачI хьвагIана цо-цояз.
Цогиял кIкIвен-кIкIведана,
КIал-мацI къотIарал гIадин.

Лъабабилел, щокърониб
Макъар къарал кинигин,
Цодагьаб хIалцен речIчIун,
ХIухьел бакIлъун лъугьана.

Цоял хIинкъун рахчана,
Цогиял нахъе ана,
Нахъа лъикIго хIурги тун

Инжитаб рогьоялъул.

Амма цо-цо бихьиназ
Жидерго хIал бихьана,
ХIинчI гIадин къверкъ боржиниш?
БажаричIо лъихъанго.

Кивха вугев бахIарав
БахIарай меседуе?
Цо вас тIаде вахъана,
Гьале гьав дун вугилан.

Киналго балагьана,
ГьакIкIан кIалгун хутIана:
«Гьа-гьа-гьа-гьа, гьа-гьа-гьа!
Гьи-гьи, гьи-гьи, гьи-гьи-гьи!»

Гъов вукIана мугIрул вехь,
Жакъа гIигун вуссарав.
ГIодобе рехана гьес
Сордо гIадаб буртина.

Жиндирго тIилги босун,
ТIагъурги берازда чIван,
Бис кинигин ана гьев
Квариде хьвацIи-хьиталъ.

Гьас ясалъул гьунарал
ТIолго такрар гьаруна,
ТIаде жоялъе жеги
БатIиябги гьабуна.

Хъатикь цо-цо дегIенгун
ДегIениса чIана гьев;
Гьаваялда кварида
Чахъуцин ччукIана гьес.

Ясалъ амру гьабуна:
Мун дир гьудул ватани,
Гьеб дурго кваридаса
Дир квариде кIанцIейин.

КIикъого гIарщун манзил,
ГIиял вехь нахъе къачIо,
ГIищкъуялда кIолареб

Щибго гьечIин абуна.

Воре, жеянги абун,
Жибго хъергъу кинигин,
Кверал гIебеде ритIун,
ГIолихъан кIанцIун ана.

КIанцIун инчIо... воржана,
Берцинай меседуде
АскIов щвараб мехалда,
Цодагьавго тарана.

Гьес абуна ясалда:
ТIасалъугьаян абун,
Дур гьайбатлъи бихьидал,
Гьелъ кканила гьаб гьалатI.

Ясалъ лъазе гьабуна:
Балагье росуйила,
Гьале дир рос нужее,
КъачIай бертадейила.

Кьолбол гьаракь къотIана,
ГьакIкIараб кIал дандкъана.
Гьа-гьа, гьа-гьа лъугIана,
Гьи-гьи, гьи-гьи тIагIана.

Гьайбатай, камилай яс,
Кваридасан гIодой ун,
ГIурччинаб тIансаялда
ТIавус гIадин сверана.

ТIадмагIарул гIиявехь
Кварида тIад вукIана,
Кверaз тIолго сверухълъи
Данде къалеб кинигин.

Гьеле гьеб заманаялъ,
Ццидалал къисасчагIаз
КъотIана балъгого квар,
Палугьан тIад вукIараб.

ЖахIдаялъул хонжроца
Хваяб кьибил-тухумалъ,
Теларин вехьасе яс,

Гьабуна инжитаб иш.

Ана нилъер гIиявехь
ГIодове кваргун вортун,
Гулла каранда щвараб
МугIрул гIанса кинигин.

Гьесул лага речIчIана
Цо балагьаб ганчIида,
Бидул хIоринив хвана
ГIолохъанав бахIарав...

Гьедин азарил соназ
Мискинзабазул гьунар
Гьаваялдаса гIодой
Рехана гIасилъиялъ.

Жеги росасе инчIей,
Жеги васас къочичIей
Къороллъана бахIарай –
ЦIовкраялдаса канлъи.

ЧIегIераб буртинадалъ
МагIарул вехь вукъана.
ЧIегIер бан гьесда хадуй,
Херлъана гIолилай яс.

Нусго чияс гьарана,
Чангиял хадулъана;
Хазинаби рачIана,
Кинабго нахъе чIвана.

Я хъамизе йикIинчIо,
Я хъалималъ йосичIо.
ТIокIай квариде тIаде
Киданиги яхинчIо.

Щибаб къоялъ хьвадана,
Къоял щвелалде хварав
Хирияв бахIарасул
Зонохъ гIодой йикIине.

ГIемерал сонал ана...
Пашманлъиялъ унтарай
Гьелъ васият гьабуна

Гьесда аскIой юкъизе.

… Борхатаб тIохда рещтIун,
ТIалаялда гIодоб чIун,
ГIасиго цо сардида
Рурудана кеторуз.

Цингиги рогьалида
БачIун гъеду ахIдана,–
Ана херай бахIарай
Хвалил босной егизе...

... Буго доб Цовкраялда
КIиго гIадатаб зани,
ГIумруялъ данделъичIел
Гьайбатал бахIаразул.

Цо багIараб, цо хъахIаб;
Гьениб кIиго тIегь буго,
Цоцазде щапула гьел,
Щоларо кинго данде...

ЦIовкраялдаса васаз
МугIрул сухъмахъалъан ун,
Сверулеб буго дунял
ТIолго континентазда.

Кваридасан рекерун,
Нью-йоркалде щвана,
Гьенисанги арал гьел
Африкалда кьурдана.

Ахир дунялги тирун,
Росулъе щвараб мехалъ,
Щола гьел хабалахъе
Хириял гIащикъазул.

Гьезул хвечIеб гьаялъе,
Хисулареб рокьуе,
Бокьулеб гьунаралъе
Накаби чIван къулизе.

**ЦА ХIУШАЛА, ЦА НУШАЛА**

ХъинтIа-митIир, хъинтIа-митI,
ХъинтIа-митIир, хъинтIа-митI…
Лъабго гьудул вукIана:
Гьимат, МухIума, ГIумар.

Цо нухалъ ГIумарица
Гьиматги МухIумаги
АхIана гьоболлъухъе
Гьудуллъи щулалъизе.

АхIана, гIодор чIана,
ГIодор чIана, гьекъана.
Гьекъана тIатIал жубан,
Жалго на лъугьинегIан.

БитIун данде тункулел
Чашкаби цолъулелъул,
Цо чанкIараб тIутI чIана
МухIумил нодо бакьулъ.

Хвана МухIумил рахIат,
Бахъана ГIумарил ццин.
Гьав дир гьобол толарев
Тушман бихьуларищан.

Гьас хъваштIан къватIиб цIана
ЦIедехIдерил тIагъихъахI,
ТIотIоде ишан босун,
Нодо бакьулъ речIчIана.

ТIотIолги МухIумилгл
РухIал зобазде ана,
Эзул хIисабги гьабун
Гьудулзабаз ахIана:

«Ца хIушала, ца нушала,
Цояв нилъер, цо чияр,
Один чужой, один наш,
Рассчет бащадаб ккана!»

ХъинтIа-митIир хъинтIа-митI,
ХъинтIа-митIир, хъинтIа-митI.
МухIума хабалъ лъуна,
ХутIана кIиго гьудул.

Гьиматица гьаб нухалъ
Жиндир ирга бугилан,
АхIана гIодов чIезе
ГIумар гьоболлъухъ рокъой.

АхIи кин гIодоб телеб?
ГIодор чIана, гьекъана,
Гьекъана цIцIани, дугIнул
Дол парсахъе щвезегIан.

БитIун гIорхъудеги щун,
ГIию ахIулеб мехалъ,
Цо гIасияб тIутI чIана
ГIумарил нодо бакьулъ.

РахIат хвана ГIумарил,
Ццин бахъана Гьиматил,
Гьав дир гьудул толареб
Тушман бихьуларишан.

Гьас жиндирго таманча,
Ма, тIухьи кванайилан,
ТIотIоде ишан босун,
Нодо бакьулъ речIчIана.

ТIотIолги ГIумарилги
ГIумру гьаниб лъугIана,
Гьезул хIисабги гьабун
Гьиматица ахIана:

«Ца хIушала, ца нушала,
Цояв нилъер, цо чияр,
Один чужой, один наш,
Рассчет бащадаб ккана!»

ХъинтIа-митIир, хъинтIа-митI,
ХъинтIа-митIир, хъинтIа-митI...
ХутIана цохIо Гьимат,
Гьудулзабиги камун.

Кканин жинде баччизе
Лъабазулго иш гьанже.
Гьекъана цIуцIун лълъарал,
Жив лълъаранив инегIан.

Гьедин жинде щварав чи
Щивго гьечIин вукIаго,
Гьадабго чIегIераб тIутI
ЧIана гьесул надалда.

Гьиматил рахIат хвана,
Гьиматил щцин бахъана,
Жакъа жинца тIубалин
ТIотIол къваригIелилан.

КъватIибе ярагъ бахъун,
Гьеб борхулев вукIаго,
РакIалдещвана гьасда
Жиндирго гьудулзаби.

Бортун ана таманча,
КIичIана гьесул бетIер,
Гьаб питнаги гьаб рагъги
ЛъугIизе заман щванин:

«РачIа, тIутI, кIияцаго
Ракълие къотIи хъвазе.
Нилъ къаникь лъун хадуса
Хадуб лъица ахIилеб? –

Ца хIушала, ца нушала,
Цояв нилъер, цо чияр.
Один чужой, один наш,
Рассчет бащадаб кканин.»

ХъинтIа-митIир, хъинтIа-митI,
ХъинтIа-митIир, хъинтIа-митI...
Лъабго гьудул вукIана:
Гьимат, МухIума, ГIумар.

Гьанже цояв хутIана
Хабаралъе ракьалда,
ХъинтIа-митIир, хъинтIа-митI,
ХъинтIа-митIир, хъинтIа-митI...

Гьадинал рагъал кола
Цо-цо Дагъистаналда,
Гьадинал рагъал ккола
Кинабго дунялалда.

Ца хIушала, ца нушала,
Цояв нилъер, цо чияр;
Один чужой, один наш,
Рассчет бащадаб ккана.

## МУГIРУЛ ТУН АРАВ ГIАЛИ

ГIураб ракьгун, инсул рукъгун
къец гьабуна ГIалица
КъватIиб батилин талихI,
чу кьолона ГIалица.
Чода нахъа хулжал рухьун,
нух босана ГIалица.
ГIагараб тIалъиялде
квер хьвагIана ГIалица.
Унел, рачIунел хIанчIи чIичIидана:
«ЧIа мун, ГIали!» – ян.
МугIруздасан унел гIораз абуна:
«Аниб лъикI дуй, ГIали!» – ян.
РекIараб чу хIихIидулеб букIана:
«ХIисаб гьабе, ГIали!» – ян.
ГIалица гIин тIамичIо, ана, ана ГIали,
Ана чодул мугъ бацIулаго.
Хадуб щиб ккараб?
Хадуб:
Чу бичун хIама босзе ккана ГIалица,
ХIама бичун бече босзе ккана ГIалица,
Бече бичун гIанкIу босзе ккана ГIалица,
ГIанкIу бичун къадако хIулана ГIалица.
ХIулараб къадкица гьасда абуна:
Гьанже нилъ цоцада релълъанин, ГIали.
Холеб бачица гьасда абуна:
Мун гIадаб оц лъугьинегIанги хутIичIин дун, ГIали
Хулжаз ччукIулел гъуждул зигардана:
«Нахъ вусса, ГIали!» – ян.
ГIалица гIин тIамичIо,
ана, ана, ана ГIали.
Гъежда хулжалги раччун,
Хазабуна ГIалица.
Хадуб щибха ккараб?
Хулжал ричун, таргьа гьабизе ккана ГIалица,
Таргьа бичун гверде гьабизе ккана ГIалица.

Гверде бихъун, тIажу гьабизе ккана ГIалица.
ТIажу бихъун, мусру гьабулев цIадакь хутIана ГIали.
Балеб цIадалъ накIкIал рихьизаруна:
«Рокъове гIедегIе, ГIали!» – ян.
Гьелдасаги хадуб зоб гъугъадана:
«Дуца гьабулеб щиб, мугIрул тарав ГIали!» – ян.
ГIалица гIинтIамичIо,
ана, ана, ана ГIали.
Ана, Алмасил гIанкIу гIадин,
балеб цIадакьа ГIали
Хадуб щибха ккараб?
Хадуб:
ЦIадакьа арав гонгикье ккана ГIали.
Гонгикьа арав хIориниве ккана ГIали.
ХIориниса арав хьуцIилъе ккана ГIали.
ХьуцI букIана гъваридаб, гъорлъе тIерхьана нилъер ГIали.
ТIерхьана, тIад свераби гьарула лъеца гьесул бетIералда,
ТIерхьана, тIагIана, тIокIав ваккичIо ГIали.
ХьуцIил рагIалда къуркъбуз къур-къур бачана:
«Къур-къур, ГIали, къур-къур, ГIали...
МугIрузда къверкълъун вукIин лъикI,
КъватIив мугIрул тарав ГIалилъун вукIинегIан.
МугIрул тарав ГIали,
Къур-къур, мугIруз тарав ГIали...»

## КАМАЛИЛ БАШИР

Гьал нижер беразе дунял кIваричIо,
Духъ балагьизе те, Камалил Башир!
Гьал нижер гIундузе кIилкIал кIваричIо,
КIиго рагIи абе, Камалил Башир!
КIиго бегьичIони, цогIаги абе,
Огь, бетIергьан аллагь, Камашил Башир!

Гьал нижер килщазе баргъич кIваричIо,
Дур кверахъе раче, Камалил Башир!
Борчине черхалъе рачел кIваричIо,
Дуца цо къвал жеме, Камалил Башир!
Каранда гурдеда тIаби нижей щай,
ТIутIун рай киналго, Камалил Башир!..

ВукIана магIарухъ Камалил Башир,
Каранда бакъ бугев, бадиб цIва бугев,
Руччабазул ракIал гIеккезарулев,

ГIолилазул чурхдул сорозарулев.

Саринал рукIана гьесул хIакъалъулъ:
Щокъросан унеб лъим гъорлъан бихьулин,
Гьес рагьиде вахъун, тIагъур лъолелъул,
ТIохабазда гIазу биун унилан.

Абулеб букIана: чирахъул гIадин,
Гьесул чорхол рагIад кибниги чIвачIин;
Кодоб ккураб лъимер, гьев данде чIвани,
ЧIужугIаданалъул бортун унилан.

ТIолго руччабазул беразул магIу
БукIана чваххулеб дов цеве тIамун;
ТIолго руччабазул гьайбатал кIутIбуз
БукIана щурулеб даим досул цIар.

Гьеб бихьун ясазул абурал васал,
Гьеб бихьун рачарал лъудбузул росал,
Гьеб рагIун кинабго жахIдаги ццинги
Цолъана Баширил берал рахъизе.

Цолъана Баширил бетIер къотIизе,
Цолъана бакъул черх хабалъ букъизе.
Цолъана хIилла-рекIкI, хIинкъи, гьереси
Гъваридаб бухъизе Баширие хоб.

Цин гьав кквезеги ккун, бищун къваридаб
Къоринив рехана, хва мун, Баширан;
Амма гъалал къотIун, кваралги гьарун,
Гьениса вахъана руччабаца гьев.

Цин жанив тIамуна, анцIго нуцIида
АнцIго рахайги бан, хва мун, Баширан;
Ва амма тIохалъул тIалаялъусан
Маккаллъун рачIана гьасухъе ясал.

Цин борхатаб кьурде вахине гьавун,
Реххана гIурулъе, хва мун, Баширан;
Ва амма гIуруца унеб берцинлъи
Берцинал руччабаз хвасар гьабуна.

Цинги ахиралда гIащтIиги босун,
КъотIана сардида Баширил бетIер.
Лъуна гьав гъваридаб бецIаб хобалъув,

Хабада тIад лъуна цо тIалу, къуру.

Гьеб гиризабуна нусго бихьинас, –
Ясаз гьеб сардида нахъе босана.
Кьурул хIур лъугьана, Камалил Башир
КенчIана цIва гIадин...
Сунаро рокьи,
Сунаро берцинлъи, холаро гIищкъу,
ГIоралъ босуларо магIарул хIасрат...

АхIулеб буго кечI нилъер росабалъ
ТIолго Дагъистаналъ нусабго соналъ:

Гьал нижер беразе дунял кIваричIо,
Духъ балагьизе те, Камалил Башир!
Гьал нижер гIундузе кIилкIал кIваричIо,
КIиго рагIи абе, мугIрузул хIасрат.
КIиго бегьичIони, цогIаги абе,
Огь, бетIергьан аллагь, Камалил Башир!

*1968*

## ГЬИТIИНАВ, ГIАДАЛАВ САЛИМИЛ РАХЪАЛЪ

ВукIана гьитIинав вас,
ВукIана гIадалав вас,
ВукIана цо вас росулъ
Салимилан цIар бугев.

Гьорчо гIадав гургинав,
Гурга гIадинав цIурав,
ВукIана гьев вицатав,
ВукIана гьев тантихъав.

Тамашаяв, хIикматав,
Живго хIехь гIадав бакIав,
КIудияб хIухьел бугев,
ХIалакъаб пикру бугев.

ВукIана гьединав вас,
Салимилан цIар бугев.
Салимида санайил

Хисун лъолаан тIагъур.

ТIагъур чанго хисана,
БетIер гъобго хутIана.
БакIаб тIагъур букIана
ТIадагьаб бетIералда.

Цо къоялъ ана Салим
Эбелалъ рохьой витIун,
ЦIулги босун вуссайин
Дир гьитIинав меседин.

Балагьун йиго эбел
Ункъо-щуго сагIаталъ,
АскIоб рохь бугониги,
Вуссунев гьечIо Салим.

Гъасда цIа сунеб буго,
ЦIеда хьаг пашман буго,
Хьагинир ругел хинкIал
Хал гьабун, чIалгIун руго.

Хадуй яхъана ГIаща
ГIунтIун гьетIараб тIилгун.
Балагьула, вихьула
Рохьов женжелев Салим.

Живго жиндаго вуго
Гаргадилев, ахIделев.
Жиндирго рагIадалда
Руго зарал рихьулев.

– Вай, гьитIинав дир Салим,
Вай, гIадалав дир Салим,
Мун щай гьобо кинигин
Гьанив свер-свелев, Салим?
Сваканин духъ балагьун,
БакIаричIищ дуца цIул?

Салим сентIелев вуго,
Салим хъерщелев вуго:
– Эбел, цIул бищизеян
Балагьулеб мехалда,
Нухда батун букIана
Цо гьитIинабго рукIкIен.

Нахъ вуссунев мехалда,
Дуе босизе абун,
Дица рехун букІана
Гьеб борхатаб харилъе.

Гьанже батулеб гьечІо
КигІан хал гьабуниги, –
Гьороцайищ босараб,
ХІанчІацайищ бикъараб?

– Вай, гьитІинав дир Салим,
Вай, гІадалав дир Салим,
Мун гуреяв вихьичІо
Рохьой рукІкІен рехулев.

Гьединаб жо, нагагьлъун,
Хаду-хадуб батани,
Гурдил кереналда чІвай,
Кибго тІагІине гьечІо.

...Гьедин йуссана эбел,
Васги вачун рокъое.
Бакана кватІараб цІа,
Кванана гьел кІиялго.

КІиабилеб нухалда
Рохьове ана Салим.
Бихьана гьасда ханжар
Жиндасаго халатаб.

Вохарав Салимица
Босана гьеб кодобе,
Каранзул чванта борлъун,
Къазе гьабуна гьениб.

Бохдузда гьоркьосан ун,
Ханжар ракьда хъван буго.
ГІоркьалъ абуни, гьесул
БетІер бухулеб буго.

ТІох-тІохазде бахун халкъ,
Хал гьабе, бельанхъула:
«Ханжар гьадинан балев
Гьав гурони вихьичІо».

КъватIахъ лъимал ахIдола:
«АхIмакъ вихьуларевищ?».
Эбел данде ячIуна:
– Дир вас, Салим, шиб жо гьаб?

– Эбел, гьаб нухалъ дида,
Гьале, ханжар батана.
Хал гьабе, гьаб босулеб
Дуца малълъухъе буго.

– Вай, гьитIинав дир Салим,
Вай, гIадалав дир Салим,
Ханжар гьедин босулев
Инсан рагIун вукIинчIо.

Нахъе-нахъе гьединаб
Дуда батун хадуса,
Дуца бахъун рачлихъ бай,
БахIарчияс кинигин.

…Нахъойги ана Салим,
Эбелалъ рохьой витIун,
Бихьана гьаб нухалда
Гьасда гьитIинаб бахIри.

Жибго кету гIанасеб,
ГIажаибаб, берцинаб;
Босун Салимица гьеб
Гьале, рачлихъ борчана.

БахIри ахIдолеб буго,
БахIри хIапдолеб буго,
БахIри хъвагIделеб буго,
БахIри хъарселеб буго:

– АхIмакъ, гьедин гуро дун
ГIадамаца бачунеб,
Биччан те дун гIодобе! –
БахIри гьарделеб буго.

ГIадамал тIох-тIохазда
Гьасда тIад релъанхъула:
«БахIри гьадин бачунев
Гьав гурони вихьичIо».

КъватӀахъ лъимал ахӀдола,
АхӀмакъ, ахӀмакъин абун:
Эбел данде ячӀуна,
Аман-мадат гьаб щибан.

– Эбел, гьаб нухалъ дида
Рохьоб бахӀри батана.
Огь, ахӀделеб буго гьаб,
Гьалъие бокьараб щиб?

Дуца малъулъухъе дица
Гьаб рачлида борчана.
Бачана, гьале, рокъой,
Гьаб щай хӀапделеб бугеб?

– Вай, гьитӀинав дир Салим,
Вай, гӀадалав дир Салим, –
БахӀри хӀапделеб буго,
БахӀри гьарделеб буго,

Жиб гьадин бачунгейин,
ПиштӀун хадуб ахӀеян.
ПиштӀунги бачӀинчӀони,
ХинкӀги рехун ахӀеян;

Хадубги гӀин бачӀони,
Рахсид бухьун бачеян.
Биччана, авлахъалде
Аян, тиризе бахӀри.

...Ана Салим нахъойги
Эбелалъ рохьой витӀун.
Гьаб нухалъ ахӀмакъасда
Рохьоб гӀащтӀи батана.

ХӀалхьи босулеб бегун
Буго гьеб цо хӀохьода,
Салим гьелде пештӀана,
ГӀащтӀи багъаруларо.

Гьас бахъун хинкӀ рехана,
Гьеб хадуб бачӀунаро.
Цинги гьас гӀощтӀол габур
ГӀарщги жемун бухьана,

«Жея, билълъайин» абун
Гьебги хадуб цIан ана.
ТIох-тIохазде бахун халкъ,
Хал гьабе, белъанхъула…

КъватIахъ лъимал ахIдола,
АхIмакъ, ахIмакъин абун.
Эбел данде ячIуна:
– Дуца гьабулеб щиб, вас?

– Дуца малълъухъе буго
Дища гьабулеб, эбел.
– Вай, гIадалав дир Салим,
Вай, гьитIинав дир Салим,

РекIунесухъ балагьун,
Щибизе рещтIунарев?
Дур бетIергойищ гьечIеб?
Дуда бералищ гьечIел?

Гьале бетIерин абун,
ТIагъур бихьана васас.
Гьале бералин абун,
Кьунсрузад квер лъуна гьас.

Цоял гьасда релъана,
Цогиял пашманлъана, –
Гьаб дунялалгьул рокъор
Ругел щинал ахIмакъал!

Гьел руго гIисиналъги,
Гьел руго чIахIиялъги,
Гьел руго росабалъги,
Гьел руго шагьаралъги.

РукIкIен харинибги лъун,
Хадуб гьеб балагьулел;
Ханжар гурдил каранда
 Карандаш гIадин балел,

БахIри ханжар кинигин,
Рачлихъ борчун бачунел;
ГIащтIиялде пештIолел,
Гьелъие хинкI рехулел;

Хадуб билълъинчIогойин
Рахсида гьеб бухьунел,
Берал кьунсрулин ккарал,
БутIрул тIаргъалин тарал;

Жидерго рагIадалде
Гаргадулел, рагъулел,–
Мекъса, гIакса гIадамал
ГIемер руго ракьалда...

ВукIана гьитIинав вас,
ВукIана гIадалав вас,
ВукIана цо вас росулъ,
Салимилан цIар бугев.

Салимида санайил
Хисун лъолаан тIагъур, –
БакIаб тIагъур букIана
ТIадагьаб бетIералда.

Салимни гьитIинав вас
Жеги дунял лъаларев,
Дунял лъалел гIабдалаз
ГIазаб кьоларебани.

Салим гьитIинав ахIмакъ,
КIкIалал тIиналда вугев,
ТIад ругел ахIмакъазул
ХIинкъи букIинчIеб ани.

АхIмакъал рукIинчIони,
БукIинаан дуниял:
НакIкIал гьечIеб зоб гIадаб,
Сусур гьечIеб хур гIадаб.

БукIинаан гвангъараб,
БукIинаан гьайбатаб,
ГьабсагIат бугелдаса
Нусго нухалъ камилаб

*1967*

## «ДУН ГЪАВУРАБ СОН» АБУРАБ ПОЭМАЯЛДАСАН ЛЪАБГО КЕЧI

### ДИНГИР-ДАНГАРЧУ

–Мун киб ун букIараб,
Дингир-Дангарчу?

– Рокьой ун букIана,
Дингир-Дангарчу.

– Мун рохьой щибизе,
Дингир-Дангарчу?

– Ригь базе цIул босзе,
Дингир-Дангарчу.

–Дуе ригьзал щайзе,
Дингир-Дангарчу?

– БахIарай ячине,
Дингир-Дангарчу.

– БахIарай щай дуе,
Дингир-Дангарчу?

–БахIарзал гьаризе,
Дингир-Дангарчу.

– БахIарзал щай дуе,
Дингир-Дангарчу?

– РитIучIил лъолъурдузда
КвачIазда чIезе;
Катил бетIералда
ДегIен чIван чIезе;

ХIанчIазда гIадинан
ЧIичIизе лъазе;
ХIелкида гIадинан
ГIегIезе лъазе;

Макказда гIадинан
Гъудизе лъазе;
Гъадил къагIидаялъ

Къвакъвазе лъазе;

РитIучI бахунарел
ГIалхалъан ине,
ГIицIал авлахъазда
Шагьарал разе;

Цо хIухь бан, цо бочка
Чагъир гьекъезе;
Цо хвалчен бан, нус-нус
Тушман къотIизе;

Щибаб рогьалида
Гьимун дандчIвазе;
Гьоролгун къец гьабун
КъватIахъ свердизе;

Къол анцIул гIодизе,
АнцIул велъизе;
АнцIабго сагIаталъ
Сардилъ кьижизе;

Макьилъ рокьи карай
Гьудул йихьизе;
Рогьалида ахикь
Гьейгун дандчIвазе;

ИчIго бетIер бугеб
Борхьил мацIалкьа
ЦIар бугей меседо
Хвасар гьайизе;

Халкъалда рагIараб
Бертин гьабизе;
Жиндаго релълъарал
Лъимал гьаризе...

Лъимал гьелъий руго,
Дингир-Дангарчу.

## КИНИДАХЪ КЕЧI

МугIруздаса гIазу

Биина, ГІали!
ГІурабазда тІугьдул
КунчІила, ГІали!

ХІанчІи бусабахъе
Руссина, ГІали!
ГанчІазда чабхил лъим
Чвахила, ГІали!

Цидул тІанчІи рорчІун,
ГІенекке, ГІали!
РитІучІал кьурдулел
Балагье, ГІали!

Гьанже сордо буго
ЧІегІераб, ГІали!
ЧІухІараб нур чІела
Хеккого, ГІали!

Мун, гІурда дар-даран
Вилълъина, ГІали!
ТІарсинив чанк-чанкан
Чвердела, ГІали!

Къоялъ меседил бакъ,
Къаси шагьримоцІ,
Зобал цІурал цІваби…
Ахх, кьижа, ГІали!

## ЭБЕЛАЛЪУЛ КЕЧІ

БецІаб сардилъ нуцІил горда
ЦІад кІетІола,
Мун гьечІо.

ЦІер, гьуриялъ каву рагьун,
Ригь сверула,
Мун гьечІо.

Ригь-ригьалда гьоболлъухъе
Квач бачІуна,
Мун гьечІо.

Куркьбал хъахIал тIанчIазухъе
ХIинчI боржуна,
Мун гьечIо.

Къоял уна, моцIал уна,
Сонал уна,
Мун гьечIо.

БукIана их, букIана бакъ, –
Берзул магIу
БакъвачIо.

БукIана цIад, букIана цIер, –
РекIел бухIи
ЧучичIо.

Мун рокъове вуссинчIого,
Бакъалъ ниж
Хинлъиларо.

Дуца кверал рачинчIого,
Кинго черх
Чучиларо.

*1949*

## ГЪУМЕКДЕРИЛ ХАНГИ, ХУНДЕРИЛ НУЦАЛГИ, ГЬИДЕРИЛ ХУЧБАРГИ, ГЬЕСУЛ ВАСГИ

*Радал къалъизегIан –*
*къалигун зурма,*
*Къалъудаса хадуб –*
*магIирукъ-гIоди.*

**Халкъияб кечIалдасан**

I

Хундерил нуцалилгун
Гъумакдерил ханасул
Хис-хисулеб гьоркьоблъи
БукIана гIумруялда.

Цин, кIиго лалу гIадин,

Цоцаздехун рухьарал,
Цого бакъан рекъараб
Бачунел рукIунаан.

Хадуб, гьава кьерхингун,
КIиго борхатаб кьурде
Рахъун хунжрул рукIана
Цоцазде хьвагIулел гьаз..

... Гьаб букIана замана
Зурма-къали рекъараб;
Нахги гьоцIоги гIадин,
Гьал умматал цолъараб.

Цин нуцалихъ гьоболлъухъ
Гъумекдерил хан вуго,
Хундерил авлахъазда
Риччалел чуял руго.

Цинги хундерил нуцал
Гъумекив унев вуго,
Азбаралда оцалъул
ЦIоко ччукIулеб буго.

Цин-циял гIорхъабазда
Гьурраян данде чIвала,
Гьабиги цере риччан
Цадахъ чанаре уна.

Чундулги гъуждузда ран,
Гьениса нахъ руссуна;
Ясаз, жергъенги кIутIун,
КIи-кIи рекъон ахIула.

ЧIагIдал рагIалги рорхун
РагIи ккана цо нухалъ,
Цоцахъе квералги кьун,
КIиго кьолбол бутIрузул.

Гьазул лъудби рукIана
Лъимал гьаризе къачIан,
ГьабсагIат цIун кьвагьизе
КъачIарал тункIал гIадин.

КъотIи гьабуна ханаз,

Гьезул къисмат гьоркьоб лъун,
Хунжрул цоцазул хисун,
ТIаргъал цоцазул хисун:

Цоясе вас гьавуни,
Цоясе яс гьаюни,
Рос-лъадилъун гьаризе
Гьел гIужде щвараб мехалъ;

Даим щула гьабизе
Гьудуллъиги, вацлъиги,
Гьал, букъараб зар гIадин,
РукIине тушбабазе;

ЦохIо лъалиниб лъураб
КIиго хвалчен кинигин,
Хунзги гъумекги чIезе
Гьалмагъир багъарани;

ЦохIо тIармида бараб
КIиго чIчIваялъ кинигин,
Цого бакъан бачине,

Гьоркьоб замана ана, –
Гъумекдерил тIулбузда
ТIолго Дагъистаналда
РагIараб зурма пуна.

Гьаваялда цIедехIалъ
ЦIа пирхизе гьабуна,
Гьавунила ханасе
Вас ирсалъе, цIаралъе.

Хундерил тIалабахъан
ТIеренабго кIкIуй ана,
ТIад роржунел хIанчIаца
Яс гьаюнин бицана.

МугIрузда пулел гьураз,
Гьезда хадубго цIадаз
Гьелъул цIар гъумекдерил
Гъулдулъ такрар гьабуна.

Жегиги гьайилалде
Гъумекие абурай,

Гъолъие оцал хъвечIо,
Карщил гъудрул рачIана.

Гъойги кереналде къан,
Цо Ханика гIодана;
Ханасда цоял релъун,
Цояз зигара бана.

Цо шагIирас баркана,
Гьевги баркулав гIадин,
Ваккараб картIинисан
БетIерги чIван хъамуна.

Ва амма Гъумекисан
Вакилзаби рачIана,
Гьез кабаби рухана
Кверaз гуро, хIатIаца.

Кверал цIу-цIун рукIана
ЩIи гIолей «бахIаралъе»
«БахIарасул рахъалъан»
Хъалимгун хазинадул.

Ххенана техтедеро,
Тира-свeрана гьобо,
Цин гьанибе, цин добе,
Дуниял-гIалам гIадин.

ГIурччинабги букIана,
БагIарабги букIана;
МагIарде гIазу бана,
ГIурдаде цIадал рана.

Гъугъадана, перхана,
Гьаниб-доба рагъ ккана;
Цоял ругънал регъана,
Цоял ругънал ригъана.

ГIуна дова бахIарав,
ГIуна гьаний бахIарай;
Дора кьурана михъал,
Гьанир кьурана гъалал.

Доба борчана рачел,
Рачлихъ таманча, ханжар...

Хундерил бахIаралъул –
Керен цIун маржанул цIал.

Кверал, рище курхьаби!
Килщал, рище баргъичал!
Рогьелги ун къалъана,
Къойиде сонал щвана.

Амма халкъалъ абула:
Ханзабазул гьудуллъи –
Гьеб ихдалил гьавайин,
Гьеб щайтIангъурийилан.

Гьезул къотIиялъулги
Бицараб рагIудалги
Базаркъоялъ цо шагьил
Багьа букIунарилан.

Гьелъул багьа гьикъигун,
Гьидерил Хучбарица
Гьалеян зодой пуна,
Гьалеян гIодой туна.

Цинги цабзазда бахъун,
Малъ бихьизе гьабуна,
Гьале гьаб бугин гьезул
Гьабураб къотIул къимат.

II

Гьебмехалъ Кавказалда
Ккана гIемерал ишал,
ГIорал биялъ релъарал,
Балагьаз цIа бакарал.

Гьеб цоги хабар буго,
Цоги мехалъ бицина...
Нуцалилгун ханасул
Хвана цебесеб даран.

Дида гьабсагIаталда
ГIайибал ралагьизе
ГIилла тIубан лъаларо,
Диванчиги дун гуро.

Я вас вокьичIогонищ,
Я гьоркьоб мацI гьабунищ,
Яги политикайищ
Хундерил нуцаласул?

Хисана гьав жиндирго
Цебесеб къотIиялъе,
Къабуллъулей гьечIин яс
Гъази-Гъумекий ине.

Гъумекдерил хазина –
Нахъе бачIараб хъалин,
Гьез квер хъвараб кIваричIин,
Ханас гохIда бухIана.

«Скифазул асираз
Гьабураб росу Хунзахъ»,
Хал гьабилин нужехъан,
Ханжаралда квер лъуна.

Нужги гьел асиразул
Асираца гьабураб,
Гьадингояб гъумекин,
Хунзги тIохде рахана...

Гьедин биххана даран,
Дагъистаналда лъараб, –
Лъалиниб ярагъалъе
БукIинчIо тIокIаб макьу.

ТIаде гьир гIечIелъубе
КъвачIа бачIунеб гIадин,
БачIана цIияб хабар,
Халкъалъ мухIкан гьабураб:

Хундери:л нуцалил яс
Доба Темир-Хан-Шураб
Шамхалил агьлуялъул
Уланасе абунин.

Гьес бачIараб гьинкатан,
Гьелъ гьалазда чIван бугин;
Гьаравашаз сверун ккун,
БахIарай хIадур йигин.

Гьеб лъан Гъази-Гъумекиб
Гъуждул чухъил гурана,
Гурин, думалъ гьеб рогьо
ХIехьеларин жидеца.

БахIарай Шурай унеб
Щибаб гохIида цебе,
Щулияб сангар гьабун,
ТIамуна хъаравулал.

ТIасан боржунеб хIинчIцин
БорчIизе биччагеян,
Боязе буюр кьуна
Гъази-Гъумеки ханас.

Хал гьабилин гьабсагIат,
Гьоркьов дунги вукIаго,
БахIаралъул пайтоналъ
Кин ШишиликI бахунеб?

«Гьел тIоритIулел чагIи
ТIубараб аскар букIа, –
Киналго пасат гьаре,
Пайтон Гъумекиб баче!

Гъаравашалъа яхъун,
БахIарай данде чIани,
ЧIегIераб кIиябго гъал
КIичIараб хвалчад къотIе!

Гьезул цояб Хунзахъе,
Нуцалил гьундухъе кье,
Цогияб Шамхалихъе
Щвезабе – Уланасе!»

Ханасул гьединаб къасд,
Къисас боссе гьедараб,–
Гьеб балъголъи букIинчIо,
Лъалаан нуцалида.

Лъабабго сордо-къоялъ
Ургъалида вуго гьав, –
Унго, кин щвезайилей
Щурае жиндирго яс?

Шамхалил Уланилги
Унти буго каранда,–
Кваркьаби хIуличIого,
ХIинчI жиндихъе щвеладай?

Рахинадай гъолъ мугIрул,
Риххилародай кьоял,
ГIадада пуйчIонани
Гьаб зурма жинцайилан.

ГIадада ратичIони,
ТIолго Кавказалдаса
Князаби берталъе
АхIарал жиндицайин.

«Жинда релъанхъулаго,
Нахъ руссине ккечIони
КечI ахIулел васалги
Аргъан хъвалел ясалги?

ГIадада ратичIони
Хьагал гьалдолел ругел,
Яги бийищ гьекъелеб
БагIараб чагъир хисун?

Бертин нахъе тIамуни,
ТIолго Дагъистан, Кавказ –
Кинабниги белъила,
БахIарасул хIинкъи», – ян.

БахIарай нухда регIи –
Хундерида тIадаб иш...
Хадуб гьелъул рецIцIалъи
ЦIуне абе бахIарас.

«Щивха нухда витIулев
Гьаб хазинаги бачун?» –
Хиялалъ вуго нуцал
АхIулел руго боял.

АхIана гъас гIагарлъи,
ГIакъилал херал чагIи.
Хундерил чIахIиязда
Цебе лъуна гьаб суал.

Цояс гьадин абуна,
Цояс додин абуна;
Цояс хвалченги борхун,
«Нух гьале» – ян абуна.

Цо бахIарал абизе
АзарцIуса сверарав,
Аваразулъ машгьурав
Херав чияс абуна:

Хвалчадаса рекIараб,
ТункIидаса гIужилаб
БукIунин гIакълу-сихIру,
Цо жиндихъ гIенеккеян.

«Дица, Нуцал, гьарула,
Къого чIухIараб пайтон
КъачIан яс унеб мехалъ,
Гьелда цадахъ битIизе.

Щибаб пайтоналда тIад,
Гьумер-кIал кIазалъ бахчун,
БахIарайилан ккезе
Цо-цо яс рекIинае.

Цинги гьелгун гIодор чIа
Гъаравашазул къокъа,
КъартIал чотIахъабаца
Кисанго тIоритIулел.

Гьелгун вукIа зурмихъан,
Гьелгун вукIа къолохъан,
Гьелгун вукIа кочIохъан,
Гьелгун вукIа кьурдухъан.

Гьелгун вукIа, кибехун
Цебе гIер чIвананиги,
ЧIагIдал рагI цIу-цIун кьолев
Кьолбол лъалев лълъарахъан.

РагIалъул тIиналдеги
ТIинкIизе биччай загъру,–
Гьекъа-гьекъарав хвезе,
Ракъдада ччугIби гIадин.

БахIарайин абуни,
ХIамида тIадги рекIун,
НекIсияб ратIлилъ йитIе,
Гъумекиб нух тезегIан.

ХIамузда гьагьалги лъун
Пихъ бичизе яхъарай,
Пуланай гIадан йигин
Тела гьей гIадамаца.

Гъумекиб нух тарабго,
Темир-Хан-Шурае гьой
Щвела, кIиго гъалалъул
ЦохIо рас камичIого.

Цинги гъамас рагьила –
«Асаламу гIалайкум».
«Ва гIалайкуму салам» –
Улан данде вачIина.

Гъумеки-хан хутIила
Хаган гъванща хъасулев,
ГъалбацIин, цIиркъинги ккун,
Кетуги чIван вуссарав.

Яги МухIума гIадин,
БахIаралъул бакIалда
Гьелъул кIодоги хъамун,
КIал бацIцIунев хутIарав».

ГIенеккана гIадамал
Херасул малълъиялъухъ,
Хундерил чIахIияца
Гьелда йохъан абуна.

«Гьеб гIакълу квешаб гьечIо,
Амма кин букIаниги,
ХIинкъанин нуцалилан,
Цояв гIад-хочI гьавила.

ХIамида яс йитIилищ,
РекIкI-хIилла гьабулеян? –
Хунзахъ бахIарчи гьечIин,
Цогиял гаргадила.

Цингиги Гъумекдерил
Ханас хъамун унелги
Хундерил хъизаназе
ТIокIлъарал ясал гуро.

Гъозулги намусгин яхI,
РацIцIалъи, гIадат, гIамал
ГIадахъ босуларезе
Рогьо букIине буго.

ТIуркIулел гьечIо ракIал,
РекIинчIел гьечIо хунжрул;
БотIрода кIазал гьечIо,
КIичIарал тIаргъал руго.

Кверал соролел гьечIо,
Сундаса нилъ хIинкъилел?
Цоги батIияб гIакълу
КъваригIун буго нилъей.

Гьал палал тIамулелги,
Макьаби къотIулелги
КъватIире гъе гьундухъа,
Гьанир риччаге, нуцал!».

Нуцал гIенеккун чIана,
КIиго гIерекъ кодоб ккун,
Кинаб бакIаб бугоян
Балагьулев чи гIадин.

Гьас цо амру гьабичIо,
Гьабан хIукму къотIичIо,
Къаси гьаб хабарги тун,
Хал гьабилин цIвабзазухъ.

Цинги сордо рогьина,
Цодагьалги ургъила...
Иргадал чирахъал ссун,
Сасана Хунзахъ росу.

Роодал кьурабаздасан
Ахаде кIанцIун унеб
КIиго Тобот букIана
Макьу тун хабаралда.

Гьез бицунеб букIана
Нуцалил къисматалъул,
Къоазарго сон бараб
МагIарул тIалъиялъул.

Яги кигIан гIемераб
ГIумру цадахъ аниги,
Цин ратIалъун, цин рекъон
Бугеб жидер мехалъул.

III

Нуцалил бугеб ургъел,
Умматалаа бугеб хIал
Аваразул кинабго
ТIалъиялде щущана.

Цояс цоязда бицун,
Цин-циял сухъмахъалъан
Свера-тирун гьаб хабар
Гьале Гьидалъе щвана.

Гьидалъ вукIана Хучбар –
Хвалченги чагъанаги
Чияца бицинчIого,
Нуцалида лъикI лъалев.

Жиндир речIчIараб чIорги,
Жиндир ахIулеб кечIги
Кинабго тIалъиялъул
Къисаялде буссарав.

Гьидерил агълу цIунун,
ЦIар рагIарав «хъачагъас»
ЦIа бакана гIезегIан
Нуцалил аскаразда.

Гьасул магъалочагIи,
Чу-ярагъ нахъе бахъун,
Нахъ руссине гьаруна
ЧIорогоял хулжалгун.

Гьес хъамуна ханасул
Хазинабазул гьансал,
Чанги асир гьаруна

Гордухъан кIанцIун ясал.

Щибай асир гьаюрай
Меседохъ Хучбарица
Месед кигIан босараб,
ГIарац кигIан босараб?!

Гьеб – хъамураб гIи-боцIи,
ГIарац-месед – кинабго
Мискинзабазда гьоркьоб
Бикьулеб букIана гьес.

Мискинзабазги гьелъухъ
Хвалчен-чу босулаан,
Хучбарица кинигин
Гьаб узденлъи цIунизе.

КигIан хадур чIаниги
Хуч ибар кквезе вукIинчIо,
Хундерил гьаваялъе
Гьид кинго мутIигIлъичIо.

Гьеб букIана эркенаб
ЧIинкIиллъи кинигинан
ЧIухIарав Нуцаласул
ТIолго виллаяталда.

Гьанже эркенаб Куба
Кин бугеб Америкалъ? –
Аваразул ракьалда
Гьединан рукIана гьид.

Гьелъ ханасул гIемераб
Макьу хвезе гьабуна.
Хундерил бечедаца
Чанги магIирукъ лъуна.

Чангиял бесдаллъана,
Чангиял къороллъана,
Къаси бецIаб сардида
Чангиял содана.

Нуцалица абуна,
Хучбарил бетIералъухъ
Кьолеб хазинаялъухъ

Жинца хал гьабиларин.

Хулжазда жанибги лъун
Жинхъе гьеб битIарасе
БитIулеб боцIиялде
Кидаго вачIинарин.

Гьеб бетIер лъураб хулжил
Цояб гIаг гIарцул цIелин;
Цогияб гIаг босани,
Меседил цIезе бугин...

Гьеб, цIакъ халатаб къиса,
Нилъер халкъалда лъала;
Дица бицунеб хабар
Цоги батIияб буго.

Халкъалда лъалеб буго
Гьеб къисаялъул ахир,
Авалги гьоркьосебги
Буго дища бицунеб…

Хундерил нуцаласул –
Жиндирго тушманасул
Гъумеки-ханасулгун
Хабар, дагIба рагIигун;

Хучбар, ракIалда гьечIев,
Лъицаниги ахIичIев,
Радал хъахIлъи лъалелде
ХъахIаб чода рекIана.

Щибго гьечIеб кинигин,
Гьобол вокьиларищан,
Гьундузул кIалал рагьун,
Вегьана нуцалихъе.

Борхатаб гьотIодасан
ГьакIкIараб бацIил кIалдив,
КIанцIана чан кинигин,
Кванай живан гьидалъев.

Гьасул кверда махх бана,
Бохдузда рахас бана:
Живго кодой вачIанин,

Балагье, хъачагъ гьанже.

Гьасул хвалчен, чу ана,
Чагъана, пандур ана,
Гьанже дур бакъаналъухъ
Балагьилин, гьидалъев...

Гьеб гьикъулеб кIалалда
КIарун велъана Хучбар.
Хундерица цIехана
Дуе щвараб кеп щибан.

«Куркьбал гьиница ккурав,
Лага къориниб бугев,
КъотIизе кIиго хонжрокь
Гъванщагин щекъер бугев.

Гьел дандере щварабго
ГIодой гирараб бетIер
ГIорада бан росабалъ
Сверизабизе бугев».

– Дун велъанхъулев вуго,
Гьаниве унеб мехалъ,
Гьидерилгун букIараб
КIалъай ракIалде бачIун.

Гьез абуна: унгеян,
ХIинкъарал гIадамазул
ХIила-рекIкI гIемерабин,
ГIакълу-яхI дагьабилан.

Дица гьезий тIамуна
Нилъер тIалъидал кици:
«Киналго боял хваги,
Росдал гIадат хвезегIан».

Дун лъицаниги кквечIо
Кивго асир гьавичIо;
Дун вачIана нужехъе,
Дирго хъахIаб чуялда.

Дун, нужер хъачагъ, жакъа
Нужее гьобол вуго.
Гьев вухьунев кидаго

Бихьинчилъун вукIинчIо.

Дун вачIана гьаниве
Гьедун, хонжрода квер лъун,
Нужеде квешаб ургъел
ТIаде щун бугин рагIун.

Гъумекдерил ханзабаз
Хундерил бахIаралъе
Бухъараб къоридасан
ТIасан гали тIамизе.

Гьаб нилъер тIалъиялда
Рогьо базе теларо;
Рагьила дица гудрал,
Гирун рала сангарал.

Цо тIанкI ясалда лъуни,
Цо рас бикал бортани,
Гьабе нужеца диван –
Дун хIадур вуго даим.

Амма дир гьари буго,
Гьид жахIалго тейилан, –
Гьеб налъиги тIубан дун
ТIадвуссун вачIаравго.

Цоял тIасан ахIдана,
Гъумекдерил ханго лъикI
Хучбариде данде ккун,
Хъачагъ кварида вайин.

Цогияца абуна,
ТIаде вачIарав гьобол,
Гьесул хвел босанани,
Халкъалда сурулилан.

Цо кIудияс абуна:
«Бохдул кверал риче, – ян;
Нич бугин ярагъ гьечIев
Гьесулгун дагIба базе.

Цинги гьесул рагIабалъ
МагIна буго, гIинтIаме –
ГIадатгин гIамал хвани,

Хвана нилъер Дагъистан.

Цинги рагIи кьун хадуб
Гьидерил Хучбарица
Хвезе гьеб толареблъи
Лъала сверухълъиялда.

Чанги ясал хъамуна
Гьав хъачагъас чода нахъ,
Бице, цонигиялда
Цо биччун килищ хъванищ?

Абурахъе, росахъе
Васахъе, умумахъе
Руссине гьаричIищ нахъ,
Гьез бецIараб боцIудахъ.

Цоги рахъалъ гьидгин нилъ
Рекъезе заман щвана,–
Рукъунго лъугIуларел
Ругънал рукIунел жалищ?

Цо мугI.рул тIалъиялъул
ТIанчIилъидал нилъ ругел, –
ТIаде цIияв тушман щай,
Гъумеки-хан гIеларищ?

Цоял гьадин кIалъана
Гьаб хIилла-рекIкI бугилан.
Цояз хIисаб гьабуна
Политика батилин.

Палихъабаз абуна,
Нух битIизехъин бугин;
БатIияца къотIана
Макьаби рекъезарун.

Къадизабаз абуна,
Зодой квералги рорхун,
Досде щукру гьабеян,
Гьесда бараб бугин иш.

Хучбарица абуна:
– Нуцал, гIенеккея мун,
ГIумруялъ хвалидаса

Дун кидаго хIинкъичIо.

ХIинкъана рекъолареб,
Къадараб ишалдаса.
Инжитлъи, рогьо буго
Дие бегьулареб жо.

Дун вухьараб рахас щиб? –
Гьадингояб жо буго.
Дур пикраби рухьараб
Рахас буго щулияб.

Гьеб кваралда бичизе
Кинго дуда кIвеларо.
Гьеб кIалалъ бичизеги
ЦIакъго чамгIалаб буго.

Дир кверал ричичIони,
Мунго вухьун хутIила.
Хиялазул къоринив
Къарав мун ворчIиларо.

Хадуб бакьараб гьабе,
Гьанже дие изну кье
Абурав Улание
Ясги кьун тIадвуссине.

Цо рас гьелъул камуни –
Дуда кодоб дир бетIер.
Цо килищ гьелда хъвани –
Дур хъатикь нусго лага.

Дица цIадирабазда
ЦIазе кьун буго дуе
Дир бетIерги, дир гьидги,
Дур рогьоги, дур яхIги.

Дица кIиго тIармида
ТIамизе кьуна бакъан
Хвалилгин гIумруялъул,
ГIакълудалгин цциналъул.

Бокьараб бище тIаса,
Бокьараб тIаме бакъан.
Бакъ тIерхьун унеб буго

Гьидалъехун балагьун…

Нуцал гІенеккун чІана
Пикрабазулъ восарав,
Гьасул цояб щаклъиялъ
Цоги щаклъи хисана.

Цин хиял гьабуна гьас,
Гъумекдерил хангун гьав
Хиянатаб ишалъе
Нагагь рекъечІониян.

Цинги хІисаб гьабуна,
Гьав цІогьорас жиндир яс,
ЦІумалъ микки кинигин,
Гьидалъе хъамичІони.

Жиндийго гьайги ячун,
РачІа гІагарлъизейин,
Гьас гІадамал ритІани,
Дица щиб жо гьабилеб?»

Гьел шаклъиял хисана
Хадур цоги батІияз,
БетІерги ккун тирана
Гьундузда жанив нуцал.

Гьидерил багьадурас,
Гьасухъ балагьун чІарав,
БетІерги хьвагІизабун,
Абуна, эгь, Нуцалин.

– Дуй, хиянат гьабизе
Хучбарил рес букІана,
Хунзахъе вачІинчІого,
Гъумекиве цеве ун.

Доба гъоркьчІелги гьабун,
Дур чІухІарай хІурулгІин
ХІиллаялъ хъамизеги
СанагІат батилаан.

Амма дица гьаб ханжар,
Хундерил байрахъ хисун,
Гъумекдерил ханасул

Босзе борчараб гьечIо.

Гьелъие кьолочIо чу,
Гьелъий кьуричIо михъал;
Гьелъие лъураб гьечIо
Лъабихъе бекун тIагъур.

Бокьани Нуцал вукIа,
Бокьанани хан вукIа, –
Дир хвалчае кIиялго
Щибго батIалъи гьечIо.

Амма битIухълъиялъе
БетIер къотIизе кьела,
Къадараб рекIкIалдаса
РекIелъ чIвазе ханжар лъикI.

Дур ясалда хъвазегIан
Намусалъ дун тун гьечIо,
Гьидерица гьебмехалъ
Дун гIуруца виччала.

Ва гIадаталда рекъон
Хадуб рохъоги хъвала, –
ЧIужугIадан цIуничIев
ЦIукIалъун тола нижехъ.

Буго цо лъикIаб рагIи
МагIарул тIалъиялда,
ТIолго дуда бичIчIилин
Мокърокь бетIер тункигун.

Нуцал, балагье тIохихъ,
ТIезе хIадурун буго;
ТIун хадуса бетIер ккун,
КигIанги хайир гьечIо».

Нуцалица абуна:
Хучбар вичеян абун;
Хвалченги, чагъанаги,
Чуги нахъе кьейилан.

Кваназеги гьавейин,
Гьекъезеги босейин,
Гьобол вугин жакъа гьав,

Тушман вукIананиги.

Нуцалида бичIчIана,
Цогиязги абуна
Уяб, кьучIаб гурони
Гаргар Хучбарил гьечIеб.

Цингиги гьав кантIана,
Гьаб квар щула бухьараб,
Гьел квеpазда гурони
Бичизе кIвезе гьечIеб.

«Цо рахъалъан абуни,
Гъумекдерил ханасда
Хучбар дир тушман вукIин
ЦIакъ некIого ргIараб.

Ккелищ гьесда ракIалде
Дица цохIо дирго яс
Цадахъ гьав гъачагъасда
Божун йитIилин абун?

Гьес гьей тела цониги
Цогияй гIаданилан...
Гьаб къаси ккараб хабар
Ханасда лъаларелъул?

Цоги рахъалъ гьидалъев, –
Гьев – гулла, хеч, цIа, пири;
Жеги дихъе щвечIев гьав
Щвелевищ ханасухъе?

Хундерил нукарахъе
Санаца кодой щвечIев,
Кколев кин цохIо къоялъ
Гъумекдерил аскараз?»

Цоги пикру букIана
Хундерил нуцаласул;
БицинчIо гьеб лъидаго,
ЛъачIо Хучбаридаги.

Жеги къо бачIинегIан
БотIрониб бугеб хиял
Ханас жеги жиндирго

РакIедацин бицтнчIо.

IV

Нуцалил хIукму ккана:
– Хучбар, рачIа рекъезе,
Букъизе заман щвана
Хабалъ нилъер тушманлъи.

Гьелъие шартI гIоларищ, –
Дица гIолохъанай яс,
Жеги васгун кIалъачIей,
Жеги кIутIбулъ рахь бугей,

Дуде божилъи гьабун,
Гьаб тIалъиялда цебе,
ТIойитIила гьабсагIат
РикIкIад Темир-Хан-Шурай?

Шамхалил Уланиде
АскIой гьейги щвезаюн,
Мун вуссараб къо гIадин
КъваригIараб мех гьечIо.

Дуца дур шартIал рице? –
Щунусго дир рекIарав
ГьабсагIат къачIан руго
КъваригIаралго цадахъ...

Цогиги щиб бокьараб? –
Щуго гъамас хазина,
Дуца ишара гьабе,
Гьаказда лъезе буго.

Гьелда тIаде цогиги,
Цо рагIи дуца абе,
Цо жидеда кIочараб
Батизаги бегьула.

Хучбарица абуна:
– Щибниги хIажат гьечIо,
Гьидерил узденлъиги,
Дур божиги гурони.

КIваричIо дие цадахъ

Цониги дур кумекчи,
Кинабниги тIубала,
Дур рекIарал гьечIого.

ЦохIо дурго яс йитIе
Цадахъ къайи-къоногун;
КъваригIинилан ккани,
Руччаби-чагIи ритIе.

Дунгун те дирго хвалчен,
Дир хирияб чагъана,
Дир чуги, буртинаги,
Чияр лъечIеб тIагъурги.

ЧамгIалаб рагIи дуда
РагIиларо ясалде.
Жеги пулеб гьурицин
Гьелда хъвазе теларо.

Гьал дир рагIаби гуро,
МагIал руго кьабарал;
КигIан кьураниги гьал
Лъицаго рахъуларо.

Лъабго сордо-къо биччай:
Цо нухда, цояб Шураб;
Щвела кинабго тIубан
ТIадвуссун лъабабилелъ.

Доб лъарагI тIансаялда
ТIадмагIарул хIинчI тела,
Цо хIули камичIого
Гъумекдерил ракьалда.

РукIана цо-цо чагIи
Гьабан, добан кIалъалел.
– Дица абухъе те,– ян
Абуна Хучбарица. –

Дида мугIрулги лъала,
МугIрузда дунги лъала.
Дида гIоралги лъала,
ГIоразаа дунги лъала.

Дида хвалченги лъала,

Хвалчада дунги лъала.
Дида тушманги лъала,
Дида гьудулги лъала.

Гьаб Дагъистанги лъала,
Гьалъул гIадатги лъала,
Гьазда дунги дагь гуро
Дагьалдаса лъикI лъала.

V

Лъаларо гIодилебищ
Нуцалил зурма бугеб,
Ялъуни зобалазда
Гьарделебищ гьеб бугеб?

Гьидерил багьадурас
Чода тIад кьили лъуна:
Лъабго чIухIараб пайтон
БахIаралъул къачIана.

Цодагьаб пардав биччан,
Гьумер бахчарай бика;
Ячун къандалъоялда
ГIодой чIезе гьаюна.

Гьелъул гIодулел берал
Лъиданиги рихьичIо:
«Дир лъимерлъидул ихал,
ЛъикI букIа, мугIрул тIалъи.

Гьанже тIокIаб чвахуге
Хундерил иццазул лъим, –
Авлахъазухъ хисана
Дица кьурул свераби.

Гьанже тIокIал ахIуге
Аваразул саринал, –
Аргъаналда цогиял
Бакънал рачина дие.

Ана дун, дармил бетIер,
Вохун хутIаги эмен;
Хирияй яс тIойитIе
Росу рагIалде, эбел».

Гьелда хьолбохъ церехун,
Цинги нахъа иргадал
Ункъто чIужу рекIана,
ЧIегIерал гъудул гIадал.

Рагъабазде, тIохазде
ТIаде рахун гIадамаз
ТIойитIана бахIарай,
Бичас нух битIагийин.

Гьелъул гIаламаталъе,
ГIертIал иццул лъадал цIун,
Данде рачIана ясал
Росу рагIалда хIорихъ.

Ана гьединан Хучбар –
Хазинадул хъаравул,
Хунзахъ росу тезегIан
Лъелго хадуб чуги цIан.

Росу тараб мехалда
Вахана бартиялде;
Бана лъабцIул гьелда цIал,
Гьа, гьанже рилълъайилан..

БукIана хаслихъе мех,
АхIделел руго цIумал.
Ункъабго Гьойсу буго
Нус-нус лъарал журараб.

Нус-нус кьерал хисараб,
Кьурабазулъ хъудулеб...
Ана гьал гIодой риччан
ГIатIилъиялде доре.

Цо къваридаб гьаракьгун,
Къо-мех лъикI нужейилан,
Къункъраби унел руго
Югалдехун балагьун.

МугIруздасан рачIунел
ГIиял рехъаби руго,
ГIурччинлъигун тIогьиллъи
Цоцазулъ жубан буго.

Къурабалъ дагъал хIанчIи
Квачалел гIадин руго.
ГIодоре гъурал тIанхал
Ахирал цIадакь руго.

ГьоцIдерил къулгIа тана,
ГьерекIдерил кIкIал тана,
Гьале, ШишиликI бахун
Эхере унел руго.

Хучбарил чагъанадул
Чапулел бакънал руго,
Чалухай бикал берал
Гъоркьан балагьун руго.

Гъолда вихьулев вуго
ХъахIаб чода рекIарав
Черкесав магIарудав –
ГIемер мехазул къиса.

Къаси сардазул хIинкъи –
ХIеренаб макьил тушман,
Гьанже хIалхьи ракIалъул
Гьасда божун тун буго.

Унел руго пайтонал,
Нахъ тана Авария,
АскIоб гъумекдерил гIор,
ГIурхъи кьоялъ бикьараб.

Гьале цо гохIде вахун
Вахъун цояс пиштIана.
Гьоркьоб замана инчIо,
АхIи-хIур багъарана.

Кьодухъе гъоркьан, тIасан,
ТIолалго рахъаздасан
ТIаде швана нукарал
Гъумекдерил ханасул.

Цо парсинисан цоял,
Цоги, гъулдулъан цоял,
ГъутIбуздасан чан гIадин,
ГIодой кIанцIун цогиял.

РачIана цоял рекIун,
НакIкIикьан цIаял гIадин;
Цоял – харил гъуналъан,
Цоял – хурул ссандасан.

Цебе гьез нухлулазда,
Гьадинаб гIадат бугин,
ГIер чIвана: киса щалин,
Щиб мурад, къасд, сапарин.

Гьеб букIана сардица
Пардав бигъулеб заман, –
Гьаб рахъалда – жеги къо,
Къаси мех – доб рахъалда.

Доб рахъалда – полковник,
Пагоназулъ кIечIелев;
Гьесда цеве вачIана
Горсвериялде Хучбар.

Михъида кверги: бахъун,
Гьас саламин абуна.
«Сундуй гIоло?» – гьикъана
Гьаб «хIурматаб» дандчIвайин:

– Дагъистаналда жеги
РагIун букIинчIо дида,
Нухлулалги гьалбалги
Гьадин къабул гьарулел.

Дица абулеб гьечIо
ТIансаби тIиритIеян, –
ТIаде рачIунел чагIи
ЧагIилъун къабул гьаре.

Нуж зодор гьаричIого,
ГIодор гъарун ратани;
ГIагараб Дагъистаиги
Нужер ватIан батани?..

Полковникас абуна:
– Киса щалин бице, – ян.
– Цин гьоболлъухъе раче,
Гьебмехалда бицина.

Нужер сабру гьечIони,
ГьабсагIатги бицина.
Гъумек, нужеда цеве
Гьидерил Хучбар вуго.

– Гьа, лъалаан, рагIана.
– ГIаламатаб жо гуро.
– Дуе баркала буго,
Хан цIакъ рази вукIина...
Хундерил нуцалил яс
Гурищ гьаб пайтоналда?

– Гьай йиго нуцалил яс,
Ханас абун йикIарай,
Хучбарица Шурае
Щвезе гьайизе колей.

Биччан те кьо бахине,
Раче ниж ханасухъе,
Хабар доба бицинин
Гьаб сордо рогьинегIан.

Сордоги гIечIонани,
Къоялъги гаргадила.
Къаси ниж свакан руго,
Киб бугеб нужер росу?

Киб бугеб росдал ияхI,
Киб бугеб бахIарчилъи,
Кив вугев Гъумеки-хан? –
Хучбар гьоболлъухъ виччай.

Гьадал накIкIаздаса ниж
БакIлъиларо гьесие.
БукIаралде дандккуни,
Гьанжесеб квешаб гьечIо.

V

КиналгIаги харбал, нуж
Хабал лахIтуялъуй а!
Хабар бачIана цIияб,
Нуж киналго кIочараб.

Нужеде гIазу бараб,
Нуж гIуруца росараб;
ГIисинал накIкIал гIадин,
Нуж гьороца хъамураб.

ЦIияб хабар – Гъумекив
Гьидерил Хучбар вуго.
Ханасул азбаралда
Авар гIаларча буго.

«Хъачагъасул» чIегIераб
Буртинаги чухъаги,
Чахъдал къулагIай гIадин,
МагIазда далун руго.

Тушманасул рагъида –
Нуцалил гъаравашал,
Гъосул яс пардавалъулъ
Гьадале нахъа рокъой.

Гьале хIинчI, куркьбалги ккун,
Катихъе ячун йиго.
Катицаги жиндирго
КIутIби чIикIулел руго.

Гьайбатаб чан къориниб
Къварилъиялда буго.
Къадарав ханасул вас
Сверун сентIелев вуго.

Гьеб харбица халатал
Мугжул хьвагIезаруна:
«Машааллагь, тамаша,
Иншааллагь, унго цо!

Гьа-гьа, гьа-гьа, гьа-гьа-гьа,
Гьи-гьи, гьи-гьи, гьи-гьи-гьи...
Цояца пулеб буго,
Цоял пештIолел руго.

Цоязул гьакIкIараб кIал
Гьадин рагьухъе буго,
Гьоло базе къачIарал
КъучIбузул кIалал гIадин.

Гьедин тIохазда гъумек,
ТIингъалъ руго харбида…

Ханасул азбаралда
Хучбар вухь-вухьун вуго,
Хуриб харчIалъе лъезе
КъачIараб гул кинигин.

Хучбарица гьикъула
Щай дун вухьаравилан,
Дур харчIалда лъолеб гул
Гурев дун лъаларищан.

Хан
Гьединаб гIадат буго,
ГIакIа ккейгун нижеца
БахIаралъул хIамаби
ХIобода рухь-рухьунел.

ГIер буго кавудахъ чIван,
Мун дализе къачIараб,
Дуца щиб жо абилеб? –
РагIи, Хучбар, дуй буго.

Хучбар
РагIи дир батанани,
Дица гьеб абила, хан.
Ирга дир батанани,
Дица къабул гьабила.

Гьобол гIенеккун чIезе
ТIадаб букIананиги,
ТIаса бахъун дир ханжар
МагIида букIаниги,

Дица рагIи абила,
РагI хъатикь гьечIониги:
«Сахал чагIи сах таги,
Квешал чагIи квеш таги!

Киналго хIалихьатал,
ХIиллаял, цIуял чагIи,
Чохьол унтиги бахъун,
Хваги Дагъистаналда!».

Хан
Гьеб жеги рагIи гуро,
МагIарулазул хъачагъ;
Гьел рагIана церего,
Дуца цогияб бице.

Цогияб хIакъикъияб,
Цогияб къваригIараб, –
Къоринибе жибго бацI
КIалцIиялъул магIна щиб?

Дун хадув гъолев гьечIо,
Дида бичIчIулеб гьечIо,
Дурго балъголъи бице
Гьеб бетIер гирилалде?

Доб гохIдасан биччараб
Гьорчо бихьанищ дуда? –
Гьедин ина гьеб кIанцIун
КIкIалал тIиналде... КIалъай!

Хучбар
КIалъала дун, кIалъала
КIкIалахъе гьаб битIизе
Гьаб дирго бетIералъул
БетIергьан дунго вуго.

Дир дуй балъголъи гьечIо,
Гьадавго Хучбар вуго,
Хвалченалъе лъалиниб
КъанагIат макьу щвечIев.

ШигIрабаца мугIрузда
Чундул кьурдизарурав.
Чагъанаялда гьикье,
Гьелъ бицина дир къиса.

Дур азбаралда бугеб
Гъоб дир чуялда гьикъе,
Чан тушманасул бетIер
Гъолъул тIукъбуз мерхьараб?

Дур магIида бан бугеб
Дир буртиналда цIехе,
Чан цIвакарай гIолилай

Гьелда жаний жемарай?

Гьаб дур тӀалаялъусан
КӀкӀуй къотӀараб лъаларо.
КъотӀичӀо кидаго кӀкӀуй
Дир туманкӀул кӀалдисан.

Гьале кӀал, хвараб рагӀи
РагӀиларо дидасан;
КӀутӀбузда михъал руго,
Далила.ро кидаго.

Гьале бетӀер, ма къотӀе! –
КъуличӀо гьаб лъиего.
Гьале черх, Хучбарил черх! –
ЧучичӀо цоги цӀадулъ.

Гьале ракӀ, кочӀол цӀураб;
Киданиги тӀуркӀичӀеб.
Дуда дун лъазе ккола
Киса, щив вугевали.

Хан

Гъумекдерил кверщаликь
Кидаго гьид букӀинчӀо.
Мун киса, щив вугоян
Щай дида лъазе кколеб?

Хучбар

Щайгурелъул цебехун
Хундерил Нуцалилгун
Хабар нужер дир цӀаралъ
Чанги къотӀизабуна.

Дун – нужер рахӀаталъул
РахӀму лъаларев тушман.
Лъалеб батила дуда
Дир бецӀаб сардил чабхъен?

Хан

Гьеб дида лъала, Хучбар.
Лъалареб, бичӀчӀулареб
Дица гьикъулеб буго,
Гьеб бице дуца дида!

Дир тушманасул тушман,
Тушманасул чапарлъун
Мун витIизе кин кIвараб,
Кинан мун живго арав?!

МагIаруллъи хисунищ,
Хунзги гьидги рекъонищ?
Гьелдасаги хIикматаб –
ХIинкъичIищ мун дидаса?

Хучбар
ЦохIо махIги хIинкъичIо,
Дур бикъараб щиб дица?
Дур рокъоб нису квараб
Кетуйищ дун дуй вугев?

Хан
Гьедин гуро дир суал,
Цойги батIияб буго.

Хучбар
БатIияб суалалъе
БатIияб жаваб кьола.
БитIараб гуронани
Щибниги бицинаро.

Хан
Дир васасе кьечIей яс
Чияе кьезе ине,
Чапарлъун мун витIарав
ГIадаллъун гьечIищ нуцал?

Гьейги ячун битIахъе
Диде тIаде вачIарав..
Дун хадув гъолев гьечIо,
Хучбар, биче гьаб гарацI?!

Хан
Лъабго сордо инегIан
Гьоболасул мурад, къасд
Гьикъулароан цебе
Нилъер Дагъистаналда.

ГIадалаб суалалъе
ЦIодораб жаваб кьезе

ЦІакъ захІматаб иш буго,
Амма дица бицина.

Бицина, Гъумеки-хан,
КинабгІаги бицина:
Ккараб, букІараб щинаб,
Щибго гьоркьоб гечІого.

АхІе тІолго жамагІат,
ГІенеккизе биччан те:
Хадуб бокьараб гьабе!..
Гьоболасухъ гІенекке!..

Гьале ахІана гІакІа
ГІелас Гъумеки росулъ.
БакІарана жамагІат
Жиб-жиб рахъалъан бачІун.

ТІохазда, рагъабазда
Гъудул кинигин руго...
ГъутІбуздасан ахирал
ТІанхал гъенолел руго.

ТІадмагІарухъан унел
Иххал тІеренлъун руго.
ТІухьи гІадинал бакІал
НакІкІал мугІрузда руго.

Гьел къватІахъе рачІуна,
Кавабахъе лъугьуна,
Рехъадаса руссунел
Роодал ганщал кинигин.

Гъумекдерил ханилан,
Ханасул жамагІатин,
Хучбарица бицана,
Щибго гьоркьоб течІого.

Жиндирго къисаялъул,
Жиндирго къисматалъул,
КъахІиб тун, доба бугеб
Гьидерил узденлъидул.

Гьенир ккарал рагъазул,
Ругъназул, чабхъеназул, –

Черх бихьизе гьабуна
Гьес хунжрузул лъалкI бугеб.

Щай Хунзахъе вачIарав,
Кин нуцалихъе щварав,
КигIан гIасияв тушман
Жиндир гьев вукIаниги.

Щай, гьесул ясги ячун,
Шамхаласухъе унев,
Щварав гьанив Гъумекив
Ханасухъе «гьоболлъухъ».

Хучбар
Дида лъалаан, тумал
Цо сахаб тайпа букIин,
Гъварилъигин борхалъи
ГIураб Дагъистаналда.

Гьаниб къадруги цIарги
ЦIадирабаз цIалареб,
Гьаниб яхI, бахIарчилъи
ГIарщиназ борцунареб.

Боржунеб цIум бахинчIеб
Борхалъиялдасаги
Борхатаб гьеб нилъее,
МугIрузул гIадамазе. –

Гьедин кIалъана Хучбар,
Хадубги гьес абуна:

– Дида цадахъ чи гьечIо,
ЦохIо руччаби руго.
анде битIараб аскар,
Унго, нужеца гьезде?!

ЧахтIалгун тIаргъал рагъи,
Нухлулазе къорал гьей,
Гъумекдерил гьеб гIадат
Дида рагIун букIинчIо.

РекIарал, лъелал руго,
Живго полковник вуго.
Гьевги дунги цоцазда

ЦӀакъ церего лъалаан.

РакӀалда бугищ гьесда
Хундерил чагӀигун гьав
Чанаве дир ракьалда
Чабхъад вачӀараб рии?

Чуялги рукӀахъе тун,
Нахъе ине ккана нуж, –
Дур рахъарал пагонал
Гьидалъ руго жегиги.

Гьездаго аскӀоб буго,
Нахъе тӀурулеб мехалъ,
Цо бакӀалъан къотӀараб
Къиматаб тӀаждал бутӀа.

Гьеб букӀана нуцалги
Ханги рекъараб заман;
Гьанже бакъан хисана,–
Хасел гӀагарлъун буго.

Рагъде рахъинчӀониги,
Михъал кьурулел руго.
Кьодухъ чӀун руччабазе
ГъоркьчӀел гьабулел руго.

Гъумекдерил хан гьале,
Халкъги бакӀарун вуго,
Ханжар-рачел бахъарав
Гьоболгун рагъде вахъун.

Хан
Мунгун дун вагъиларо,
Диван буго дуе гьаб.

Хучбар
Диванчи щив, гӀайиб лъил?

Ха н
Гьадаб гӀералъ бицина.

Хучбар
ГӀадаллъунищ мун вугев,
Хундерил нуцал гӀадин?

Гьалъ щибго бицинаро,
Бицина гьал мугІруца.
Гьалъ щибго борцинаро,
Борцина яхІ хвалчаца.

Такъсиразул гохІ вуго
Дие тамихІ гьабулев.
ЯхІ бугел дандиялгун
Думалъ гьадин рагъичІо.

Хан

Вагъизе мунгун, Хучбар,
Дунги, дир лъабго васги,
Дир нусавго нукарги –
Киналго хІадур руго.

Нусабго логол цо-цо
Цо-цоясе гІела дур.
Цогиял ратанани,
Гьелги гьорохъ риччала.

Гьанжего васият хъвай
Дол гьидерил боязде, –
Гьанир рачІаян абун,
Дур рукьби ракІаризе.

Гурони, гьел киналго
Дир гьабзаца кванала.
Гьан дур бакъвазе гьечІо,
Балагьун руго гъудул.

Хучбар

Гъудузеги бокьула
Кьариял гарбазул гьан.
Гьединал нужер руго,
Рахъа цере, дун виччай.

Рагъизе бокьанани,
Байдан гъоле гІатІидаб.
ГІодоб тІаме буртина,
Дун даим хІадур вуго.

Нусгоял рахъинчІого,
Цо-цоял рахъа цере.

Цо дуцаго цIар чIварав
Багьадур вачIа данде.

Бокьанани мун вукIа,
Бокьанани вас вукIа;
Нусго нукарасдасан
Бокьарав тIаса вище.

Гьебмехалъ лъазе буго
Лъица хъвалеб васият,
Гьал рукьби ракIаризе
КIкIалахъе кинал инел?..

Гьедин кIалъана Хучбар, –
Халкъ гъулгъудулеб буго,
Цоял хъудулел руго,
Цоял релъулел руго.

Мугжул хьвагIулел руго,
Кверал хIанчIулел руго.
ХIикмалъун хIисабалда
Цоял гIенеккун руго.

Цояв цеве вахъана
Жинхъе виччаян абун,
Жинца гьобо тиризе
Гьабизе бугин гьасда.

Полковникас абуна:
Дир пагонал рахъарав,
Дица гьесдаса ччукIун,
ЦIоко бахъизе бугин.

ВачIана ханасул вас:
Хучбар жинхъе виччайин,
Жиндие абурай яс
Чияе ячун унев.

– Дица тIубазе буго
ТIадаб налъи, дир эмен,
ТIаме буртина гIодоб –
ГIандадерил магIишат.

ГIурадасацин гурев
Цо гьитIинаб колол вас,

Ккун ратила гъесда нилъ
Хундерил нуцалилан.

Хал гъабила гъабсагIат, –
Дандеса данде гурищ? –
Дандеса дандейилан,
Абуна Хучбарица.

–Жалго бугъби кинигин? –
Жалго бугъби кинигин! –
Бергъаравгун къурасул
КъотIи кинаб букIинеб?
– Бергъарав бергъанин те,
Къурав къунилан вукIа.

– Къец тIоцебе сундасан
Байбихьилеб нилъеца?

– РачIа, халкъалда гьикъе,
Гьез абураб гъабила…

Гьединаб хабар ккана
Ханасул васасдаги
Хучбаридаги гьоркьоб,
Цин кьалде лъугьиналде.

Гьанже киве инев хан? –
Гьас Хучбар виччан тана.
Вачана васги гьавги
Гьениб цо байданалде.

ТIаде балагьун буго
Гъумекдерил жамагIат.
Гьоркьан балагьун руго
Гьезул гьайбатал ясал.

Къецалъулъ хIал бихьарав
Цевесев къеркьохъанас
Къокъаб низам бицана
БукIинеб дагIбаялъул.

– Сундасан байбихьилеб?
– Бищун бигьаялдасан:
Бищун рикIкIаде лъица
ЧIинкьулеян хал гьабе.

Гьедин, ккана ханасда,
Хучбар инжит гьавилин.
Гьас цIана нахъе хIухьел,
ХIеренго тун чIинкьана.

Ханасул вас хъегIана,
Хъат гIанаб хIацIул гарил
Гьас тIираби гьаруна
ТIолабго рахъ-рахъалде.

– Щив бергьарав, щив къурав? –
Хучбарица абуна:
Ханасул вас, Мусалав,
Мун бергьанин гьеб нухалъ.

Гьанже хадусеб кIалъай:
«КIалдир килщалги регьун,
КIиязулго гуч лъазе
Бугеб рухIалъ пиштIизе».

Хучбарица пиштIана,
ГьетIизабун бетIергун,
Гьеб букIана кечIалъул
Бакъаналда релълъараб.

Ханасул васас кIалдиб
КIиябго килищги лъун,
КIаркьай пунцIезаруна,
ПиштIана бугеб гучалъ.

Хучбарица абуна:
Дун къунилан, дур пиштIей
Доб гохIдаги рагIанин
Ниж рачIунеб махалда.

Хадуб гьецIо рехана,
Гьелъийги бащад ккана.
Рекерана, кIанцIана,
КIудияб хIасил ккечIо.

Хучбар цеве кканиги,
Цадахъилан гьеб тана.
Цо-кIиго гали, лахIзат
Гьелда дагIба гьабичIо.

Хадуб ирга цIехейгун,
Хучбарица абуна:
Дида гьаб хабар, чIанда
ЧIалгIун бугин, тейилан.

– Дун тударухъан гуро,
Дун пештIерухъан гуро;
Гьениб бергьенлъигун къей
Дие къваригIун гьечIо.

Къецги дагIбаги кIанцIон
Нилъер тIубазе гьечIо.
ТIаме гIодоб буртина,
Балагьила гьеб мехалъ.

Бакьанани гьале зар,
Гьалъ рагъила бихьинал;
Гьаб гIечIони, кье хунжрул,
Хал гьабила кIияхъго.

Я дур гIодила эбел,
Я дир гIодила эбел,
Ялъуни кIиязго гьез
КIазал чIвала чIегIерал.

Гьелдасаги лъикIилан
Нужеда ккун батани,
Биччай чу цояб дихъе,
Цояб дандиясухъе.

Дандеса дандеве ун,
Дун бокьухъе вагъила.
Бокьани газаргъо кье,
Бокьани таманча кье.

Кьвагьизеги хIадурав,
РечIчIизеги къачIарав,
РечIчIухъ лъугьун бокьарав
КIвекIизеги ругьунав.

Бокьанани – гьабсагIат,
Бокьани – ургъе метер,
Бокьараб сагIаталда
Нужеца ахIаравго.

Яги гьал руччабиги
Сапаралда тӀоритӀун,
ТӀадвуссун гьанив вачӀун,
Гьоболлъи бараб мехалъ.

Гьелдасаги лъикӀ нилъей,
Дихъе чагъанаги кьун,
ХӀасратаб рокьиялде
Бокьараб кечӀ ахӀизе.

ХъахӀилал зобалазде
Зурмаги пун, гьабсагӀат
Гьобол анкьго ясалде
Данде кьурдизавизе.

Нух битӀаги нужее,
Хириял гьалбалилан,
Хундерил нуцалил яс
Росасе тӀойитӀани.

Гьединан гьабилаан,
Гьидерил тӀалъиялда –
Гьаниб щиб гӀадат бугеб?
Бокьараб тӀаса бище...

БитӀараб бугин абун,
АхӀдана сверухъан халкъ;
Ханас амру гьабуна,
Буртина тӀибитӀана.

Гьелда тӀад рагъулезул
Кьецалъул пайда гьечӀо,
КъватӀибе цонигияб
ХӀетӀе хъвазе биччани.

Гьоркьохъанас абуна:
Цин цебе рагъейилан,
Ярагъги гьечӀого нуж,
Хадуб балагьилилан.

Хъатазда жанибги тун,
Гурана гьаз рукьаби.
Гьоркьан балагьана гьал
ХӀал бихьизе цоцазул.

Цинги хIухьелги босун,
Сверун квала-шалана,
Кквезе бакI балагьизе
Бади-бадир рачIана.

РечIчIизаруна берал,
ГъуцIизаруна гIундул.
ГIодов кив тIамилеян,
БакI бищана балагьун.

Байбихьана цинги рагъ
ГъалбацIазул гIадинаб...
Гъоркь лъуна Хучбарица
Ханасул вас сукI-сукIун.

Халкъ букIана пештIелеб,
Халкъ букIана хъудилеб;
Хан вукIана ахIдолев,
Вас гъанкъулев вугилан.

Хучбарпца абуна
Жинца гьав гъанкъиларин.
Буртинадулъ жемана
Жаназа кинигинан.

Жеги гьав чIаго вугин,
Жегиги хун гьечIилан,
Ханасда цеве лъуна
Лъимер кинигин восун.

Ханжар, ханжарин абун,
АхIдана ханасул вас.
Хучбарица абуна
Жиндирабги босеян.

КIиябго тIагъихъахIалъ
Ишан босулеб буго.
Иш гьабсагIат тIубала,
МагIирукъ кибдай лъела?

Кверал соролел руго
Цояв рагъухъанасул,
Михъилав Хучбарица
ГъуцIдуз гIадин ккуна гьел.

ГӀодой бортана ханжар,
Цогиги кӀиго лахӀзат –
Цо букӀараб къаркъала
КъотӀун кӀиго гьабизе.

Гьеле гьебсагӀаталда,
Хучбарица борхараб
Хонжрода цее чӀана
ЯчӀун мугӀрузул чӀужу.

Гьалъ бахъун кӀаз рехана
КӀияздаго гьоркьобе:
«Гьадинги гьитӀинаб халкъ
Холеб щай цоцаца чӀван?»

Цинги херав цойгияс
ТӀагъур бахъун рехана.
ТӀаде вахъана Хучбар,
Ханжар лъалиниб лъуна.

Ханасул кӀвекӀарав вас,
КӀалги, гьумерги бахчун,
«Гьаб рогьо баччизегӀан
Хвелго лъикӀ», – ан ахӀдана.

Гьас ханжар борхун куна
Жиндирго каранлъ чӀвазе,
Гьанже хвани гурони,
ХутӀараб жо кӀваричӀин.

Кьурун ккун Хучбарица
Нахъе бахъичӀеб ани,
Нахъа гьесдехун вуссун
Гьадин абичӀебани:

Хучбар
Гъумеки-ханасул вас,
Гьаб нилъер дагӀбаялъулъ
Дунги мунги – кӀиялго
Цонигиял бергьинчӀо.

Бергьана кӀияздаго
Гьоркьобе рехараб кӀаз;
КӀудиязул хъахӀлъараб

БотIрода лъураб тIагъур.

Ханасул вас
Дуца дун тIамуна гъоркь
ТIолаздаго бихьана...

Гьеб хабаралде гъорлъе
Хан жувалев вукIана;
Жал жахIалго тейилан,
Васас гьесда гьарана.

Хучбар
Дица мун тIамичIо гъоркь,
Мун дуцаго тIамуна.
Дурги дирги лага цо,
Цо къаркъала, цо къуват.

Гьелъулъ гуреб иш бугеб,
РитIухълъидулъ букIана.
РитIухълъиялъул бетIер –
ЦIакъ къуватаб, къей гьечIеб.

Къаникь лъезе кIолареб,
Кварица гъанкъулареб,
Кидагосеб, даимаб,
Аза-азар сон бараб.

Дун бергьинчIо, мун къечIо,
Къуна тIекъабгин мекъаб.
Бергьана мугIрул гIадат,.
ГIамал, яхI, хIасратаб цIа.

Ханасул вас
Дилъ цIа гьечIиланищ мун,
Дир цIаргьечIиланищ мун?

Хучбар
Дица гьедин абичIо,
Ханасул вас, Мусалав.

Ханасул вас
Дилъ гIаданги, гIадатги,
ГIамалги, яхIги гьечIин,
Гьавураб бакI лъаларев .
Чиян дунищ мун вугев?

Хучбар

Дица гьедин абичIо,
Гьанже абулеб буго:

Мун гохIда пештIаравго,
Гьенир ниж рачарабго,
Руччабазда сверухъ мун
СентIезе лъугьаравго;

Дун, гьобол вухьаравго.
Гьабин, добин чIухIигун,
Мун чIенкьезе лъугьингун,
ПештIезе жувараваго, –

Дица пикру гьабуна,
Гьереси бицинаро,
ЯхIги, рухIги, махIги дур
Дагъистаналъул гьечIин.

Хадув мун вагъаравго,
Къунин мукIурлъаравго,
Дудаго каранлъ къазе
Ханжар борхараб мехалъ;

Нилъер харбида гьоркьой
Ханги халкъги жубайгун,
Жалго тейилан абун,
Дуца абураб мехалъ, –

Дида лъана, бичIчIана,
БорчIана дулъ кьижараб
Кьурабазул тIалъидал
ИяхIги, махIги, рухIги.

Гьел кьижизе риччаге,
Гьел гьечIони гьечIо нилъ.
Я Гъумеки-хан гьечIо,
Я Гьидалъ Хучбар гьечIо.

ГьечIо жибго Дагъистан, –
Дуда гьеб лъазе ккола.

Ханасул вас
Дие абурай гIадан

БатIиясе йиччан тей,
Гьей ячун унев чапар
Нух битIагийин витIе, –

Гьебищха, Хучбар, ияхI,
БахIарчилъи, ритIухълъи?
Дир бакIалде мун ккани,
Кин дуца гьабилаан?

Хучбар

Дуе дица щийниги
ГIадан абун йикIинчIо.
Дуй абурайги дица
Дийго ячуней гьечIо.

Дуе нуцалас кьечIей
Дихъа кьурун яхъуге.
Кьал гьабизе дур инсул
Тушман цогияв вуго.

Ясалъул гIайиб гьечIо,
Гьобол хъами цIар гуро.
Гьей кьолей Уланасда
Абе бокьараб рагIи.

Тушбаби дуй рокьани,
КIиябго рахъалъ руго.
КIалъай диргун гьабулеб
ГIададисеб буго дур.

Руччабиги жалго тун,
Гьалбалги нухда регIун,
Гьанже нужер бакIалда
Гьид рукIараланани,

Дица гьел рачинаан,
Ццингун къисас босизе
Цо къокъа нуцалихъе,
Цо къокъа шамхалихъе.

Дун щив? Чапаргин гьобол,
Гьаб бетIер къотIаниги,
Нуж къезе руго дикьа, –
КIудияб рогьо буго.

Дир тIагъур бахъарасул
Дица тIажу бахъула;
ТIалъиялда гьеб лъала,
Рогьо, гьеб бегьуларо.

Рогьо, гьеб бацIцIунаро,
МацI бахъун чIикIаниги,..
БитIун абулеб гьечIищ,
Гъумекдерил хан, дица?

Ханасул вас, Мусалав,
Росдал жамагIатчагIи?
Чабхъад дихъе вачIарав,
Дида лъалев полковник?..

..Цоял гьадин кIалъана,
Цоял додин кIалъана.
КIийихъе бикьун ана
Гъумекдерил вилаят.

Цингиги хан кIалъана:
– Бищун кIудиял, бице,
Нужеца щиб абилеб?
Ургъана херал чагIи.

КIалъайилан абуна, –
Ургъана гьал нахъойги...
Абуна гьеб бигьаяб
Иш гьечIин, чIайин жеги.

Авлахъго гIенеккана,
ГIолилал, херал чагIи
ГIодоре балагьана
Зодоре балагьана,

ГIодор речIалел хурдул
Хал гьабун руго гьазухъ.
Зодил накIкI тIингъал гIадин
Гъуждузда буго гьазул.

Гъоркьан дол кIкIалабахъан
Чвахун унеб гIоралъул
ГIемераб рагIараб мацI
Буго гьазда бичIчIулеб.

Сверухъ ругел кьураби,
Кьур-кьурун тIагърал лъурал
ТIалъиялъул жамагIат
ГIадин руго ралагьун.

Росу рагIалда хабал,
Хабазда нус-нус занал,
Умумузул рорхарал
Кверал кинигин руго.

Киналго гьезул берал
Цере рачIунел руго, –
Цебесеб, хисулареб
Намус-яхIалъул нугIзал.

ТIолго гIакъилаб буго
ГIенекIкун чIун балагьун,
ГIицIго гIадалаб хIама
Буго лъарахъ ахIделеб.

Лъан букIинчIин ханзабалъ
Жалгун релълъарал рукIин,
Лъарал рагIалда къуркъби
Къур-къур бачунел руго.

Цо къокъа нукаразул
Ниж гIадинал рагIулин,
Цо-кIиго гIанкIу буго
ЧIухIун сверухъ тирулеб.

Нужедаса батIаго
Ниж гьитIинал гьечIилан, –
Гьава буго кIудияб,
МугIрул руго рорхатал.

Лъабго херав чиясухъ
Хал гьабун буго росу,
Гьазда цо росу гуро.
Дагъистан буго цебе.

ЦохIо Дагъистан гуро,
Кинабго Кавказ буго,
Казбекгун, Эльбрусгун,
Пашманаб Араратгун.

ТIолалго Гъойсуялгун,
Каспидал хъахIиллъигун,
МугIрузул каранлъ ругел
Киналго росабигун.

Рахъана херал цере,
Гъезул цояв кIалъана:
– Хан, дур кверщел – кIудияб,
Нижер сонал –кIудиял.

Бищун киназдасаго
Гъадал мугIрул – кIудиял.
угIрул ругеб Дагъистан
Дагъабги цIакъ кIудияб.

Хан, мун жеги хутIила,
Ниж хвалда аскIор руго;
Дуца нахъа дагь течIо,
Нижеца – жеги цIикIкIун.

Бищун киназдасаго
Тарабги хутIарабги
Кидаго хвел лъалареб
Дагъистаналъул буго.

ГIемерал гIадаталги
ГIемерал гIамалалги
ГIемерал миллатазул
ТIалъиялъул рукIуна.

Цоял гьезул цIилъана,
Цоял гьезул хисана;
Цоял гьезул тIагIана
ТIаде бараб гIазуялъ;

ГIасрабазул цIадаца,
ЦIа бакарал рагъаца,
Рагъарарал мугIруца,
ГIумруялъги хвелалъги.

Амма буго ракьалда,
Нилъер Дагъистаналда,
Даим азарго соналъ
ХисичIеб лъабго гIадат.

Гьеб умумуз васахъе
Ирсалъе кьолеб буго,
Улкаялъул ияхIги,
Хазинаги, киниги.

Гьеб лъабабго гьечIони,
ГьечIо нилъер Дагъистан,
Дагъистаналъул чиги
Чияр лъечIеб тIагъурги.

ГьечIо цIарги, гIумруги,
ГIамалги, тIабигIатги.
Гьеб лъабабго хванани,
Хола киналго боял.

Гьеб лъабалъего гIоло
ГIадамал цIадай уна.
ГIагараб ватIаналъе
ГIоло унел кинигин.

Гьездасан цояб кола
КIудияздехун адаб.
Гьезда кIалъарав васцин
Инсуца толароан.

КIудиял рикIкIунарев,
КIудияв гIогегийин,
ГIундулги ккун рокъоса
КъватIиве хъамулаан.

Ниж кIудиял ругелъул,
КIалъазе рагIи кьедал,
Мун гIенекке, хан, нижехъ
Хадуб цоги бицинин.

Цогиябги букIана
Гьоболасдехун адаб.
Гьев къабул гьавуларев
Росулъ рикIкIунароан.

Гьалбал рокьуларесул
Рукьбал рекагийилан,
ГодекIанив гьединав
Виччалевцин вукIинчIо.

Бищун гьитIинав гьобол
Бищун кIудияв вугин,
КIудияцацин гьесий
Жидерго бакI кьолаан.

Нилъецайин абуни,
Гьобол гьадин вухьана...
Гьеб нилъер, гъумекдерил
ГIадаталда букIинчIо.

Лъабабилеб аслияб,
КIудияб гIадат буго:
ГIемерисел бихьинал
Гьелъие гIоло хвана.

Гьеб мугIрул руччабазул
БацIцIадаб намус буго.
Гьелдехун гьесарав чи
Дагъистаналъ толаро.

Гьезде бугеб балаялъ
Борцуна бихьинчилъи.
БатIияб роцен гьечIо,
БатIияб бицен гьечIо.

Чияй уней бахIарай
Нилъер гьоболлъун йиго.
Гьелда цо тIутI хъваниги,
Рогьо даим нилъее.

Гьалеха, хан, дир хабар,
МагIна дуцаго гьабе.
Дидаса хутIанщинаб
Хадусес абизе те.

Хадусевги кIалъана,
КIиабилев херав чи:
– Гъумекдерил хан, дуца
Хучбар нухда виччанте.

Гьесул бетIер къотIани,
Кього гьединаб бетIер
Къисас босе бачIина,
Щай гьеб къваригIун бугеб?

Дур тушбаби гIун руго,
ТIадеги щай ралагьун?
Рогьоги гIураб бугин,
ГIемерлъизе гьабуге.

Руччаби асир гьарун,
Гьел релъанхъи гурони,
Пайда букIине гьечIо,
Цидулгун гени кунге.

ЦIакъ рорхатал жал руго
Дагъистаналъул мугIрул,
Гьездасаги борхатаб –
Дагъистаналъул намус.

Гьесул хабар лъугIигун,
Хадусевги кIалъана,
КIиго батIияб пикру
БукIине бегьиларин:

– Хучбарица абухъе,
Гьесухъе чагъана кье.
Пайтоналда рекIарал
Нухлулал цере риччай.

Цоги заман букIина,
БатIиял къоял щвела;
Жакъа ханасул гьалбал .
Гьанже росдалго руго.

Цинги ханас абуна
Гьидерил Хучбарида:
– Пайда щиб, дир гьечIелъул
Мун гIадинав бахIарчи!

Мун гIадинасухъ дица
АнцI-анцIгоял кьелаан.
АнцIго мун гIадинасухъ
Дир нусгоял кьелаан.

Кьалде цадахъ рахъине
Хиянатав нуцалгун,
Хадув гьев щущазавун
Шамхалгунги рагъизе.

Хучбарица абуна:
Дун бахIарчи гурилан,
ВатIангун тIагъур цIуни
Гьеб тIадаб налъи бугин.

Гьаб нужер тIалъиялде
ТIаде тушман вачIани,
ТIуриларо, – киналго
Нуж бахIарзал рукIина…

Гьелда къокълъана хабар,
Хучбар ана гьоболлъухъ.
Гьесухъе бегьана рагI,
Цоги рагIи абеян.

– Цоги рагIи дир гьечIо,
Гьадабго рагIи буго:
Сахал чагIи сах таги,
Квешал чагIи квеш таги!

Киналго хIалихьатал,
ХIияллаял, цIуял чагIи,
Чохьол унтиги бахъун
Дагъистаналда хваги!

Хадусеб тIадвуссутIа
Абила кинабгIаги;
Киназего баркала,
Гъумекдерил жамагIат.

Гьасул чагъана кьуна,–
Бокьулеб кечI ахIана.
АхIана хIасратаб кечI
ХIайранаб рокьиялъул.

– Цоги ахIе, – абуна,
АхIана Хучбарица
Эркенлъиялъул рахъалъ
Жиндирго урхъараб кечI.

– Нахъеги чагъана хъвай.
Хъвана гьеб Хучбарица,
Хирияб ВатIаналде
АхIана ахираб кечI.

Ахиралда абуна:
Чарамул хвалчадаса
Чагъанаялъул харбал
Дие хириял ругин.

Хадув тӀаде вахъана,
Къо лъикӀилан, гьидалъев.
КъачӀана бахӀаралъул
Лъабто чӀухӀараб пайтон.

Цодагьаб пардав биччан,
Гъумер бахчарай бика
Добго къандалъоялда
ГӀодой чӀезе гьаюна.

Гьелъул гӀодулел берал
Лъиданиги рихьичӀо,
«ЛъикӀго букӀа, Гъумекиб!» –
Гъалмагъир нахъа тана.

Гъумекдерил тӀулбухъан
КӀкӀуял бурулел руго,
КӀудияв чапар нуха
Шураве унев вуго.

Шамхал вуго цевехун,
Гъумеки-хан нахъехун.
Нуцал – Хунзахъ хиялалъ,
Харбихъ хал ккун ургъалилъ.

Гъоба бертин къачӀалеб,
Гьаниб къисас ургъулеб, –
Ишал руго гӀемерал
ГӀагараб тӀалъиялда.

ТӀутӀулеб буго улка
Ханзабаца цоцахъе,
Херав гьардухъанасде
Рехараб тӀимугъ гӀадин.

Гьеб хъантӀиялде данде
Рорхун руго хвалчаби.
Хучбар, дуй нух битӀаги,
МагӀарулазул узден.

VII

Гьалдолеб, гьелчолеб даимаб Каспий,
Таркидал каранда Шамхалил хъулби,
Жеги шагьар гьечIо, жеги порт гьечIо,
ГанчIазда речIчIулел карачалаби.

«Бице, карачелал, кида бачIунеб
БахIаралъул пайтон нижер гьундухъе?
АхIун ругин гьалбал киса-кирего:
Князал, уцумал, шагьал, султанал.

Ракун ругин цIаял, чIахIиял хьагахъ
ЧIагIа бухIун бугин берелеб бугин.
Бищунго цересел гьакълил устарал,
Гьанже нуж кинигин, тарталел ругин.

КIалъай, карачелал, кинабго лъалел,
Кин ругел нухлулал, ниж хал гьабурал?» –
Амма Шамхалида карачалабаз
Нижеда лъаларин лъазе гьабуна.

Гьединго абуна ургъалилъ бугеб
Эсул тухумалда таркидал ганчIаз.
МагIарухъан пулел гьураз бицинчIо,
Гьалбал кир тараян, кин гьараниги.

Гьанирги дораги роржунел хIанчIаз
АхIулеб буго кечI, бичIчIулсб гьечIо.
КватIизехъин руго. Гъази-Гъумекиб
Гъалмагъирцин ккечIищ ле, Хучбар, дуе?!

Данде арал чагIи рачIунел гьечIо,
Пикрабаца Шамхал кIвекIулев вуго,
Щулиял рахсаца цо-цо кверги ккун,
Цин-цияб рахъалде цIалев кинигин.

Гьалбал данде чIвазе Шура тун арал,
Щолел гьечIо нахъе, щиб бугеб хабар?
Хундерил бахIарай, мунги пайтонги
Гьанир щвезе ккола, гIедегIел гьабе!

БахIаралъул пайтон цадахъ ругелгун
Цониги бакIалда лъалхъулеб гьечIо.
Нахъехун хутIана ругьунал мугIрул,

Рагьун цере лъуна лъарагI авлахъал.

Ахиралда Шура, гьенир щвелалде
Гьарана бахIаралъ дагьалъ лъалхъеян
Гьалъ гъаравашазде ишан гьабуна,
Абизе жо бугин дир Хучбарида.

Хучбарица чодул чIолорхъо къана:
– ЧIарай щай, СагIадат, сваканищ йигей? –
БахIаралъ цодагьалъ пардав борхана –
Гьумер чурун буго, лъадаца гуро.

Гирун унел руго магIил гараби…
– Гуро, гьазда гьикъе дун щай чIарай? – ян.
– Бице магIил гарал? –
Гараз абуна:
Ине бокьун гьечIин лъарагIлъиялде;
Ячейин тIадюссун тIадмагIарухъе,
ТIагIам гьечIин дие чияр ракьалда.

Гирун, гирун ана магIил гараби,
Гаргадилел руго гьел Хучбарида.
БичIчIана гьезул мацI гьав гьидалъесда,
Гьикъизе кколаро щибниги тIокIаб.

Гьав чодаса рещтIун лъарал рагIалда,
ЛъарагIазул щобда гIодов вукIана;
Гьеб лъарахъ балагьун, мугIрул нахъа тун,
Нахъе уней бикал хIисаб гьабуна.

Лъар, магIарухъ гIадин, хъудулеб гьечIо,
Пашманаб сасалда чвахулеб буго.
Чабхил кьурабазул полопги тIагIун,
Гьеб дагьаб хIабургъун бачIунеб буго.

РакIалде рачIана цересел сонал,
Цересезда гьоркьоб бищунго цояб:
Цо нухалъ Хучбарги гьидерил халкъги
Хурзабахъ колода рукIараб мехалъ,
РакIалда гьечIого, нуцалил боял,
Нецаялда релълъун, щущана Гьидалъ.

Гьанире рещтIана, доре кIанцIана,
КIулал сундукIазул тIу-тIун рехана.
Гьез царгъал рагьана, гьираца баччун

Гъениб бугеб щинаб хъамал гъабуна.

Гъанже балагьилин, магъало кьечIел,
Кьурун бахъилила нужехъайила,
ХъахIал мугжул ккуна, «гъанже босе»,– ян;
ГIисин лъималазул чIвана кIаркьаби.

Жеги чIужугIадан, гьезул гIундузда
Даларал кIилкIалцин нахъе рахъана.
ЧохтIо сверун ккураб хъахIаб гIараццин
ХъантIарал нукараз щибниги течIо.

БукIана Хучбарил цо хирияб гьве,
Гьебги речIчIун чIвана нуцалил васас.
Жеги гьеб гIечIого, магIида бараб
Босун ун батана Хучбарил тIагъур.

БетIер къотIичIого, тIагъур бахъизе
ТIадмагIарухъ кьолеб гIадат букIинчIо.
Гьанжеги вукIуна, гьеб ракIалде щун,
РекIекълъун, ццин бахъун нилъер бахIарчи:
«Щай гьадаб къоялъ дун колоде арав,
Кин хунз тIерхьиналде дун тIаде щвечIев?»

Ва гьедана Хучбар гьадаб къоялда,
Къисас босичIого жинца теларин.
Къисасги босана унго-унгояб,
Азарилал соназ кIочон толареб.

Гьас тIаса бищана гIазуги гьечIеб,
Гьури пулеб сордо сапар гьабизе.
Гьидерил гьитIинаб къокъаги бачун,
Къаси нахъа щвана Хунзахъ росулъе.

Хундерил нуцалил кавудал кIалтIа
КIалдир хъатал чIвана хъаравулазда.
Гьаз гьал рухь-рухьана, цо сихI гьабуни,
Гьалеян бихьизе гьабуна гIащтIи.

Кинанха бокьилеб горбое гIащтIи? –
ГIенеккун чIана гьал, чIварал жал гIадин.
Кьижун руго гьундул, гьезул гордухъе
Гьидерица лъуна бархатаб мали.

Вахун ана гьенив Гьидерил Хучбар,

Хал гьабун гьалмагълъи хутIана гIодоб.
ТIоцере гурелъул рагьулел ругел,
Рагьана гьас гордал, ана гьав жанив.

Гьениб тахида тIад тамахаб макьид
Микьир гIадай бика кьижун ятана.
Гьаб кьегIерин дие къваригIарабин,
Къвалакь ккун нуцалил ясгун гьав ана.

ТIолго тIалъиялде рагьарал гордал,
Рогьалил макьида сванхелел гьундул, –
Гьаб хазина гIолин, щибго кIваричIин,
Щвараб чан гьас чодул кьолода лъуна.

Кьабана гьалда цIал, гьидерил къокъа
Гьедин нахъ буссана сапаралдаса...

Нолъ гьури букIанин вахъана нуцал,
Нахъа балагьана, гьечIо гьасул яс,
Гьасул божи, анищ, питнадуй гIилла,
АнцIила щуго сон сверулей бика.

Гъумеки-ханасги Шамхалицаги
Щивас жиде-жидей абун гьарулей...

Пирхун ана пири, гъугъадана зоб,
Гъоркъан щур-щудана, тIасан ахIдана.
«Арай кий СагIадат, гьитIинай бика?» –
Гьидерил чодулаз Гъойсу бахана...

Гьезда хадуб араб рекIаразул бо,
Буюр тIубачIого нахъе бачIана.
Нуцалил киналго чабхъеназдаса
Чарухъал хвей гуреб хайир бихинчIо.

Чан ахIи бахъараб, щибниги ккечIо,
Щулияб гъансиниб буго гьеб месед.
Гьеб гъамас борхизе гъуждул ратичIо,
Гъуждул ратарасул – бортулеб бетIер.

Гьел кIулал рагьулеб кIулги цо Гьидалъ,
Щулияб хъатиниб – хъвагIаде, нуцал!
Мун вухь-вухьун вуго тIухьидул кваралъ,
Кварил рагIал буго Хучбарица ккун...

... Гьеб халатаб къиса, гьелъие гІоло
ГІемер кьвагьи ккана, кьабезе ккана.

Гьидерил парсазул иццал гьекъолеб
Нуцалил бикъараб берцинаб бурутІ
Гьаниб лъарагІазул лъарал рагІалда
РакІалде бачІана гьав чапарасда.

Гьеб чанил тІинчІ Гьидалъ, хазина гІадин,
ГІадаталъ, намусалъ цІунун букІана.

Гьелда кІалъарасул кІал-мацІ букъизе,
Гьелъухъ балагьани, берал рахъизе,
Гьелда килищ хъвани, кверал къотІизе –
КъотІи ккун букІана жамагІаталъул.

Амма кІалъалареб, балагьилареб
Берцинлъи букІинчІо Нуцалил лъимер.
Гьелъул гордухъ чанги чуял кьурдана,
Чагъанаялъ тІохда бакънал рачана.

Цо нухалъ рагъида цІаюцІарай гьалъ
ЦІа лъолеб букІана бащдаб росдада.
Берал кенчІолел куц, каранда гурдил
Цо тІа ричІун хадуб, хвелаан уммат.

Гьалъ кечІ ахІанани, какги кІочон тун,
КІал гьакІкІан хутІила будун-дибирги.
Гьалъул гІертІинисан цо лъим гьекъани,
ЛъагІелалъ мехтарав вигьинаро чи.

Гьалъ чодеги яхун, авлахъ тирани,
Аллагьин щурула щибасул кІутІбуз.
Гьидерил васал щай, жеги ясалги
Асир гьаруна гьалъ, гьечІо гьединай.

Амма гІадаталъул гІурхъиялда тІад
ГІасрудал хъаравул вукІана цІодор.
Гьалъул цІар цІехонин, цІаха кинигин,
ЦІалалъ вухана вас живго инсуца.

БукІана Хучбарил гІадлу кьвараpаб –
ГІоралде гьетІараб гІасияб кьуру.
Дора тІаса гъудул, гъоркь полпил свери –
Гьеб судалде ккарав бергьине гьечІо...

Гьединан цIунана цIарги намусги
ЦIар арав «хъачагъас» хъамураб чанил;
Гьидерил ракьалда гьабураб къодахъ
Къисасалъе йигей аманаталъул.

Ана кIиго рии, кIарчанаб микки
Гьал чияр тIохазда тIад парпадилеб.
Гьазул гIадатазде ва гIамалалде
ГIолохъанай асир ана ругьунлъун.

Гьазул тIалаязул тIеренабго кIкIуй,
Язихъаб узденлъи алда бихьана.
ГанчIалъ, тIулбулъ хурзал, мукъсанаб тIорщел,
ТIадегIанаб иях I цадахъ букIана.

Цебе-цебе гIадин, рокъой йиччаян,
Хучбарида гьари гьалъул къотIана.
Гьундухъе, Хунзахъе нахъе ячеян,
Бачунеб наку гьалъ гьанже хисана.

ТIинчIай асиралъе хиралъун ккана
Хучбарил чагъаналъ рачунел бакънал,
Чабхъаде унелъул гьесул айгъиралъ,
Авлахъ сверулаго, гьабулеб кьурди.

Амма цо-цо макьилъ, макьу жибго тун,
Жиян вугев эмен цеве чIолаан.
Дир яс ялагьизе васал гьечIищан,
Эбелалъул гьаракь гьаниб щолаан.

Гьай хIадур йикIана, гьеб кинабго тун,
Тарай ани, гьаний Гьидалъ йикIине;
Гьундулги хъулбиги хундерийги тун,
Хучбарил улкадул эркенлъи боссе.

Амма цо нухалда Хунзахъа гъоркье
Херав лъабго вакил щвана Гьидалъе.
Ярагъ-жо гьечIого, гьалбал ругилан
Гьаз цIехана Хучбар кив вугевилан.

Хучбар тIаде щвана, хъваш-маш гьабуна:
«Хъвашгелди, рачIарал, чIахIиял чагIи».
Кваназе гьаруна, гьекъезе кьуна,
Гьалбал рокъой рачун, хIурмат гьабуна.

Гьазий хIажалъараб лъан букIаниги,
Жалго кIалъазегIан гIенеккун чIана.
ЧIахIиял чагIаца гьаб-доб бицана:
Гьава-бакъ, цIадалъул, ах-хур, хералъул.

Магжида квер бахъун, михъал лъухьана,
Нахъаса гъвзанщаги хъасун абуна:

Херав
Ниж гIадада гьечIо гьанире рачIун,
Цо къваригIел буго, бегьилищ, Хучбар?

Хучбар
Дун гIенеккун вуго, хIадурго вуго,
Нужер хIажат бице, хIукму батила?

Херав
Машгьурав багьадур, гьидерил Хучбар,
Ниж, херал гIадамал рачIана духъе,
Хундерил нуцалил ругьелги босун –
Гьев рекIекълъун вуго ккараб щиналда.

Гьесий бокьун буго, гьаб гьоркьоб бугеб
Питна хабалъ букъун, рекъел гьабизе,
Букъизе багьараб, къазе рагьараб,
МагIида бан тезе таманча, ханжар.

Хучбар
Дун къачIарав вуго, Нуцалил сихIру
Цебеги гIезегIан рагIананиги;
ВачIайилан абе, гьабила къотIи,
Гьесул шартIал кинал?

Херав
ЦохIо шартI буго: Нуцалил цо йигей, гIужде щолей яс,
Дуца хвасар гьаюн, Хунзахъе йиччай;
ХутIараб щиналъухъ дуе баркала, –
Гъолъул намусгин цIар цIунана дуца.

Гьеб халкъалда лъала, гьарула дуда
Гьанжеги вукIайин мун мустахIикъав:
Дур машгьурлъиялъе, дур гьунаралъе,
Гьадин тIадегIанаб дур тIалъиялъе.

Дур цIар, кици гIадин, буго кисанго,
Юссине гьайе яс инсул гьундухъе.

Хучбар
ЧIахIиязул адаб – дида тIадаб иш,
Амма гьедин нахъе йиччазе гуро
Гьидерица бика хъамун йикIарай,
Хъамун хадусала цIунунги йигей.

Херав
Рицеха дур шартIал, щиб жо гьабилеб,
Гьелъухъ кьезе кколеб боцIуда цIар чIвай?

Цогиги бокьани, ниж хIадур руго
Гьал хъахIлъарал бутIрул дуе къулизе.
Гьебги дагь батани, накаби чIвала,
ЧIахIиязул гьари – гьеб къабул гьабе.

Хучбар
ЧIахIиял, чIахIиял, къулуге бутIрул, –
Дирго бетIер дица къулила нужей.
Накабиги чIваге чIегIераб ракьда, –
ЧIвазе ккани дица чIвала херазе.

Амма ханас гIадаб бикадул даран
Дица гьабиларо, гьей йичиларо.
Гьайбатлъи нижеца боцIухъ кьоларо,
Багьа цIан аманат йиччан толаро.

Дир лъабго шартI буго, гьел тIуранани,
ТIадюссун жакъаго йитIила асир.
Амма тIубачIони, тIолго бо бачIа,–
Гьей нижер къавулъа къватIий инаро.

Херав
Кинал гьел, лъабабго иргадал бице?!

Хучбар
Бицина гьабсагIат, гIенеккун рихье:
Гьадаб магIидаса тIагъур бахъарас
ТIаргъил бетIергьан – дун, гьаб ботIрода лъе.
Дир тIагъур бахъани, тIажу бахъулеб
Нужер нукаразда кибго даим лъай!

Гьаб тIоцебесеб шартI тIубазе кколеб,

Гьанже кIиабилеб абила дица:

Нуцалил нукараз тIутIурал кIулал
ТIолго сундукIазул ракIарун руго.
Росе гьел гьесие сайигъаталъе,
Цере рай хундерил бодул бутIрузда.

МагъалочагIаца гIарац бахъарал
Рахъун руго чахтIал нижер руччабаз;
Нужеца гьел росе нужер росулъе,
Нуцалил чукъбузе чалмай гьаризе.

Гьеб тIубан хадуса тIадбуссинабе
Гьидалъа бикъараб боцIи Гьидалъе.

Гьанже лъабабилеб дир аслияб шартI:
Абе – паракъат те Гьидерил тIалъи,
Гьаб нижер узденлъи, нижер гIураби,
Нижер гIадамаца тIад лъурал тIаргъал.

Гьебмехалъ лъалиниб лъела гьаб ханжар,
Хабарги бакъанги рекъела нилъер.
Гьебмехалъ гьундухъе дица йитIила,
Нух битIагейилан, гьитIинай бика.

Гьаб дир жаваб босун а Нуцалихъе,
Бице гьесда цоги рагIи дир гьечIин.
Цингиги Нуцалил васасда абе,
Дир гьве чIварасда дун дандчIвазе вугин.

Гьединан абуна, ана замана,
Анибги, добаги данд балеб гIакълу.
ЦIиял ругьелалгун хундерил чагIи,–
Хучбарил абураб рагIи таричIо.

Ахир кире инел?! ГIужда йигей яс,
Гьей хвасар гьайизе кинабго кьуна.
КIиго рогьоялде гьоркьове ккарас
Гьездасан гьитIинаб тIаса бищана.

ТIадюссун инсухъе ана СагIадат,
Асиралъ нахъ тана гьидерил росу,
Амма гьалда Хунзахъ Хучбарил тIалъи
ТIамулаан цебе щибаб сагIаталъ.

Хучбарги жиндаго лъачIого цо-цо
ВукIана хиялалъ хундерил нухда.
Гьас сардил цIвабзазда, цIар абичIого,
ЦIехолеб букIана бикал хIакъалъулъ.

Гьасул ракIалдаса рикIкIад букIана
Гьай тIокIай жиндида данде чIвазе къасд.
Амма къисмат... Гьале жиндирго асир,
Гьай росасе кьезе ине вуго гьав.

ЦохIо асир гуро, хIасратги, йиго...
«Дуца гьабулеб щиб, Гьидерил Хучбар?
Чангиял хъамурав хъачагъ вугин мун,
Хъаме дун, гьарула, гьаниса дуйго.

Яче дун борхатаб дур тIалъиялде,
ТIокIай дун йиччаге кидаго нахъе.
Кив балагьулев мун, чодул хIетI гIедер?
Щай гIенеккун чIарав, буртина чIегIер?..»

Гьадинан гьардана магIилал гарал,
Гирун гIанабазде рачIунел ругел.
Хучбарица бераз жаваб гьабуна,
Жиндир къотIи бугин, гьеб биххуларин.

«БацIцIе, бацIцIе магIу, дир рагIи буго
МагIарулас кьураб магIаруласе.
КIиабилеб рагIи дир букIунаро, –
КIиййихъе бакьулъа дун къотIаниги».

Дир ахираб хиял хабалъ букъанин,
Буго зигар щокъроб къулчIулеб магIил.
Къо лъикIан абеян гьеб киналдаго, –
Гьале Хучбар чоде тIаде вахана.

Гьас ишан гьабигун, лъабго пашманаб
Пайтон бахIаралъул хадур рилълъана.
Пайтоналда бараб анлъго юргъа чу
Гьав чиясда хIикмат гьабун рукIана.

Доба тIад гъул-гъулел гъудузул боял
Балагье ахIмакъин абун, ахIдана.
Амма дагьабги тIад цIумаз абуна,
Жидер цIар лъейила гьав Хучбарида.

Балагьун хутIана хадуб гьасухъ лъар,
Гьадинав къанагIат дида рагIичIин.
Амма нахъа тарал мугIруз абуна, –
МагIарулав, дуца битIун гьабунин.

Гьадинан ана гьал эхей лъаргIире,
Лъугьана Шурае, тана шагьар нахъ.
Шагьар рагIалалде данде рачIана
Шамхалил пайтонал, гьесул рекIарал.

Хъвалеб буго аргъан, кьвагьи ва ахIи,
БахIарадъе – яша, хъошгелди, гьалбал...
Гьединан рахана Атлюбиналде,
Эбги нахъа тана: «Таргъу, гьале ниж».

Гьалдолеб, гьелчолеб даимаб Каспий,
Карачалабазул гIурччинаб матIу;
МатIуялда жаниб Шамхалил шагьар,
Щуго къоялъ буго къотIичIеб бертин.

Къали басандула, зурма ахIдола,
Аргъан хъван ясаца сарин ахIула.
Иргадал кьерилаз кьурдизе рахъун,
Кьижарал авлахъал хъудизарула.

Цин доре, цин гьанир ротулел чуял,
РекIунел, рещтIунел чапарал, гьалбал;
Гьанисан, дорасан унел, рачIунел:
«Асалам гIалайкум, савбол, хъошгелди».

Саламал, саламал, сахлъи, воре ма! –
ЦIу-цIун кьолеб буго иргаялда лълъар.
Цо хьагиниб белъун, чахъу бахъула,
Нахъияб гьенибе цIидасан уна.

ЦIа хIалтIулеб буго, хIалхьи жибго тун, –
«Же гьасие ратIа, гьав цоясе бох.
Дол мугIрузда бугеб гIазуялдаса
Гьадриниб плов лъикI, гьалбадерий кье».

Гъежда чундулги ран, чанахъай щола,
Чагурал кодор ккун, кочIохъай щола;
Кисанго рачIунел сайигъаталги,–
Савбол, савболилан кьолеб жавабги.

Кьабулеб буго хъат, хъатго хъатилан, –
ХъахIал маккал гIадин сверула ясал.
Гьезда цере рахъун, гьарсго гьарсилан,
Гьаркьахун кIанцIола чергесал васал.

Цо квер каранда чIван, цо зодой борхун,
Цабзакь ханжарги ккун чIвала накаби.
ЧIваркьезе хъантIарал бералги гьарун,
Гьанире кIанцIула, доре роргула.

ЦIикIкIарал гIадамал, хIурматал гьалбал,
Гьел рахъараб мехалъ рахъуна тIаде.
Зодобе кьвагьула, гIодой кьвагьула,
«ГIию, гьайт!» – гьаб-добан гьаркьал гьарула.

Лъаб-лъаб зурма пула, гьелги дагь рихьун,
ПештIола кIовухъе, кIалдир килщал чIван.
Щуго къали буго тIилаз бухулеб,
ТIаде гьеб гIечIого чIабар, къед, тIохги.

АнцI-анцI ясал уна цоясде данде
Цин-цияб рахъалъан гьевгун кьурдизе.
АнцI-анцI дагьин ккани, къогоял уна –
Къец буго гьерсилаб гьаб хIурматалъул.

Гьаб сайигъатазе ва савболазе
СихIирав шамхалас гъураб гьин буго.
Щибаи кьурдухъанас кьолеб, бачIараб
Кьолбол чагIаз мухIкан борцараб буго.

Кьурдизе бахIарал рахъанщинахъе,
Гьезде щвараб гIарац рикIкIунеб буго,
БукIкIунеб, рагьулеб гьурмал суратал
Гьаниб томеназухъ балагьун руго.

Кьурдула бахIарал. ХъахIаб шалиде
Щвалеб буго гIарац гIолохъабаца;
ГIодобе бортараб, йоргунги ячIун
БакIарулеб буго кьолбол гIаданалъ.

БакIарулеб буго нахъа хутIараб
Хундерил нуцалил ясалъул гIумру.
Гьай ракI унтун пашман кьурдулей йиго:
«Гьале дир багьа, – ян, – балагье, гьалбал».

Гьалбадерида гъорлъ бищун хирияб
Хазина бачIарав чапар кив вугев? –
Гьидерил багьадур Шамхалгун цадахъ
Цо кьерда гIодов чIун гIенеккун вуго.

Гьасда аскIор руго гьегьал ханзаби,
Пашаял, шайихал, генералзаби,
Гогьал офицерал... гьагав уцумий
Гьим-гьидилел руго цIекIал бегзаби.

Берталъ вукIаниги, гьасул ракI буго
РикIкIада мугIрузда гIагараб росулъ.
Гьал гIадамал гьасий чиярал руго,
Чахьал гурел ракIал рихьулел гьечIо.

Гьанир бакъназ гьасий рекъолел гьечIо,
Гьал гьаркьал, гьал кучIдул ричIчIулел гьечIо.
КигIанго гIуцIараб тIутI букIаниги,
Гьасий тIагIам гьечIо гьакълилгин кванил.

ГIицIго Каспиялъул карачалабаз
Кеп гьабулеб буго гьасул беразе.
Гьенисан квачIги бан, цо кивалиго
Унев вуго Хучбар, хиялаз вачун.

Гьасий бакьун буго гьаб ракьалдаса
Бокьараб рахъалде балагьун ине.
Пашманаб сухIмат тун, чодеги вахун,
Чияр авлахъал тун мугIрузде ине.

Амма бугониги гIадатги цIунун,
ГIодов чIун вуго гьав, кIудияв гьобол.
Гьал чалмабаздаги пагоназдаги
Гьоркьов вуго яхIалъ магIарул узден.

Гьасул гьазде гьечIо щибниги божи, –
Щибасулъ вихьула хундерил нуцал.
Кин букIананиги, къотIиги тIубан,
ТIадвуссине вачIун вуго гьанив гьав.

Шамхалас абула: «Хучбар, дур ирга,
АхIулев вуго мун ясаз кьурдизе».
Уна вахъун Хучбар, ццидалаб кьурди,–
Цо магIарул баче, зурмихъан, дуца.

Зодор цунин ккола рорхарал кверал,
Биххун инин ккола хIатIазукь байдан.
Къоло щуго бика свказаюла.
Сири черхалда бан анцIгоял уна.

Халкъалъ хъат кьабула, жеги кьурдеян,
Кьерилал ахIдола: цоги нухалъин.
«Цогиги кьурдила цоги бакIалда,
Цоги къо бачIингун, къваригIанани».

Шамхалас абула: «Ирга дур, Хучбар,
Халкъалъе кечI ахIе, чагъанаги хъван».
Бачана чагъана, гьидерил бакъан
Рекъезеги гьабун, биччана гьаракь.

Ракь борханин абун ккана ракIалде, –
Каспи ралъад лъалхъун, чIана хIикмалъун.
«ХIасрат» – цояб сарин, цояб –«Узденлъи»,
Ахираб, аслияб – «ВатIаналде кечI».

Халкъалъ тIаде рахъун «гIию» ахIула,
ГIолилаз «цогиги ахIе» абула.
«Цогиги ахIила цоги бакIалда,
Цоги къо бачIингун, къваригIанани».

Шамхалас абула: Дир гьобол Хучбар,
Босе гьаб цIураб рагI, рагIи дур буго».
«Дир цо рагIи буго, рагI борхулелъул
МагIарухъ абулеб, гIенекке нужги:

Сахал чагIи сах таги,
Квешал чагIи квеш таги, –
Киналго хIалихьатал,
ХIинкъарал, цIуял чагIи,
Чохьол унтиги бахъун,
Хваги Дагъистаналда!»

Халкъ хъудана бахъун, цIияб рагI кьейин
Кьерилал ахIдана, цоги рагIийин...
«Цогиги гьекъела, цоги абила,
Цоги къо бачIингун, къваригIанани».

Щуго къоялъ гьедин къали бухана,
БахIаразул рахъалъ лълъарал рорхана...
ГIакъилаб, гIадалаб, лъикIабгин квешаб

КинабгIаги берталъ жубан букIана.

Дагь-дагьккун борхараб гьаракь сасана,
Гьалбал рахъ-рахъалде нахъ руссун ана,
Рехъада гIорцIараб, гIидра кванараб
ГIи-боцIи росулъе унеб кинигин.

Гьаб бертин-театр, къана пардавал,
Гьоркьор гIахьаллъараз чурана грим
Чияр ролал хIалеб гIадаталъулги,
ГIамал-яхIалъулги, гаргаралъулги.

Хьагахъ свана цIаял. Хундерил бика
ХутIана Улангун ургъалилъ жийго.
Буго горда цураб керен угьдилеб,
Ккараб къисматилан, щвараб бакIилан.

Цин щенон, цингиги чвахун бана цIад,
БитIун ральдада тIад гъугъадана зоб.
Гъар-гъар черхалда бан хIинкъарай бика,
Дуе щибан абун, Уланас куна.

Гьалъул хIал букIана, ккураб квер бахъун,
Кийниги гордухъан кIанцIизе гIадаб.

Амма гордалги къан, къандалъоялде
Къаси гьай ячана «Йега» –ян абун.
Ункъго гъаравашалъ вагIзаги гьабун,
Гьай гIодой юссине бусен къачIана.

Ракарал чирахъал киналго свана, –
Карандаса кIичIал ричIун ратана.
Хъарчигъадул къвалакъ къиматаб микки! –
Къандалъо сардида биччун батана.

Радал гьеб чурана. Чурунги инчIо
Чвахун арал магIил гаразул лъалкIал...
Гьединан букIунин байбихьудаян,
Гьай юссинаюна росдал руччабаз.

Гьалдолеб, гьелчолеб, даимаб Каспий,
Дур гIатIилъиялъе чан гIор чвахараб?!
МугIрул иццул лъарал уна духьеян,
Дуда рагIарабищ гьезул зигарди?

Дуда чан бихьараб, чайкабазул тIел,
Дур борхалъабазде рахун сверулеб?!
Цояб гьезул буго, кваркьиги бекун,
Дур карачалабалъ – гьелъ щиб абураб?

Дуда тIад гьетIараб кьурда бугеб чан,
Чанахъанас лъукъун, буго угьдулеб.
Дур карачалабалъ – гьелъ щиб абураб?
ЧчугIихъанас ккураб, буго чара хун.

Гьеб дур чайкаялъул, гьеб дур чаналъул,
Гьеб дур ччугIаялъул гъаримлъиялъул
Лъидаго, гIинкълъунищ, мацI бичIчIуларо,
Бецлъунищ, къварилъи бихьулеб гьечIо.

Гьеб лъалев цо вуго Гьидерил Хучбар,
Гьевги унев вуго жакъа эхеде.
Ахираб хьулалъул тIеренабго кун
ТIолеб буго гьанже, гьелъий нугI – ралъад...

Къо-мех лъикI, Шамхалги Шамхалил васги
Гьале чу кьолона, пайтон къачIана.
Баркала, гьабураб гьоболлъиялъухъ,
Гьаб нужер ракьалъе, нужер кьолбое.

Гьанже дун виччан те иналде цебе
Цо рагIи абизе бикал гордухъе;
Батизе бегьула инсухъе ругьел,
Росдал тухумалда абизе рагIи.

Яккана СагIадат гордухъа къватIий,
Къо-мех лъикI гьабизе вачIана Хучбар.

Хучбар

ЛъикIго йикIа, инев вуго дун гьанже,
Абилеб щиб дица эбел-инсуда?
Метер магIарухъе швезе вуго дун,
Щиб ругьел битIилеб кьолбол чагIазде?

Дир хIалтIи тIубана. ДагIба батани,
Дидехун бице гьеб, дица абила.

Бика

Дуе нух битIаги, Гьидерил Хучбар,
ЛъикI танилан абе эбел-инсуда;

Абе баркалайин, эркенлъи дихъа
Гъадин гIолохъанго бахъаралъухъан.

Дур мурад тIубайги, тIадмагIарул чи,
Йохун танин абе дун тухумалда;
Абе баркалайин, ватIанги бахъун,
Гъаб авлахъалде дун тIойитIаралъухъ.

Дуде дагIба гъечIо, багъадур Хучбар,
Баркала буго дуй дир рахъалдасан, –
Гъидалъ дир хIасратаб асирлъиги тун,
Гъаб асирлъиялде дун ячаралъухъ.

Бищун цебе ккараб хирияб рокьи, –
Хадуб гъолареб ракь гъаниб бекьидал...

Хучбар
Щиб рокьи, лъихъ рокьи, щиб бицуней мун?

Бика
Дир рокьи, духъ рокьи, дуда рагIулищ,
Ва нагIана батад, Гъидерил Хучбар?!
Гъанже хазе гъабе, нахъ вуссинчIого,
ЦохIо нахъ балагье, авлахъ толелъул.

Цоги нахъ балагье, бищун цебесеб
Цониги магIарде вахараб мехалъ.
Жеги гъари буго, тIадвуссуда мун
Дурго росулъе а, Хунзахъе щоге –

Хунзахъ, дида лъала, дуе къор буго...
Бика, гордалги къан, къавулъе ана.

... Къваридаб бакъаналъ юргъаги бачун,
Хучбарил айгъиралъ авлахъал тана.
ГIаздалал мугIрузде тIаде щваниги,
ГIодобе даларааб бетIер борхичIо.

Сапаралъул мурад тIубазе гъабун,
Пикрабаз кIвекIулев Гъидалъе щвана.
Гъениб тIад букIараб жиндирго тIагъур
Жиндирго рукъалъул магIида бана.

VIII

Гьанже гьаб хабаралъул
ХутІараб ахир буго;
Халкъалда гьеб лъикI лъала,
Лъаларел дагь ратила.

Лъимадул заманалъго
Дий инсуца бицана;
АнцIго батIияб мацIалъ
Дагъистаналъ цIалана.

Гьеб лъаларел дагь рукIа,
Дагьазе букIаниги,
Дица бицунеб буго
Дида лъараб куцалда.

Дагъистан тун къватIибги
Гьаб гIажаибаб къиса,
ГIурус мацIалде бахъун,
Бокьун буго рагIизе,

ГIурусалъ бахъанани,
Нахъияздаги лъала.
Нахъа, дида кIочараб,
Нужеца тIаде жубай.

Гьанже гьаб биценалъул,
Цояца цояб жубан,
Цебесеб иццул бетIер
Батизе захIмат буго.

Гьеб цIехон гIалимзабаз
ГIакълу дандбаян абе.
Дица бицунеб буго
Дида рагIараб, лъараб;

Дица магIна босараб,
Дица хIасил гьабураб...
Гьале гьаб гьадин ккана,
Гьалмагъзаби, гIин тIаме!

Гьоркьоб цо моцI арабго
Доб бертадаса хадуб,
Хундерил Нуцалица
(Гьединаб гIадат буго):

Жиндирго ясги, дурцги,
Дурцасул гIагарлъиги
АхIана гьоболлъухъе
Жиндирго гьундузухъе.

Гьеб къоялде къачIана
Кинабго тухум-кьибил,
Тирана чапараца
Чуязда тIад росаби.

Рес бугел, аби бугел
АхIана гьоболлъухъе,
Гьикъун киса-кирего
Рачана кочIохъаби.

Гьедин тирулев чапар
Гьидалъеги вачIана,
Нуцалил хабар босун,
Хучбар гьоболлъухъ ахIун.

– АхIи къабул гьабила,
Метер къватIив лъугьине
КъачIан танилан бице
Нуцалида дир рахъалъ.

Гьев чапар ун вахъингун,
Цоги чапар вачIана;
Чи гьечIеб бакIти цIехон,
Хучбарида абуна:

– Дун щвана балъго гьанив,
Бикаца духъе витIун;
Долъ абуна, Хунзахъе
Мун кинго вачIунгеян.

Кинабго гьеб ахIи-хIур
Дуе гъураб къор бугин,
Къадарав нуцаласул
Царалаб макру бугин.

– Баркалайилан абе
Бика СагIадатида.
Гьелда бер чIван хадуса,
Хвел щиб? – гьадингояб жо.

Нуцал къадарав вукIин,
Дида некIого лъала,
Амма кин букIаниги
ВачIина дун Хунзахъе.

Чапар гьаеда гьардана...
Гьас гIин тIамичIеб мехалъ,
ТIолго жамагIаталда
Бицана нуцалил къасд,

ЖамагIат бакIарана,
ГодекIан халкъалъ цIуна.
Хучбар мун, унгейилан.
Абуна чIахIияца. –

ЧIахIияца абураб
Дица жеги нахъ чIвачIо,
Амма чIвазеги ина –
Нуцал цо велъизегIан.

Нужедаса цIикIкIарал,
Нужедаса кIудиял,
Гьал мугIрулги ругелъул, –
Гьезухъ гIенаккила дун.

Руччаби зигардана,
Жийго эбел гьардана:
Унге, дир вас Хучбарин
Хиянатаб цIадулъе.

– Дица дир эбелалъул
Гьари тIубазе ккола,–
Гьаб нухалъ тIасалъугьа,
Гьеб тIубазе кIоларо.

Дица тIубазе кколеб
ТIедегIанаб дир налъи
Гьаб даимаб тIалъиялъ
Малълъун буго васазда.

ТIасан роржунел хIанчIи
Руго гьасде ахIделел:
Гьидалъев, Хунзахъ хунжрул
Чархида кколел ругин.

– Баркала нужей, хIанчIи,
Дун инчIого чIанани,
Эзда ккела хIинкъанин,
Балагье Хучбарилан.

Дир хирияб жамагIат,
Хундерил нуцалица
«Хучбар, босеян» дихъе
ЦIураб лълъар бегьун буго.

– Духъе кьураб лълъаралъуб
Хвалилаб загьру буго.
– Загьру букIаниги гьеб
Гьекъезе тIадаб буго.

Кьураб лълъар борхуларев,
Ккараб къо борхуларев,–
Гьев чи, гIаданин абун,
ГIадаталъ рикIкIунаро.

– ГIакълу нахъ чIваге, Хучбар!
– ГIакълудахъ яхI кьеларо.
– ГIумру квешаб жо гуро.
– ГIумру хIинкъун кIваричIо.

– Сункьаха мун хIинкъулев?
– КъабихIаб цIаралдаса,–
ЦIадаве кIанцIила дун,
Цо рогьо гьабизегIан.

Гьалда къокълъана хабар,
КъачIа-кIатIана Хучбар.
Халкъалъ «цадахъ бачунеб
Гьалмагълъи щиб?» – гьикъана.

Гьас абуна, цадахъ дир
Гьалмагъзаби ругила,
ГьанжелъагIан божарал,
Жегиги дун гуккичIел:
Дир хвалченгун чагъана,
Дир чуги буртинаги.

Цоги цадахъ росила,
Гьоболлъидал ахIарав, –
БахIаралъул гIундузе.

ГIарац-меседил кIилкIал.

БахIаралъул кверазе
Курхьабигин баргъичал,
Карандасан дализе
Нилъер маржанаауль цIал.

БахIарасе босила
Дица берцинаб ханжар.
Нуцаласе бачина
Илхъидалъ хирияб чу.

Хунзахъ жамагIаталда,
Ма хъвеян, цебе гъела
Нилъер гъулдулъ рецц бугел
Оцалъ бищун кIудияб...».

Гъедин ана гъидерил
Цевехъан сапаралде
Гъал тIадехун рехсарал
Сайигъаталги росун.

Цебесан чвахун унеб
ГIурада – гIорги бахун,
Вахана гъав Хунзахъе
ГъетIарал сверабалъан.

– Асаламу гIалайкум,
Гъале щвана, нуцал, дун.
Салам дир тIалъиялъул
ТIолго дур умматалде.

– ВагIалайкуму салам,
Бищун хIажатав гъобол,
Гъидерие баркала
Сайигъат-саламалъухъ.

ГIодой рещтIа, биччай чу, –
Чамастак кьун хьихьила;
Чакарул кIалцIиги бан,
ГIурда сверизабила.

Кье гIагараб чагъана,–
ГIарцул магIида бала.
Дур буртина, дур ярагъ

Меседилалда бала.

Бика ййго гордухъан
Гъасде ишан гьабулей:
Гьеб хIилла бугин, Хучбар,
Хвалчен борчахъе тейин.

Хирияб чуги рекIун,
Гьури гIадин воржайин;
Гьаниб ургъараб диван
Дуда гъезе цIа бугин.

«Биччанте тIуризе гIанкI» –
ГIинтIамичIо гьоболас.
Гьедин бугеб лъаниги,
РещтIана гьав чодаса.

Черхалда бараб ярагъ
Бахъун магIида бана.
Нахъе лъеян чагъана
РагьтIателахъе кьуна.

«Гьоболасе чагъирин,
Чуялъе комиталин» –
Цоцалъ хъаталги кьабун,
Кьуна буюр нуцалас.

ГьебсагIат ункъо рахъалъ
Ункъо-ункъоял рачIун,
РечIчIана Хучбарида
Ханасул вакилзаби.

Гьале дуе квенилан, –
Кверазда рахсал рана.
Ма гьекъезе чагъиран, –
Черх хIобода бухьана.

ХIиллаяв нуцалица
Росдал магъуш ахIана, –
АхIе бугеб гьаракьалъ
Гьанже дуца гIакIайин.

ГIеласда лъикI лъалаан,
Кинаб гIакIа ахIилеб:
«ГIенеккея, киналго

Хунзахъ росдал авалал!

Нужер гьакал ратани,
Гьезда оцал рай хехго!
Гьакал гьечIел ратани,
Раче чуялгун хIамул!

Чуял, хIамул гьечIони,
Бачче мугъазгун гъуждуз! –
Хъачагъ вухIизе гьоцIиб
ЦIул, рагIи хIадур гьабе!»

ЦIалаца бухулаго
БакIарулеб буго халкъ, –
Хундерил гIадамаца
Инкар гьабулеб буго.

Инарин жал кидаго
Гьобол цIадай рехизе, –
Гьеб рогьо нуцалица
Жинцаго босе абе!

Гьеб хабар рагIарабго,
Хучбарица абуна:
Биччай бакизе цIайин,
ЦIадулъ гIунин живилан.

«ЦIуял нукарзаби, нуж
Сундухъ балагьун чIарал?
БахIарай тIокIай гьечIищ
Дица щвезе гьайизе?

Чуязда дихъе рачIун,
ЧIолорхъабигун арал,
НахъегIанав нуцалил
НахъегIанал нукарал,

Рек-рекарал бутIрузул
СогIал магъалочагIи, –
Сундухъ нуж балагьарал,
Гьале бачIун буго къо!
Къисас босизе «хъачагъ»
Ваче нужерго цIадай!»

Щибаб рахъалъ нукараз

Кваразул рагІал ккуна.
Кверал, бохдул рухьарав
Хучбар гьоцІив вачана.

ГьоцІиб – гІари гІадаб цІа,
ГІодор чІун – чІухІби, чукъби,
ЧІухІараб тахида тІад –
Бохда бохги лъун нуцал.

Цогияб тахида тІад –
Таргъуялдаса Шамхал;
Щибаб тІохил рагІалда –
Бихьиналгун руччаби.

Гьале цевесан ана,
Цадахъ жиндир Бикагун,
Цевего гьасда лъалев
ЛъарагІав – нуцалил дурц.

Лъана, бахчананиги
Лъабго херасул гьумер,
Хучбарихъа асирай
Гьай яс йиччазаюраб.

Нуцалил вас вачІуна,
КІичІардула чІухІухъан,–
ЧІвараб гьве Хучбарида
Гьале ракІалде щвана.

Гьав гьезухъ балагьана, –
Гьале нужго нужилан;
Гьороде цо чІинкьана, –
Гьале нужер багьайин.

Сверухъ цІа бакун бугеб
ЦІиркъил гІадинаб гьумер,
ГьакІкІан кІалгун, кІовухъе
КІарун гьезда белъана.

Нуцал цеве вахъана,
Дуе щвараб кеп щибан.
– Дун кидаго велъула
Сородулел чагІазда.

– Сородулел щал ругел?

– Мун вуго сородулев,
– Сирийищ дуда бараб,
Дир хвалчен бихьарабго?!

Гьеб рагІи рагІарабго,
Нуцалас буюр кьуна,
Босун Хучбарил хвалчен
КІийихъе бекейилан.

Рехана бекун хвалчен, –
КІалъана нуцалил вас:
Дица дур гьвеги чІванин,
Гьаб хвалченги беканин.

Хучбарица абуна:
«ЛъикІго букІа, дир хвалчен, –
Чанги бетІер кьотІана,
Къадарал гІадамазул.

Къадарал дида сверухъ,
Жеги гІемерал руго,–
Жакъа дир туманкІ анищ,
Азухъ цо балагьизе».

Гьел рагІаби рагІигун,
Нуцалас буюр кьуна,
Босун чабах гьабейин,
Хучбарил туманкІалъул.

Гъурун рехана туманкІ,–
КІалъана нуцалил вас:
Дица дур гьвеги чІванин,
Гьаб туманкІги хъуранин.

Хучбарица абуна:
«ЛъикІго букІа, дир туманкІ,–
Таманал чІухІухъаби
ЧІвана дуца Нуцалил.

ЧІвачІого хІутІаралги
Хунзахъ дида рихьула,–
Дун чода вугеванищ,
Аман цо балагьизе!».

Гьел рагІаби рагІигун,

Нуцалас буюр кьуна,
Баче Хучбарил чуйин,
Хвалчаца бохдул къотIун.

БачIана къваридаб чу,
Нуцалил вас кIалъана:
Дица дур гьвеги чIванин,
Гьале дур чуги чIвалин.

Хучбарица абуна:
«Къо-мех лъикI, хирияб чу, –
Чанги черхги бетIерги
Мерхьана тушбабазул.

КиналгIаги мерхьинчIо,
Жеги хутIарал руго.
ХутIаразул мерхьине
ХутIулебани заман».

Гьел рагIаби рагIигун,
Нуцалас буюр кьуна,
Кьураби кьватIелидухъ
ЦIа боркьизе гьабеян.

ЦIа боркьизе гьабуна, –
КIалъана нуцалил вас:
Дица дур гьвеги чIванин,
Гьанже мунгоги чIвалищ.

Хучбарица абуна:
ГIемер хIапдолеб щайин,
ХIалихьатаб гьвеялъул
ХIалихьатаб таращ, мун?

«ХIинкъарав нуцалил вас,
Мун цIукIа ватичIони,
Гьоболасе цIураб рагI
ЩIадаве иналде кье!»

Кьеян цоял ахIдана,
Кьогеян цоял чIана.
Кьерилал тIаделъана:
«Барахщунищ, хIинкъунищ?

Биччай рагIи абизе

Ахираб Хучбарица.
Биччанте рагI борхизе
Хвалда цебе гьидалъес!».

Нуцалас буюр кьуна,
БачIана гьесухъе рагI.
«РагI борхизе квер гьечIо, –
Гьебги кье»,– ян абуна.

Гьарана гIолохъабаз,
Бичана кваранаб квер.
Кодобе босана рагI,
РагIи абуна цинги:

«Дир рагIи магIу гуро,
МагI буго гьаб щулияб.
Дица чанги абураб,
Абила гьаб гьанжеги:

Сахал чагIи сах таги,
Квешал чагIи квеш таги! –

Киналго хIалихьатал,
ХIиллаял, цIуял чагIи,
Чохьол унтиги бахъун,
Хваги Дагъистаналда!

Хабада зани чIваге, –
Заз бижизе бичанте!».

Гьал рагIабиги абун,
РагI тIваян борхана гьас.
ТIинуги бихьизабун,
Рехана гьеб цIадабе.

Нуцалил вас кIалъана,
Гьелда хадув валагьун, –
Хучбар, рагI рехаралъуб
Рехизе вугин мунги.

Хучбарица абуна:
«Черх цIадулъ бежаниги,
Дир цIар бухIизе дуда
Даим хIал кIвезе гьечIо.

АхӀулаго кечӀгун дун
Ина цӀадул коронив,
Мун цӀукӀа ватичӀони,
Босе дихъе чагъана.»

«Босе», – ян цоял руго,
«Босуге», – ян цогиял.
Васал-ясал ахӀдана:
«КочӀокьайищ хӀинкъулел?

Биччан те, ахӀизабе,
Ахираб нухалълъидал!
Хундерил тӀалъиялда
ТӀокӀаб гьеб рагӀиларо!».

Нуцалас буюр кьуна,
Босун бачӀунеб буго
Чагъана Хучбарихъе,–
Хвалил наку бачейин.

– Хвалилабги бачина,
ГӀумрудулги бачина.
Чагъана хъвазе ккани, –
Квер кӀиго къваригӀуна.

Гьарана гӀолохъабаз,
Бичана квегӀаб кверги.
Бачана чагъанаялъ
Чвахулеб гӀурул бакъан.

Цинги гьаракь биччана
Гьидерил кочӀохъанас, –
Кибалиго кьураби
Кьабанин ккана цоцалъ.

АхӀана гӀищкъуялде, –
ГӀолохъанай бикадул
ГӀищкъуялъ канлъи ана,
Гьеб кечӀ рагӀараб мехалъ.

АхӀана Хучбарица,
Угьун хӀухьелги биччан,
Эркенлъиялде цояб,
Цогияб – ВатӀаналде:

«Гьадал мугIрул ругила,
ГIиял лъица хъамурал? –
Гьидерил цохIо чахъдахъ
Рехъен хъамуна дица.

Гьадал авлахъаздаса
Чуял лъица рачарал? –
Цо дир чу хъамурасул
Нусго хъамураб дица.

Дида сверухъ рихьула
Бесдал хутIарал васал.
Рихьула къварид ругел
Къоролльарал руччаби.

Руго чIегIераб ратIлилъ
ЧIварал васазул улбул, –
Дир узденаб ракьалде
Кьалде гьел ритIарав щив?

Гьидерица бекьулеб
Ракьул магъалочагIи, –
Гьезда лъица абураб
Дир хурзал мерхьейилан?
Щивниги данде чIани,
ЧIван рехеян гьебсагIат?

Дир цохIояв чIванани, –
ЧIвана дица анцIгояв.
АнцIгояв дир чIванани, –
ЧIвана дица нуогояв.

Нижер сундукIаздаса
ТIурал кIулал ритIана
Нужер кIалгIабахъ разе
Гьидерил гIадамаца.

Сверухъа гIарац бахъун,
ХутIарал чахтIал кьуна
Нужее чалмабазе
Нижер росдал руччабаз.

Дуе, Хундерил нуцал,
Дурго кьолбода цадахъ
Кьолеб буго нагIана

МугIрул халкъалъ хвагиян».

АхIана бугеб рухIалъ, –
ЧIухIараб умматалъул
Ццидаца канлъи ана,
Гьеб кечI рагIараб мехалъ.

РачIана нукарзаби.
Бек-бекана чагъана, –
Бекулеб гьелъ абуна,
«Баркала, Хучбарилан».

– Баркала дуе буго,
Дир хирияб чагъана,
Чанги бакънал рачана
Нилъ кIияцаго цадахъ..

Нуцалил вас кIалъана:
Гьанже кIиялго цадахъ
Цого цIадулъ рухIилин,
Цого рохъдоде инин.

Хучбарица абуна:
Дун даим хIадур вугин,
ХIасратаб дир чагъана
БухIаралъув вухIизе.

«Дун гьеб цIадул бакьулъе
Кьурдилаго кIанцIила, –
Кьурдизе виччай Хучбар,
Дир ракI гIанкIил гьечIони».

Виччаян цоял руго,
Виччагеян – цогиял.
Гьаб цо кечI рагIаразе
ГIун бугилан нукарал.

Гьебмехалъ йортун ячIун,
Бикаца шал бахъана:
«Щай хIинкъулев мун, эмен,
Цо вугев Хучбарикьа?

Бакьулъ, гьале, цIа буго,
Сверухъ – дур рагъухъаби;
Гьав – вакъарав, къечарав,

Черхалда ярагъ гъечIев!

Гъав виччан те кьурдизе,
Кьабе гъунаралъе хъат;
Пузе биччан те зурма,
Бухизе биччай къали!».

Нуцалас буюрана,
БетIер гъанкIизабуна, –
Бохдулги ричейилан,
Хучбарица абуна.

Бохдулги ричичIого,
Кьурди букIунарелъул, –
Кьуна гьалъие изну,
Ана кIанцIун, цIиркъ гIадин.

КIиябго михъ кьурана,
Кьварун чIун балагьана...
 Воре, гьарс, Нуцалилан,
Гьас цо свери бахъана...

«Гьудулзаби», хъат кьабе,
Щай нуж кьерун чIун ругел? –
Зурма пулаго хвегIан
Хирияб жо щиб бугеб?

Хундерил ясал, унго,
Щай данде рахъунарел? –
Дир ракьалда анкьгоял
Кьурдулаан гьоболгун».

Кьурдулев вуго Хучбар, –
Гьасул рорхарал хьатаз
Борхалъуда ккун бугин
Кколаан сверухъ тIалъи.

Кьурдулев вуго Хучбар, –
Гьасул рукъарал зараз
Гъанкъулеб бугин абун
Кколаан тIолго квешлъи.

Кьурдилев вуго Хучбар, –
Хал гьабун буго гьасухъ
Хирияб мугIрул тIалъи,

Бихьинаб хIарайилан.

Кьурдулев вуго Хучбар, –
Хал гьабе, бика йиго,
БахIаравги гъоркьго тун,
Гьавгун кьурдизе уней…

Нуцал виххун хутIана,
Халкъ гьакIкIан кIалгун чIана;
Хал гьабе, бикал кверал,
Кваркьаби гIадин руго.

Гьел кваркьаби нукараз
КIиябго рахъалъ ккуна, –
Нахъе хIалалъ ячана
ХIинкъи гьечIей бахIарай.

Хучбарица абуна:
– Баркала дуй, СагIадат,
Бищун ахираб сагIат
Гьадин гьуин гьабурай...

Бокьилаан гьаб къиса
Дие гьалда лъугIизе,
Гьидалъезул багьадур
ЦIадаве рехичIого;

Цинги пашманай бикал,
Гьав вухIун къо иналде,
Ккараб къваридаб ахир
Нужеда рагIичIого.

Амма щибха гьабилеб? –
Нилъей бокьухъе ккечIо.
Амма бокьараб мурад
Нуцалилги тIубачIо.

... Ккана гьадин: вачIана
Нуцалил чIухIарав вас,
ЧIезавуна зурмихъан, –
Бихъун рехана къали.

«Гьанже хутIараб кьурди
Хвалилаб цIадулъ гьабе!
Хучбар гьениве рехе,

Нукарзаби, нужеца!».

Хучбарица абуна,
Дунго инин цIадаве,
Амма ракI гъун букIине
Цадахъ гьалмагъги лъикIин.

Живго пири кинигин,
Гьас восун нуцалил вас
Маян цIадай рехана, –
Хадув живгоги ана:

«Хал гьабе, нилъ дандчIвана,
Дир гьве чIварав чIухIухъан» –
Гьелегьунеб буго цIа,
Сверухъ буго ахIи-хIур.

АхIделев вуго нуцал:
– Хучбар, рекъезе рачIа! –
Дир ханлъигун дир тIалъи
ТIолабго дуе телин.

ТIасалъугьа, гьев дир вас
Дуца хвасар гьавейин.
ХвезегIан киданиги
Дида гьеб кIоченарин...

Хучбарица ахIана:
– Мегеж хачаге, нуцал!
Мунго хадувги вачIун,
Гьале, ваче дурго вас!

Херлъарал ритIе цIадай,
Дурго гьав асир гьарун, –
Яс Гьидалъа йиччачIищ,
Гьедин рачIингун дица?!

Гьарделеб буго уммат,
Угьдилеб буго кьибил,
КIиго къисасалъ вуго
Къакъалев нуцалил вас:
Цояб – гьелегьараб цIа,
Цояб – Гьидалъа Хучбар.

Гьес абуна: гIодейин,

ХIалихьатал тушбаби,
Жегиги бухIун гьечIин,
РухI бугин дир черхалда.

Керен хачан чIичIиде,
Нуж хваялги чIваялги, –
Жегиги чIурхIун гьечIин
Гьидалъ кьурарал михъал...

Гьеб къо бихьарай бика,
Гьорое керенги кьун,
Кьурдасан кIанцIун ана
КIкIалал ахалъиялде.

Бащадаб къо бертада,
Бащадаб къо магIида, –
Гьелда лъугIана къиса
Къарнабаца бицунеб...

Бащадаб мех зурмида,
Бащадаб мех хвалчада, –
Харбал гьадинал руго
Нилъер Дагъистаналъул.

Нус-нус сонал хисана,
Хучбарил их нахъа тун,
Таманал ишал ккана,
Азарго цIа бакана.

ЦIадуца бухIанщинаб
Дагъистаналъул тIалъи,
Дунялалъул шагьарал,
Шагьазул гьундул, хъулби!

Шамхалазул щиб ккараб?!
Нуцалил щиб хутIара
Ханзаби-бегзабазул,
Балагьула, лъалкI гьечIо.

Лъухьана кинабгIаги,
БухIана кинабгIаги,
БухIулареб жо цIаялъ
ЦIа буго жибго гIадаб.

ЦIа буго лебалаб цIар,

Гьеб хутIула халкъалъе.
ЦIа буго рокьул гьунар,
Гьеб щола наслабазе.

Гьелъин рагIулеб бугеб
Гучаб гьаракь жакъаги,
Жеги Хучбарил михъал
ЧIурхIулел гьечIин абун.

Ахираб кечI ахIеян,
Тушбабаца абуни,
Такрар гьарулел руго
Гьел рагIаби лебалаз.

Нилъехъе рагI бегьани,
РагIи абеян абун,
Нилъецаги абила
Хучбарица кинигин:

«Сахал чагIи сах таги,
Квешал чагIи квеш таги,
Киналго хIалихьатал,
ХIиллаял, цIуял чагIи,

Чохьол унтиги бахъун,
Хваги Дагъистаналда!
Дагъистан тун добаги –
Кинабго дунялалда!»

Дица гьалда лъугIила,
Цогияб цогияз хъвай, –
Цоги заман бачIина,
Цогиги къо букIина.

*Москва*
*1973 соналъул апрелъ моцI*

**МАГIАРУЛ РОКЬИ**

**ЦеберагIи**

МагIарукъ хъизан-лъимал,
МагIишат, бекьулеб ракь,
Рокьи бугищ, гьечIищан,
Гьеб жиндида лъаларин, –

Гьедин абун рагIула.
Дагъистаналда бакъалъ,
Гьаб дуниялги сверун,
Сардал чIван гьаниб щолеб, –

Парижгун Лондоналда
Щибаб къотIнор къочулин,
Къо бакьулъ гIурда, харда
Цоцалъ хурхун рукIунин.

Дидаса нечечIото,
Дидаса бахчичIого,
ЦIункIго, цIункIго, цIункIилан
КIутIби италиязул.

Каналазул къадал чIван,
Велосипедалги тун,
Цоцада къвалалги ран,
Къирщго къирщан голландал.

Шведал, даниязул
Дица цIар бахъиларо.
ЦIорораб Суомалда
Савунаязул хIасрат.

Сордо гуро, къо гуро,
ЦохIо бер къапичIого,
Цоцазул цIар лъалелде,
ЦIаруцIун къала данде.

Рокьи рагьараб кибго
КигIан бихьараяли,
Москваялъул парказда
Скамейказда гьикъе.

Цоялъул бетIералъе
Цоясул гъеж къандалъо, –
Релъарал кIутIбуз печать

КӀаркьабазда чан чӀвалеб?

Бакъалъ дие бицана
ГьитӀинай японалъул,
Гьайбатал саниязул,
ГӀанчӀал, гогьал гейшазул.

Гьел кӀочарал ругила
Сеулалъул ясалин...
Гьаб Дагъистан гӀадинаб
Нахъе ккараб бакӀ гьечӀин:

Гъуниб, Хунзахъ,
ЦӀунтӀа, гьид,
Нужерго Париж – Болъихъ,
Тирараб щинаб тӀалъи,..
ТӀохда – гӀицӀго чӀар, курак.

ЧӀахӀиял буртинаби,
КӀиязего бакӀ гӀолел,
– Балеб цӀадакь рес буго
Васги ясги дандчӀвазе.

ТӀогьол цӀурал гӀураби,
ГӀищкъу ккарал кир ругел?
Пайда гьечӀеб къец, дагӀба,
Къвалги бан сасунареб...

Бакъ кьижараб замана
ЦӀвабзазе бертин буго, –
Дица гьезда гьикъигун,
Гьел иргадал кӀалъана:

Гьал жидер дурнавазда
ТӀолабго ракь бихьулин;
Рокьул кеп магӀарулаз
ЦӀакъ къанагӀат босулин.

… Дун гьел харбалги рагӀун,
Хиялазул цӀун вуго, –
Дир хирияб Дагъистан,
Дуда рокьи лъаларищ?

Гьаб хазина лъалареб
Лъималазул ригьищ дур?

Яги ригь ун, рокьи тун,
Макьидайищ мун бугеб?

... Дида ракIалдещвана
МугIрул гIищкъул къисаби:
Къваридалги руго гьел,
ЧIухIаралги руго гьел.

МагIарул рокьиялъе
ЦохIо МахIмуд гIелаан, –
МахIмудица бицинчIеб
Буго дица бицунеб.

Гьел цIакъ гIемерал руго,
ГIемер гьекъечIониги,
Лъала чиясда тIагIам
Чогърол цохIо бокалалъ.

Амма дий цо гIоларо,
КIиго, лъабго бицина, –
Буго магIарухъ рокьи
МагIарда цIа гIадинаб.

Гьеб – дир бакъалъе жаваб,
Гьеб – дир цIвабзазе жаваб, –
ЦIумазда кигIан парсахъ
ГIищкъу ккарал рихьарал!

Гьеб Парижалда гьечIо,
Гьеб Лондоналда ккечIо,
Копенгаген, Дания
Дица бицунеб гьечIо.

## ГЬВЕЛГИ, ЧОЛГИ,
## МАГIАРУЛ ЯСАЛЪУЛГИ КЪИСА

МагIарухъе унаго,
Кьурда бикIун гьабураб
КIиго сурат бихьана,
Гьойсу гIоралъ чурулеб.

Цоялда – магIарулай,
Кидаго гIолохъанай, –

Чанги гIасраби рана
ГIайишатил сураталъ

Цогиялда – гьойгун чу,
Чвахун унеб буго гIор,
Дица нилъалкь квер чIвана,
Киса гьал сураталин?

Дир суалалъе жаваб
АскIоб гьитIинаб росулъ
Гъасда цIа бакулаго,
Мех лъарав чияс кьуна:

«... НекIого, цIакъ некIого
ВукIун вуго цо гIащикъ,
Гьай ГIайишат абурав,
Эй ячине къачIарав.

БачIунеб хамиз къоялъ
КIутIбузда гьоцIо хъвалин,
Гьалбал ахIун чапараз
Чабхил нухал тун руго.

Итниялда рогьалилъ
ХъахIлъи рехараб мехалъ,
Хъарпуз къотIараб гIадаб
Рогьел бачIараб мехалъ;

Цин гьаниб, цинги доба
Дагъистаналъул тIогьахъ
Гвангъана цIадул мацIал,
ЦIоралдецин рихьулел.

Гьелъул магIна букIана:
МагIарул тIалъиялде
Тушман вачIунев вугин,
КъачIай нуж, бахIарзалин;

Ярагъ чархида кквейин,
Чуязда кьалал лъейин,
Кьурарал нилъер михъал
КIутIби хинлъизе гурин.

Рачел борчанщиналги,
ТIагъур лъурал щиналги,

Ярагъ борчун, чу кьолон,
Кьалде нуха рахъана.

Кьерилай яс хутӀана, –
Хамиз сордо бачӀинчӀо;
БачӀарабгин къачӀараб
ГьоцӀо кӀутӀбузда хъвачӀо.

Зурма гӀенеккун чӀана,
Къали буцӀцӀухӀун чӀана;
КъотӀун букӀараб тӀанса
ТӀамичӀо азбаралда.

КочӀохъабиги рагъда,
Кьурдухъабиги рагъда…
Ругънал рецӀцӀулел руго
ЧӀохъдерил байданалда.

БахӀарас, жив аравго,
Нагагь хӀинкъи бачӀани,
Жиндирго гьвеги, чуги,
Чухъаги тана гьалъухъ.

Тушбаби рачӀанани,
Дое кьурде яхайин,
Кьурарал гьел дур гъалал
Дида рихьизе ругин.

Жеги хӀинкъи букӀинчӀо,
Жеги тушбаби гьечӀо,
Паракъатаб гьеб росулъ –
Паракъалъи гьечӀей гьай.

Вокьулесухъ чӀалгӀун гьай,
Гьале, кьурде яхана, –
Кьерилав, цӀум кинигин,
ЦӀадул рагъ тун вачӀана.

ЦӀумал парпалел руго,
Гьав цӀакъ гӀедегӀун вуго;
«ГӀагарай, дир берцинай,
Бице щиб жо лъугьараб?».

ЦӀакъго духъ ракӀги чӀалгӀун,
Кьурде яхъун йикӀанин, –

Кьал лъугIулеб гьечIищан,
Гьай пуланалъ цIехана.

«Йокьулей, дора холел
Дир гьудулзаби руго.
Персазул шагьил боял
Щущан магIарухъ руго.

ГIандалазул ракьалда
Гьез чадирал чIван руго.
Чвахулеб биялъ белъун
ЧIохъдерил байдан буго.

ТIокIай кьурде яхъунге,
Кьурарал гъалал берцин.
ГъарачагIи аралго
БукIина нилъер бертин»...

Ана МухIамад нахъе,
Хъатикь паркъолеб хвалчен. –
«Хирияв, дир хирияв,
Нух битIун тIад вуссаги».

Хамизал ана, ана, –
ВачIунаро МухIамад.
БухIулеб буго керен,
Кереналда тIад гурде.

Гурдида тIаби руго
ТIолалго роржун унел...
Хьабалзул гIучIал руго
РичI-ричIулел цоцалъа...

Гьале цо рогьалида
Гьве рагъида хIапдана,
ХIайранаб гIаларчадул
Буго биххараб хIихIи.

Рухулел руго нуцIби,
Рухулел руго гордал, –
БахIарав кьалда чIванин,
Кьижунищ мун йигеян...

ХантIан тIаде яхъана,
Гордухъан ялагьана.

Руго азбар-къоно цIун
Ираназул рагъухъай.

БахIарасул чухъагун,
Чарамалъул хвалченгун
Хехаб чоде кIанцIана,
Ругьунаб гьве ахIана.

Гьай кьуруде яхана, –
Кьериласда йихьичIо.
Хадуб, йихьараб мехалъ,
ЙихьичIеб ххвел гьабуна.

Хун вукIинчIо жеги гьав,
Лъукъ-лъукъарав рагъухъан, –
Рагъ къотIигун вачIинин
Духъе, дир къутIпу, дунин...

Ираналъул боязул
Амру, буюр букIана,
БахIарай, асир гьаюн,
Росу бахун ячине.

Катилабги гьабуна,
БацIилабги гьабуна, –
Гьеб магIарул бацIцIалъи
БоцIи гуреблъи лъана.

ГIайишатида хадур
Харулел тушбабазул
Чанги хвахал тIутIуна
ТIаде кIанцIараб гьвеялъ.

Гьалдехун гIагарлъулел
ГIангразул гьумеразда
Чан нухалда: «Ма, босе» –
Малал рана чодуца.

Хвалчадуйги букIинчIо
ЦохIо хIалхьараб лахIзат, –
ХIур, гамачI, чабах бана
Чидар бодул бутIрузде.

Чанги тушман гIуруца
ГIодоще восун ана;

ГІeретІги ботІрода ххун,
Цояв эхей рехана.

Амма чабхъадулазул
Чилъи букІинчІониги,
ЧагІи, ярагъ, ццин, къадар
КъоцІул цІикІкІун букІана.

Гъал ццидалъ хвалчабигун
ГІага-гІагарде къана, –
ГІайишат цІунараб гьой
РечІчІараб чІоралъ чІвана.

ХІихІидилеб буго чу
ХІинкъадго: «Ле, чагІи!» – ян.
Чияр ракьал рахъулел,
Йохъ, гьелда барахщичІо.

Тушбабазул горсвери
Гьале цолъулеб буго,
Цабиги къан кьерилай
Кьурдасан йоржун ана.

Йоржана гьай, кІанцІана
КІкІалахъ бугеб гІурулъе, –
ГІайишатил каранда
Карачелал хъудана.

БахІарав дагь кватІана, –
Рагъал, ругънал, согІаб нух,.
Сверарал куц къваридго
Гьав къачІарал хамизал.

Амма тушбабазулги
Таргьинирги лъун бутІрул
РитІана магІарулаз
Шагьасе хазинаде.

Гьеле хабар, гьеле кечІ,
Гьеле ккараб, букІараб,
НекІсиял кьурабаца
Наслабазе бицунеб.

БицинчІого хутІана
БахІарав МухІамадил, –

КIиго ругъун букIана
Гъосул каранзул рекIелъ.

ТIоцебесеб букIана
Боркьараб рагъда щвараб.
Гьеб регъана дагь-дагькккун –
Дагъазул вас сахлъана.

КIиабилеб букIана
Гъобе рукьбалъе араб,
Рокьиялъ тараб ругъун –
РегъечIо киданиги.

*1984*

## ВАЙ БАГIАРАБ РОКЬИ, ЧIЕГIЕРАБ РОКЬИ

I

Гъоркьан балагьанани
Кьурул сийилан кколеб,
Кьурсан балагьанани
Бекараб гьоко гIадаб,

Гьанже бихха-чIван араб,
ЛъаргIие нух босараб,
Цо росу букIун буго
Мусал Кулиян абун.

ЦIадал чвахулеб мехалъ,
Иххал хъудулеб мехалъ,
Мехтарав рекIарасда
Релълъун бихьулаан гьеб.

Гьеб росдада цебехун
Цогияб цIар букIана,
ЦIияб рекIинабуна
Гьелда гIищкъул къисабаз.

Гьел къисаби рукIана
Гьав Мусада хурхарал,
Нусгоялда гьоркьосан
Дица цояб бицинин.

* * *

Муса Хучбар вукIинчIо,
Амма вукIана хвалчен;
Муса Башир вукIинчIо,
Амма вукIана гIащикъ.

Муса МахIмуд вукIинчIо,
Амма ахIулаан кечI,
Гьев ХIажи-Мурад гуро,
Амма хIинкъулароан.

ГIолохъанав михъилав,
Нахъа буртинаги бан,
Нахъехунгин цебехун
Кьурие рагIадги рехун,

Цебе дегIенги гьабун,
Хадур гIиялги гьарун,
Гьас бищулеб букIана
Бищун гIидра лъикIаб бакI.

Амма гьелдасаги цIакъ
Гьасий лазат щолаан,
ЩвантIих кIутIбуздаги цун,
Гьебгун кIалъалеб мехалъ.

Чу бетIер борхун чIола,
БуртIал, кьагIи кьурдула,
ДагIница, мегеж хьвагIун,
«Машааллагь» абула.

Гьелъул бакънал рагIигун,
Мадугьалихъ росулъа
Цо яс тIохде яхуна
Михир бачине абун.

Мохроде тIаде яхун,
ТIаса бахъун шал хьвагIун,
Щибаб радал Мусаде
Салам гьалъ битIулаан.

Гьебмехалда Мусаца,
ЩвантIих чакмаялъуб лъун,

Чагъана бачунаан
ТIолго росу борчIизе:

Вай, гъалал чIегIерилан,
Вай, берал чIегIерилан,
Вай беразда кьурдулел
Дир кьунсрул чIегIерилан…

II

Мусал Колода цебе,
ГIатIидаб авлахъалда,
ГIор бахун доб рахъалда,
КIиго гохIида гьоркьоб,

Рекьизе ракьал ругеб,
Рокьизе ясал ругеб,
Руссине рохьал ругеб,
Сверизе базар бугеб;

Лъабго годекIан бугеб,
КIиго михIмара бугеб,
Бохалда тIад бох лъураб,
ТIагъур хъибихъун лъураб,
ТIатIи горбода бугеб
БукIана «тород» –росу.

Темирхац-Шура гуро,
«Город» тIокIцIар букIана.
Жалго цогияздаса
ТIокI гьаризе абулеб.

Гьеб росулъ вукIана хан
Халимбегин абурав,
Инсул тухум гIатIидав,
ГIагарлъи зодоб цурав.

Гъумекдерил ханасул
Хиялалъи гъорлъ бугев,
Хундерил нуцалихъан
Ццин, гIасилъи босарав.

Даргиязул уцуми –
Эсдасаги сихIирав;
Таркиязул Шамхалил

Щват жиндилъ бугин чIарав.

Амма цо жо букIана
Гьасул лъикIаб, хирияб,
Хасго Муса вохулеб –
Написат абулей яс.

Гъелъул гохIида бугеб
Гургинаб минаялъул
Гордухъеги балагьун,
Мусаца ахIулаан:

Вай, берал чIегIерила,
Вай, гъалал чIегIерила,
ЧIегIераб тIанкI цониги
ГьечIеб хъахIаб гьумеран…

«Вай, берцинай цIакъай яс,
Дуда цIар щибан бице,
ЦIумазда лъалеб гьечIо,
Гьурал гьугьуян уна...»

III

... «Дир цIар Написат буго,
Дун бегасул яс йиго,
Исана хасалихъе
Росасе кьолей йиго.

Дун йоссе къайи-къоно
Гьаказда бачIун буго,
Пурман кьейилан дихъе
ЧагIи рачIунел руго.

Ва амма цIакъ гьитIинго
РагIарал дур бакъназа
Бакъги къоги кинабго
Дида кIоченабуна.

Мун кьуруде вахингун,
Дур кьурдиялъ, свериялъ
Сардилъ макьилъ цIидасан
Дур рагIад рагьдухъ чIола.

Дур чагъана бекаяв,

Чара хвана гьанже дир;
Чахъаби гIоралъ аяв,
ГIадаллъана гьанже дун...»

... Къисаялъе кIваричIо
Гьаб хабар кин, киб ккараб;
Хуриб, иццухъ, рохьобищ? –
БихьичIо гьеб бакъалда.

Хабар ккана цIакъ кватIун,
Иш рагIалде ккарабго;
Ишанал бераз, кверaз,
Жеги курмуз гьаригун.

Цин бурутI билун бугин,
Цин чахъу тIагIун бугин,
Цинги чу батуларин,
БихьичIищ, лъаларищан.

Цин базаралдейила,
Боссе жо букIанила,
Пандрил чIваби тIун ругин,
ТIаде цIиял щвезегIан.

Цин гьобол унтун вугин,
Гьесде ваккизейила,
Росдал цо тIадкъай бугин,
ТIубазабизе кколин.

Цин налъуда хадувин,
БецIичIого хутIараб, –
«БацIица» гьаб «кьагIрие»
Ургъараб щинаб гIилла.

Нусго къваригIел батун,
Къойил гIадинан Муса
Написатил росулъе
Щолаан махI сунтIизе.

Гьеб лъалелги рукIана,
Лъаларелги рукIана,
Лъала.реб ххвел гьабулел
Жеги цIикIкIун рукIана.

Хур лъилъулей йикIарай

Цо ццидалай къоролалъ
КъватI-къватIазда бицана
Дирго берда бихьанин.

Цоцадаги кIалъанин
КIиго-лъабго сагIаталъ,
КIочон тун гьелъул гIеретI
Дица босанин рокъой.

Цинги тIаде жубана
Мусал цо буртинайин,
Написатил цо расцин
Гьелъ бахчараб бихьичIин.

Цо кIал квешав бихьинас
Колодеги балагьун,
Дир инсул кочIолъ ругел
РагIабиги абуна:

«МагIарул гIаларчаялъ
ГIадалаб щекI тIуркIани, –
ГIатIидаб авлахъалъул
Илхъи тIалаб гьабула…»

Гьединал харбал уна
Харида цIа кинигин, –
Халимбег гIедегIичIо
ГIантаб хIукму гьабизе.

Написатихъ цо-цо гьав
Гъоркьан балагьулаан. –
Гъолъул хъаба бекана
ГIака бечIчIулеб мехалъ

Мусаги чагъаналде
БетIерги дализабун,
Чахъабазе жиндирго
Бакъан бачунев вуго:

«Вай, гьумерхъахI, керенхъахI;
Кинабниги лагахъахI!..
Дур ругел щинал кьерал,
Кьурабазда чIараб нур.

Вай, дир багIараб рокьи,

Вай, дир чIегIераб рокьи,
Вай, чIоло хъахIаб рокьи,
ХъахIилаб, хъахIаб рокьи»...

IV

Гьединан байбихьана,
Гьоркьоб гIемераб ккана;
Гьоркьоб букIараб дица
Гьоркьоб тела кинабго.

Гьоркьоб ккараб букIана
Кинабго Востокалъул:
Довги, гьавги, гьадайги, –
Гьеб гIадатияб тарих.

ГIассияв хан, гьесул яс,
Мискинав вас вокьарай,
Вокьуларев бечедав
Чиясе абун йигей.

Гьелъул инкар, инсул ццин,
Цинги магIу, дагIба, кьал,
Доб рахъальгин гьаб рахъалъ
Гьалдолел ругел цIаял.

Чанги цIадал хьвагIана,
Чанги питна букIана,
Гьеб лъугIизе Халимбек
Хвалчада квалквадана.

Гьединаб гIемеразул
ГIеме-гIемераб ккана...
КиналгIаги тIахьазда –
ТIагьиргин Зугьрал къисмат...

Гьедин Халимбегихъе
Хвелгун рогьо бачIана,
Хал гьабе нижехъилан,
Кинаб тIаса бищилеб.

Гьасул кавудал кIалтIа
КIиго балагь рещтIана,
КIудияздa гьикъеян
Кинаб къабул гьабилеб.

КIудияз цIадирабаз
ЦIала сардилъ ургъелал,
ЦIайи цин добе уна,
Цин гьанибе бачIуна.

КIудияз гIаршинаца
Борцунеб буго балагь,
Бигьаяб цонигияб
Гьезда батулеб гьечIо.

Цояб гIакълу кIалъала
Доле кIкIал, доле гIорин, –
Бакъ кьижизе ун бугин,
ЦIваби рикIкIада ругин.

Цоги гIакълу кIалъала,
ГIадалаб гьабугеян, –
БацIица кIал чIвараб жо
БацIие тезе кколин.

Цояв «цIайилан» вуго.
– ЦIа дозулги батила.
Цояв: «ханжар, хвалченан».
– Хвалчен Мусалги буго.

Мусада мугъги буго,
Балъго кьвагь-кьвагь гьабуни.
– Кьолбое рогьо буго,
Нилъ бихьинал чучани…

Буго бухь-бухьараб квар,
Кверацa бичулареб,
КIалалъ бичулеб мехалъ
Би гIодобе чвахху́леб.

... Огь, хваяй мун Написат,
Сордо рогьунеб буго;
Рогьалида нахъойги:
«ХъахIаб, хъахIилаб рокьи».

Чанги хIинкъаби кьуна,
Муса вухIун теларин,
Росуги бухIилилан
Намус, гIадат гьечIезул.

Написат: гьебмехалда
Цадахъ жийги юхIеян.
Муса: багIараб рокьи,
ЧIегIераб рокьийила...

Дун ХIажимурад гурин,
Амма хIинкъуларила.
Дун Хучбарги гурила,
Амма хвалчен дир бугин.

Халимбегил цохIо яс,
Гьабилеб жо лъаларо…
Гьебмехалъ Кавказалъул
Зобги ракьги гъугъана.

Инкъилабалъул рагъул
Пирхараб пиригун цIа,
Гьале мугIрузде щвана, –
Щив лъил рахъалда вугев?

Шиша гIадин букIана
Доб мехалда Дагъистан,
Цояв гъачагъас гьекъон
Цогиясухъе кьолеб.

НухIбегал, асилдерал,
УзунхIажи, Нажмудин,
Цинги туркал, Деникин, –
Дуда щиб лъачIеб, росу?!

Лъелалги рекIаралги
КигIан гIемер рукIарал, –
Какал гIемерал рана
Мажгитазда доб мехалъ.

Пал гIемераб тIамуна
ТIохабазда доб мехалъ,
ТIорщел гIемер бухIана
Тушбабаца доб мехалъ.

МагIу гIемераб тIуна,
Биял гIемерал тIуна...
ТIохде радалго яхун,
Написат: «Муса!», «Муса!»…

V

Муса, къо щвелалдего,
Цадахъ къокъаги бачун,
МахІачихъе инилан
Хвалчен борчунев вуго.

Яги Хундерил хъала,
Гъова Атаев Муслим;
Гъосул партизанахъе
Нух бахъилилан вуго.

Гъав гъорове ваккула,
Чодуе хер балилан, –
Беразулъ цІа пирхула,
Гъумер букІкІ-букІкІун уна:

Балагьула, бахьула,
Бихьула, хІикмалъула, –
Цо хІилла бихьуларищ
ХІалихьат Халимбегил.

Буго гьор хІулидал цІун,
ХІелказул, гІанкІуязул;
Руго къотІарал бутІрул
Къого-лъебергоялъул.

Гьезда гъорлъ цо чахъдал къехь
Жегиги хинго буго, –
Гьелъул бетІералдаги
ХІатІаздаги бугеб би!

... ХІилла Халимбегида
Щиб цараца малълъараб? –
Сон-церекъадги гьасул
Гьалбал рукІана гІемер:

Гьегьал чІухІби, бегзаби...
Гьел гурищ жир-жидарал, –
Жидер квеналъул хутІел
Кинабго гьаниб байин.

Партизаназде гъорлъе
Муса виччангутІизе, –

Написат, цIогьорасухъ
Балагьеян абизе;

Гьев халкъалда суризе,
Базар къотIнов вачине,
Цо мекъаб гIорцIеналда
ГIакса рекIинавизе,

ГIарщица гьавги вухьун
Росу свеconsolidation
Балагье Мусахъилан,
Балагье Мусахъилан;

Гьасие суд гьабизе,
Нусабго тIил кьабизе,
Цинги тIадвуссунареб
Туснахъалде витIизе.

Мусада гьеб кинабго
Гьаб ботIрол тIогьиса ун,
Агъазул хIоболъе ун,
ХIакълъун лъана, бичIчIана.

ХIилла ургъун бугилан,
Гудур гъолеб бугилан,
Гъоркьан Написатихъан
Баянаб ругьел щвана...

Цинги нолъ Халимбегил
ГIанкIуял рикъун ругин,
Рикъарав чи ватарав
ГIадада тезе гьечIин.

ГIиялъа щуябго куй
Квер тIад чIвачIого кьелин,
ТIохазде вахун гIелас
ГIакIа лъабцIул ахIана.

Мусаца кьурде вахун,
Кьварараб жаваб кьола:
Жинда лъалила цIогьор,
Жинда лъалила цIогьор...

VI

ГIанкIуязул, хIелказул
ХIули, бутIрузул цIураб
Лъабго таргьа къачIала,
Вай чIегIераб рокьиян.

Цинги корониб бежун
Чахъуялъул хIетI-бетIер
ХIараялда тIад чIвала,
Вай багIараб рокьиян.

Муса гIодой вилълъана,
ГIурцIмада къайиги лъун;
ГIор бахун кIкIуй бурулеб
Минадул кIалтIе щвана.

Цодагьабго бакъ щвана,
Щенолеб цIад букIана,
Гьелъул цодагьал лъалкIал
Чухъидаги рукIана.

VII

– Асаламу гIалайкум,
Халимбегги гьалбалги, –
Гьобол вокьиларевищ,
Нужер цIогьор ватарав?

Гьас лъабго таргьа къотIун
ХIули къватIиб чIехьана, –
Диралдаса къандалъай
Нужер чIахIиял ругин.

Дица нужей кинабго
Нахъ буссине гьабилин, –
Гьале, рикIкIе нужеца
ГIанкIуязул бутIрулин.

Гьале чахъдал бетIерги,
Гьелъул ункъо хIетIеги, –
Унго рещтIунеб мехалъ
Режизе щай кIочарал?

Дир гьорое гьалги ран,
Гьоболлъухъги щвечIого,
Муридал тIурарал щай? –

Щибунги хадув гъечIо.

Шамилил заманаялъ
Гъадин букIинароан, –
Гъанже гIадат хисунищ
ГIалимзабазул бугеб?..

Дица гIорцIен бачана
ЦIогьор рекIинавизе,
Гьел лъабгоял рукIана, –
Лъидасан байбихьилеб?

Базар хал гьабун буго,
Халкъги балагьун буго,
Халимбег, бищун цебе
Мунго рекIун лъикI гурищ?..

... Халимбег ццидахуна,
Цаби къерщезарула:
Викъарухъан, швантIихчи,
Щивалиго пупучи...

Дица гьабилин диван
Гьеб цо дур бетIералъе;
БетIерни дур гьечIеб жо,
Гьеб лага-гIучIалъеян.

– Халимбег, гIедегIуге
Дида гIазаб гьикъизе,
Кинниги гIагарлъизе
Хадур ругел чагIи нилъ.

Дун викъардухъан гуро,
Бикъанани цохIо жо
Дур рокъоса бикъила –
Дир бакъ, дир цIва, Написат.

Диваналдеги цадахъ
Нилъ кIиялго рилълъина.
ЦIогьор щиван шаргIалда
Щибаб къедалъ бицина.

Дурго хьаг босе добе:
Кун рахъинчIел гIанкIуял,
Доле къотIун, магIида

Бащдаб хутIун къулагIи.

Гьедин гурин абуни
Дурго ясалда гьикъе...
Написат цее ячIун,
КIалъана инсудехун:

– Эмен, чахъу хъурав чи
ГIумар гурищ вукIарав?
ГIалихъе кьечIищ дуца
Гьелъул хIатIалгун бетIер?

ГIанкIуял хIулизеги
ГIаща ахIун йикIинчIищ?
БакIарун гьелъул хIули
ХIажиясухъе кьечIищ?

Мусае суд гьабуни,
Сурила нилъ киналго.
– Баркала дуй, Написат,
Партизаназул рахъалъ.

Гьел гьанир аскIор руго,
Муслимил хъарчигъаби, –
Дида хъвани, Халимбег,
Хвел буго дуй хIадурун.

Дун ХIажимурад гуро,
Амма хIинкъи лъаларо.
Гьидалъа Хучбар гуро,
Амма дир хвалчен буго.

Хвалчен гуреб, чу буго,
Чагъана, тIамур буго,
ЦIогьор ккурал кверал дир, –
Дур куял хIажат гьечIо.

Кинас гIурцIмада росу
Сверилеб хадуб лъала...
ЛъикIго вукIайин абун,
Нахъе унев вукIана..

Гьебмехалда нахъасан
ИчIго мурид речIчIана:
Ункъояца гьав ккуна,

Щугояца вухьана.

– Щиб гьабулел, гьав гьобол...
Бегьилищан Написат.
– Бигьаяб жо гьабилан,
Гьимулев вуго Муса.

Гьасул хвалченгун чухъа
Бахъун нахъе рехана, –
Гьебги бигьаяб жойин,
Жаваб кьуна Мусаца.

– Щибха цинги захIматаб? –
КватIичIого мун хвела.
– Хвелги бигьаяб буго
Написатие гIоло;

ГIагарал гьал мискинал.
МагIарулазе гIоло...
Хвелги бигьаяб буго
Нужер рогьоялдаса.

VIII

Доб мехалъ нахъа рокъов
Нажмудин вукIун вуго,
Гьасул харбихъ гIенеккун,
ХIукму гьабизе къачIан.

Гьасие суд гьабичIо, –
Судалда сурилилаи;
Гьав тIилица вухичIо, –
Халкъалъул ццим бахъинин.

Цинги гIурцIмада вухьун,
Базар сверизабичIо;
БукIана заман хисун, –
Сверулеб буго гьоко.

ХIукму диванчагIаца
Цо батIияб щурана, –
Гьав витIизе рикIкIаде,
НакIкI тIупараб Акрае.

Бакъуда нух къосараб,

Къаси сордо халатаб;
ТӀубараб лъагӀел-хасел,
Лъабго къо хинаб гьечӀеб.

ЦӀорораб, рикӀкӀадисеб
КъасабчагӀазул туснакъ…
Дова турун хвела гьав,
Я квачан яги вакъун.

Гьебмехалда Написат,
Рес щиб гьелъул батӀияб, –
ГьитӀинго жий абурав
Офицерасе ина.

Гьедин бацӀги гӀорцӀила,
Гьедин гӀиги цӀунила, –
Нилъей хӀамаги щвела,
Нилъей хӀурматги щвела.

IX

Мусал рухьарал кверал, –
Кварил кӀиябго рагӀал
Ккун буго муридчагӀаз,
Чуги ярагъги бугел.

Гьезда хадуй ялагьун,
Ячеян жийги цадахъ,
Цололъ, къотӀной, нухда чӀун,
ЧӀвачӀвадулей Написат...

Дир мискинай, камилай,
Киехун мун ячиней? –
Квачараб Авар Сибирь,
Ана дур Муса вачун.

Доба – къваридаб туснахъ,
КъватӀив чи ворчӀулареб;
Къоно борхун, хъаравул
Мех-мехалъ балагьулев.

Доба – цӀорораб чӀабар,
Дагьаб чӀар бусадуе,
Я гамачӀ ялъуни къед
Къандалъодул бакӀалда.

Доба – къоялъги сордо,
Цо хинкI сордо-къоялъе,
КъватIисан гурхIараца
БачIунеб чIер яги тIех…

ТIубана досул хIалтIи, –
БачIун буго хаслихълъи;
Хеккого мун абурав
Офицер тIаде щвела.

ТIаде цо анкь арабго,
Кьурдила мун бахIарай,
Дурго хъахIаб гьурмаде
Гьин-катан тIаде биччан.

МагIарде гIазу бана.
ГIолохъанав офицер
ВачIана фургоналда:
– Гьалеха дун, бахIарай...

– Мун дир бахIарав гуро,
Мун дие бахIри вуго.
– БахIрийищ вугевали,
Гьвейищ дун вугевали,
Гьеб дуда лъазе буго
Цо лъабго къойидасан.

– Лъабго къоялдасан щиб?
– КъачIан гьечIищха бертин?
Мун хIамил гIинзунийищ,
Дир гIагарай, йикIарай?

– Дун дур гIагарай гуро,
Дие мун гIадан гуро.
Мунги гIилла вукIана
Дир Мусал туснахъалъе.

– Муса вукIине гьечIо, –
РикIкIарал къоял руго.
Къоно тIаде рахарав
ТIадвуссине рес гьечIо.

– Вуссина.
– Кин вуссинев?

– Дица хвасар гъавила.
– Гъелъие кверщел киса?

– Гъаб каранда бугеб цIа:
Досдехун рокьул цIураб,
Дудехун ццидал цIураб, –
ЦIукIаяв чи ватила
Пагонал раниги мун,
Гьадин мун вокьуларей
Ясалда хадув чIарав.

– Вокьуларев ватани,
Вокьулесе айилан.
Офицер нахъе ана...
... Огь, хъудараб куц росу!
Хъатид кIал чIвараб гIадин,
ЧIун хутIана Халимбег...

Дица гьеб бицинаро,
Бицун гьеб бахъинаро;
Нахъа чанги иш ккана,
Ахир бицина дица.

Гьаб аваразул хIасрат,
Дагъистаналъул гIищкъу:
БагIарабгин чIегIераб,
ЧIолохъахIаб, хъахIилаб...

«Муса, дагьабги сабру,
Цоги къварилъи къулчIе;
Къай дуца цаби данде,
Цодагьалъги яхI гьабе.

Мун – Хучбар, ХIажимурад,
ХIинкъи дуда лъаларо.
Мун, Колодаса Муса,
Дица хвасар гьавила.

Гьале дир хулжал къачIан,
ЧIагIдал парччи, куйдул бох..
Бежизеги бежана,
Белъинеги белъана.

Гьезда тIад панкъал руго
Дица рекъезарулел.

Цоги дида кIоченчIо
Дур чагъана босизе.

Дур хвалченги босила,
Хехго кьижила росу...
ЯчIина дун, рокьуда
Бокьараб нух батила»...

Кьижарав эменги тун,
Абурав васги хъамун,
ГIадат тун, гIагарлъи тун,
Тухум-кьибил кьалда тун;

Кьерилал мацIида тун,
ЧIахIиял харбазда тун,
Хирияб росугин рукъ
КъачIадараб бертин тун;

Къаси хаслихълъиялъул
Сордо унеб мехалда,
«Авар декабристка»
Написат Акраи ана...

БакIал хулжал, квешаб нух,
Цин эхеде, цин эхей, –
Ана хIинкъи лъалареб
ХIасрат цебеса цебе.

Ана нахъа сордо тун,
Ана нахъа къоги тун,
Ана нуха гIетIги тIун,
ГIодой чIечIо, йилълъана.

Йилълъана, гьай щолелъуй
Щвана свакалъ кIвекIулей.
КIалтIа – цIерги, гьуриги,
Цо лъабго хъаравулги:

Хъатинир гьугьудулел,
Гьанир-дора кIанцIолел,
Гьурмада берал гурел,
БахчичIеб бакI хутIичIел.

– Ассаламу гIалайкум,
МагIарулазул васал;

Дун бегасул яс йиго,
Мусахъе ячIун йиго.

– Муса дуе щив кколев?
– Гъов дир вокьулев вуго.
– Вокьулесукъе инее
Изну киса босараб?!

– Гъов дир рос вуго, Муса.
– ШаргIалъ къабул гьабунищ?
– КъотIи- нижерго буго.
– Гьедин букIунебищ, гьа?!

Кида ригьин букIараб?
– Жакъа букIине буго.
– Киб?
– Гьале туснахърокъоб.
–ГIакълуялда йигищ, гьа!

– Нужер гьеб гьа-гьаго щиб,
Гьекъе цодагьаб чIагIа?
Гьал цоцахъ балагьана:
– Рагье цо хIалбихьизе.

Рагьана иргаялда,
КIал чIвана лъабацаго,
Лъабго минут гурони
Баге добайин абун.

Хвалчен гьанибго тейин,
Чагъана босейилан;
Дов мискин гьелде регIун
ГьабсагIат ватиларин.

Гьаб бащдаб парччи чIагIа
Досиеги босеян,
МагIарулазул васаз
Написатий нух кьуна.

Гьаз жидерго бокIналъан,
КIул ххолеб картIинисан
Хал гьабуна иргадал.
Щиб гьоз гьабулеяли.

Пуланазда цебего

ЧIужугIадан йихьичIо...
ЧIваркьулелгун къанщулел
Цо, унго, гьазул берал!

XI

– Щий мун йигей?
– Дун йиго.
– Дунялалъул рукъ бухIад..
– Дурго росу бухIаги,
Муса, дун кIочон тарав.

– КIочонейищ, Написат! –
ТIокIаб баккугеги бакъ,
ТIоцебе гьеб бакканин
Жакъа мун ячIарайго.

Дагьай аскIойгIан ячIа –
Цо лъабцIул кIаркьен чIвалин.
– ЯчIинахъе йокьулей
Кьабизе багьулейищ?

– Бихье цояб кIаркьенги,
Бихье кьуризе цо гIин.
ГIабдал, гIабдал, мун гIабдал
ГIодун йигеб къагIида...

– Кинаб гIадлу дур, Муса,
Данделъун рахъиналде,
Цодагьалъ лъалхъичIого,
Лъадиялъе гьабулеб?

Написатица гьасда
Довехун вуссайилан,
Дур бихъараб гурдеги
Бахъейилан абуна.

Вай, багIараб рокьийин,
Чар-чараб рокьийилан,
Чурараб цIияб гурде
Гьасул ботIрода ххуна.

Хадуб цоги ретIелги
РетIана гьав Мусаца. –
Пайда щиб, мегеж дагьаб
Бахун букIинчIеб ани...

Цинги хулжал рагъана,
Мусал чIахIиял квераз
Кодой босун куйдул бох,
Огь кванана, кванана.

Кванана цояб рахъалъ,
Кванана цоги рахъалъ;
Огь, хъумур, хъумур, хъумур;
Хъарсун тараб куц ракьа!

Цинги парччи кIалдиб чIван,
ЧIагIдал гIупал рехана,
ГIайиб гьабугейила,
ЦIакъ къечон вукIанила,

Жакъа дир туснахъ бугин
ТалихIаб алжанилан,
ТIокIаб кIудияб бертин
КIваричIин, хIажат гьечIин.

Хадуб, бигьа гьабун, гьас
Гурдил къвалал гурана,
Къана Написат данде, –
Къерщолел руго лугбал.

РетIел чIарде бортана, –
ЧIварал маккал кинигин,
ЧIунтаяб минаялъул
Къеда хурхун рагIадал.

КIул ххолеб бакIалдасан
Балагьарал лъабгоял,
Лъай босун, сородана,
Сири бачIараб гIадин.

Цоги балагьаралго,
Гьезул хъатикь рукIарал
БакIал кIулал рортарал
Ратизецин ратичIо.

Нахъеги балагьигун,
Гьазул гьаркьал рорчIигун,
Гьал мехтарал гIадинан,
ГIодор ккана лъабалго.

ЛъавутIе рачIаралго,
Цоги балагьаралго,
Цо гIадан вихьуларо,
ЧIобого буго туснахъ.

Нуха регIарав васас
Мусахъе хвалчен кьуна.
Хулжал тIадагьго руго, –
ТIурана гьал бахIарал.

Хъаравулазе тана
КIиго-лъабго панкъ-гурга.
Гьал рукIана балагьун,
Щибдай букIинайилан.

Цинги бахъараб ахIи
Написатида хадуб;
Хал гьабуна, гьечIо чи,
ЧIобогояб цо парччи.

МацI барал хъаравулал,
КIветIалда кIветI цуларел…
Огь, кIодолъи гьаб рокьул,
МугIрул ракьалда бугеб!

Хадубги гIемераб иш,
ЛъикIабгин квешаб ккана,
Мусаги Написатги –
Рос-лъади –партизанал.

Лъабго соналъ рилълъана
Рагъул сухъмахъаздасан,..
Салам дуде, Халимбег,
ГIурцIмада щив рекIарав?

Рагъ лъугIана. Инкъилаб.
Амма рокьулгин ццидал
Цоцада гьоркьоб бугеб
Кьалалъе лъугIи гьечIо.

Гьале магIарул рокьи,
Бакъалда гьаб бихьичIо;
Бакъ кьижараб мехалда
ЦIваби гьалде регIичIо.

Гьаб къватIахъ къочардичIо,
Туснахърокъоб букIана.
Гьаб – кьурабалъ, парсазда
Намусаб, бахIарчияб.

Гьаб багIараб, чIегIераб
ЧIолохъахIаб, хъахIилаб...
Хъвалеб буго чагъана
Гьав Мусал Дагъистаналъ.

Гьаб Лондоналда гьечIо,
Гьаб Парижалда ккечIо,
Копенгаген, Дания...
Дица бицунеб гьечIо.

Гьанже санал сверана:
Цо-цо парижанкаби
Гьоркьо-гьоркьор росабалъ
Рижун рачIунел руго.

БорчIараб гьве букIуна
Кибдай рачIчIилебилан,
Гьединаб куцалъул гьел
Дида цо-цо рихьула.

МагIарул гIищкъуялъул
ГIасрабазул дандрижи,
Унго, дуда кIоларищ
Гьал ясазда кIалъазе.

Намус тараб хIасратги,
ХIасрат гьечIеб цолъиги
Цодагьаб хIалихьалъи
Жубараб хIилла бугин.

Гьал къватIазда бихьизе
МугIрул рокьи кколарин,
Амма бокьоб бахчизе
Бикъараб чуги гурин.

Гуро, жеги херлъичIо
Мусаги Написатги, –
ХIасрат, лебаллъиялда
ХъахIаб рас баккуларо.

*1984*

## БАЗАЛАЙ

I

ТIубараб рокьо гIеблъи,
ГIарщун балал халалъи,
Гьаб хонжроца лъалиниб
Цо лъалеб заман бачIо.

Цо рагъухъан хванани,
Хех гьаб – цогияб кверзукь,
Харил квацIабаз чанцIул
Би бацIцIараб гьалдаса.

Цо кьабаралъ чугун чи
КъотIулеб гьаб чармида
Гьалдолел росабаца
Устарасул цIар лъуна.

Устар – лъикIав рагъухъан,
Кивго лъалев Базалай,
Базарахъ, годекIабахъ
Щибаб росулъ рехсолев.

Цояб квер – михъазда тIад,
Цогияб – хонжрода тIад...
Хвана дов Тимурланил
Боялгун вагъулаго.

Боял рукIана гIемер,
НикIкI кинигин тIаделъун.
ТIураб щинаб гIодой би
Гъумекдерил байдабахъ.

Нусгоязул анцI-анцIал
БецIаб кIкIалахъ хутIана...
Хадуб Базалийилги

Берал гъудуз рикIана.

Гьасул чарамул ханжар,
Чабхъадулал хIинкъараб,
Рекъав Тимурил хъатикь:
Гьале хазинайилан;

Гьалъ бицинин жиндида
Дагъистаналда ккараб...
Кавказ нахъ толеб мехалъ, –
ТечIо, цадахъ босана.

Бицана асирлъараб,
Къиматаб тIагъихъахIалъ
ТIолго гьасул чабхъадул
Тумазул кIкIалабазухъ.

Дол кIкIалабазул чабхилъ
Чан гвангвара хутIараб, –
Гьелги ракIалде рачIун,
РекIекълъун вуго Рекъав.

Паркъелеб буго чаран, –
Бакъ, цIад, цIадульгин кIкIуйдулъ,
КIудияв чабхъадулав
Кивехун щвананиги.

Гьас росарал улкаби,
Гьав тирарал шагьарал...
Тахал, жив гIодов чIечIел,
ГIемер гьечIин вуго гьав.

Амма гьав Рекъасулги
Рокъой ахир бачIана:
«ЭгъехъахI, лъикIго букIа.
Базалай, дуй къо-мех лъикI».

Дунял кодой босизе
Квер борхарасул къисмат –
Живго къаникье уна,
Къасдал зобазде уна.

II

ТIубараб рокьо гIеблъи,

ГІаршун балал халалъи...
Хадусеб ирга буго
Ираназул шагъасе.

Индиялда Тимурил
Тахиде гъав вахана,
Теларин дунялалда
Дица паракъалъиян.

Гъес Базалай босана
Добе Гулистаналде,
Дагъистан босулелъул
КъваригІине бугин гъаб.

Къажаразул боязул
БетІерас – Надир-шагъас,
Нарын-хъала бахъеян,
Вац Ибрагъим витІана.

Шагъасул вац Ибрагъим
Доб хъалаялъуй щвечІо, –
Лезгиязул чІораца
ЧІум гІадинан ворлъана.

ЧІварав вацасухъ къисас
Жинца босилин гьанже –
Базалайгун Надир-шагь
Щвана Дагъистаналде.

Гьеб цІакъ кІудияб къиса,
Нусго кочІолъ ахІараб, –
Ахир гьелъул букІана
ГІандалазул ракьалда.

Гьениб жаниблъиялда,
Гьенир гъваридал кІкІалахъ
Гъегъ, гамачІ, хвалчабаца
Хъамулел чабхъадулал. –

Чияй кьелищ гьадинги
ГьитІинаб нижер ракьин.
Гьеб тушбабазул биялъ
Беэн гьабизе бугин...

Базалай гІодоб рехун,

Боялги цадахъ рачун,
Унев шагьасда хадуб
Щущалеб буго рохъо. –

Гьабнухалда, къажарал,
Нужер харбий чи телин,
Хаду-хадур рачIани,
Киналго гъурилилан...

Цо пуни, биххун унин
Дагъистанин вукIарав, –
Дове гIантав гурев шагь
Инарилан кIалъана.

Дунял кодой босизе
Квер битIарасул хIасил –
Живго къаникье уна,
Къасдал накIкIулъе уна.

III

ТIубараб рокьо гIеблъи,
ГIаршун балал халалъи...
Хадуб Дагъистаналда
Пачазабаз цIа лъуна.

Гьегьал Ермоловаца,
Пуллоца, Аргъутица
Аваразул рохьалги
Росабиги рухIана.

Халатал рагъал, ругънал,
Бид багIарлъарал иццал,
АхIулгохI, Даргъо, Гъуниб.
Дагъистан асирлъана.

Имамасул Базалай
Петербургалде ана,
Пачаяс гьеб жиндирго
Къеда магIида бана:

Гьанже доб Кавказалда
Цо мегIер-кIкIал хутIичIин,
КIибетIераб цIумалъе
ЩIар ахIун мукIурлъичIеб.

Имам, ярагъгин рагъ тун,
ТІубан какде вуссана, –
Калугаялде бахъун
Бугин гьанже Дагъистан.

Амма тІалъидал васал
ТІагъихъахІин рукІана,
ТІаде цоги къо щвелин
Жидей гьеб къваригІараб.

Дунял кодой босизе
Квер борхаразул къисмат –
Жалго къаникье уна,
Къасдал накІкІулъе уна.

IV

ТІубараб рокьо гІеблъи,
ГІаршун балал халалъи...
Хадуб доб къо бачІана,
МугІрузе къваригІараб.

Гьаб Базалайил къисмат
ЛъугІулеб къиса гуро, –
Россиялъ пачазаби
Почалда ритІун ана.

Гьалдолеб инкъилабалъ
Гьаб лълъадарараб чаран
«Чархида бищун цебе
Ккурахъе кье» – абуна.

«Биччай «Аврорадул» мацІ,
Биччай эркенлъидул кечІ
Гьанже цІияб гьаракьалъ
Гьелъ ракьалда бицине!»

Бицинеги бицана,
АхІизеги ахІана,
МугІрузда гьел бакънаца
Бакъ гвангъизе гьабуна.

Гьединан санал ана,
Сарин пандрид ахІула, –

Гьанже жибго Базалай
Киб букIараб, киб бугеб?

ГIумругин хвел бихьараб
Ханжар дида кIалъана:
«Дун лъил квераца кквечIеб,
Дун кибехун паркъечIеб!

Гьалдолеб къеркьеялъулъ
Къурал дорехун ана,
Дагъистаналъул щунгъар
Щобазда хIихIидана.

Дир балалда букIараб
Би гIурдада бацIцIана, –
ГIорал ралъдалъе гIадин,
Нусго миллат цолъана...

... Хадуб июналъул къо,
Улкаялда гъураб цIа,
ЦIияб ярагъ, цоги рагъ,
Дунги цадахъ букIана.

Цо дидасан кьалалъул
ХIасил дагь букIаниги,
Доб букIараб яхIалъул
Васазе дарсал кьуна».

Дунял кодой босизе
Квер борхаразул къисмат –
Жалго къаникье уна,
Къасдал накIкIалъе уна.

V

ТIубараб рокьо гIеблъи,
ГIаршун балал халалъи...
Хадуб бергьенлъи, парад,
Паракъалъарал рагъал.

Чанги гьунар гьабунин,
Гьанже замана щванин,
Пенсиялде битIана
Дагъистаналъ Базалай.

Музеялъул залалда
Буго гьанже ветеран,
Гьелегьарал коразул
Музыкадул классик.

Жакъа цо тIил кьабани,
Щущалеб кьуру гIадаб
Дуниялалъул рахъалъ
РагIула гьелъул хабар:

Яргъида берал гьечIин, –
Гьелъ васал гьаруларин;
Гьанжеса цIа бакани,
ЦIер гIадин гIалам холин.

Дида бищун лъикIаб бакI
Лъалиниб батанила,
Лъалинибцин хIинкъараб
Жакъасеб ярагъ бухIе!..

Гьале гьеб хонжрол къиса,
Хвалилги гIумрудалги, –
Дир кочIолъе бачIараб,
Дица кагътида хъвараб...

Дунял кодой босизе
Квер биххаразул къисмат –
Жалго къаникье уна,
Къасдал накIкIукь хутIула.

*1985*

## ШАМИЛИДЕ

1.

Дур гьитIинаб зани заназул рохьоб
Бихьула рикIкIада Мадинаялда.
Зонода бикIараб цIар гьечIониги,
ЦIалула СагIудил ГIарабалъ дица.

Мун довайищ вугев, магIарул имам,
Инсул тIалъиялъул тIабгIалъул бутIа? –

ТӀаде вахъун Шамил вачӀуна дихъе, –
Дун дова гьечӀилан, дун гьанив вугин;

Дора ракьулъ ругин янгъизал рукьби,
Рокьи, хӀасрат танин Дагъистаналда;
Доба – къеркьеялъул къанщарал берал,
Къо гьалдараб гъугъай – Ичкерил рохьалъ;

Доба би бетараб чалма хутӀанин,
Хвалчабаз ссуссунин мугӀрул сухъмахъал;
Доба салулъ къанин чияр варани,
Чодул пунхъи бугин СалтӀагун Хьаргаб .

Доба – холесул как, гьаниб – кечӀгин цӀар,
Дир тӀерхьунареб цӀва АхӀулгохӀалда.
Доба – дир жаназа, амма жигар, гуч:
Генубги, Гъунибги, ГӀандибгун Даргъоб.

Дова – мусруялъулъ аллагьасул лагъ,
Гьаниб – эркенлъиян гурарал гъуждул.
Доба – бецӀаб лахӀту... Дир рухӀгин канлъи –
Кинабго хутӀана хучдузул тӀогьиб.

Дун гӀарабалъ гьечӀо... Гьалдолеб къарну
МугӀрул къеркьеялъул къисабалъ буго.
Къоно чӀвалареб ракӀ, чӀагояб бетӀер
Ункъо Гъойсуялъул гъулдулъ хъудана...

Лъала, дир доб гӀумру цӀиял гӀаршиназ
ГӀемерал гӀоркьилаз борцуна гьанже, –
Дирги дагӀба гьечӀо, югалул сиялъ
Североалъул махил гъутӀби чӀухӀунин;

Чанги чу гьекъараб некӀсияб
ЧӀикӀаб Дагъистан борхизе тӀиналде унин...
Разилъи буго дилъ къо щвараб мехалъ,
Шинелалъ рагъарал наслабаздаса.

Амма кьал лъугӀигун, кинабго кӀочон,
КӀалъалезда дица мухӀкан абила:
ГӀезегӀан сонаца чвахун цӀад банин,
Чаран кьурул гьецӀо цохӀо кьуричӀин;

Чанги горо щвараб Генуб кӀкӀалахъ гъветӀ,
Гъолъул цӀакъ гъваридал кьалбал рукӀанин;

Каранда къараб хеч кьурун бахъарав –
Кьвагьидахъ, бихъ чIалгIун вахъун вукIинчIин.

Кибго хъвачIониги, цIалила дир цIар
ЦIолбол гъабу барал гъулдузул васаз.
Биччай рахIат, унго, хабалъгIаги дий,
ХвезегIан гIумруялъ цо къоялъ лъачIеб.

... Йохъ дун дова гьечIо, дора дир чIумал,
ЧIалгIарал, рукIкIарал сагIтал рикIкIарал.
ЧIаголъи хутIана дир Кавказалда,
Киналго рагъалги ругъналги гьанир.

2.

Мун цоги бакIазда вукIаравани,
БукIинаан шагьар Шамилин абун.
Шагьар бакьулъ кьурда паркъелаан черх,
Доб Петербургалда Петрал гIадин дур.

Мун гьев пача гуро, дуца гьал гордал
Доб Европаялде рагьичIо, имам.
Европа, Рим, Париж, – гьел абиларо,
Алжан зобалазда цIехана гIицIго.

Дагъистан букIана гъваридаб кIкIалахъ, –
Гъобасан цIвабзахъе бугеб щинаб нух.
ГIемер накIкI букIана, канлъи букIинчIо,
ГIемер как букIана, кучIдул рукIинчIо.

Цингиги Россия, кIудияб улка, –
КIудияб би киса гьитIинаб цIудуй?
КигIанго борхатаб букIа доб Гъуниб, –
Гъугъдулъан рахарал дол апшеронал!

Дуцани, багьадур, гьитIинал гордал,
Пушкин лъарав ани, огь, рагьилаан.
Амма рагьулаго тIухьиялъул цIад, –
ЦIадуца рухIулел кIкIуйдулъ росаби.

Дур гIакълу гIелаан ракълид вукIине,
Паракьат какги бан, ахал лъалъазе.
Амма данде чIвана хучдузул рохьал, –
Хвалчаца абуна, чоде вахаян...

... Дуй паимятник гьечIо, гьеб дуй кIваричIо,
Мун Дагъистаналда гьавураб гIола.
Гьалеян Каф-Дагъалъ дуде битIараб
Доб килищ хутIана, доб къотIун гьечIо.

3.

Мун – дир аваразул лъалев авараг,
Апараглъун ккараб Калуга шагьар...
Дун щвана гьениве... КIудияб асар!
КIитIалаяб мадрас гIурус ракьалда...

Гьанже хIужраялъуб буго школа,
Дол тункIазлл кIкIуял кIочараб наслу.
АскIоб – областалъул гьоркьосеб музей,
Гьениб имамасул Къуръангун гулгун.

Манзил цодагьалъ тун Циолковский, –
Кидадай Гагарин гьавилеяли...
Огь, Дагъистаналъе метераб къоялъ
КъачIараб бичIчIарав, сонисев гIакъил!

Окаялъ хисичIо гьасие Койсу,
КигIан гIемер берзулъ гьеб бераниги.
МугIрулги рукIана макьилъ рихьулел
Гьал рохьал гIемерал гIатIилъабазда.

ГIурус пачаясде гьас хъвалеб буго,
Дун, аллагьасул лагъ, унтун херлъанин...
Гьасий зобалаз щай жаваб гьабичIеб.
Жибго пачалъиги херлъун бугилан!..

*1984*

**ИРАКЛИЙ АБАШИДЗЕЛГУН ХАБАР**

Умумул чабхъаде чуязда арал,
Чундул расандулел ЦIоралъул щобал...
«ЦIиркъил тIом ретIарав багьадурасул»
Къисаялъул тIадчи тIалъи тун арал. –

Эсул цIарги, цIваги, сунареб цIаги
ЦIехон дунялалъул ихал сверарав

Абашидзелгун дир букIана кIалъай
КIиго гIор цолъулеб цо согIаб къурда.

Гьес абуна: щванин жив Индиялде,
Океанал, векал, улкаби нахъ тун,
Гангалде гIин чIвайгун, Иберияйин
АхIулеб рагIанин Эвересталда.

Лъанин Руставелил гIагараб гьаракь,
Ракьулъан бачIунеб, зодоб гъугъалеб;
Гьев кочIол аллагьас ахIун анин дун
Ирусалималъул килисабахъе.

Гьениб данде чIванин хирияб сурат,
Хобги батанила веказ цIунараб...
Жинца гьебмехалда, кидаго бачIеб
Как банила гьениб Грузиялъе.

Гьелъул бицарабго, вуссараб мехалъ,
Василан абунин дида дир ЦIоралъ...
... Ниж гIенеккун чIана, гIорал журалеб
Гъоб жаниблъиялде тIадеги къулун..:

Дида гьебмехалда, рикIкIад щапарав,
РакIалде вачIана щаяли Шамил...
Щайзе дун унарев – дагъистанияв –
Досул лъалкIда хадув инсул гамида?

Добе Россиялде, доб Босфоралде,
Доб Стамбулалъул минаразухъе.
Алжиралъул хъиргъу ГIабдулкъадиргун
Къо рукIкIизегIан дов вукIарав Нил гIор...

Доб Египеталъул пирамидал тун,
Дос гьижра гьабураб Маккадул КагIба...
Цинги Мадиналде – молода имам,
Досул хъудулеб цIар хъвачIеб доб зани...

... Гьедин вукIана дун хIисаб-суалгун,
ХIажилъун вахъинчIев магIарул шагIир, –
Хвалчахъ чIваби росун, чIумал кучIдухъ кьун,
КагIбаялъул ганчIал лъачIев мунапикъ...

Гьанже мех батIияб, нухги батIияб,
Иххаца чурана цебегосеб кьал.

Живго Шамилилцин доб сапаралда
Салулъ къана, гъовги рехун, варани...

Виссарионил вас, гьудул Ираклий,
Ана Руставелил лъалкIда хадув мун.
ГIададисеб бугин ккола гьеб сапар, –
Кивго вукIунаро рекIелъ гIадин чи.

Дунни Шамилида хадув инаро
Шамалде, Нилалде я Босфоралде;
Гъосул лебаллъиги аслуги – гьаниб, –
Инсул гама тела гаваналдаго...

ЦIиркъил ракI букIарал гендерил васаз
Гурун рукьабигун лъалъала ахал.
Дун гьезухъе щола Шотал бицине,
«Мцыри» магIарул мацIалъ цIализе.

... Гьединан вукIана кIиявго шагIир
КIиго гIор цолъулеб кьурда эхетун,
ГIораца бицунеб букIана нижей
НекIсиял лъукъарал сиязул къиса...

*1986*

## КАВКАЗАЛЪУЛ ГЬАЛДОЛЕЛ КЪОЯЗУЛ КЪИСА

... Бицинин Кавказалъул рахIат гьечIел къоязул рахъалъ.
**А. Пушкин**

... Дида ракIалдещвана цо некIсияб Кавказалъул къиса. Цо дида бихьараб, цо бихьараздасан рагIараб, цогияб дица хIисаб гьабун ургъараб.
**Л. Толстой**

КьватIарал кьурабахъан
НакIкIал харулел руго,
Амма рекIелъ буго кIкIуй
КIочонарел мехазул.

МугIрул чурулел иххал
Эхей чвахулел руго,

Амма гъулдулъ букIараб
Гъугъай черхалъулъ буго.

Огь, рахIат гьечIел сонал,
Кавказ, дур росабазул!
Нуж рикIкIада хутIарал
Хиялалъа унаро.

Ханжар лъалиниб жаниб
РахIат босулеб буго,
РахIат гьечIо жергъадуй
Пикрабаз цIадухъ кколеб.

Дица гьеб кодой босун,
Килщаз кIутIулеб буго,
БукIараб къеркьеялъул
Къисаялъул асирас.

Гьеб къогояз къоцIуса
БатIа-батIа бачана,
Биччанте гьезда гьоркьоб
Дир гьаракьги букIине.

МугIрузул хиялазул
Харбазул годекIаниб
ВуцIухIун вукIинчIого
РекIелъ бугеб бицине.

Гьал ракIалдещвеязул
ТIезе кIолареб рахас! –
Дицаги цо гIекI балин
Гьелъул цо гIанлъелалда.

## ЦО МАГIАРУЛ КЪИСА

I

Цо нухалъ Шамилица
Ведено шагьаралде
Щибаб рахъ-рахъалдасан
АхIана наибзаби.

АхIана Шамилица
ХъахIлъарал гIакъилзаби,

ГIедегIарал муридаз
БакIарана жамагIат.

«Лаилагьа, иллалагь»...
Имам цеве вахъана,
Цере хъатал ритIарал
ХIажизабаз сверун ккун.

Как лъугIулеб мехалда,
Харбиде байбихьана:
«Хириял бусурбаби,
Дагъистаналъул лъимал;

Нилъ гIемерал кьвагьдана,
Гьал кьурабазда лъала.
Гьанже цо хабар буго,
Халкъ, нужергун дандбазе».

Бицана гьас букIараб,
РакIалдещвана хварал,
Хадубги ахиралда
Абуна гIодой виччан:

… Дунги гIумрудалъ вугин,
ГIузраби чорхолъ ругин,
ГIадан херлъараб мехалъ
Хехдаризе лъугьунин.

Нужги дунги хваниги
Дагъистан хутIулилан;
Ригьдаго хал гьабун лъикI,
Лъица имам хисилев.

«Рагъалъе ахир гьечIо,
Нухал гьетIарал руго.
Гьенисан бо бачунел
ЧагIи къваригIун руго.

Гьал кьурабаз кьолеб жо
Нилъее гIемер гьечIо;
Амма гьал гьечIонани,
ГьечIо нилъер узденлъи.

Биччанте бахIарзазул
Хвалчабазул гьаркьаца

Хабалъ рукъигун нилъей
Макьу гьуин гьабизе».

Гьединги абун имам
Ана кIалгIабазухъе,
КIиявго жиндир васгун,
АскIосел гIадамалгун.

Ана сверухъ балагьун,
Чалмаялда кверги лъун,
Чан хIинкъулеб лагадул
Ворхатав магIарулав.

ГIенеккарал хутIана
Хиялазда балагьун.
Цо кIалдисан щиб гьабан
Щакаб рагIи баккичIо.

Гьеб букIана мугIрузда
КIудияб гIазу бугеб,
ГIодоб ахалъиялда
Гьеб биунеб замана.

Гьедин букIуна тIимугъ
ТIутIураб, бихъ-бихъараб,
ТIаса бахъун кибниги
Цо бокIниде рехараб.

II

МагIарда гIазу буго,
ГIедегIана жамагIат
Жиде-жидер цIадухъе
ЦIияб хабарги босун.

Руссана наибзаби
КIкIуйдулал росабалъе.
Къаси сардида щвана
ХIажи-Мурад ГIандиве.

Гьевгун цадахъ вукIана,
Цеве-нахъе балагьун,
ГIинде щурун кIалъалев
Цо кIудияв мацIихъан.

Гьесул цIар букIаниги,
Дица гьеб рехселаро.
Васал, ясал ратани, –
Гьесул наслу, кьералъул.

Жалго васал гьечIони,
Гьезул васал ратила.
Гьел ратичIони, нагагь
РосугIаги батила.

Щибизе намус гьарун,
Гьесул рогьодул бицун,
Мунагь гьечIел гIадамал?
Хъирщиларо гьеб рохъо.

КигIан гьеб хъирщаниги
Гьениб цIа батиларо.
МацIихъанин гурони,
ЦIар гьесда цоги гьечIо.

Унев вуго мацIихъан,
Гьев рекIараб чол бетIер
БитIун ХIажи-Мурадил
Чодул хьибил чIван буго.

ХIажи-Мурад вукIана
Нухда хиялаз сверун,
Суал гьечIеб бакIалда
Гьабураб кIалъай щибан.

Гьав щакдарилев вуго;
«Щиб жо имамасул къасд?
Унге, мун гьардаравин,
Гьардезе халкъ бокьунищ?

Яги гьаб тIалъиялъе
ХIинкъи кьолевищ Шамил?
Щибго лъазе кIоларо...»
КIутIана гьас чуялда.

ГьецIо цIерлъун лъугьараб,
ЦIералъул махх лъугьараб,
Нух букIана гьетIараб
Гьазулги тIалъидалги.

ХIажи-Мурадил къасдал,
Къаси мех букIаниги.
Къадияс мажмугI гIадин,
МацIихъанас цIалана.

Гьадинги накIкIил цIураб
Наибасул рекIелъе
Гьасул тIеренал кIутIбуз
ТIинкIана цо-цо загьру.

Гьас цин бетIер кIичIана,
КIал гьетIизе гьабуна;
Гьениб жаниб бугеб мацI
БацIцIа-бахъун лъухьана.

ХIажи-Мурадил каранлъ,
ХIалимаб ракIги хисун,
РукIкIбуз тIом цIураб гIужрукъ
Рекъезе гьабуна гьас.

Гьав жанисан викIизе,
БакI-бакIалда хIенсезе,
Гьасул чорхол хIалхьи чIван,
Добе-гьаниб чIвачIвазе.

Гьеб гьабуна дагь-дагьккун,
Дандиясухъ балагьун, –
Гьедин квалквала бецIлъукь
НуцIа батизе цIогьор.

Гьединан хIинцго уна
ХIинкъараб нух тезегIан...
ХIалихьат, гIужде ккарав,
ГIедегIана кIалъазе:

– Наиб, дуда рагIанищ
КIудиясул цо хабар,
Ханжар тун, чIумал росун,
Гьос гьабун тараб вагIза.

ХIажи-Мурад вуцIцIана,
МацIихъанас абуна:
– Унго цо накъит гьосул,
Гьорлъан канлъи бихьулеб.

Наибас жаваб кьуна,
Жинда гьеб канлъи хъвачIин;
Берал рагьизе кколин, –
Кеп щвана нухлуласе.

– Унго, дуда лъачIебищ? –
Гъоб кIалъай хIилла буго.
ХIал бихьулев вуго гъов,
Лъица щибдай абила.

Щивасухъ бихьичIищ гъов
Гъоркьан балагьарав куц,
Гьезда гьоркьоб хасго духъ, –
Дун нахъецин вилълъана.

Дида рагIун букIана,
РикIкIада цо пачаяс
БутIрул хвалчадги къотIун,
Хадуб гIакълу гьикъулеб.

Гъовги гьедин ххвелалъе
Хабар бицунев вуго.
Борцун, къотIун хIадураб
ХIукIму дандбалев вуго.

– Кинаб хIукму, рагIичIеб?
– Унго дуда лъаларищ,
Имамлъун жиндирго вас
КъачIалев вуго Шамил!

– Гьеб дуда кисан лъараб?
– Лъалез мухIканго бицун.
Лъабго хIурматияб цIар
Дица дуе рехсела.

Гьезда мун щаклъун хадуб
Щугоялги ахIила;
Къуръаналда кверги лъун,
Киналго дуй гьедила.

Гьедизе ккараб жойищ,
Мунго хадув гьоларищ? –
ГъазимухIамий буго
ХъахIаб чалма хIадурун.

Дагъистаналъе тIокIав
Бегьулевищ щивго чи,
Щура гени бичулев
Генусев гуронани?!

... Огь, тIадегIанав Аллагь,
Дуца щиб жо абилеб...
... Щвана гьал мугIрул тIогьир,
ГIанди росу бихьулеб.

Росу гуреб, кинабго
МугIрул тIалъи бихьулеб,
ТIолго кIкIуйдулъ босараб
Дагъистан сверухъ бугеб.

Гьаниб гьав кIиясулго
Сардида нух бикьулеб...
Сверуда ХIажи-Мурад
ГIодой виччан кIалъана:

– Гьел харбахъ гIинтIамизе
Дир гIемер заман гьечIо.
Имам Шамил гIадинав
Щивго мугIрузе гьечIо.

Нагагь гьев гьечIевани,
Гьаб тIалъиялда лъала,
Лъица жиб цIунулеян,
Гьелъ вищизе те имам.

Вищизе те гьев халкъалъ
Бищун ханжар рекIарав;
Гьеб ккураб квер сорочIев,
Каранда ракI тIуркIичIев...

КIиявго нухлуласул
Хабар гьелда къокълъана.
... Къаси сардида нахъа
ГIанди росулъе щвана.

ХIажи-Мурад жиндирго
Гьоболасухъе ана.
... Гьав цояс нух хисана,
МугIрузда гIазу буго.

Ахалъуда гъутIбузде
ТIоцебесеб цIад бана.
Лъим гIемерлъарал гIорал
ГIатIидго чвахун ана.

III

МугIрузда гьури дагьаб
Гьаб нухалъ цIикIкIун буго.
Дов гьерсилав нухлулав
Росулъ ххвалий лъалхъана.

Хадуб ХIажи-Мурадил
Чирахъ гIодой кьуригун,
Чол мугъги бацIулаго,
МацIихъан нахъ вуссана.

Гьасул къотIи, къасд буго,
Къаси хъахIлъи лъалелде,
Ведено шагьаралде
Щвезе бищунго цеве.

ГIандиб буртиналда гъорлъ.
Гъапулго вуго наиб, –
Гьав Шамилил кIалгIадул
КIалтIа эхетун вуго.

Нукарзабаз кин, щибан
КIалъа-балъай гьабигун,
«КIудияв имам жеги
ВахъинчIищ?» – гьикъана гьас.

– Имам какида вуго...
Кинаб хехаб ишилан,
Хабар цIехараб мехалъ,
ЦIавуцIана мацIихъан:

– Дун диргго ишалъ гуро,
Имамасда лъазабе!
Дица гъосда бицина...
... Балеб букIана гIазу.

Имам жиндирго рокъов
ХIулил къандалъоялда
Къуръаналъул тIанчазде

ТIаде къулун вукIана.

Къадада тIансаялда
Гьасул хвалченгин ханжар:
«Хадуб кколелъул пикру
Гьабуге!» – ян тIад хъварал.

ТIаде вачIарав гьобол:
«ВорчIами», – ян къулана.
«ВачIа», – ян цо бокIнида
БакI гьасда цебе лъуна.

– Ва, мугIрузул авараг,
Ва Аллагьасул вакил,
ТIасалъугьа дидаса,
ЦIакъ цудунго вачIанин.

– Цин хабар бициналде,
Цодагьалъ кванай, гьобол.
– Баркала, кIал ккун буго,
Киданиги биччачIо.

Виччан те дун кIалъазе.
– КIалъай, аллагьасул лагъ.
– Цин бисмила бахъилин,
Байбихьилеб кинан гьаб?

«Лаилагьа иллалагь
ЛахIуву лакъу аллагь».
Дур кумек хIажат буго
Керен бухIулеб харбий.

Гьеб халкъалда лъаларо,
Лъазе те имамасда.
Гьес гъуждузда лъун буго
Гъазаваталъул хIуби.

Дирго бицунев гьечIо.
Дун щив? – гьитIинав инсан.
Исламалъул гIурччинаб
Байрахъалъе мутIигIав.

Дица бицунеб буго
Дагъистаналъул рахъалъ.
Дуца гьелъул бетIерлъи

БатIияхъе кьолебищ?

– Гьобол, гIодове виччай,
Дуца хIакъикъат бице...
– ХIажи-Мурад рагIана
Дида ГIандив кIалъалев.

Рузман цебе букIаго,
ТIаде щвезе бокьараб
Шамат къоялда релълъун,
Вуго гьев гаргадилев.

Жаниса мугь тIагIараб
ТIоралда релълъун ворхун,
Гьадин цо велъулаго
Гьес рехарал рагIаби!..

Гьесул хабар, каламалъ
Киналго гьалгъан чIана.
Цодагьаб гьукъараб лъим
Гьекъон букIана рекъас...

Шамилица, гьеб теян,
Гьобол чIезе гьавуна.
ЧIанда бицине корохъ
Чанги руччаби ругин.

– Дир наибасде щолеб
Щулалъи дулъ батани,
Дуца болъон кваниги
Калам дир букIинаро...

… Гьоболасда бичIчIана
Байбихьи квеш ккараблъи,
Каву рагьизе кIулал
Цогиял хIажат рукIин.

Цодагьаб хIухьги бахъун,
Гьес нахъеги абуна:
– Имам, дица бицунеб
Щулалъи, къвакIи гуро.

Къадаразул бицине
Дун духъе вачIинаро,
Къадакаби рещтIунеб

ТIох гурелъул дур свери.

Чурпадуй тIагIамалъе
ТIамах рехулеб гIадин,
Дица бицараб буго
ХIалакъаб цеберагIи.

– ХIалакъабги къватIахъ тун,
Дий къокъаб хIасил бице,
Дур рохъдолъ цIа батизе
ЦIакъ захIмат бугин дие.

– Шамил, дур ахирисеб
ВагIза рагIун хадуса,
Хундерил наибасул
Лъалаго хIал хисана.

ХIажи-Мурад кIалъана
Имамлъиялъул бицун,
Цо чиясул ирс гурин
Дагъистан кколебилан.

Дун вугила Хунзахъа
Щулияв магIарулав,
Щура гени бичизе
Генув гъавун гьечIин дун.

Чалма къазе тIагъурги
ТIагъур лъезе бетIерги
БатIияб гьечIищ абун,
Дур тухумалъул гуреб.

Гьес, хвалчада кверги лъун,
Кинасдаго абуна,
Бищунго гъаб ракIарав
ВукIине вугин имам.

Цингиги кереналда
Кверги чIван гьедарана,
Гьаниб ракI къвакIарасухъ
БукIине бугин къуват.

Гьес абураб кинабго
Дица абизе гьечIо.
Имам пашман гьавизе

Лъицаго бегъуларо...

Шамилица гьикъана,
Гьеб дуда рагIанищан.
Дандияс жаваб кьуна,
Жиндаго рагIанилан.

НугIзал дуй къваригIани,
Къогониги ратилин;
Къуръаналда кверал лъун,
КиналгIаги гьедилин.

РекIкIал чагIи Аллагьас
ЖужахIалъуй реххулин;
Жиндида гьеб лъикI лъалин
Бусурманчи вугелъул...

Уян, гурин щибниги
Шамилица абичIо.
ШугIайнат нуцIихъ чIана,
«Нахъа ячIа», – абуна.

Гьоболасда бичIчIана,
Балагьулеб таргьил кIал
Жинхъе дагьаб ккветзе щвей, –
Гьас кинабго рагьана.

– Имам, дур щаклъи ккани,
Дурго хIалбихьиялъе
ХIажи-Мурадги ахIун,
Гьикъе гьесда дуцаго.

Гьес инкар гьабунани,
Гьале аскIов дун вуго.
Гьаниса ГIанди росу
ГIемер рикIкIада гьечIо...

Имам тIаде вахъана,
Гьас гьобол тIовитIана,
ТIокIаб цохIо рухIалда
Гьелъул цIар бахъугеян.

Дица гьеб иш ургъилин,
Аллагьасда гьикъилин,
Гьес малълъараб гьабилин,

Гьав нахъорокъой ана.

Гьениб гьас хIужраялъуб
Халатаб заман бана,
Хадув къватIив вахъана,
Жинхъе чапар ахIейин.

Гьесул хIукму ккун буго,
Кинабго ургъун буго,
АхIун ХIажи-Мурадгун
Живго гьесда кIалъазе.

Гьас къотIи гьабун буго,
РагIа-ракьан балагьун,
Бихъараца букъейин
Гьаб къохьол зобин абун...

Унев вуго гIедегIун
ГIандиве хехав чапар,
Гьесул чвантиниб буго
ТIад мугъру чIвараб амру.

АхIулев вуго гьелда
Метер щаматкъоялде,
Шамилихъе Веденой
ВачIайин ХIажи-Мурад

IV

МугIрул гъутIбузда гIазу,
Гъудузе бертин буго.
Бихъараб тIимугъ гIадин,
ТIолго Дагъистан буго.

Росаби кIкIуйдулъ руго:
КIкIаратIа, ТIелекь, ЧIикIаб...
Биялъ чIегIерлъун руго
ЧIартал ругъназда лъурал...

ГIандиб Шамилил амру
Чапарас кьураб мехалъ,
Чуялда кьили лъезе
ХехлъичIо ХIажи-Мурад.

Чапар нахъ вуссаравго,

Гьасде тIаде гIунтIана
Нухда цадахъ вукIарав
Дов цевесев хIиллачи.

МацIихъаби кидаго
КватIуларо ишалъе,
Гьезул кинигин битIун
ХIалтIулеб сагIат гьечIо.

Босулеб щинаб гали
Гьез гIадин борцунаро,
Бицунеб щинаб рагIи
Гьез гIадин ургъуларо.

Абизе щиб жо кколеб,
Кинан, кида абилеб –
Киналго къагIидаби
Гьез церего къачIала.

МагIарул Ягояс цин
Хур-хералъул бицана;
Хадуб, квач-хинлъи цIехон,
Дагъаб калам гьабуна.

Цинги рагъазул хабар:
Хунзахъ, Хьаргаби, СалтIа...
Свера-тирун вуссана
Нахъойти Шамилиде.

ГIемераб къоги бихьун
Хъала бахъараб гIадин,
Гьеб цIаралъ хъасулеб мацI
БацIцIана гьас кIутIбузда.

Гьасулгун ккараб хабар
РакIалде щун наибас
Шамилица бачIараб
Амруялъул бицана.

МацIихъан балагьана,
Божизе кIолеб гьечIин,
Цинги бетIер хьвагIана,
БетIергьан Аллагьилан.

– Гьаб сихIру-рекIкIцин гуро, –

Дагъистаналъул имам –
Унго гьесул гIасилъи,
Гьесул дулъ бугеб жахIда!

ХIажи-Мурад пунщана,
Гьеб дида бичIчIуларин.
Гьерсихъанас хъат чIвана,
Дуда мунго лъаларин:

«Дур гьунаралъ, дур цIаралъ
Гъосул цIар мукъсанлъана.
Дур лебалал чабхъеназ
Гъосул чу щанкIлахана.

Шамилица дуй питна
ЦохIо нухалъ бухъичIо.
Цо нухалда дур чалма
Чиядацин къачIищ гъос!

Мун гъосий хIажат вуго,
ХIал ккараб заманаялъ,
ХIалуцараб рагъулъе
Бищун цеве витIизе.

Рагъ лъугIараб мехалда
Дур рахъалъ гъос абула:
Мун бусурбанчи гурин,
Дуца чагъир гьекъолин.

Чол кьолода нахъа лъун
Дуца бика хъамунин,
Гъос кьабураб щинаб кIал
КIочон толаро дида.

Гъос жинцаго абуни,
Ахъбердилав хIалай ккун,
Капурай эрменияй
Ячун тIад чохтIо къана.

Кинаялиго Аннал
Гъос ШугIайнат гьаюна,
Щияли цо цIоросей
Гъос меседихъ хисана.

Дидагоги рагIана,

Гьал мугIруздаги лъала,
Мун гъосул каранлъ къараб
БухIараб хIара вуго.

Дихъе мухIканал чагIи,
РачIана, ХIажи-Мурад,
Шамилил хIукму ккана
ХIара бахъун бекизе.

Дур кьварарал рагIаби
РагIун, гъосул къасд буго
Мун къоринив тIамизе, –
Имамат къадрулъизе.

Чархида кколеб буго
Ведено росулъ гIащтIи.
БетIер къотIизе буго, –
Унге мун, ХIажи-Мурад.

Имам ццидалав вуго,
Дуца цо хIисаб гьабе,
ХIамзат ммамасул би
Гъосда кIочон толебищ?

Хундерил мажгиталде
Какде вачIунев гъосда
РечIчIараб дур танчил лъалкI
ЛъачIого тIагIунебищ?

Гъосул тушбабазулгун
ГIагараб би бугев мун,
ГIурусаздехун цебе
Гьудуллъи букIарав мун...

Гьов дуда божулевищ? –
Кидаго божуларо.
Кинго унге гъосухъе,
Бухъуге дуего хоб!

РагIичIищ Хучбарил кечI,
Хунзахъ цIадулъ вухIарав,
Бек-бекун хвалчен рехун,
Хадуб чол бохдул гъурун?

... Наиб хIикмат хутIана,

Хиялаз сверунги ккун.
Сардилъ бихьараб макьу
Гьасда ракIалдещвана.

РикIкIада Хунзахъ росу,
Жиндирго гьитIинаб мех,
Гьениб эбелалъул кечI,
Ккараб щинаб хис-баси.

ХIажи-Мурад ургъана,
Гьасда ракIалдещвана,
Шамилилги жиндирги
БукIараб щинаб кIалъай.

Гьал кIияздаго гьоркьоб
ГIемерал гьурал пуна.
Питна цо нухалъ ккана
Яргъида квер лъурабги.

Гьав мугIрухъ балагьана,
Гьасда ракIалдещвана
РикIкIадисеб замана,
Хайдакъгун Табасаран.

Гьениса, чабхъен гьабун,
Наиб нахъ вуссаравго,
Жеги салам кьелалде
Семана имам гьасде...

«Дун Веденой инчIони
Имамасул ахIухъе,
Балагье, ХIажи-Мурад
ХIинкъанилан абила.

КIалъала щур-щурчагIи
Шамилил гIинде къулун,
Такъсир букIинчIебани
ВачIине вукIанилан.

Дун хIинкъарав чи гьечIо,
Дагъистан, дуда лъала.
Дир ярагъ, дир буртина,
Дир барти дунгун руго.

Дир щибго такъсир гьечIо

ТамихIалде дун цIазе.
Тушбаби рохараб жо
Жеги дидасан ккечIо.

Амма ишан босарав
Чанахъанасде данде
Дунго чIвазе бортулеб
ГIантаб ритIучI гуро дун.

СихIирлъи, хIиллаялъе
Рагьахъе квералги ккун,
Кквеян дунго инегIан
ГIадалаб ракI гьечIо дир.

Дир кIиго бетIер гьечIо
ГIощтIой къотIизе кьезе,
КъваригIинчIеб черх гьечIо
Чияй зуризе тезе.

Рогьояб гIумру гьечIо
ГIадада хвалий кьезе, –
Щай дун ахIулев вугев,
Имамас хъвалеб гьечIо:

Имамлъун тезе гуро,
Иванлъун тезе гуро, –
Дидаса къисас босзе
Къо щванилан вуго гъов.

Гуро, нилъерацаго
Нилъер рокъов чIвазегIан,
ЧIвазе лъикI тушбабаца
ХIалуцараб рагъулъ дун.

ЧIвазе вукIинеги дун
Жеги гIедегIиларо.
ГIадада дица бетIер
Лъихъениги кьеларо».

Гьединал хIисабазда
ХIажи-Мурад кьуричIо.
Кьвararав ичIго мурид
Гьавгун цадахъ рукIана.

Кверда килщаца гIадин

ГIумру цадахъ тIамурал, –
ТIухьи гIадинан бакIлъун
Зарал данде къана гьаз.

Наибас амру кьуна,
КъваригIине бегьилин,
КъачIан цIун те нужеца
ТуманкI-ярагъин абун.

Цинги квен хIадурейин
Чанго къоялъе гIелеб...
ГIазуги цIадги буго
Цоцалъ жубан мугIрузда...

ЦIадалъгин гIетIалъ чурун
Чапар нахъе вачIана:
«Чу кьололев вихьичIин
ХIажи-Мурад», – абуна.

Имам балагьун чIана,
Бана лъабго-ункъо къо.
Дов мацIихъан вачIана
Гьасул рукъалъул кIалтIе.

Имам щибго кIалъачIо,
КIалгIабазухъе ана.
МагIарда гIазу биун,
ГIорал, лъарал чвахана.

КIиабилеб къоялъ гьав
Рагъида эхетана.
Нухал руго гьетIарал,
Гьенив рекIарав гьечIо.

Дов мацIихъан вукIана
Гьанжеги нуцIил кIалтIа.
Имамас салам кьуна,
Щибниги суал кьечIо.

Цогиги мех сверана,
Имам тIохде вахана.
Нухда хIур бихьуларо,
ХIикмалъун вуго Шамил.

Дов мацIихъан вукIана

НуцIил кIалтIа эхетун...
КIалъана Шамил гьесда,
Щолеб бугин рииян.

– ГIелищ гьаб бачIинчIого,
ХIанчIи роржунел руго.
– Щиб бугеб ГIандиб хабар?
– Гьадаб дуда бицараб.

Дагьалъ чIун Шамилица
ХIажи-Мурад гьикъана.
ХIинкъана мун вихьизе
Гьовилан, жаваб кьуна.

– Дуда гьов вихьаравищ?
– Вихьана.
– Щиб абураб?
– Дий Шамил хIажат гьечIин.
Гьесий хIажалъанани,
Дун хIадурав вугила,
ВачIа дихъе живгойин;

Цадахъ васги вачейин,
Виччаиге бихьизейин,
Лъица кверщел гьабулеб
Гьанже Дагъистаналда.

Дун Хунзахъа вугила,
Дилъ ханасул би бугин.
Имам ХIамзат вукъараб
Къо кIочон тегейилан.

Дида цебаго чIалгIун
Бугин Шамилил питна, –
Гьале дир буртинаги,
Бартити, ярагъгийин.

ТIокIаб бихьинчиясе
Щиб къваригIун бугебан,
ГьабсагIатги тана гьев
ТуманкI бацIцIунев дица.

ТуманкI нагагь гIечIони,
Гьелъул тIинчIги гьалеян,
Танчил кIалдиве гьетIун,

ГьугьудулевукIана.

Патронал гьес киналго
Ххералъул цIолел руго.
Муридзаби аскIоса
Кирго кьурулел гьечIо...

ШугIайнат бигьа гьаюн
Гьасда аскIой ячIана.
«Дун живго те», – ян абун,
Имамас нуцIа къана.

Амру гьабун тана гьас
Жинхъе чи виччагеян...
Амма мацIихъан ана
РацIцIунаго кIутIбигун.

«Гьеб хIухьел биччазегIан
ХIалакъаб бетIералъул
ХIажи-Мурад вукIинчIин,
Гьесие лъугьараб щиб?

ХIиллаги лебаллъиги
Цого гьакида базе,
Цо шайтIан рещтIинчIого
Щибго гьеб букIинадай?..»

Цогиги анкь сверана,
Шамилие хIакълъана,
ХIажи-Мурад ккураб квар
Квердаса борчIараблъи.

«Тушманасул боязе
Балагь гьабураб тулпар,
Гьесул къасд щибдай ккараб,
Шинел тIад ретIинедай?»

Имамас божи бугел
Боязе амру кьуна,
Жиндир тахшагьаралде
Щвезе гьаве наибан.

ВорчIизе виччагеян,
Кивехун ананиги.
«КиналгIаги нухал къан

Эхете гьесда цере!

Гьесул бохдулги черхги
Маххул квараца рухье!
Кверал яргъида рукIа,
Берал гъосда тIад рукIа!

Нухлул ракьан ккун ваче,
Виччаге рагIаллъуде, –
Гъос гъоркье кIанцIун араб
БуцIулдерил кIкIал лъалин».

ЦIадал ралел рукIана
МугIруздегин гIоразде.
ГIандибе нух босана
Веденосан муридаз.

Гьезул кIудияб къокъа
Къаси сардида нахъа
Сухъмахъ нухалъан балъго
МацIихъанас бачана.

Имам хал гьабун вуго,
Гьесул хиялал руго:
Хекко наибги вачун,
Боял нахъе руссинин.

ГIасияв асир дица
Хиянаталъе гIоло
Халкъги ахIун кIудияб
ГьецIоялда вухьинин.

Цинги босулеб сурав,
Суд букIина халатаб...
... Сардалгин къоял ана,
РачIунел гьечIо боял.

Балагьун вуго имамм,
Чабхида иххазул хъуй...
Гьас чвахулел цIадазда
ЦIехола, жаваб кьечIо,

Цинги цо рогьалида
Нукарзабазул къокъа
Къваридго нахъ буссана...

ХIажи-Мурад кив тарав?

– ХIажи-Мурад гьабсагIат
Гьаниса рикIкIад вуго.
Пирилъун паркъараб цIа
БецIлъукье тIерхьун ана.

Гъов гьабсагIаталъ, имам,
Дагъистаналда гьечIо.
… Дуда салам бицеян,
ЦохIо рагIи рагIана...

Цин гIажаиблъун имам
ГIодов чIун велъанхъана,
Гьасул релъи рагIараб
МугIрул халкъ хIикмалъана.

Хадуб, къан бетIерги ккун,
Къваридго нахъе ана...
Къояца цIадал рана,
Гьав лъидаго кIалъачIо.

ЦIадал чвахулел руго,
Иххал хъудулел руго. –
Имамас, гIоралда кьо
Бихханилан, абуна.

Цинги гIурхъи бахунев
ХIажи-Мурад кIалъана:
КIиялго ниж цоцада
Цолъараб квар тIун анин.

Гьесда хадур ахIдана:
Вилълъа имамасухъе,
Гьесие мутIигIлъизе
Дуда тIадаб бугила.

Данде жавабалъе гьес
Гьаваялде кьвагьана:
Гьал мугIрузе гурони
Дица бетIер къуличIин.

Гьесда хадур ахIдана:
МугIрузе шагьидлъизе

Щай гьанив чІоларевин,
Гьабуге хиянатин.

Гьес, хвалчада кверги лъун,
Лъан букІаян абуна:
«ХиянатчагІи чанги
Чол малакь лъурал дица.

Дун шагьидлъулев нужей
Шамилица чІван гуро;
Гьесда дир салам бице,
Цоги нухалъ дандчІвала.

Къо-мех лъикІ, гІураб тІалъи,
ТІаса лъугьа, Дагъистан, –
Цогияб рес букІинчІин
Дур васасе хутІараб»..

Сверухъ гІемерал гъутІби
ГІисиналгун чІахІиял,
ГІурччиналгун тІогьилал,
ТІереналгун риццатал.

Цо борхатаб гъветІ буго
КъотІун гІодобе чІвалеб...
... Жиндирго къисматалъул
Пикрудалъ вуго наиб.

Ана гьевгун гьалмагълъи
Гъалагал нухаздасан.
Гьесда хадур гъечІого,
Гъоркьго хутІана боял.

Гьесда хадуб балагьун
ХутІана мугІрул рии,
ХутІана лъугІичІеб рагъ,
Ругъналъ бугеб Дагъистан.

ХутІана росдал тІохал,
ТІалайдухъан кІкІуй унел;
ХутІана мискин эбел.
Гьесул васги лъадиги.

ХутІана имам Шамил
Ургъалида хиялалъ,

Хиянатгун лебаллъи
Цадахъ кин букIунеян.

Гъесда хадур гъутIбузда
ХъахIал хIанчIи ахIдана:
«ХIажи-Мурад, чIа-чIа-чIа,
ХIажи-Мурад, чIи-чIи-чIи!»

БукIана ракь балагьун
Гьесда хадуб пашманго.
... ВукIана дов мацIихъан
КIал бацIцIунев, хIалихьат.

... ГIагараб Дагъистан тун
ГIурхъи бахунеб мехалъ,
ГIеккана дагьаб керен
МагIарул наибасул.

Хадур цIаял рихьана
Рохьор ракарал гьесда.
Гьел сверухъ гIодор рукIун
Руго гIурус солдатал...

Гьел цосагIат рахъана:
Щал рачIунел, чIайилан.
Добасан жаваб кьуна,
Кьвагьуге, ниж ругилан.

«Нужер командир ахIе,
Кинабго бице гьесда...
Кверде сардарасухъе
ХIажи-Мурад вачIанин».

... ЦIалдохъан, хадуб ккараб
Кинабго дуда лъала;
КучIдузулъги ахIана,
Харбазулъги бицана.

Гьаб хабар кинабниги
Кавказалда хъудана.
Кавказ щиб, гьури гIадин,
Петербургалде ана.

Пачаяс гьеб жиндирго
Гьунар гIадин рикIкIана.

Париж, Рималъ магIарул
Наибасул бицана.

Гьеб хабаралъ кианалго
ХIикмалъизе гьаруна,
Гьанже Дагъистаналъул
НуцIби дагьал къиранин.

Бищун кутакаб гъалбацI
Кверде жибго бачIингун,
Шамилил къадал цили
Цодагьалъ гьетIанилан.

Росабалъ мажгитазда
БахIарчиясда хадуб:
«Хиянат», «Рогьо», – йилан,
ГIемераб жо хьвагIана.

Гьесий нагIанаги кьун,
МагIарул гъазизабаз
Гъазаваталъе хвалчен
Саназ рекIинабуна...

ЦохIо эбел йикIана
Гьеб гьереси бугилан;
Дир вас гьединав гьечIин,
Цо къо бачIинин, лъалин.

Цинги къоринив вугев
Васасги абулаан:
Эмен вачIине вугин
Яги чIаго, яги хун.

… Асирал – Тифлисалда,
Гьоболлъухъ ахIи, дандчIвай.
Гьаб чIалгIараб, кеп гьечIеб
Гьундузул къачIай, чIухIи.

Аскаразул командир,
Кавказ кверщаликь бугев
Фельдмаршал Воронцовгун
Вуго магIарул наиб.

Гьесул хIеренаб накъит, –
Бакъан гьечIо ракIалъе.

Рекъолеб гьечIеб гьава,
БичIчIуллареб гьазул мацI.

Билълъунареб гьазул квен,
Лъалареб гьазул гIадат;
КигIан щиб гьабуниги
ГьечIеб тIагIам, гьечIеб кеп.

Опералъул театр,
ХIайранго ахIулеб кечI...
ХIажи-Мурад цониги
Пардав къазегIан чIечIо.

МугIрулги ракIалде щун,
Аллагьасе как бала, –
Гьаниб какги батIияб,
Гьазул динги батIияб.

Тамахаб хинаб бусен, –
Кьижизе кIолеб гьечIо.
Кьвагьи буго росабалъ, –
Гьав вуго Тифлисалда.

Кьижараб мехалдаги
Гьасда макьилъ рихьула
Кьурабазул свераби,
Сурмиял накIкIил хьухьал.

Гьасда церетIамула:
Къваридай эбел, лъади,
Къоринив Шамилица
ТIамун вугев вас Юсуп…

Ярагъги кьвагьичIого,
Хвалченги кьабичIого,
Чодаги рекIинчIого
ВукIинев кин гьав гьанив?

МугIруздаса рикIкIада,
Росдадаса рикIкIада,
Дагъистан ислам гьечIеб
Лъалареб шагьаралда?

Лъийниги мутIигIлъичIев
Шамилий мутIигIлъичIев,

Щай гьасие мутIигIлъи
Гьав гIурус пачаясе?

Гьезий мутIигIлъичIого
Бох бекизе чIарав гьав,
Гьезий мутIигIлъун гьанже
БетIер бекизе чIелищ?

Гьедин пашманлъиялда
Жалго хутIараб мехалъ
Хирияб тIалъиялъул
Цо-цо кечI ахIула гьаз.

Гьеб кочIолъ магIаруллъи,
РагIабазулъ лебаллъи...
... Горбода цIурмал рарал
ЦIумал гIадин руго гьал....

Гьел цIурмал карандаса
КиналгIаги тIун рехун,
ВачIана ХIажи-Мурад
Гьанив хIакимасухъе:

Жидее изну кьейин
Гьаниса нахъе ине;
Жал, рачIарал асирал,
Туснахъал гIадин ругин.

Гьаниб михIмарабазда
АхIулеб как рагIичIин,
МагIарухъан хIанчIицин
Гьанире рачIунанин...

... Фельдмаршалас изну кьун,
Ана гьал Нухаялде.
АскIоб буго Дагъистан, –
Долъ руго гьал ахIулел.

Долъул накIкIаз, буртIаца,
БатIи-батIиял хIанчIаз,
ХIортIа ругел цIаназе
ГIухьбузул пиштIул бакъназ.

РухIарал росабаца,
Долъул гIоразул гьаркьаз,

Мискинай эбел, лъади,
Лъималазул зигаралъ.

Долъул санал сверарав
Свак лъаларев имамас,
Рагъалъ хабалъ тIупарал
Хириял гьудулзабаз.

Долъие гIоло хвел лъикI,
Хабалги дораго лъикI, –
Халатал цIадал руго
Доре мугIрузде ралел...

Гьаз хвалчаби лъухьула,
Къаси сардида нахъа
КъачIала ярагъ, туманкI,
Тунчул цIола... Баке цIа!

«Нижеда цIурмал гьечIо,
Дур цIумал къабул гьаре!» –
КъотIи ккана русине
Дагъистаналде нахъе.

Амма руссине щвечIо,
Рокъобе нух къосана.
Къаси хIарщулъе ккана
ХIажи-Мурадил барти.

Хадуб къо хисарабго,
Цо хулжал рагьарабго,
Хал гьабуна, батана
ХIажи-Мурадил бетIер.

Жегиги бидулъ буго
Гьанже-гьанже къотIараб.
Къаркъала хутIун буго
Нухаязул хьуцIазулъ.

Амма хIинкъи лъачIеб ракI
Гьас лъиениги кьечIо.
Кьуна Дагъистаналъе
Даим васият гьабун.

Гьедин лъабго бакIалда:
РакIги, черхги, бетIерги.

Гьедин бикьбикьун араб
Рокьиги, гучги, лъайги.

Гьедин щущарал нухал,
Гьедин риххарал мехал,
Гьедин пашманаб къисмат
Дур васасул, Дагъистан!

Гьелъул бицун мугIрузда
ГIорал хъударaб мехалъ,
ГIассиял гьаркьал гьарун
ЦIумал роржараб мехалъ,

Шамил, букIараб кIочон,
МугIрул тIогьив вахана,
Гьес тIолго Кавказалъе
Гьесул рахъалъ как бана.

Имамас амру гьабун,
Киналго михIмаразда
БахIарчияв гъов рехсон,
ДугIа, вагIза гьабуна...

Аллагьги Дагъистанги
Гъосда тIасалъугьанин, –
ТIалъи релълъун букIана
КIудияб кверкьовуда.

Мех анагIан, мугIрузда
Рагъал хIалуцаралго,
ХIажи-Мурад ракIалде
Щолаан Шамилида:

«Кваранаб кверги камун,
КвегIалъ вагъулев вугин,
КигIан хекко арав мун,
Бищун хирияв гьудул».

Ахир Гъуниб магIарда
Иш рагIалде ккарабго,
Апшероналъул полкал
Гьенир тIаде рахингун;

Гьез тIаргъал хучдузда ран,
ТIаде цун гор гьабигун;

Гулбуца гІуж босулел
ГІемерал чагІи рихьун;

Бадиб дурнавал кьурун,
Дагъистан гьанже щванин,
Фельдмаршаласул бераз
Борцунеб ватІан бихьун;

Гьесда сверухъ ганчІазда
Генералзаби рихьун;
ГІарадабазул кІалдир
КІкІалал, росаби рихьун;

Сверухъ чІварахъ хал гьабун,
Холезде тІаде къулун,
Лъукъарав, асирлъарав
Имамас абун буго:

«Къоло щуго соналъ дун
МугІрул цІунун вагъанин;
Ругънал унтулел ругин,
Дунго херлъулев вугин.

Хиянат щибаб соналъ
ГІемераб данде чІванин;
ЧІахІ кваназе ракъуца
Нилъер халкъ лъугьун бугин.

Дида цадахъ цересел
Дир гьудулзаби гьечІин, –
Ва Аллагьасул гъази,
Чармил Гъази-МухІамад...

Цингиги доб АхІулгохІ,
Ахада гьелчолеб гІор,
ГІалибегилас къотІун
Гьенибе рехулеб гьеж...

Кив вугев Ахъбердилав,
Хадув чапар витІизе? –
Чачаназул рохьал, нуж
Гьанже бесдаллъарал куц!

Огь, ХІажи-Мурад, нилъей
ХІилла гьабун батана,

Гьанже мун вугевани
Азаргоял хисизе...»

Имамас, гьал чIунтарал,
ЧIваданазде руссарал
Росабазде квер битIун,
Ахирияб как бана.

Гьал ракъварал, кьварарал
Кьураби, кIкIалалги тун,
Ана кIудияв асир
КIудияб Россиялде.

Цинги санал аралго,
Ахираб сапаралда
ЛъугIана гьасул гIумру
ГIарабазул салуда.

Гьадинан кIиго асир,
Хасиятал релълъинчIел,
МацIаз ратIа гьарурал,
БатIа-батIаго хвана.

ХутIана гьезул рокьи –
Кьурабазул Дагъистан.
Гьалдаса рикIкIад руго
КIиго гучав гьелъул вас.

Гьез хвелалде цебеги
Цоцазул цIар щурана.
Щибасул хабада тIад
Хурдул гьород чIва-чIвала.

### Ахир

Дагъистан – гьалдолеб хьаг,
Гьелда гъоркь берараб кIкIуй, –
Гьелдаса нахъе ана
Нусиялда хадуб сон.

Лъалиниб лъураб ханжар,
Хабалъ лъурал бахIарзал.
РикIкIадисел заназде
НакIкIаз бана гIемер цIад.

Цебего кьижараб рагъ, –
Кьижуларо къасд, хIисаб.
НекIого сасараб цIа, –
Сунаро ракIалдещвей
.
КигIан бакъ багIарараб, –
Бакъваларо ганчIалъ би.
КигIан гIазу биараб, –
ГIоралъ инчIо пикраби.

Гьел, ярагъ бахъичIого,
Рагъулел руго цоцалъ;
Цебего къотIараб кьал, –
Къецалде щвана ирга.

РикIкIадисел саназул
Гьанжесел диванчагIи,
Гьез хIукмаби къотIула
КъотIараб бетIералъе.

Гьел нахъ тараб кIкIуйдулаб
КIичIараб тарихалъул
ЧIван бегараб гъалбацIил
ЦIакида сверухъ руго.

Гьезул цо тайпа буго,
Цин-циялъуй балагьун,
Жидерго бугеб гIакълу
ЦIакъ хIинкъадго бицунел.

Гьел гIадинан рукIана,
ЧIван вугев ХIажи-Мурад
ЧIаго ватиладаян,
Сородулел тушбаби.

Цоги кIигоял руго,
КIиго трибуналда
Цоцазда рагIулареб
РагIаллъуда ахIделел.

Дол пашманал саназул
Гьанжесел диванчагIи,
Доре-гьанир кIичIулел
КIутIбузда полоп барал.

Цоязе араб къеркьей –
КъваригІел гьечІеб кьвагьдей,
Кьурабазул гІицІлъигун
БецІлъи, ракъи цІунараб.

Цогиязе гьеб буго
БукІине тІадаб кьабей,
ТІалъиялъул ияхІги
Эркенлъиги цІунараб.

Цоязе Шамил вуго
ХІиллаяв хиянатги,
Халкъ гъазаватин абун,
Гъобе тІинде рехарав.

Цогиязе гьев вуго
Байрахъги, яхІги, цІумги;
Гьесул цІар лъималазда
Лъола гьез цІвабзахъе ккун.

Цояз ХІажи-Мурадил
БетІер къотІизе гІилла,
БитІун абураб нухда
ВилълъинчІолъиян тола.

Цогияз гьелъий гІилла
БатІияса бицуна, –
БотІрода лъураб тІагъур
Лъиего бахъичІолъи.

Цогиги тайпа буго
Тарихалъул сверабалъ,
БукІаниги гьеб цІадул
ЦІар бахъугеян абун.

Дидагоги бихьана
Шамилил цІаралда гъоркь
ЦІалел хІуччал, хІанчІаби,
ХІикматалъул ишарал:

«Щал гьавгун ХІажи-Мурад
Жакъа дуй къваригІарав?
Къец буго гьезул рахъалъ,
Гьоркьове лъугьунге», – ян.

Дица щиб жо абилеб? –
БачIараб кечI кквеларо.
Дир рекIелъги ккана къец,
Доб къеркьеялъул рахъалъ.

Амма дица рагIарал
ДагIбаялги ракIарун,
Я диван гьабиларо,
Я хIукму къотIиларо.

Цояз гьадин абила,
Цояз додин абила, –
Гьанже гIемерлъун руго
ГIелму цIаларал чагIи.

Дица дираб абила
Аслияб, хиси гьечIеб, –
Дир эбелалъул рахъалъ,
Дир лъималазул рахъалъ.

Гьеб дица абилелде,
Дир инсуца абуна,
Нух биххун унеб гIурда
Борхатаб кьодухъги чIун.

Дос абуна: мугIрузде
ГIазуги цIадги балин,
ГIумруялда квешабги
ЛъикIабги данде чIвалин.

Гьедин Дагъистаналъе
Россия цо букIинчIин.
Пача гьаб тIалъиялде
ТIугьдул росун вачIинчIин.

Жеги кочIохъабицин,
Кавказалъул ракьалде
Кодобе ярагъги кьун,
Кьвагьдезе ритIанин гьес.

«Чи язихъав, унтарав,
ТалихI гьечIев вукIуна.
Амма тархъанлъи гьечIищ –
ГьечIо чи, гьечIо ВатIан.

КигIан къиматаб чанги
Къориниб гьеб чан гуро.
Чияр гъуцIдукь бугеб ракь,
Гьеб ракьа – бацIил кIалдиб...

Куркьбал, хIули гьечIони,
КечIги ихги гьечIони,
КигIан черх бугебги хIинчI
Боржунаро, хIинчI гуро.

Гьеб къабуллъичIогонин,
Хунжрул къватIире цIарал,
Хучдузде тIогьаздасан
ТIаде кIанцIун кьабарал.

ХIинкъарасул лъадуда
ЦIар ккагиян ахIараб,
Ярагъ кквезе кIолареб
Квер бортаги абураб.

Гьелъин, бутIрул къотIигун,
Къаркъалаби рагъарал;
Къого ругъун щваниги,
Шамилица кьал течIеб.

Нух букIана кIичIараб,
Мех букIана накIкIилаб.
РакIалъе хинлъи, канлъи
КватIун щвана мугIрузде».

Гьединан абулаан
Инсуца, гIумру лъарав,
НекIсиябги цIиябги
ЦIадирабазда лъурав.

Гьегьал Ермоловазул
Рукъарал зарал мерхьун,
Инкъилабалъ кьураб квер
Гьаб каранда тIадги лъун.

... Цояз гьадин абила,
Цояз додин абила,
Ва амма абиларо
ИяхI бугез кидаго:

Имам Шамил сорораб
Сонгрода бер чIванилан,
Гьесул гьурмал кьер тIураб
Цониги кьал букIанин.

Чанги батIи-батIисе
БатIа-батIа бицина,
Амма бицине гьечIо
ХIалихьатас гурони:

ХIажи-Мурадилъ вугев
Даци кивго кьуранин,
Гьесул кьвари кьерараб
Кьурул борхалъи лъанин.

Цояца гьадин хъвала,
Цогияз додин хъвала...
Доктораз, кандидатаз,
Поэтаз, политиказ.

Амма эбелалъул кечI,
Кини кIикIун ахIараб,
КIочон течIес кагътида
Кидаго хъвазе гьечIо:

Дагъистан хIинкъарабин,
Дагъистан къуркьарабин,
Къо ккаралъуб чабхъада
Гьелъул чу нахъ хутIанин.

Гьикъе Инкъилабалда,
Араб кIоченчIеб рагъда.
Гьикъе би тIун баккараб
Щибаб тIегьалде къулун.

Гьез бицараб – битIараб,
БатIияб – гьереси, мацI…
МацIихъанас ругънаде
Гьеб бигъине цIан бала.

Гьединав цо къадарав
Гьаб къисадалъ данд чIвана,
Амма къисасалдаса
Гьев мацIица цIуничIо.

Инсуца, гIагарлъиялъ
Гьев гIурулъе рехана,
Бищун чвахи ццидалаб
Цо кIудиябкьурдасан.

Борхалъуда зобазда
ЦIумаз гьаркьал гьаруна.
Гьев рекIараб чугицин
Гьесда хадуб рехана.

ГьабсагIатги нухлулаз,
Доб кьурухъе щварабго.
Гьесда хадуб рехизе
ГамачI цадахъ босула...

... Шамилгун ХIажи-Мурад,
Бокьараб бице, абе! –
Рокьул цIа гьазде бугеб
ЦIадаз свине гьабичIо.

Гьоркьоб дагIба кканигин,
КIиго гьалбацIил сурат
Цоцада аскIоб буго
Дагъистаналъ къеда бан.

... Гьале гьалда лъугIана
Цогиязда гьоркьосан
Цо рекIеда лъалкI тараб
МугIрул халкъазул къиса.

Дагъистаналъул къадалъ
Цоги гамачI букIине
НекIсияб роценалда
Дица ахIараб назму.

Цо-цояз какал рана,
Цо-цояз кечI ахIана
Кавказалъул пири, цIа
Пирхарал дол къоязда.

Гьезда гьоркьоб биччанте
Дир рагIиги букIине!
... НакIкIал роржунел руго
РикIкIадисел зобазде...

*1976*

**ШАМИЛИЛ РОКЬИ**

Моздокалъул эрменай,
Ахъбердилас хъамурай,
Гьесул хъахIаб чуялда
Даргъо росулъе щвана.

Шамилил, гьей йихьигун,
Дагьаб би гьелегьана,
Рагъаз даим кьварараб
Кьер лъаледухъ хисана.

Хина бахараб мегеж,
Гьас гьелда квер бахъана,
Ккун бачIараб хIинчIалъул
ЦIар щибилан гьикъана.

Габур, гьумер рагьарай
Гьалъ гьасий жаваб кьуна:
Жинда цIар Анна бугин,
Аваразул цевехъан.

Шамилица абуна:
Гьанже мун Анна гурин,
Имамасул хирияй
Лъади ШугIайнат йигин.

Ахъбердилав вукIана
Виххун, хIисабалъ восун, –
Гьай жиндир асиралъе
Асирлъарав Шамилин.

Шамилица абуна:
«Сунареб кьал гурони,
Цо рокьи бегьуларищ,
Аллагь, рарал каказухъ?»

Ахъбердилас абуна:
Асир бечедай йигин,
Йиччани, – гIагарлъиялъ
ГIемер хазина кьелин.

Шамилица абуна:
Азарго гьокоялда
Гьирал цIун месед кьейин, –
Гьелъухъги кьеларилан.

Ахъбердилас абуна:
Гьей – капурай щайтIанин, –
Кидаго гьеб ишалда
Аллагь разилъиларин.

Шамилица абуна:
Гъой алжанул хIинчI йигин;
Гъолъ гьаригун, гьардарас
ПатихIайин абилин.

Ахъбердилас абуна:
Гьей – чияр абурайин,
Чи вугин гьелъулила,
Гьей гIодулей йикIанин.

Шамилица абуна:
Чан ккурасе букIунин, –
КвербацIцI бугин жиндирги
МагIил гарал рацIцIине.

Ахъбердилав – рагьараб
Гьумер, кар, габурилан,
Гурдил бищун тIасияб
ТIацин рахан гьечIилан.

Шамилица абуна:
Гьеб хIалтIи – тIабзазул иш
Нилъер мугIрузул тIогьаз
Дида тIад къан тун бугин...

Шамилица, ШугIайнат
АхIун, гьелда абуна:
Авар гIадат хвезегIан
Холин киналго боял.

Анна гьасда кIалъана:
Дуе мукIурай йигин,
БукIараб гIумру дица
ГIор бахун доба танин.

Шамилица абуна:
Жиндир гьаб амру бугин, –
«Габур, гьумер, кар бахче,
Кверлъингин чохтIо гьеле...»

Эрменалъ жаваб кьуна:
Жинца гьедин гьабилин,
Жиндир гьумерги карги
Гьединан бокьичIев дуй.

Шамилица абуна:
«Дур бералги дур кIалги –
КIиябго гIолин дие
Гьаб Дагъистан гвангъизе.

Гьел дур кьунсрузул кьури
Кьеларин сундухъниги,
Нилъалда чIегIераб тIанкI, –
ТIокIаб щиб къваригIараб?!

Цоги кинабго бахче, –
ГIицIго цо дангъва гIела
Дир киналго лъудбузул
Лъай босизе, ШугIайнат!..»

Эрменай разилъана, –
Гьай аварай лъугьана,
Имам чоде вахингун,
Гьалъ кьолеб букIана цIал...

Гьединан цIадулъ санал
Сверана, заман ана, –
Имам рикIкIад щапана
ШугIайнатил кверазукь.

Ахъбердилав цевего
Чияр гуллица чIвана, –
Чачаназул цо рохьоб
Бихьана гьесул зани...

... Дир хирияй, гьалеха
Шамилил рокьул къиса, –
ШаргI гуреб нилъерабги
БукIана цо-цо гьосул.

**КIИБЕТIЕРАБ ЦIУМ**

Шамил цIакъ хIикмалъана,
Шамил кIарун велъана,
КIибетIераб цIум бугин
Сардарасул гербалда.

Суал кьун гьикъарабго,
Гьасие жаваб кьуна:
Гьеб бугин падишагьил
Кверщалил гIаламатин.

Шамил хъахIил зобазде
Балагьарав кIалъана:
КIиго бетIер бугеб хIинчI
Жиндие хIажат гьечIин;

Эхеде рахинеги,
ГIебеде роржинеги
ГIелин кIиябго кваркьи
Каф-Дагъалъул цIумазе...

Живгоги гьав мугIрул цIум,
ЦIа кьурабалъ боркьараб
Кьалулъ, бид вецIцIулаго,
Саназ, саназ вагъана.

Дагъистаналъул гъугъдулъ
ЧIахI гIадамаз кванайгун,
Кваркьаби имамасул
ГIодой, гIодой далана.

Ахир, ахирияб как
Августалъ Гъуниб кьурда...
Гъудул къвакъвадарал куц,
Къуват гьечIеб цIум бихьун!

Гьелъул анцIила ичIго
Ругъун унтулеб буго.
Имам ганчIихъе щвана,
Генерал гIодов чIараб.

«Сардар, свакана дир рагъ...»

Сверухъ хурдузда би, цIа,
Хвава цоял наибал,
Хиянатлъана цоял.

Дур къеркьей херлъанилан,
Къуват дагьав лагъасда
Къаси Аллагь кIалъана...
КIудияб зани – Гъуниб.

«Дица хIукму гьабуна
Хвалчен лъалиниб лъезе.
Дуцаги дир мискинаб
Дагъистан паракъат те».

Къо бакьулъ гьалдолеб бакъ,
Полказул офицераз
Имамги гIагарлъиги
Гъобе гIодой рачана.

ГIоралда биххараб кьо,
Нухда гъурараб гьоко,
Гъазаваталъул чалма...
Сверухъ шинелал, хучдул...

Россия – гIатIидаб хур,
БатIияб мацIги кечIги.
Калуга рикIкIад буго
Гендерил парсаздаса.

Бугебги букIарабги
КIиялъулго пикрабаз
КIилъулеб буго бетIер
ХъахIлъарав муридасул.

Кьижарабгин борчIараб
БачIун кIалъараб мехалъ,
КIиго ракI цохIо каранлъ
Багъулеб буго гьасул.

Цояб – АхIулгохI гIадин,
Аваразул ракьалда
Дол кьураби чурулел
Кьур-кьурарал гъойсуял.

Цогияб – авлахъ, гIазу,

ГІурусазул пачалихъ,
Россиялда борчараб
Аслияб рачел – Волга...

Гъасда ракІалдещвана
КІиго бетІер бугеб цІум, –
КІиго гурин дир бугеб,
Дагъалги цІикІкІун ругин.

Данде кколареб пикру,
Кин чІумал рикІкІаниги, –
Аллагъасда гьикъана,
Гьесги цо жаваб кьечІо.

Шамил цІакъ хІикмалъана,
Шамил кІарун велъана,
Жиндирго къисмат цІехон
КъватІиракьазде ана...

... Гъасда лъачІо Волгаги
МагІарул гъойсуялги
Каспиялда дандчІвалел
ЧІалгІаде, гьадин гурел.

## ШАМИЛИЛ ХАНЖАР

БукІана кІиго ханжар
КІудияв имамасул:
КІудиябгун гьитІинаб, –
Гьезул къиса бицинин.

Гьеб диеги бицана
Цо минадул ганчІица
Генуб росдада аскІоб,
Гъойсудал рагІаллъуда...

... Пачаясул аскараз
Генуб росу босигун,
Гьенир ахалгин тІохал
Гьезул тІаргъаз цІуралго;

ЦІолбол гъабуялъан ун
Имам ГъазимухІамад,

Лъукъарал муридалгун,
Гьаб рокъове щун вуго.

Рагъуй гурарал гъуждул,
Гъазаваталъе хвелин,
Хурдуз рахчарал ругънал,
Хунжрул кIиябго кверзукь.

Рехун тараб гьегь гIадаб
ГьитIинаб кIкIалал мина
Гьанже, кор гIадин, буго
Кинабго рахъалъ цIадулъ.

Кисанго хучдузул рохь,
ПештIолел даим гулби,
Горбода рахас бараб
Асирлъулареб гьаб ригь.

Полкалъул офицерал –
ГIалхулал кьурабазда:
«ГIадалаб кьал рехун те!» –
Кверде рачIа нужилан.

ГIурччинаб байрахъалъул
ГьечIо картIахинчIеб бакI, –
Кодоса бортун ана
ГъазимухIамил ханжар.

Гьанже жив шагьидлъанин
Шамил вукIа имамин, –
Ахираб хутIма гьабун,
Хучдузде кIанцIана гьев.

Гьесие къадар ккола,
Гьесул къокъа мигьлъула,
Къеде бортараб ханжар
Шамилица босула.

ТIохил рагIалде вахун,
Борхатаб гьаракь гьабун,
Живго, пири кинигин,
Цо руккалилъ речIчIула.

Гьаб рахъалда паркъола,
Доб рахъалда бубула, –

Бида вецIцIун унев гьав
Ицц къваригIун вукIуна.

Амма цо сухъмахъалда
Солдатас, тIаде кIанцIун,
КIовухъе Шамилида
Чахьалда хеч тункана.

Гьаб кьур-кьурун къватIиб цIан,
Жинца къисас босилин,
Ханжар кигIан хьвагIараб, –
ГIунтIичIо кьокъаб букIун.

Гьебги ракIалда бухIун,
ВукIинесев имамас
Хеч, къватIибе цIачIого,
Къазабуна жанибгIан.

Цинги дандиявгун гьав
Данд цвизе гIагарлъана,
«Аллагь, дихъе къуват кье» –
Кьабана лъабцIул ханжар.

Лъарал, гIорал хъудана, –
ГIурччияаб гIидраялда
РикIкIадаб Россиялъул
Васасул бетIер буго...

Шамил, ругъназул цIурав,
Гъапуллъун гIодов ккарав,
ГIадамаз чIегIер барав,
ЧIаголъана, вахъана.

Цо гIалхуда вукIарав
ГIи хьихьулев васасда
Иццухъ ругъналгун чалма
Чурулев гьав ватана...

Цодагьаб рухI щварабго,
Шамилица абуна:
«Имам ГъазимухIамад,
Дур ханжар кьокъаб бугин;

Халатаб къеркьеялъе
Гьеб цIакъ гьитIинаб бугин;

ГьитIинаб миллаталъе
КIудияб хIажат бугин..»

Амузгияз гьабураб
Гьеб кIудияб, халатаб
Ханжаргун вагъана гьав
Жеги лъеберго соналъ.

Цинги санал сверана,
Ссундузда кьал кьижана, –
Сасарал кьурабазухъ
СагIтаца балагьула...

ЧIварал муридазулги
Хварал солдатазулги
Хиялаз ва пикрабаз
Пашманлъула керен, ракI.

Дица кибго ахIила.
Киналгогун кIалъала, –
КIудиябгун гьитIинаб
Ярагъ цо хIажат гьечIою

ГьитIинаб бокьулеца
Гьулакгин кини кIикIе;
КIудияб бокьанани,
Гьеб буго рокьи, вацлъи.

Дица кибго ахIила,
Киназдаго кIалъала:
Я халатаб, я къокъаб
КъваригIун гьечIин рагъин.

Къокъаб дуе бокьани,
ЛахIзатгIан къокъаб гIумру
Халатаб дуй бокьани,
НухгIан халатаб гIумру.
ЦIуне гьеб!

## КIИГО СИ

I

Свакарав курсант гIадин,

Кагътида бегун къалам;
Квералги нилъалзукь лъун,
Столалда нахъа дун.

Сунеб-бакулеб фонарь
Пикрабазул, къасдазул,
Къеда сураталдасан
Дихъ балагьун кIиго чи.

КIиялго – аваразул
РагIарал аварагал;
Цояв – шаргIалъул имам.
Цояв –шигIрудал наиб.

КIиго батIияб заман,
КIиго гьетIун араб нух;
Хъатикь тIамургин цояв,
ТIагъихъахIгун цогияв.

Цоясул тIагъуралда
ТIад къараб хъахIаб чалма;
Цогиясул хъурайсин,
Хъибихъун базабураб.

Цояс чарлъулеб мегеж
Хинаялъ белъун буго, –
Херлъидул цо гIаламат
Бихьула тушбабазда.

Цогиясул кьурарал
Кьурул гIус гIадал михъал, –
«Рокьи гьоркьоб гьечIони,
Кьалул харбил кеп гьечIин».

Вуго Генуса Шамил,
Гурун чухъил къвалалгун,
Хвелин, амма гьеб улка
Капурлъизе теларин.

Вуго ХъахIабросулъа
Анасиласул МахIмуд, –
Аллагь, алжан дуйго те,
Дой яс дие тейилан...

II

Тамашаял пикраби,
КIиго релълъинчIеб хIисаб;
Гъал кIияздаго вуго
КIалъалев дун иргадал.

КIудияв Шамиллъидал
ТIолго Дагъистаналда,
Дирго гъалдолеб накъит
Гъесдасан байбихьана:

«Гъардарав имам, бице,
Мун рекъечIеб иш ккечIищ
КочIохъанасул сурат
Дургун цого къеда бай?

Мисри, Шамалда лъалев,
Мадиналда вукъарав,
Муршид, дур мадугьалихъ
МагIарул «лоти» вати?

Инсул мехтел чIечIони,
Живго чIвалин вукIарав, –
ЧIвалеб гьечIищ чIагIдал махI
МахIмудидасан дуда?

Эбелалъ кечI ахIунин,
Гьей тамихIалде цIарав
Мунапикъил гьаркьица
Макьу толеб бугищ дуй?

ГъаракIуниса СагIид
ГIалимчи вукIаниги,
ГIурулъе досул хъуби
Дуца гурищ рехарал?

АнцIул сокIкIун гьарурал
Пурщабазул тIиналда
Цо тIанкI шараб бугила,
Щаклъун квен кваначIев мун.

Имам, дуда цеве дун
Цевехунги гIайибав,
ГIащикъасул кучIдуца
Дур как хвезабуларищ?»

... Имам, чIумал рикIкIунев,
ЧIана, дихъ валагьана,
Гьанже вугев мадугьал
Дий бегьулев чи вугин.

Гьасул гIадинал кучIдул
Киназулго рукIани,
Какил михIмаралдаги
АхIизе телаанин.

«АхIулгохIда гьадинаб
КIал-мацI рагIарабани,
КIалккул моцIалъги дица
Лълъар цIун маян кьелаан.

МахIмуд щив, щайтIан вукIа,
Гьаб щавкъалъул щигIраби,
Дирго ШугIайнатие
Щурилаан дица гьел.

Дун цIакъго рази вуго
Мадугьалихъ гьав вукIун,
ГьаракIуниса СагIид
НекIого кIочон тана...»

Гьадинаб ккана хабар,
Хадуб дун балагьана,
ХъахIабросулъа хIара,
ХIинкъуларищ мунилан.

«КочIолаб хIасраталъухъ
ХIоцосес бухараб мугъ,..
Шамилихъе къотIизе
БетIер кьолев гьечIищ мун?

БатIи-батIияб дугIа
Кинан цоцалъ рекъараб?
КечI ахIунин Маринил
Букъараб кIал кIочанищ?

ЦIадар рухIарал тIанчал,
ТIутIурал пандрил чIваби,
Берталъ загьру гьекъезе
Поэт тIамураб байдан...

Ясазухъ балагьунин,
Берал рахъарал вацал,
Игьелдерил доб мали,
Магьдилав кIочон танищ?»

МахIмуд дихъ балагьана:
«Щиб бицунев мун вугев?
Шамил – мугIрул авараг,
АскIор щал рикIкIунев мун?

Дун досул как лъугIигун,
Дагъав кватIун гьавуна,
Гуребани, дир Карпат
Доб Даргъоб букIинаан.

Дун досул кьал къотIарал
Къоязул вакил вуго,
Гуребани лъалиниб
Лъезе букIинчIо ханжар.

Бекьилъ росулъ букIана
Рокьи ккараб дир микки;
Муил къаву букIана
Дун балагьулеб къирбал.

Гьелъ куцун ватана дун
Гьаб цо «квешаб» диналъе, –
Дун къуличIо, къвакана
Килисалда Марияй.

Доб, Дагъистан перхолеб
Мехалъ вукIаравани,
Дун имамасда аскIов
ВукIинаан наиблъун.

Доба АхIулгохIалда
Ахъбердилав кинигин,
Киналго хIалбихьиялъ
ХIажимурад кинигин.

Инаан Чачаналъе
Гьалагал гьужумазде,
Досул чодул рачIалда
Дирго чол бетIерги цун.

Бахинаан Алазан
Чабхъаде вахъун дица,
Чавчавадзел бикаби
Хъамун нахъе вуссине.

Дир пандрил кIиябго чIва
ЧIоразде руссинаан,
Гъуниб доб августалда,
Бищун ахираб кьалда.

Дун Карпаталде гуро,
Калугалде ккелаан.
Какги Марияй гуро,
Аллагьасе балаан.

Исламалъул гIурччинаб
Байрахъгун вукIинаан, –
Пал лъица тIамураб дий
ТIохазда тIамур хъвазе».

Свакарав курсант гIадин,
Кагътида бегун къалам...
Къаси гьаб кIиго сигун
КIалъалеб буго пикру.

Дирги гьетIарал нухал,
Дирги батIиял мехал,
Балъгого рарал какал,
Рагьун ахIарал кучIдул.

Дир рокьоб къеда буго
Шамилил ханжар-рачел,
Хадуб цун мадугьалихъ
Буго МахIмудил тIамур,
Огь, магIаруллъи,
Дагъистан!

## БИЦУНА

Бицуна, СалтIа щобда
Шамил захIмат лъукъигун,
Щивго аскIов гьечIин ккун,

Гьев зигардараб мехалъ,
Гьасул щуяйго лъади,
Щиб дуе ккарабилан,
Щуго килищ кинигин,
Гьасда аскIор чIанилан.

Тохтирзаби ахIанин,
Имам лъукъун вугилан;
Аварав сах гьавизе
Живго Пирогов щванин.
«Щиб бакI унтулеб бугеб,
Чорхол ругъун киб бугеб?» –
Кодоб бугеб къебелъи
КъватIибе бахъанилан.

Бида вецIцIулев имам
КIанцIун тIаде вахъанин:
«Дун лъукъун вугин абун
Абураб щив? – Гьеб хабар!»
Ана, хвалчен къватIиб цIан,
ЦIадулаб рагъулъе гьав,
Цоги цIиял ругънал щун,
Ккана щобда гIодов гьав.

ГIурусазул хирургас
Хвел гьасухъе биччачIо,
Абула, гьеб сабалъун,
Сардар цIакъ ццидаханин.
Пироговас гьесие
Жаваб гьабун рагIула,
Жив рагъазул тушманав
Тохтир вугин, пачайин.

«Дида щибго лъаларо –
Щив битIарав, щив тIекъав,
ТIолеб би... цохIого кьер,
Миллат, мацI гьикъуларо..»
Шамил ругънаца цIурав...
ЦIияб операция...
КигIан унтаниги эс
Цо агьилан абичIо.

Эб кин хIехьарабилан,
Имамасда гьикъигун,
Гьас жиндирго лъудбузде

Лъалаб ишан гъабуна:
ЧIужугIадан йихьигун
Бихьинчи чарлъуларин,
Бихьинчи бихьинчилъун
ЧахтIабаца гьавулин;

Чоде вахунеб мехалъ,
Лъадуца цIал кьурав чи
Кьуризе гьавулеб гуч
Цо пачаясул гьечIин.
«Гьелъин дица руччаби
АхIулгохIде рачарал,
Угьи рагIунгутIизе
МагIарул бихьиназул.

Гьезда рагIун цо рагIи
Къадараб борчIанани,
БечIараб гъветI кинигин,
Гъарим вуго аварав». –
... Дун гьелда рази вуго,
Дун кочIохъан ватани,
Киналъего гIайибай
Йиго цо магIарулай.

* * *

Дир кIиго гIайиб буго
КIудияв Шамилиде:
Хан-бика, чIужугIадан
ЧIвазе щай гъос йиччарай?

Цинги гьитIинав Булач,
Гьесул би гъосул кверда, –
Бугъаялда рекъолищ
Бачилгун хвалилаб рагъ!

Хадубги дагIба буго
Гьидерил Хучбариде:
Ханасул рукIаниги,
Лъимал цIадай рехунин.

Гъозда бугеб гIайиб щиб?
ГIадалаб бахIарчилъи...

РачIа лъимал цIунизе,
Лъидаса рукIаниги.

**ГЪАРАКIУНИСА САГIИД**

ГъаракIуниса СагIид,
ГIалимчиги шагIирги,
Дуца къабул гъаричIо
Гъазаватги Шамилги.

ШаргIалде мугъ рехарав
Мунапикъилан абун,
Муридзабаз хъамун мун
Ана Гъазигъумекив.

ГъаракIуниса СагIид,
Имамасул диваналъ
Дур мажмугIал рухIана
ГохIил борхалъиялда.

Пандрил чIваби тIутIуна,
ЧIагIдал хъуби рекана, –
Мазлум гIодов вукIараб
БакIни щиб, гамачI течIо.

ГъаракIуниса СагIид,
Мун тIахьахъ зигардичIо,
ТIабигIатгун цоцазде
Дандкколарел рукIанин.

Цояца цояб бицун,
Цогияз гIакса бицун,
Цо гIищкъу тун, хIажатаб
ХIакъаб гIакълу батичIин.

ГъаракIуниса СагIид,
Мун пандрихъ инагьдичIо, –
Пандрил чIваби рукIинин,
КучIдул ругебгIан мехалъ.

КечIги букIине бугин
Рокьи бугебгIан мехалъ,
Рокьиги букIинила

СагІид вугебгІан мехалъ.

ГъаракІуниса СагІид,
Мун дагъав пашманлъана,
Гьакълил хъуби, щегІ гьабун,
Щущанин бицарабго.

Доб магІарухъ гІадинаб
Додинаб чІагІаялъе
ЧІагІа букІине гьечІин,
БугІа киса щвелебин.

ГъаракІуниса СагІид
ЦІакъго цІакъ къварилъана,
Жив гІодов чІарал ганчІал
ГІоралъ анин бицингун.

ГІурул рагІалде вачІун,
Дур кІутІбуца щурана:
Шамил, бетІер къотІейин,
ВатІан ракълида тейин.

*1984*

## ХІАЖИМУРАДИЛ КЕЧІ

Дун ХІажимурад вуго,
ХІинкъичІо дун гІумруялъ, –
Гьанже хІинкъун вуго дун,
Рокъосан хабар кватІун.

Къваридай эбелалъул
Вас, дургун кІалъай бугин,
Дихъе вачІаян абун,
АхІулеб гьаракь рагІун.

Гвандиниб тІамун бугеб
ТІанчІил берал цере чІун,
ЧІегІераб кІкІуйдулъ босун,
Дагъистан ракІалде щун.

Дун ХІажимурад вуго,
ХІинкъичІо дун лъикьаго, –
Гьанже хІинкъи бачІуна,

Арал сонал цере чӀун.

Иргаялда рачӀун гьез,
Мун гьанив щибулеван,
Шамилил наибилан,
БадибчӀвай гьабулелъул:

«Азарго тушбабаца
ТаризавичӀев дуца
Тараб кин магӀаруллъи
МацӀихъабазе гӀоло?»

Дун ХӀажимурад вуго,
ХӀинкъичӀо сундасаго, –
Гьанже хӀинкъулев вуго,
ХӀанчӀазул бакънал рагӀун.

Гьезул кӀиго кечӀ буго,
КӀиябго дие буго:
Дагъистаналъ битӀараб
Саламги нагӀанаги.

Сордо рогьинегӀан гьез
Кьижизе виччаларо.
Рогьалил канлъи щола,
Квераз берал рахчула.

Дун ХӀажимурад вуго,
ХӀинкъизе бегьуларо:
– ХӀал бихьарал муридал,
Дир ярагъ кье, чу кьолой!

Чода нахъа бахъараб
ХӀуралъ бецлъаги тушман;
Бахъилин хвалчабаз нух
Хирияб ватӀаналде.

Дове щвечӀонаниги,
Долъие шагьидлъила, –
Дагъистан, къабул гьаве,
Гьале дур ХӀажимурад...

*1970*

* * *

Щуго килищ, щуго кечI
Киналго чабхъеналъ дир.
ТIоцебесеб ахIула
ХIайранай эбелалъе:

Дун хун гьечIо, хун гьечIо,
Хвалчен дир хъатикь буго,
Гъежда буртина буго,
Дир барти дунгун буго.

КIиабилеб кечI буго
Хирияб тIалъиялъе,
Гьелъул щибаб тIегьалъе,
Гьелъул щибаб иццалъе:

Дун хун гьечIо, хун гьечIо,
Хвалчен дир хъатикь буго.
Гъежда буртина буго,
Дир барти дунгун буго.

Лъабабилеб кечI буго
Берцинал руччабазе,
Дища ячарай йиго
Гъезда гьоркьосан цояй:

Дун хун гьечIо, хун гьечIо,
Хвалчен дир хъатикь буго.
Гъежда буртина буго,
Дир барти дунгун буго.

Ункъабилеб кечI буго
Дир камилав васасе.
НекIсиял дир тушбаби
Досда киналго лъала:

Дун хун гьечIо, хун гьечIо,
Хвалчен дир хъатикь буго.
Гъежда буртина буго,
Дир барти дунгун буго.

Щуабилеб кечI буго
Киналго тушбабазе, –
Гьале дир ракI, гьале дун,
Дандеса данде рачIа!

Дун хун гьечIо, хун гьечIо,
Хвалчен дир хъатикь буго.
Гъежда буртина буго,
Дир барти дунгун буго.

Щуго килищ – щуго кечI
Киналго чабхъеналъ дир,
Чол тIукъбузул бакъназда
Рекъезабун ахIулеб.

## ХIАЖИМУРАДИЛ ЭБЕЛАЛЪУЛ КУЧIДУЛ

1

Кьурулъа кIкIалахъе кIанцIана чанги,
КIихIи бекараб бох дур галадичIо.
Гьанже мун кIанцIараб кIкIалал гIасилъи, –
ГIумруялъ гьениса мун ворчIиларо.

Чабхъаде аралъув давлаги босун,
Вуссунаан нахъе, Дагъистаналде.
Гьанже тушбабазе давлалъун ккарав,
Кибдай дуца телеб къотI-къотIараб черх?

Дунги асир йиго мун вуссинегIан, –
Вуссунеб сапарищ дуца гьабураб?
Дунги къорикь йиго мун вачIинегIан, –
ВорчIулеб къорищха дуца бищараб?

Яги пачаясе яги Шамилий –
Щивниги чиясе мун мутIигIлъичIо.
Амма гьал мугIрузе мутIигIлъичIезул,
БетIер къотIулеблъи, дида гьеб лъала.

2

БетIер къотIулебищ ХIажимурадил, –
Чан къаркъала бугеб гьеб къваригIараб?
Черх батIалъулебищ ритIучIил тIанчIил, –
КигIан бутIрул ругел лага гIоларел?

Нужеца къотIараб гьеб бетIер буго
БатIияв цогияв ХIажимурадил.

Гуреб батанани, гъебги гъежда лъун,
Лъалиниса ханжар къватIибе бахъе!

Нухда букъун тараб къаркъала буго
КъватIив наибасул, нижер гуро гьев. –
Уяб гьечIонани, чIор гIадинаб черх
Нужерго ботIрой лъе, лъалин гьебмехалъ.

РачIа магIарухъе хIалбихьизе цо,
ХIажимурад чIаго вугищ, гьечIищан.
Хал гьабе кьер-кьерал кьурул сиязухъ, –
Кьвагьи къотIун бугищ, кIкIуй тIагIун бугищ?

ГIумруялъул ахир, гьетIун букIараб,
БитIизе гьабуна хвалчаца васас.
Хирияб цIаралда лъун букIараб тIанкI
ТIухьиялъ бацIцIана дир итаркIоялъ.

*1970*

## «ХIАЖИМУРАД» АБУРАБ КАРТИНАЯЛЪЕ

### Эбелалъул кечI

ВахIатута, хIатута,
ХIажимурад, дир мурад, –
Ханжа-рачел чармилав,
Чода кьили гIарцулав,
Булбулалъул мугъалда
Рагъуе хъала барав,
ХъахIилаб ралъадалда
БагIараб цIа бакарав.
Мун хирияб дир канлъи,
Дица хахунгутIизе,
Ханжар чIвараб каранда
ЧIамчIамалги лъун кьижа.

ВахIатута, хIатута,
ХIажимурад, дир хIасрат, –
ХIайранал мугIрул руго
Дихъги духъги ралагьун.
Дица дирго цIумги тун,
ЦIуяб гъеду хахилищ?
Ханасул гIанкIихъ дица

ГІагараб гъалбацІ кьелищ?
Кьижа мун, ХІажимурад,
Дир каранзул ругънада...
Кидаго вахъиларо
Мун дихъа, дир хъарчигъа.

*1966*

* * *

МугІрул гІодулел руго,
ГІорал бид росун руго.
Дагъистан тун жив арав,
Лебалав ХІажимурад.

РухІулел руго, цІоб тун,
Тушбабаца росаби.
Мун гьелгунищ рекъарав,
Нижер рекъав багьадур?

Къадруяв имамасда
АскІов гьечІо мун жакъа.
Дур хвалчен капурзабахъ –
Кинан хвечІев мун, наиб?

МугІрузул гІайиб буго,
ГІорал ццидал цІун руго.
Дуе нагІана кьолел
Кьурул свераби руго.

Ругънадаса кидаго
ЧІорто бахъулеб гьечІо,
ЧІвалел руго дур вацал,
Холел руго дур яцал.

Дуда кІочон толебищ
КІкІуйдулаб нилъер тІалъи?...
Биялъ рогьо чуризе
Чу кьолой, ХІажимурад!

*1966*

## ЦIУРМАЛ РАРАБ ЦIУМ

Бицинин, бицинин дица цо цIудул,
ЦIорол минабазухъ мугIрул хисараб.
Бицинин, ругьунаб гьава жибго тун,
Гьундузул тIулбузда тIад рещтIаралъул.

Бида росун хIанчIи рагъулеб мехалъ,
Гьелъ куркьбал риччана: «ккве, дун чIваге» –
Бакъараб эркенлъи къваригIун гьечIин,
Къваридаб борхалъи жиндий щайилан.

Ана гьаб гIодобе тушманасухъе,
Тахида хьихьана гьеб хважайинас.
Гьелда цIурмал рана, гьелъий цIар кьуна
ЦIум къойил кодоб ккун кваназабуна.

Ва амма цIудуда рогъалил макьилъ
Бокьулеб гIаздалаб тIалъи бихьана;
ВатIанги зобалги цIурмахъ кьеларин,
Кьабун кваркьабигун нахъе боржана.

Щвана гьаб жиндирго гьалмагъзабахъе:
«Гьаваялъул тIанчIи, тIасалъугьа нуж».
Гьалда ругъназ цIурал цIумаз абуна:
Дуда цIурмал рарал гьундухъ хвайилан.

Гьел хиянаталда тIасалъугьинчIо, –
ТIаделъун рикIана цIумалъул берал.
Лугбал, куркьбал гъурун гьоркье рехана
Гъваридаб кIкIалахъе Дагъистаналъул.

*1966*

## ХIАЖИМУРАДИЛ БЕТIЕР

– Бице, къотIараб бетIер,
Кинаб ракьалдаса мун?
– Кавказалъул рагъулал
Гъулдулъ букIараб буго.

– Бице, мун батIалъарав

БетIергьан щив вукIарав?
– Щибго хIинкъи лъаларев
ХIажимурад вукIана.

– Кибго рагIараб бетIер,
МугIрул бахIарчиясул,
Бице, мун къотIарав щив,
Къаркъала киб хутIараб?

– Гьеб цIакъ халатаб къиса,
Гьеб цIакъ къваридаб хабар…
КъотIана дун тушбабаз,
Тана черх Нухаялда.

– Тушбабахъе кин щвараб
Шамилил бацIил бетIер?
– Шамилги тун ана дун,
МацIихъабазда божун.

– Щибизе мун къотIараб
ЧIвараб къаркъалалдаса? –
Къаникьа дун вахъинин
ХIинкъана тушманзаби.

... КъотIараб бетIералъухъ
Балагьун вуго жакъа.
Бида босараб тIалъи
ТIамулеб буго цебе.
Рихьула дида кIкIуйдулъ
МагIарул жаназаби,
КIкIалабахъе лъугьунел
Лъукъ-лъукъарал муридал.

КъотIараб бетIералъухъ
Балагьун вуго къварид, –
Огь, гьадинаб хазина
Хвалчабакье кин ккараб?
Дида кIалъалалеб буго
ХIажимурадил бетIер,
ВатIаналде нух къосун,
Къисмат гьадинаб кканин.

КъотIараб бетIералъухъ
Балагьун вуго къасдалъ, –
ХIажимурадил бетIер

Гуро дида бихьулеб.
Дида бихьулеб буго
Нусго, азарго бетIер,
Рокъобе нух къосингун,
Хвалчабаца къотIараб.

*1966*

## ХIАЖИМУРАДИЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ ХЪВАРАБ КИНОСЦЕНАРИЙ БИЧЧАЧIЕБ МЕХАЛЪ

Дур бетIерги къотIана,
Къаркъалаги бухIана;
Заманаги хисана,
Хаселалги сверана.
Амма гьанжелъизегIан
Лъаларо щай хIинкъулеб,
ХIажимурад, дудаса
Гьаб Госкино, гьаб «Мосфильм»?!

## АХЪБЕРДИЛАСДЕ КЕЧI

АхIилин, магIарулал,
Дагъистанал, чачанал,
Чодул кьолонив гIурав
Ахъбердиласде шигIру.

Нилъер щобазул сабру,
Нилъер сиязул пахру,
Рахьги биги кинигин,
БукIана досулъ жубан.

МугIрул нухазул рачел
Борчараб дос чучичIо,
Черхалда гьалдолеб цIа
ГьитIинго бараб свинчIо.

Хунзахъ чархида ккураб

Досул камилаб хвалчен,
Кавказ, бице, бакI бугищ
Гьеб бихьичIеб, паркъичIеб!

АхIилин, магIарулал,
Дагъистанал, чачанал,
Чодул кьолонив гIурав
Наибасул рахъалъ кечI.

Гьеб ункъабго Гъойсуялъ
Такрар гьабизе буго,
Терекалъги Сунжалъги
Цадахъ ахIизе буго.

АхIулгохIда бищунто
ХIал ккаравго ватарав,
Ахиралда гурони
Гьениса нахъе инчIев.

Моздокалъул чабхъеналъ –
Чода нахъа лъун бика,
Бек-бекун лъураб тIагъур,
ТIолго Гъизляр хIайранго.

АхIилин, магIарулал,
Дагъистанал, чачанал,
Чодул кьолонив гIурав
Аварасул рахъалъ кечI.

Гьеб кечI нилъгун ахIила
ХъахIилаб зодихъ цIумаз,
Гьесул цIаргун гьесул цIа
Дол цIвабзаздацин лъала.

Бищун ракIараб хвалчен
Хирияб тIалъиялъул,
ТIоцевесав инарал
МугIрул имаматалъул.

Шамилица цо кьолеб
Кьалул орден босарав,
Живгоги орден гIадав
Эркенлъидул каранда.

АхIилин, магIарулал.

Дагъистанал, чачанал,
Чодул кьолонив гIурав
Ахъбердиласде назму.

Досул цо гIайиб ккана –
Камуна цIакъ хеккого;
ХабатIе Чачаналъе
ВачIана Шамил богун.

Гъос как бана, къо лъикIин,
Къаникь лъураб божийин,
Жиндир къасд букIанилан,
Дун хисизе мун вугин.

«НагIана тIухьиялъе,
Гьеб бихьичIеб, гьеб лъачIеб,
ТIерхьараб куц хех хьухьикь
Дир хьулалъул багIарбакъ».

Чанги би тIураб кьвагьи
Гьал кьурабалъ гъугъана;
Гъуниб магIарда зани –
Кавказалъул рагъазул.

Божарал наибзабаз
Хиянатлъи гьабурав,
Хучдузул рохьов вугев
ГIарцухъ вичарав асир.

Досул ракъварал кIутIбуз
Къварид щурулеб буго,
Щай Ахъбердилав жакъа
Жинда цадахъ гьечIеван.

Досул гIаращ букIанин
ГIагарал кьурабийин,
Досул месед букIанин,
Дагъистан, дур эркенлъи.

АхIилин, магIарулал,
Дагъистанал, чачанал,
Чодул кьолониб гIураб
Лебаллъидул рахъалъ кечI.

Дов кIочонгеян абе

ЦIияб гIолеб гIелалда,
Досул цIа жеги-жеги
ХIажалъизе бегъула.

Довги досул къокъаги
Даим къисабалъ рукIа –
Досде шигIру ахIизе
Шекспир къваригIун вуго.

* * *

Бищун хвалчен рекIарав,
Бищунго ракI щулияв
Щуго наиб вукIана,
Шамилица абулел.

Хвалчаби гъаз ралаан
Кваранаб рахъалдасан,
Киназулъго цевесев
ВукIана Ахъбердилав.

Бищун хвалчен рекIарав,
Бищунго ракI щулияв
Щуго гIащикъ гьанже дур,
Дагъистан, вугищ, бице?!

Щал кочIохъабаз балеб
Кваранаб рахъалъ хвалчен, –
ГьечIищ цо Ахъбердилав
Аваразул рокьуе?!

## УНКЪКИЛЩИЛАБ КВЕР

I

Хунзахъ росу бакьулъа
Ахъбердил МухIамадил
Аваразул росабалъ
Нус-нус хабарал руго.

Чан кьвагьи ккананиги,
КьвагIи гьечIеб сиялъул
Кьурда речIчIулел гIораз

ГIемер бицунеб буго.

Рагъул щобалъ гьав лъарав
Шамилица абуна:
Гьадинаб щулияб ракI
ГьалбацIил букIинчIилан.

Пачаясул чIухIарал
Офицераз абуна:
Ахъбердиласул гIадаб
РекIараб ханжар лъачIин.

Гьеб лъана АхIулгохIда,
КIудиял чабхъеназда,
Чачаназул рохьазда,
Борохь гIадаб Сунжалда.

Даргъоялда бицуна,
Моздокалде чабхъад ун,
Чодул кьолодаги лъун,
Гьас бачIараб чаналъул.

Гьей эрменияй йихьун
Имам паналъиялъул, –
Аннал ШугIайнат гьаюн,
Шамил гьейгун цолъана.

Гьасул хвалчадуд паркъи,
Гьеб лъала Гъизляралда;
Гьикъе, гьелъул бицина
Терекалъгин Каспиялъ.

Варвара Архипова,
Валерикалда ккараб
Кутакаб кьвагьидул дуй
Лермонтовас бицана.

Гьениб Ахъбердиласул
Авар чуялъул пунхъи.
Чачаназул наибас
КъотIарал хвалчад бутIрул.

Гьеб хвалчен ккураб кверги
Ункъкилщилаб букIана.
Киб араб щуабилеб? –

Гьеб цоги хабар буго.

Гьеб дий Хунзахъ бицана,
Хадуб мухIкан гьабуна,
Гьасул хабаде щвезе
Чачаналъе щваравго.

II

... Чачаназул ракьалда
Цадахъ рачел борчарав
Цо гьудул вукIун вуго
Ахъбердил МукIамадил

Цоцазул черхалдаса
Чвахараб биги жубан,
Жал вацал ругин гьанже, –
Тунчул кьвагьун руго гьаз.

Цо кьурда, цо бакIалда
КIиго тIанкI тIухьиялъул;
КIиго Шамилил наиб:
Щулатал, таваккалал.

Шатоязул Ботако,
Хунзахъа Ахъбердилав,
Гьазул чуял цадажъ цояб,
Цоялда хадуб цо щиб.

КIиго хвалчад къотIулел
Хвалилал рагъул нухал,
Гьел рихьулел рукIана
КIкIуйдулал росабазда.

КIиго цоцахъе кьурал
Кверал ратIа гьаризе
Кинго кIвечIо сундаго,
Цо хвелалда гурони.

Хвелги гьаздаса хIинкъун,
Чан нохъода бахчараб, –
Бадиса бадиб инчIо,
Балъго щурун бачIана;

Борохь гIадин, цер гIадин,

Гьеб цоги хабар буго, –
Дица бицунеб буго
Ункъкилщилаб кверальул.

III

Цо нухалъ гьал кІиялго,
Рагъул цІаялъ роркьарал,
ЦІорораб лъим гьекъезе
Иццухъе рачІун руго.

Иццал дол чачаназул
Рохьор ругел берцинал, –
Цо-цо махалда ккола,
Каспий гьезухъ кьелилан.

Гьал, рачалаби чучун,
Чуязул кьалал рахъун,
Гьелги гІурдаде риччан,
Дагьалъ гъапуллъун руго.

ТІаде гьетІарал гъутІби,
Гьезул тІанхазул шур-шур,
Щобдасан бачІунеб бакъ,
Гьалги гьоркьор тун унеб.

АскІоб гІагарда росу,
Гъасда хьаг, хъазан гІадин,
ГІертІалгун, гулгуналгун
Иццде уней кІигояй...

... КІиявго наибасда
КІиго макьу бихьула:
Цоясда – йокьулей яс,
Цоясда – кьвагьи, гьужум.

Амма кьвагьиялъ гуро
Гьазул чуял кьолорал,
Чачаназул ясазул
Сариназ гьал ахІула.

«Цебеса а гьанже, бакъ,
Дур къалъи хІажат гьечІо!» –
Къанщарал берал кІвекІун,
Балагьана наибал.

Гьале кIиго гIолилай,
ГIертIал цIун чвахулеб лъим,
Цин чуяхъ балагьана,
Цинги гьазда бер чIвана.

– Щваралищ, рачIаралищ? –
Намусабго рорчIами.
– Босе гелги гулгунги,
Ясал, ниж къечон руго.

– Росулъ хабар щиб бугеб?
– Щиб... рагъ-кьалалъул буго.
Нужергин ШугIаибил
Щибас бицунеб буго...

Ахъбердилас гьарана
Гьал ясазул цоялда,
Цогиги гел цIун кьейин, –
« ЦIа букIана каранда.

Амма цIа кинго свинчIо...
Шатоязул ракьалда
Щиб, Ахъбердил МухIамад,
БахIарав наиб, дуе?!

Хварав, чIварав щив вугев, –
Дур беразул чIваркьи щиб?
Жеги кьалда сорочIев, –
Сири дуда кин бараб? –

Пачаясул аскарал
Жиндаго хадур цIарав,
Хадуб гъваридаб кIкIалахъ
Гъозде тIаде кIанцIарав;

КIудияв Шамилийцин
Кканани рокьи кьечIев? –
Рокьи бищун кIудияб
Дагъистан бугин жиндир...

... Ясал, гIертIал тIерхьана,
Рокьор чундул кинигин,
Рихьуларел зобазде
Роржарал хIанчIи гIадин.

Дагъаб хIал хисана дур,
Хунзахъ росдал хъарчигъа, –
КIалдиб ца гъиричIого
ГъалбацI кколеб лебаллъи.

Дагъаб гIеккана керен,
Дагъалъ чучана лага,
ЧанцIуса лъукъаниги,
Микъ абичIев бахIарчи.

Чан гулла щвананиги
ГаладичIел дур бохдул, –
Гуро, дуй лъугъараб щиб
Гьаб гIурччинаб рогьалилъ?

Ахъбердилас абуна:
Анила дир цо гIумру,
ГIищкъу гуреб, гьанже дир
ГьечIин тIокIаб гъазават.

Гьелъие балила как
Киналго къурабазда,
Кьили чода тIад лъелин
Чабхъад гьелъие ине.

«Гьинкатница бахчулеб,
Бахчун бажарулареб
Гъолъул гьурмада бугеб
ГьитIинаб тIанкIгин гванда.

Дир берал – гьаб гвандинир,
Гъолъул берал –дир рекIелъ, –
Щайзе гьаб гIидраялде
ГIеретIгун гъой ячIарай?

Гъолъул цIорораб лъеца
ЦIа бакана каранда,
ЦIадулал чабхъеназда
Дида гьединаб лъачIо...»

... Ахъбердил МухIамадил
Гьеб хабар рагIарабго,
Халатал лахIзатаца
ХIухь тун чIана Ботако;

Хирияв чиги чуги
Чабхилъ жанирги тIупун.
Гьезде тIаде къуларав
Къваридав пулан гIадин.

Гьесул рекIелъ букIана
КIиго асар багъилеб,
КIиго ханжар цо кьурда
Цоцалъ кьабулеб гIадин.

Гьасде къулун букIана
Къого батIияб пикру:
Гьаб рахъалъ – гIищкъугин рагъ,
Доб рахъалъ – гIаданлъи, яхI.

ГIакълу гьикъулеб буго
Гьас нусго мегIералда, –
МагIарул вац вукIана
АскIов цеве эхетун.

Шотазул Ботакоца,
Квераз михъ-мегеж лъухьун,
Лъабго гулла речIчIана
Гочун унел къасдазда.

ГьитIинаб къоялдаса
КъачIарал хиялазде
КъулчIана цоги асар,
Цабиги кIовухъе къан.

Гьес абуна: Гьудулин,
Гьадай яс дур йикIинин.
Гьес абуна: МухIамад,
Дой бахIарай дур йигин.

Гьес абуна: Дурго ракI
Дуца паракъат тейин;
Гьей гьаризе дун инин,
Дуде ургъел икогеян.

Гьес абуна: Бихьинал
Росабалъ гIемер гьечIин,
Ясал нилъер ракьалда
Камиларо, гIун ругин.

– Гъодинай цоги гьечIо.
– Гьеб дур битIараб буго,
БатIияй ятанани,
БатIиясе а абе...

– Гъолда цIар щиб?
– Лъаларо...
Лъалеб букIана гьесда,
Гьереси бицун тана
ТIоцебесеб нухалда,

Гьесул рекIелъ кIетIана
Маликатилан абун,
Амма мацIги кIутIбиги
КIалъачIо, руцIцIун чIана.

IV

... Бакъ тIерхьана, къо ана,
Къаси сордо рогьана,
Гъоркьан-тIасан гьабулеб
Гьабги добги букIана.

Имамас пурман кьуна,
Кьибилги гIенеккана,
ГIалимчияс магьари
Маликатида лъуна.

Хунзахъа хъалималъе:
Хъапал, чакарул цIурал,
Чахъаби, гIидра цIурал,
ДегIенги цебе гьабун.

Цо баргъич цо килщида,
КIиго курхьин рукьалда,
Микьго къадиро буго
Къалъун гурдил каранда.

ЧохтIо къалеб мехалда,
Къо-къо гIабаси буго
Гьелда ралел, чвархъелел
Чачаназул ясалъул.

Черхалда гIарцул рачел,

ГIинда меседил кIилкIал...
ГIела гьал хазинаби
Хундерил бихьинасул.

Амма гьасие кьолеб
Хазинагун цIанани,
ЦIакъго гьитIинал руго,
Гьорол багьаял гьечIо.

... Къо лъикI, Шатоязул ракь,
КъачIан йиго бахIарай.
Къо лъикI, наиб Батако, –
Бертин букIина Хунзахъ.

Гьенире ахIун руго
Аваралгун чачанал,
Гьав чанги чабхъад араб
Алазаналъул ясал.

КIичIарал сухъмахъал тун,
Унев вуго рекIарав,
АскIоб бугеб нух чIвалеб
Буго чIухIараб пайтон.

Гьелда – гьумер бахчарай
ГIолохъанай бахIарай,
ГIодилейищ гьай йигей,
Елъулейищ лъаларо.

Гьав – машгьурав рагъухъан,
Гьалагал кьалалъ гIурав,
Гьанже гьас бищун буго
ГIищкъул лебалаб сапар.

Гьеб гIищкъул гьечIо гIурхъи,
ГIурхъи буго ракьалъул, –
ГIурхъи чIван Каспиялде
Аксай гIор унеб буго.

Дагъистан, дуде салам,
Дур вас вуссунев вуго,
Мун Аллагьас цIунаги,
Имам разияб Чачан.

КIиябго тIалъиялъул

ГӀорхъуде щвараб мехалъ,
ГӀурул лъим гьекъезе чу
Ахъбердилас бачана.

Гьезда тӀад гьаркьагъунел
Гьалагал цӀумал руго.
Цо гьанире роржуна,
Цин доре кваркьахуна.

Цоязул рагӀад буго
Чачаназул рохьазда,
Цогияб рагӀад буго
ЛъарагӀазул байдабахъ.

Ахъбердилав вачӀана, –
Инсул ватӀан толелъул

БахӀарай пашман йигищ, –
Гьелда хӀал-рахъ цӀехезе.

Гьас цо нухалъ гьикъана,
КӀиго нухалъ гьикъана, –
КӀалъачӀо чачан жага,
Жеги гьоцӀо хъвачӀеб кӀал.

Гьас бигьа гьабун гьалъул
Пардав нахъе борхана,
Виххун ккун Ахъбердилав,
Агьан абун, гьакӀкӀана.

Гьасда цее бахӀарай, –
Угьи, пашманлъини щиб,
Гьимулей, хьимулей щиб, –
КӀарун елъулей йиго.

Дуе щибан гьикъигун
Гьесие жавабалъе
Жеги кӀарун елъула.
– КӀудияв бахӀарчийин.

Дуй щибан – добго суал,
Жаваб – гьадабго релъи.
Гьава къотӀун рачӀунел
ХӀанчӀазда гьеб рагӀана.

Ахъбердилас, чара хун,
Чачаназул щайтIанин,
Щиб дуе ккараб кепин,
Жиндирго кверзул килищ
Тункана бахIаралъул
Гвангъараб гьумералъул
ГьитIинабго тIанкIалда, –
Гьей цодагьай тIуркIана.

Гьас абуна: дида мун
ГIодилин ккун букIанин. –
Дун гIодун яхъанилан, –
Жаваб кьуна бахIаралъ.

– Щай?
– Щаян бицинаро,
Дица къотIи гьабуна
Къаникье гьеб балъголъи
Дидаго цадахъ боссе.

– Дур цIунараб балъголъи
ЦIунизе кIоларевищ
Хунзахъа Ахъбердилав? –
Абе, гьале гIорхъул кьо.

КIиго нух цолъулеб кьо,
КIиго нух бикьулеб кьо,
БахIа.рай балагьана
Цееги нахъехунги.

БахIарай балагьана.
Зодойги гIодоеги,
ГIенекке, МахIамадин,
БахIарчи мун вугелъул:

«Дица дуе бицина, –
Дуца вацлъун гьавурав
Дур гьудуласе абун
ЙикIана дун гьитIинго...»

Гьалъий бокьун букIана
Жеги гIатIид гьабизе.
Гьас гIелилан абуна,
Кинабго бичIчIанилан...

Къурабазде гъугъана,
Гъулдузде цIадал рана,
ГIайиб гьечIеб чода гьас
Чанго нухалъ цIал бана:

«ЦIадулъ цадахъ букIараб,
Щай дуца дий бицинчIеб
Шатоялъул ясалъул
Къисматалъул хIакъикъат?!

Досни жиндир абурай,
Вацасул, гьудуласул
Гьалдолеб рокьи бихьун,
Кьезе хIукму гьабунин....

Дун хIалихьатищ вугев,
Гьудуласул абурай,
Гьейги ячун ботIрода
МагIарул тIагъур лъезе?..

ТIадбуссинабе пайтон!» –
Гьав лъалхъана – чIайилан,
Цинги хантIан бахъана
ТIагъихъахI лъалиниса.

ЦохIо бер къапичIого,
КъотIана кверзул килищ,
Кодобе босана гьеб,
Цо ганчIиде бортараб.

ВачIана меседухъе:
«Нахъ юсса, нух хисанин...
Дир салам бице дуца
Вац, гьудул Ботакода.

Абе гьесда: КIудияб
ЯхIалъухъ баркалайин...
Амма гьедин хирияб
Хазина кIваричIилан.

Дун гьалгъазе гьавураб,
Дур гьумералда цураб
Гьаб дир хIарамаб килищ
Босе, мун тIасалъугьа...

Гьедин абе досдагин
Росдал жамагІаталда, –
Дагъистанги Чачанги
Цо чармилин гьарурал...»

ТІадбусуун ана пайтон,
Пайтоналда шатояй,
Гьей тІойитІулел чагІи,..
Чачаналълъе буго нух.

Нухда бице, Маликат,
Мун гІоданищ, елъанищ? –
ГІодове виччан вуго
Ункъкилщилав бахІарчи...

Гьалда льугІана къиса...
ЦІидаеан рагъал, ругънал...
ЦІадулъ кІиявго наиб
Цоясул хьолбохъ цояв.

Цо-цо кьал сасарабго,
Цоцазухъ гьал гьоболлъухъ, –
Гьав Ботакол лъадуца
Лъола гьезда цебе кван.

Цо-цо ункъил килщилаб
Квер бихьараб мехалда,
ЦІадухъе къулула гьал,
Балъгого къварилъула...

Гьеб къисадул пикрабаз
Дун пашмавго гьимула, –
Гьал цо дирго кверазда
АнцІабго килищ бихьун.

Дол цересел бахІарзаз
Гьабураб гьабунани,
Гьанже гІолохъабазул
Килщал хутІилароан;

Ялъуни ханжар кквезе,
Ялъуни пандур кквезе, –
КиналгІаги гІаркьелал
ГъутІбузул къотІун руго...

Хунзахъ росу бакьулъа
Ахъбердил МухIамадил
Аваразул ракьалда
ГIемер хабарал руго.

Гьел дий Хунзахъ рицарал
Хадур мухIкан гьаруна,
Гьесул хабаде щвезе
Чачаналъе вачIингун.

## КЪОЛОХЪАНАСУЛ БЕТIЕР КЪОТIАРАБ ХАНЖАР

I

МагIарухъ аби буго,
АхIулгохIалде щвечIев
Аварав, гьев жегиги
ТIубан аварав гурин.

Цогиги бицен буго,
ГIешдерил Щулалъул гохI
Щущалареб си бугин
Лебаллъи, гьунаралъул...

Гьунар кIиго букIана:
Цо магIарул, цо гIурус –
ТIасан хьвагIулел хунжрул,
ТIаде ритIарал хучдул.

Эхей унеб ганчIил гIор,
ГIарадабазул топал,
ГIодой гирулел бутIрул
Ванялги МухIамилги.

Бидулъ росун муридал,
Бидулъ росун солдатал,
Сунареб цIадул кIкIуйдулъ
КIиязулго жалазай.

ЛахIавлакъу, аллагьин, –
Абун кьабелев Шамил,
Боже, пача цIунейин, –

Пуллол боязул кьвагьи...

... Рубоца – художникас,
Гьабуна панорама,
Гьаниб ккараб рагъалъул
Картинабиги «регъон».

Гьаб бугин Кавказалъул
Бородинойин абун, –
Ана Петербургалде,
Гьелда аскIоб лъелилан.

Амма гьанже мехалъул
Цо-цо художникаца,
Холст гьечIого, батана
Бихъ-бихъун, къотI-къотIун  гьеб...

АхIулгохI босиялъул
Хасаб медаль букIана,
Жеги гьеб босилалде,
Сардарас хIадур гьабун.

Амма мугIрул гъулдузда
Гъаримал чурхдул хутIун,
Чан азар медаль кьураб
ГIодулел къоролахъе.

Яги къварид хутIарал
Мискинал бесдалахъе...
Москваялъул гьудулас
Гьезул цояб дий кьуна:

«Дагъистаналъул кIкIалахъ
Къалъуда бакъукь чIварав
Дир кьолбол солдатасул
Сайгъат бугин гьабилан».

Медалалъухъ балагьун,
Берзукь цIилъун бачIана
ЦIадул вулкан гIадинаб
АхIулгохIалъул сурат.

Гьеб цIакъ кIудияб буго,
БатIи-батIияб буго,
Дица гьелъул цо бутIа

Буго кочIолъ рехсолеб...

Лъималъул къимат лъазе
ГIор гьекъезе кколаро, –
Дир кечI гьанжеги буго
Ахъбердиласул рахъалъ.

II

Цо букIкIинчIеб, кIудияб
ГIужрукъ гIадаб АхIулгохI –
ГIодо чIолезе – хучдул,
ТIаде рорхани – гула.

АнцIила лъабазарго
Сардарасул рагъухъан –
Сверун кколеб кисанго
Дагъистаналъул хIуби.

Гьебги тIарамагъасеб,
ТIокIаб ине бакI гьечIо, –
Имам, ахирияб как
Байилан – гIарадаби.

ГъветI гьечIел, тIегь бижичIел
ТIалабазул гъулдузда
Гъугъалел руго топал,
Тушман, кверде вачIайин.

Топ щваграб гьеж, тIун рехун,
Хунзахъ ГIалибегица,
Ма, босеян, рехана
Аскаразде бадибе.

Цогияб кверзукь хвалчен –
Гьав хвезегIан вагъана,
Хирияб Щулалъул гохI
Гьасда релълъун букIана.

ГIемер гьечIел, ракъарал,
Лъукъ-лъукъарал муридал...
Гьойсу – гьоба тIиналда,
ГIертIал – гьанир тIарада,

ЧIегIераб ратIлилъ руго

Руччаби тIех буцулел;
Гьебги тIагIунеб буго, –
ТIаде щолел аскарал.

Пулеб буго накъира,
Бухулеб буго къали,
МагIарухъ как гурони,
КечI багьичIев Шамилий.

Кьурабалъ дандерижи,
Дуде гьав ццидакь вуго,
Солдатазул гьурадул
Гьаракь такрар гьабунин...

Гьас жиндирго вас кьуна
Ракълил аманаталъе,
Амма генерал Пулло
Гьеб даранги гIун чIечIо.

АхIулгохIги кьейила,
Дагъинстанги кьейила,
Кьур-кьурун маххул рахсаз
Бухьун бугин гьеб бацIин...

Кьурде вахун, имамас
ДугIа-алхIам гьабула,
АхIулгохIде рачIайин,
ЯхIалъул васалилан.

Кваркьи-милъир бекани,
ЦIудуца чан чIваларин, –
Кумекалъе рачIайин,
Лебаллъиялъул лъимал.

Росабалъе ритIарал
Чапарал руссунаро –
Гъол кир ругел гьикъула, –
Койсу буцIцIухIун чIола.

Кумекалъе рачIунел –
РекIараб, лъелаб къокъа,
Чияр къоринибе ккун,
АхIулгохIде щоларо.

Зодосан кумек гьечIо,

ГIодосан кумек гьечIо, –
Кинабго рахъалдасан
Сверун ккураб мугIрул чан.

Хучдул, тункIал, гIарадай,
Бищун рекIелъ къараб жо
Кидаго къотIулареб
Къолол гьаракь букIана.

III

АхIулгохIде бачIунеб
ЦохIониги хIинчI гьечIо,
Жеги цIумалцин гьечIо
ЦIияб хабар гьикъизе.

ЦIвабиги руцIцIун чIана,
Имамас хал гьабурал;
Нухалги къан рукIана,
Гьасие къваригIарал.

Къваридай лъадигун яц,
Лъимал гьасул гIисинал,..
ГIодизе бегьуларел
Балагьун руго гьасухъ...

Гьанив аскIов вукъана
Инсул вац, гьав цIунарав...
ЦIадулъ сунареб буго
Сурхайил борхатаб си.

Гьале сардилъ сас, чвархъи,
Салам дуде, имамин,
Лъукъарав чапар вуго
Чачаналъа вачIарав.

– Чачаналда хабар щиб?
– Шамил, доба гьабсагIат,
Дур рахъалъ гуро, хабар
Ахъбердиласул буго.

Гьанже чалмадул гуро, –
Чармил, хонжрол бицуна...
– Чаранни дирги буго
Рачлихъ гуреб каранлъги...

... КIудияв имамасул
Цо гIунгутIи букIана –
ГIинда щурщудулесда
ЩаклъичIого божулеб.

Гьасда кколеб букIана,
КIутIбузда михъ бижарав
МугIрул бихьинчиясул
Чараб мацI букIунарин.

Гьел мацIаз, хIал ккаралъуб
Даим хIалай вукIарав,
Живго ХIажимурадил
Къисмат хисизабуна.

Амма гьабсагIат имам
Харбиде рагIун гьечIо,
Хадуб борцине телин
Цогияб гьитIинабин.

Гьас гьикъана: кив вугев
Хунзахъа чачанавин?
– Хвалчаца нух бахъулев
Вуго духъе вачIине.

– ВорчIиладай чармилав,
Чачаназул хунзахъев?..
... Гьеб хабар лъугIилалде
Ахъбердилав вачIана...

– Асаламу гIалайкум,
Аваразул авараг.
– Ва… Ахъбердиласул вас, –
Цин гьел ругънал чурилин.

– Имам, гьеб бигьаяб иш,
АхIулгохI буго ругъналъ.
– Ахъбердилав, АхIулгохI
Жакъа Дагъистан буго.

ТIолалго рахъаздасан
ГIарадабазул топал –
Гьаб нилъер гъегъалдаса
Гъозул бо цIикIкIун буго.

ЦӀадулги тӀухьидулги
Къварилъи бицинаро,
Гьагъав къолохъан вуго
Дир рекӀеда къараб хеч.

– Имам, дида бичӀчӀула
Дур ракӀалъул къварилъи,
Цин къулгъу цӀализе те,
Къасаблъарал вацазе.

Цинги, къокъаги ахӀун,
Дагъал рагӀай абила,
Азарго соналъ рарал
Нилъер сиязул рахъалъ;

Сурхайил хъалаялъул
Багьадуразул рахъалъ,
БахӀарчияв гӀагарав
ГӀалибегил рахъалъан...

Узданавгун дугъдарав,
Гъежде гурун рукьаби;
ЧӀурканавгун чергесав,
Чарамул хвалчен хъатикь.

Цин бисмиллагь бахъана,
Цинги гьадин кӀалъана:
– Гьалмагъзаби, дир вацал,
Дагъистаналъул васал!

Нилъер чилъиги цӀарги
ЦӀадиразда лъун буго.
ГьабсагӀаталъ ахираб
Хвалилаб рагъ букӀина.

Хадуб букӀунеб жодал
Нужер пикру батани,
Гьабе кӀвараб цӀодорлъи, –
ЦӀадай дунгун кӀанцӀуге.

Гьагъале гӀор, лъикӀаб лъим,
Гьоле нужер росаби,
Гъугъдузда гьорлъ мокъокъил
Бусаби кинигинан.

Росулъ нужер бахIарал,
ХIайранал лъудби, лъимал;
Нужер кини кIикIарал,
КIодолъарал умумул.

Гьезде ине нужеца
Жигар, хIаракат гьабе, –
ХIадурун ратичIони
Гьаб Дагъистан цIунизе!

АхIулгохIда бакI гьечIо
РакI хIеккунел чагIазе,
Риххулелгун хIинкъулел
ХIал лъазе биччалезе.

Эбелгун эмен, лъимал,
Лъудби щивасул руго...
Гьел – цIакъ гIагарал чагIи, –
ГIайиб нужеда гьечIо.

Амма нилъ киназего
ЦохIо гурони гьечIо
ГанчIилъан тIегь баккулеб
ТIадегIанаб, гIураб ракь.

... Ункъкилщилав багьадур
Щибасухъ балагьана, –
Щивниги гъеж гуричIев
Гъазаватчи ватичIо.

ГIодобе лъелги рехун,
БорхичIеб хвалчен гьечIо;
ЦIун кьвагьизе къачIачIеб,
Кьижараб туманкI гьечIо.

– Раче ниж, Ахъбердилав,
Гъазаваталъул кьалде,
Гъази-МухIамад гIадин,
Хучдузде кIанцIун хвезе.

ЛахIавалакъу, Аллагь, –
Гьал цIумазул бусахъе
ГIурусазул сардарил
Солдатал щунгутIизе.

Шамилил какил мажгит,...
Килисабиги гьарун,
Кашишзабазул цIурмил
Зваргъи рагIунгутIизе.

IV

... Рогьана. ХъахIлъи лъачIо
Кьвагьи-гьаракьалъ, кIкIуялъ;
Пулло гIодосан вуго
Дурнаваца балагьун.

Жакъа рузман къоялъул
Ункъго сагIат иналде,
АхIулгохI босейилан
Буюр Петербургалъул.

Ахириял гьужумал,
«Гьурра» кинабго рахъалъ,
Байрахъ буго парпалеб,
КIибетIераб цIум бугеб.

Боязда хадур боял,
Бухулеб буго къали,..
ГанчIидаса ганчIиде
Гирулел руго бутIрул.

ГанчIидаса ганчIиде
Муридзабазул къокъа,
Къадазул цололъ мугъ чIван,
Унеб буго цебехун...

Гьале, циндаго хехго
Хунзахъа Ахъбердилав
Ханжаргун кIанцIун ана
Офицерасул гъежде.

Цеве вугев къолохъан,
КъотIана гьесул бетIер,
Къали гъугъдулъан гирун
Гъугъадана, сасана.

Гъорлъе жуван наибас
Жиндир къокъагун цадахъ
Гьабуна согIаб къасаб, –
Къанал гIечIо чIваразе.

Къолол гьаракь къотIигун,
Гьужум дагьаб лъалхъана,
Гьаб рахъалъгин доб рахъалъ
Цо-цо лугби кIилъана.

ГIолохъанав къолохъан,
Гьасул рукъ, ватIан рикIкIад –
Рязаналда лъаларо,
Самаралда лъаларо.

Гьав жиндие гIалхулал
Чияр гъугъдулъ щапана;
Гьасде тIаде къулана,
Дагъистаналъул зобал.

Кьурабалъ боркьулеб бакъ,
Къо къалъулеб замана,
КIиго къаркъала буго
ЦохIо гохIил каранда.

Цояв гIурусав вуго,
Цояв аварав вуго;
Аллагьин цояв хвана,
Эбелин цояв хвана.

Къалийилан абуни,
Гьезулги бицунаго,
Гьегьал гъулдулъа эхей
Гъугъадилаго ана.

Гьеб гIодилеб букIана
ГIадалаб рагъин абун, –
ГIайибав кIиязулго
Цонигияв вукIинчIо.

ГIайибиял рукIана:
ГIорцIи, цIоб гьечIеб хъантIи...
Гьезий тамихI гьабуна
Гьанжесеб гIасруялда.

V

Къали чIараб мехалда,
ЧIана цодагьалъ гьужум.

Пуллол беразда цебе
ЦохIого цо кIкIуй буго.

КIкIуйдулъ жаназаби тун,
Яги гьел гъежда раччун,
БецIлъарабго муридал
МугIрул тIогьир рахана.

Рагъ сваканищ, хIинкъунищ, –
ХIалхьуде ана дагьалъ,
АхIулгохIда къасиги
ГIурччинаб байрахъ буго.

Бохдул, чурхдул гIузруял,
Цо-цоял кверал гьечIел,
Какалги ран, муридал
Лаилагьалда руго...

ГIемерал хIикматазулъ
Лъабго хIикмат букIана
ХIалуцараб гъаб рагъул
Ругъназул къисматалъул.

ТIоцебесеб цо хIикмат –
Кинан цIунизе кIвараб
КIудиял бояздаса
Лъабго моцIалъ цIадулъ ГохI?

Цоги хIикмат – Россия,
Солдатазул къохIехьей,
Щибниги хIажат гьечIел
Гьал ганчIал россе хварал.

Нахъойги хIикматаб иш –
Ахъбердиласда кинан
Гьаниб щулалъиялде
Щолел нухал ратарал?

Щекъер гьал сиязул ккун,
Киналго сухъмахъалъан
Солдатал тIаде-тIаде
Гьанир рачIунеб мехалъ...

... Гьедин пикру бикьигун,
Шамилица абуна:

Аллагьасул щукруйин,
Щибго хIикмалъугеян;

Бищунго гIажаибаб
Хадуб букIине бугин, –
Огь, хирияб Дагъистан,
Огь, лъукъараб эркенлъи.

Бакъарабгин къечараб
Къарну магIарулазул,
Къанабакь тIупаразе
Заназе гIечIеб гамачI.

Гьел ганчIал гIунаниги,
ГIолеб гьечIеб замана, –
Гьалдолеб хьаг кинигин
Буго тIолго Дагъистан...

## VI

Гьале, хъахIлъи рехигун
ЛъугIи гьечIел къуватал,
ЦIиял къолохъабигун,
ТIаде рачIунел руго.

ТIарамагъасел рагъал,
ТIарамагъасел какал,
Бащадаб гьечIеб къуват...
«Къо-мех лъикI дуй, АхIулгохI.
Къо лъикI, кидаго свинчIеб
Сурхайил хъаладул цIа...

Нусгоявгун вагъарав,
Бугъа гIадин, ссиялда,
Сугъралъа къокъав ГIали,
Къо лъикI дуй, ганчIил устар.

Ханзабазул бусада
Мусудул сородарав,
Къо лъикI, Балахьуниса
Билал МахIамад, дуе.

Нусго ругъун щваниги,
Щакаб рагIи борчIичIев,
ГохIил тIогьив вукъарав,

Къо лъикI, ГIаликул ХIусен.

Ермоловгин вагъарав,
Аргъутий рокьи кьечIев,
Къо лъикI, дие гIагарав
ГIашилтIаса Малачи.

Хириясул ГIалибег,
Гьанже, мун кинигинан,
Кверал гьечIого буго
Мун къанщараб щулалъи.

Къо-мех лъикI, дир аманат
ГьитIинав Жамалудин,
Жакъа нилъ ратIалъана, –
Метериса дандчIвала.

Огь, дуеги къо-мех лъикI,
Дир инсул вац Бартихан,
Эменлъун мун вукIана
Гьал кIкIуйдулал санаца.

Чан росаби рухIарал,
КигIан гъутIби къотIарал,
Амма гъваридал кьалбал
Руго нилъер халкъалъул.

Киналго рехселаро,
Цо Ахъбердилав гIела,
Эвги гьудулзабиги
ХвечIого цадахъ руго...»

Гьедин кIалъана Шамил,
Щобал тун бакъ арабго –
... Ана, чIобоголъана
ЧIегIерлъараб АхIулгохI.

ЧIагояв цониги чи;
Гьенире щвараб мехалъ,
Шинелалъул боязда
Суравалъе ватичIо.

Сас гьечIо кибго сверун,
КъотIана гьаракь, кьвагьи,
Кьижун буго АхIулгохI

РугьунлъичIеб макьида.

Кьижана солдаталги,
Сардида макьилъ гьазда
Рихьула рикIкIад ругел
РекIей гIагарал бакIал.

Пуллоца пачаясде
Хабар щвезе гьабуна:
Шамилил иш лъугIанин,
АхIулгохI нилъер бугин.

Дагъистанги Чачанги
Нилъер чакмабакь бугин,
Нилъер гIодой тIураб би –
Гьеб гIадада ккечIилан..

Пачаяс гьебмехалда
Рикьана дол медалал
Мискинал къоролазе,
Къваридал бесдалазе;

Гьаниб гьужум гьабурал
Полказул солдатазе,
Гьадав къолохъанасул
ГIодулей эбелалъе...

Гьесда лъалебали щиб,
Хиялалъцин букIинчIо
Хадуб букIине бугеб
Бищун кIудияб хIикмат.

## VII

Бищун кIудияб хIикмат –
ЧIвалилан тарав имам
ЧIаго АхIулгохIалъул
Горсверулъа ворчIана.

Сардил бецIлъяялъулъ гьав,
Цадахъ Ахъбердилавгун,
АскIосел муридалгун,
Гъойсу бахун вачIана.

Цо-цо, къуват лъугIидал,

Лъукъ-лъукъарал гIагарал
ГIурулъе кIанцIун хвана
Полпилал карачелалъ.

Гъезда цадахъ йикIана
Шамилил яц ПатIимат,
ГьитIинаб гьелъул лъимер –
ЩвечIо гьел тушбабахъе.

Хабада зани чIвачIел
ЧIухIарал бахIарзазул
ЧIей гьечIого бицуна
РакI чапулел чвахияз.

Шамилгун Ахъбердилав
Ана цереса цере,
Бакълъулал, гIахьвалал тун,
ГIандал тун, Щоботире.

Щвана гьал Чачаналъе,
Чархида ккуна хунжрул,
Харил цIуна гьез ярагъ,
Рагъул цIа жеги свинчIин.

АхIулгохIил къанабакь
Къанщанин тарав шмам
Жегиги къого соналъ
Сардаралгун вагъана...

Амма щибаб нухалда
Щулалъул гохIде вуссун,
Мун дир кагIба бугилан
Как балаан гьелъий гьас.

Жеги Гъуниб магIарда
Асирлъилалде цебе
Ахъбердил МухIамадил
ХIисабалъ вукIана гьав:

«Дов мустахIикъ вукIана
КинабгIаги цIаралъе
ЦIоралда, Чачаналда,
ТIолго Дагъистаналда.

Дов дир имаматалъул

Лъабго инараласул
Бищун аскIов вукIине
Бокьарав вуго дие...

... Ана гIемерал санал,
ГIасругин бащад ихал,
АхIулгохIалъул какал
КучIдузде руссун руго.

Доба ккараб кьалгун къец
Къисабалъе бачIана,
Рубоца панорама
Гьелъул рахъалъ гьабуна.

Гьанже дагъистанияз,
ГIурус вацалгун цолъун,
Цадахъ цIунулеб буго
Гьудуллъигун рокьул си.

Цебесеб къецги кIочон,
КIиялго рекъон руго;
Цо рукъалъул васаллъун
Наслаби лъугьун руго...

Ахъбердиласул букIа,
Къолохъанасул букIа, –
Къец рикIкIада хутIана,
Хабар гьалда лъугIана.

*1985*

## МУГIРУЗДА КIОЧЕНАРО

Дагъистаналъул лъимал, –
Улкаялъул бахIарзал,
Нуж бахIарго чIваралги,
ЧIаго нахъе ругелги.

Нуж рагъда хутIаралги,
Хвалдаса руссаралги,
МугIрул ругелгIан мехалъ,
МугIрузда кIоченаро.

МугIрузда тIад роржунел
ЦIумал гуро гьал ругел,
Нужер цIадулал ракIал
Руго къасиги къадги.

Гьал кьурабалъ хъудулеб
ХъахIилаб ралъдал гьаракь,
Нужер гьаракьин бугеб,
Гъужумалъ цере унел.

Дагъистаналъул лъимал, –
Улкаялъул бахIарзал, –
МахIадерил гамихъан,
Ахтиялдаса летчик.

Нуж мугIрул росабазул
Танкистал, командирал,
МугIрул ругелгIан мехалъ,
МугIрузда кIоченаро.

Нужгоги, мугIрул гIадин,
Руго нижеда цере,
Чармил кьурабалъ буго
Нужер кьвари, щулалъи;

Шамилил бахIарчилъи,
МахIачил таваккаллъи,
Тараб мех нилъер гьечIин
Дунялалда бицарал.

Дагъистаналъул лъимал, –
Улкаялъул бахIарзал,
Улбуз, киниде къулун,
КечI ахIула нужеде.

МагIарул къисабалъе
Къойил рачIун щолел нуж –
МугIрул ругелгIан мехалъ,
МугIрузда кIоченаро.

Рогьалил макьилъги нуж.
Рокьул шигIрабалъги нуж,
Нужер гьаркьихъ сихI къотIун
ГIенеккула Дагъистан.

РагӀула нужер калам
Кирехун рукӀаниги,
«Дур васал рукӀанин ниж,
КӀочонге, ВатӀанилан».

Дагъистаналъул лъимал, –
Улкаялъул бахӀарзал,
Нужедаса чӀухӀула
Нужер гьайбатаб ВатӀан.

Гьедулел руго даим, –
Нужер гьайбатлъи, гьунар,
МугӀрул ругелгӀан мехалъ,
МугӀрузда кӀоченаро.

МугӀрул веказ рукӀина,
Ралъад веказ гьелчела, –
Гьайбатал нужер цӀарал
Наслабаца цӀунила.

ЦӀадулъан парпадараб
Байрахъ цебе босила
Дагъистаналъул васаз, –
Улкаялъул бахӀарзаз.

## ХАНЖАРГИ ПАНДУРГИ

Дир магӀида ран руго
МагӀарул ханжар, пандур.
Гьезул хабар рагӀула
Хасалил сардаз дида.

Ханжар кӀалъала, жинца
МагӀарул ракь цӀунанин;
Пандуралъ жаваб кьола,
Жинца рокьи цӀунанин.

Ханжар кӀалъалеб буго,
КӀкӀуйдулъ чӀваразул бицун;
Пандуралъ жаваб кьола,
Жинца чӀаго гьарулин.

Ханжар – жиндир балада
БагIараб би бугилан;
Пандур – жиб ккурал чагIахъ
Чогърол бокал букIунин.

Ханжар – дир кочIол магIна
НагIаналда релълъунин;
Пандур – дир саринаца
Сахлъи, рохел гьарулин.

Ханжар: «Дун мегIер буго».
Пандур:. «Дун гIуру буго.»
Ханжар: «Дун эмен, даци».
Пандур: «Дунищ кIоченеб»?

Ханжар: «Дун Имам Шамил».
Пандур: «Дун шагIир МахIмуд».
Ханжар: «Дун кIоченаро»,
Пандур: «Дунищ кIоченеб»?

КIиялго нилъ рукIина
Дир кIиябго чIва гIадин».
Къаси сардилъ кIиялго
Хабаралда руго гьал,
Хиялаз къвал барав дун
Вуго гьезухъ гIенеккун.

## ЦО ПАНАЯБ ХIУХЬЕЛ

– Васги, дурцги дида аскIор эхете,
Амру буго дица нужей гьабулеб;
Гьале дир яс Марям, гьай йиго гьанже
Нужер цояее яц, цоясе лъади.

ЛъикIаб гьечIо хабар гьалъул рахъалъан, –
НуцIа къирун буго нилъер къавуде.
Къаси мукIурлъана, огь, цIорояб кIал,
Цо ХъахIабосулъес асир гьаюнин.

Дир тIурччи бичулев Анасиласул
Васасул пандрихъе паналъун йигин;
Гьай къаси нужеца, «къваригIел тIубан»,

ТӀойитӀичӀонани, дун, херав, хвела.

Гьале кӀиго ханжар, кӀийиде къотӀе,
Биялъ чурараб шал дихъе щвезабе.

– Эмен, гӀодов виччай! Гъулгъулеб Гъойсу, –
Гъолъ тӀубазабила жинда тӀадаб иш.
– Вакьад, къварилъуге! Кьуру борхатаб, –
Кваркьаби гьечӀезе гьечӀо хвасарлъи...

Ана гьал сардида, сас гьечӀеб рохь чӀван,
ЧӀегӀерал гъулдулъан Марямги ячун.
Нахъа тана росу, къерщола гӀазу,
ГӀор ццидакь кьебола кьурул сиязда.

– Гъалал ккун къотӀила дур бетӀер, Марям,
Балагъун бугин гӀор, гӀедегӀел гьабе.
Бугищ дур абизе ахираб рагӀи,
Гьаб инсул, вацасул хонжрода цебе?..

– ГьечӀо дир щибниги абизе рагӀи, –
АхӀизе биччанте МахӀмудил сарин.
Хваниги кӀваричӀо нужер квердасан, –
Те Карпаталдасан кагъат цӀализе.

– АхӀе, Марям, ахӀе МахӀмудил сарин, –
Молода вачӀаяв ХъахӀабросулъев.
ЦӀале, цӀале кагъат Карпаталдасан, –
Карпаталъул гӀунсулъ гӀунун хутӀадил.

ТӀаса чохтӀо бичун, гъалалги гьурщун,
Гъулдузул курмузде керенги рагьун,
Каранзул гурдида рарал тӀабиял
ТӀутӀун гӀодор рехун, борхун бетӀергун;

Биччан тана гьаракь гъай Марямица,
МагӀу чвахулаго, черх соролаго.
Биччан тана гьаракь бекьдерил ясалъ:
«Цо шанаяб хӀухьел бухӀулеб рекӀел..»

Зодихъ ругел накӀкӀал гӀодой рачӀана,
ГӀурул карачелал чуяллъун чӀана.
Гьаб Дагъистаналъул киналго мугӀрул
КочӀохъ гӀенеккизе данде руссана,

Доба годекІабахъ жамагІат гІадин,
Жайран сверун ккурал чанахъай гІадин…
Биччан тана гьаракь гьай Марямица,
Добе Карпаталде рагІулеб куцалъ.

«Соролел лугбазул гІакъуба» рагІун,
ГІодана кьураби кьватІалабалъан.
Ва «чорхол рухІалъул хІайранлъиялъул»
ХІакъикъатти босун, свердана гьурал.

«Гьалдолеб цІаялъул, цІураб каранзул»
Кагъат цІалулаго, рогьана сордо.
Биччан тана гьаракь гьай Марямица, –
Гьале бачІана къо – къотІараб хъарпуз.

Бортана вацасул ханжар гІаздалъе,
Бортана росасул ханжар гІурулъе.
ГІодореги далун ана гьал нахъе –
«Панаяб, огь, хІухьел бухІулеб рекІел».

Ана хасел нахъе, тІегьана гъутІби
«Риидал цІер чІвалел цІорол мугІрузда»,
Рокьул куркьбал руго кирго роржунел,
Хонжрод къотІуларо, гІоралъ унаро.

Ва гъанжелъизегІан рагІула гІинда
ГІоралъ босун унеб хвел гьечІеб гьаракь, -
Рокьиялъ рекана гьетІарал хунжрул,
Хазина – гьеб буго «панаяб хІухьел».

*1967*

## КЪИСМАТ

ВачІана МахІмудихъе
Цо гьалдолев гІолихъан: –
Гьари буго дир дуде,
МагІарул гІишкъул шагІир:

Цо гьайбатай яс йиго,
ГьитІинто рокьи ккарай;
Гьей дие кьолей гьечІо,
Кьибил данде чІун буго.

Гьелъул гордухъ ахIизе
Панаяб сарин гьабе, –
Дур сарин рагIарабго
Сororлареб черх гьечIин...

Гьабуна МахIмудица
Кодобе кьураб мехалъ,
Кверал рухIулеб сарин, –
Сородана гIолилай.

Гьеб гIолилаз ахIана
ГIищкъу ккаразул гордухъ.
Дицаги гьеб ахIана
БахIарай ячиналде

ВачIана МахIудихъе
ТалихI къарав цогидав:
– Цо гьари буго дуде,
Дагъистаналъул гIащикъ:

Дуца дир цIаралдасан
ЦIализе шигIру гьабе
Гьиналъ ккураб миккиде,
Гудрад ккураб чаниде.

Дир рокьи ккарай гIадан
Кьун йиго цогиясе;
Гьелъул кьибил сородеб
Сарин буго къваригIун.

Гьабуна МахIмудица
Кодобе босарабго,
Нус чIвараб кинигинан,
Керен судулеб назму.

Сверана гьелъ Дагъистан,
КIетIана гьеб сардида
ХIалалъ ясал рачарал
Росабазул нуцIбузда.

ВачIана МахIмудихъе
Нух къосарав цоги чи:
Чу кьейилан рекIине
Дур гIишкъул шигIруялъул.

Жидер росулъ йигила
Рос камурай къоролай,
Къабул гьабулеб гьечIин
Гьелъ дир черхалъул хIасрат.

Росулъ хабар букIинин,
Халкъалъул бугьтан щвелин,
Щибго гIин тIамуларо,
ГIащикъ, гьабе цо назму.

Гьабуна МахIмудица,
АхIулаб рагIарабго,
МагIу бихьиназулцин
Бадисан унеб назму.

Гьелъ ричIана каваби,
Карандаса маргъалал.
Гьелъ борчIизе гьабуна
Макьида бугеб рокьи.

РачIана МахIмудихъе
Аза-азар гIащикъал, –
Киназулго къварилъи
Къалмица чучана гьес.

Киназего сабабал
Саринаца хъвана гьес.
ТIолго къарал рагьаби
Рагьана рокьуе гьес.

РачIана МахIмудихъе
ТIолго мугIрул гIадамал:
– ГIажаиб гьабун буго
Дур гьаркьица Дагъистан;

Дур балъголъаби рице, –
Кин дур пандрида лъарал
Гьалго щинал къисматал,
Цоялда цо релълъинчIел?

ГIолилалгун чIахIиял,
БахIаралгун кIудиял,
Кинан щибасул бухIи
ЦохIо дуда бичIчIараб?

Мун шайихги гурелъул,
ШагІир, бице нижеда,
Чияр ккараб гъаб рокьи
Дур рукьбазда кин лъалеб?

МахІмудица кІутІана
ТІармида лъабго нухалъ...
ТІинкІичІого чІа, магІу,
Пашманаб буго къисмат.

ЧІІваби зваргъелел руго,
ХІайранаб гьаркьидалъун.
Рокьи ккарал, гІодор чІа,
ГІенекке шагІирасухъ.

Гьас ахІана: «ГІолилай,
ТІинчІай ясалда хадуб
ТІоцебе нужер ккараб
ГІищкъул кечІ ахІулелъул,

Дида ракІалдещола
Жеги гІолилай Марям,
ГІазизал гьелъул гордал,
Дие гъункун рахарал.

Дунго царгъида нахъа, –
Цебесеб рокъой Марям.
Дунго кьурул рагІалда, –
Дир кьегІер гъоба кІкІалахъ.

КІичІардулеб, кьурдулеб
Кьенсер чІегІер, берчІегІер
ЧІолорхъо дихъ хутІана, –
Дир тайгІала дий щвечІо.

Цинги хадуб, гІадамал,
Нужее кечІ хъвалелъул,
Дида цебе бачІуна
Цо кІочонареб сордо.

Дир анищал, хиялал
Хабалъ жанирго рукъун,
Балай накІкІалъ бахчана, –
Дир Марям чияй ана.

Бартийилан цIарги лъун,
ЦIуяб хIамие ана.
ЦIумилан ккун гъадида
Миккиялъ къвал жемана.

Дир чIваби зигардана,
Зурма чияр бохана;
Бохалда бох гьес лъуна, –
ЛъикIго йикIа, йокьулей!

Нахъеги, гьудулзаби,
Къоролзаби рокьарал,
Нужер къварилъиялъул
Сарин ургъулеб мехалъ;

Рос камурай Марямил
Сурат бачIуна цебе.
Цебесеб гIанчIлъи гьечIо, –
ГIодулеб буго дир чан.

ЧIегIерал гъалазда тIад
ХъахIаб катан чIван гьечIо, –
ХъахIлъулеб бетIер буго
ЧIегIераб кIазалъ бахчун.

Дун гьалъухъе вачIана
Хисулареб гIищкъугун;
Хваниги гIин тIамичIо
Дир гIадалай йокьулелъ:

Хварасе хисиларин,
Хоб басра гьабиларин,
Росдада, тухумалда,
Бугьтан лъезе теларин...

Огь, магIарул гIадамал,
ГIищкъу ккарал киналго,
БукIинчIо, гьечIо рокьи
Гьал дир рукьбаада лъачIеб.

Дица нужее бана
ЦIакъ гьайбатаб рокьул кьо.
Дица гьаруна рукъзал
Гьалдолеб гIищкъуялъул.

Дунго хутIана кьурулъ,
Дунго хутIана къватIахъ;
ЦохIо пандур хутIана, –
Гьалда лъала дир къисмат».

... Дица МахIмудил пандур
Кодой босулеб буго.
КочIохъанасул къиса
Халкъалъул къисмат буго.

*1967*

## АЛЛАГЬАСУЛ ЦЦИН БАХЪАРАБ РОСУ

ХъахIабросулъ лъаларо,
Игьалийищ лъаларо, –
Аллагьасул ццин бахъун
Буго цо росуялда.

Хурдул, хурзал ракъвала,
ХIалакълъун боцIи хола;
ХIорал, иццал бецлъула,
ХIанчIаца кучIдул тола.

Гъасда къанагIатаб цIа,
Мажгиталъуб жамагIат:
«Щиб хIарамаб иш ккараб,
ХIакъ нилъер росдал кинаб?

Какищ гьоркьоб биччараб,
КIалищ нилъеца кквечIеб?
КIудияб такъсир кинаб,
Гьаб тамихIалде цIазе?.»

... Гьеб росулъ – доб мехалда
ХъахIабросулъа МахIмуд,
ТIохабазда сверулев,
Жиндирго сариналгун,

ГӀинде кӀичӀараб тӀагъур,
ТӀармил чӀвабзазда килщал...
«Горду рагье, йокьулей!» –
Кьур-кьурун руго михъал.

Кьерилазул къокъаби,
Гьасул хьибил ккун чӀарал,
Гьасда къосараб рагӀи
РакӀалдещвезабизе,

Росдал жамагӀатальул
Мегеж хъахӀаз абула,
Аллагьасул цциналъе
ГӀилла рикӀкӀада гьечӀин.

«Гьадинанги нилъ тарав
Бичасе щукру буго,
ШигӀраби рагӀуларищ
РегӀарав мунапикъил?

Гьес чӀагӀаги гьекъола,
Гьукъарабги толаро.
Гьве хъамизе мех щвана
Щобазе цӀад бокьараз.

Нилъ гьанир – рузманалда,
Дов дова – гӀищкъуялда.
Досул бакънахъ гӀенеккун
ГӀачияз рахь кин кьелеб?»

... АхӀана жамагӀаталъ
МахӀмудил эмен Анас:
Ле, тӀорччохъан, васасда
Росу тезе гьабеян.

Гьес гьал гӀолохъабазул
ГӀакълу-лъай босилалде,
Гьадаб гӀор бахинабун,
Гьев нуха регӀейилан...

ГӀор бахун, мегӀер бахун,
МахӀмуд росулъа ана.
«Дагъистан, лъикӀго букӀа»,
Гьев Карпаталде щвана.

Кор боркьараб кьалда гьев,
Марямги ракIалде щун,
Мариял сураталда
Цевеги чIун къвакана.

Гьесул бухIулеб рекIел
Цо панаяб хIухьелалъ
ХIалхьи течIо гьанжеги
МугIрул росдал ясазе.

Соролеб лагаялъе
Бугеб гIакъубаялъул
ГIарзалъ горду бухана
Бекьилъа гIаданалъул.

Гьесда хадур ахIдана:
Эбел, эмен, гIагарлъи, –
ГIадалав вас, гьел кучIдуз
Мун чIвалин, жалго тейин.

Гьесда хадур ахIдана
Аллагь тIасалъугьине,
ТIармил чIваби тIетIейин,
ЧIагIдал рагI бекейилан...

МахIмудица ахIана,
Чуги хвалченги телин,
Хваниги гьаб ракьалда
Рокьи жинца теларин.

МахIмудица ахIана,
Дунялгун гIумру телин,
ГIищкъул бакъанги кечIги
Кидаго теларилан...

ТечIо. Замана ана, –
Игьелдерил гIадамаз
МахIмудил мали ана
ХъахIабросдал хабалъе.

Пашманлъарав инсуца
Гьесул кучIдул рухIана,
Киналго балагьазе
Нужер мунагь кканилан...

Амма бухIун лъугIичIо
МахIмудил назму, бакъан, –
Жиб-жиб рокъоб магIарухъ
Нус-нус саназ хутIана.

Хурзалги гIатIилъана,
ГIачияз рахьги кьуна...
Доб цциналъе МахIмудил
МахIги гIайиб батичIо.

## БАЩАДАБ ГЬЕЧIЕБ КЪУВАТ

РикIкIадаб Карпаталда
Доб тIацебесеб рагъулъ
МагIарул рекIаразул
БукIана дагьаб къокъа.

ГIалхул дивизиялъул
КIиабилеб роталда
КIийилаб кьерда вуго
Цо рагIарав мугIрул чи.

КIичIун кьурарал михъал,
Базабун лъураб тIагъур,
ТIамур хвалчада цадахъ
ХъахIабросдал МахIмудил.

Ххералъ, кIкIуялъ, бидуца
ЧIегIерлъараб гIаздада
ГIащикъасул кечI буго
Керен унтараб рокьул:

Рагъуй ургъулел ругин
Пагоналъ инаралзай,
Дир цохIо ургъел бугин
Бекьилъ хутIарай Муил.

Полкалги ротабиги,

Топазде данде унел,
Дида туманкI риханин,
Дица ярагъ реханин.

Дун – чабхъад вугев жайран,
Чу дие кьогIлъун бугин;
Кьурулъ нух щолареб чан,
Кьвагьи-хъуй чIалгIун бугин.

Галицаялъул щобал,
Щиб гьабулев дун гьанив, –
Даим, макьилъ гурони,
Бекьилъ бакI бихьуларин.

Венаялъул солдатал,
Щай нилъей цоцаца чIвай,
ЧIваби угьдилел ругин
Муиго Муийилан...

МахIмудил кочIол магIна,
Карпаталда рагIараб,
МагIарул рагъухъабаз
Цогиязда бицана.

Цебего рагъ чIалгIарал
Ругъназ цIурал солдатаз
Жеги, жеги ахIеян
Аварасда гьарана.

Гьеб рагIун офицерал
АхIдана, хIур гьабуна,
Орден-хъанчалъул уммат
Хъудана: шагом маршан.

Щвана гьеб тира-сверун
Живго инараласде, –
Амру кьуна, кочIохъан
Жиндихъе ахIейилан.

Бачуста, буюрилан
Цеве вачIана МахIмуд, –
РухIулел ругел рохьал
Рихьизаруна гьасда...

Аллагьасе гIолойин,

Пачаясе гIолойин...
«ГIарадаби рагIулищ
Зобалазде гIергIелел?..

Дурни мугъ, гIакълу биххун,
ГIемераб бухун бугин,
ГIищкъул кучIдул кинал гьал
Какил ригьда ахIулел?

Гьезде регIунищ бугеб
Гьанже гучаб Россия?...
Гуро, дагъистанияв,
Дезертирлъи буго гьеб!

Рагъде данде чIаразе
Рагъул тамихI гьабула, –
Те дур чIваби паракъат,
Полказе биччай рахIат.

Гьел хIадурулел руго
КIудияб гьужумалде...»
... КIалтIа ункъо хъаравул
Эхетун чIун вукIана.

МахIмудица абуна:
Господин генералин,
Гуч-къуват кIиязулго
Гьанже бащадаб гьечIин.

«... Дур – аскарал, дур – полкал...
Дун – гIадатав рагъухъан;
Дур – гIарадаби, топал...
Дир – гIищIкъул кечI, кIиго чIва.

Дур айроплан буго,
Боязда тIад парпалеб.
Дир гьитIинаб хIинчI буго,
ЧIи-чIи, чIи-чIи бачунеб.

Дур – амруял, приказал,
Рагъулал трибунал...
ТалихI къарав дир буго
ЦохIо панаяб хIухьел...

Амма дилъ хIинкъи гьечIо,

Гьанже щиб жо кканиги, –
Дица доб килисалда
Как бана Марияе;

Марямида релълъарай,
Аллагьасда релълъарай..»
... «А, мун ахIмакъ», – ин абун
Абуна Корниловас...

Бащадаб гьечIеб рагъулъ
Карпаталда ворчIарав,
Киналго цIаязулъан
Доваса нахъ вуссарав.

Бащадаб гьечIеб рагъда
Рокьул тушман Магьдилас,
Нахъасан гулла речIчIун,
ЧIвана чIегIерал мацIаз.

КIудияб ццин, гьереси,
Гьоркьоб мацI, хIалихьалъи,
Гьел гIемерал рукIана,
ГIищкъу цохIо букIана...

Бащадаб гьечIеб рагъда
Хварал щинал гьунарал,
Пушкинидаса бахъун
ЧIварал щинал бахIарзал.

Хучбар цIадав вухIизе
Ургъараб щинаб хIилла, –
ХIажимурадил бетIер
ТIубан къотIизе кIвечIо...

Дир гьитIинаб Дагъистан
Бащадаб гьечIеб рагъда,
Къоринив ГIали гIадин,
ГIасрабаца хутIана.

Бищунго къадаразул
Къуваталда напс гьечIо, –
Къоло щуго сонил рагъ,
Шамил асирлъун ана...

Самолетал, танкаби

Фюрерасул цIикIкIана,
Гьес къого миллион чи
Къанабакье вачана.

Гьанжеги бащад гьечIел
Къуватазул къец буго,
Къеркьолел гьелъий гIоло
Пачалихъал рихьула...

Ва амма ахирияб
Бергьенлъи дида лъала:
РитIухълъи-гIакълуялъул,
ГIащикъаб рокьул буго.

Бергьана даим Пушкин, –
Пачазаби кIочана.
ГьечIо Магьдил МухIамад,
Вуго МахIмуд кидаго.

Корниловал тIагIана,
Деникинал тIурана, –
ТIармил кIиябго чIваялъ
Рокьул бицунеб буго.

ЧIвана Рейхстагалда тIад
Нилъер солдатаз байрахъ,
ГьечIо, букIинчIо жеги
Жан-къуват, ияхI гIадаб.

Чанги гIарадабазда
ГIемераб кьаву чIвана,
ЧIичIидулел дол хIанчIи
Жеги гъутIбузда руго...

Бащадаб гьечIеб къуват,
Къадар гIемерал мацIал
Дир гIищкъуги дир кечIги
ЧIвазе тIаделъун руго.

Гьездаса тIуриларо,
Гьездаса тIуркIиларо,
ТIерхьун унеб бакъуца
Гьедин малъулеб буго.

**БОЛЪО**

ХъахIабросулъа МахIмуд,
Болъодухъан унаго,
Ункъабилеб хIокIида
НахъасанречIчIун чIвана.

ХIокIал биялъ релъана.
Болъодухъан вортарав
Буртинаялъулъ жемун, –
Жаназа босун ана.

ХъахIабросулъа МахIмуд,
Дур гIумруялъул болъо
ГIищкъул болъоялдаса
ХIокIал дагьаб батана.

ГIищкъуги саринги дур
ТIохазде бахун буго,
Ахада тIурал чIваби
ТIармида цIилъун руго.

ХъахIабросулъа МахIмуд,
Киналго гIащикъазул
ГIумру болъолъун буго,
Бакънал хIокIаллъун руго.

Цоял тIаде рахуна,
Цоял ахаде уна,
Иргаялда, керен ккун,
Кавудахъе ртула.

ХъахIабросулъа МахIмуд,
Щибав вуго хIокIида,
ХIетIе цебе лъолаго,
Нахъасан речIчIун чIвалев.

БитIун кеп бугеб мехалъ,
КечI кIочонеб кинигин,
Кино гьабулеб мехалъ,
Чирахъал сунел гIадин...

ХъахIабросулъа МахIмуд,
Дунги вуго хIокIазда,

ХIасраталъул гъаб болъо
Дидаги буго цебе.

Дир хIетIе дур хIатIида
Хадуб босулеб буго, –
Хвел кинаб хIокIидадай
Дихъ балагьун чIун бугеб?

ХъахIабросулъа МахIмуд,
Мун цевего хваниги,
Дуда хадур гъоларо,
Гъезеги хIажат гьечIо.

Мун къвалакь тIамурги ккун,
ТIохде вахунев вуго, –
Дун ахада чIун вуго,
ЧIваби рекъоларого.

*1970*

* * *

МахIмуд, дуда хадув дун гIодиларо,
ГIемерал саназ мун хутIичIониги.
Дуда рокьи лъана, гьединаб рокьи
МагIарухъ лъидаго лъачIо, – урхъула.

Биччанте, рокьиялъ дуй талихI кьечIо,
Гьелъул байданалда берал щапана.
Амма гьелъул цIаялъ вухIичIевани,
Дур цIар гIищкъу ккараз щурилароан.

МахIмуд, дуда хадув дун гIодиларо,
ГIемераб къварилъи дуда лъаниги.
Дуца кечI ахIана дур хIасраталде
Дагъистан хIикматаб, – дуда урхъула.

КучIдухъ дуе кьуна тIухьидул гулла,
ТIилица бухана дур черх наибаз.
Амма букIаниги цо «Марям» хъвани,
Метер чIвананиги дий ургъел гьечIо.

МахIмуд, дуда хадув дун гIодиларо,
ГIодани гIодила дун цогиязулъ:

Цоги гIолохъабахъ, гьаб гIищкъу лъачIел,
ГIумруялъ кидаго цо кечI ахIичIел;

Гьеб ккараб рокьиги хIинкъун бахчарал,
Я бакъан батичIел, кечIалъе гIинкъал,
Пакъирал, пуланал, гьел мискинзаби, –
МахIмуд, дуда хадув дун гIодиларо.

* * *

ТIамур каранде къала
КочIол, гIищкъул чапараз, –
Гьеб черхалда бан хъвала
Чадил, чвантил лагъаца.
ТIамур хIатIазда лъола
ХIилладуй гьимгьидулез,
Ма босеян кьечIого,
Кье жидеян ахIдолез.

Амма магIарулазул
КиналгIаги тIохазда,
ТIолго Дагъистаналъул
Аза-азар сиязда,
Кьалул корал роркьарал
Карпаталъул щобазда,
Кодой пандурги босун,
Ярагъ гIодой рехарав;

ГIищкъул чабхъадуй гуреб
Чу кьолозе бокьичIев,
Дов цо алжан кьолесе,
Цо яс кьеян, как барав,
Киданиги Мариям
Щиб кканиги хисичIев,
МахIмуд, дуца гIадин кечI
Кодо-кодобе кьечIо.

Кьурабалъ ригь аразги
ГIунсби рек-рекун рала, –
ГIолохъанлъи киб бугеб, –
МахIмудил кочIолъ бугин.
Дуца гьаракь биччайгун
Цониги чи хъегIани,
Хъатид чIваркьан гьесул кIал

ЧӀвалаан чӀахӀияца.

Гьанже, магӀарулазул
СаринчагӀазул рота
Сверуда гӀодоб чӀейгун,
ГӀагараб тӀалъиялда,
ТӀоцебесеб цӀураб лълъар
Маян духъе бегьула, –
Бокьани тӀубан гьекъе,
Яги тӀинда дагьаб те.

ТӀармида дур гӀадинан
ЧӀваби зваргъечӀониги,
Дирги гьаракь хъудана
Гьоркьо-гьоркьоб магӀарухъ.
Гьелъ диеги бегьила
Дагьал кӀутӀби хулизе,
Жеги цо-кӀиго къатӀра
Жанибеги биччазе.

КигӀан гьекъананиги
Цодагьаб гъоркь хутӀила, –
Цогиязе тӀела гьеб,
ТӀагӀам дур рагӀул лъазе.
Амма гӀодобе тӀела, –
Цо МахӀамай кьеларо
МахӀ сунтӀизе цо къатӀра,
Къечон гьев хвананиги.

* * *

Огь, кинаб бухӀараб рокьи букӀараб
Бекьдерил ясалъухъ кочӀохъанасул!
Рукьбал къаникь ругев ХъахӀабросулъес
Хъвалеб буго тӀамур гьанжелъизегӀан.

Дов хабалъа вахъун, кьурун михъалгун,
Кьижугейин абун вачӀуна дихъе.
Муил чохтӀо къалеб къагӀида бихьун,
КъвакӀан мугъ бекулеб рагӀула гьаракь.

ГӀумруялъ къочардун къеч буссинчӀого,
Къаникье арасул угьдула чӀваби, –
Къаси рогьинегӀан гӀищкъулги бицун,

ГIажаибав гьобол уна цевеса.

Дун къояз вукIуна къасдазул рахсакь, –
Гьал дир нухаздаги тIохаздаги гьов;
ТIолго дунялалда дир сапаразда
Сардил гьудуласул «панаяб хIухьел».

Кив дун вукIаниги, дир бакIида гьов, –
Гьул-гьудулел иххал, бице нужеца:
«Хабалъ вукъаравго, къоноги рагьун,
КъватIибе бахъунеб жугьа бугищ дир?
Щив дица сардида кьурул росабалъ
Кьижугеян абун ворчIизавилев?»

Иххал гьул-гьудана, лъаларин абун,
Авар гIищкъуялъе гIелин цо МахIмуд.

## АХIАНА МАХIМУДИЦА

... Гьас тIармида кIутIана, –
КIалъана гьеб лъикI бугин.
Гьас чIвабзазда гьикъана,
Гьардана гьол ахIеян.

АхIана МахIмудица,
Борхатаб тIохде вахун,
ТIолго Дагъистаналда
Гъугъана гьесул гьаракь.

АхIана МахIмудица, –
Ракьулъ жанисан гIищкъу,
Жиб гьалейилан абун,
Парпадана кьурда тIад.

АхIана МахIмудица, –
ГIурул тIиндасан рокьи
БачIана, гама гIадин,
МагIарул гаваналде.

Рокьи кьодухъ хъудана,
Балагье жиндихъилан, –
ЖужахIалъуб букIараб,
Туснахъалъуб кIвекIараб;

ГӀадаталъ, мукъулукъ ккун,
Кьурса гӀодой рехараб,
КьогӀаб гъвелалъ, гаргаралъ
Ругъун лъечӀеб бакӀ течӀеб...

Балагье нуж, гӀадамал,
Бахчараб авар рокьухъ, –
Жеги бакъул чӀоразда
Ралел къвалал рихьичӀеб;

Къочулел рос-лъадицин
Цо гьорода дандчӀвачӀеб,
Париж, Рим, Лондон щайзе, –
Шурагицин букӀинчӀеб.

Балагье нуж, гӀадамал,
МагӀарул гӀищкъуяльухъ, –
Гьерсаца цӀалкӀахараб,
МацӀаца картӀахараб;

Берцинлъи такъсирлъараб,
ТалихӀ, гьими рогьояб, –
Рагьулеб гордул цӀерде
Гирулеб даим магӀу,

Гьурмаде пардав цӀараб,
ЦӀалаца мугъ бухараб,
ЧӀвараб гъалбацӀ кинигин
Гъойсудалъе бортараб...

Авар рокьиялъул хьул –
ХьуцӀил тӀинда бугеб цӀа;
ЦӀаргун машгьурлъиялде
Щулаго къараб нуцӀа.

Цо-цояца ракъварал
КӀутӀбуз сардилъ щурараб,
Щуризецин цо-цоял
ХӀакъ бугилан хӀинкъараб.

Гудракь – квералгин бохдул,
Рахсикь – черхги лагаги, –
Гьеб чанида чан туманкӀ
Тушбабаца речӀчӀараб.

Балаялъе ратарал
Берал рахъун рехарал,
Вокьулилан кIалъараб
КIал-мацI рукIкIбуз букъараб.

Би магIарул гIадамаз
ГIураб ракьалъе тIуна,
Амма жегиги гIемер
Ккараб рокьуе кьуна...

АхIана МахIмудица
АзарцIул чIвараб рокьи,
ЧIаголъана, сахлъана,
Сибир къотIун буссана.

Гьелъул сунареб цIадухъ
ЦIия-цIиял наслаби.
О, рокьул ХIажимурад,
ХIинкъи лъачIев «мунапикъ».

* * *

Лъабго гIаданалъул ккараб цо гIищкъу
Цо бихьинчиясул бихьараб тIалъи...
Цояй гьей йикIана тIинчIай меседу,
ТIолго соназ керен гордацин цвичIей.

Цогияй йикIана бечедав росгун,
ПарччахIал васалгун чIухIарай бика.
ХутIарай йикIана чIегIераб ратIлилъ,
БотIрол рас хъахIлъарай, херай къоролай.

Къаникь вукъаниги, гьал лъабаздего
ЛъугIичIо МахIмудил бухIараб хIасрат.
Лъабалго рукIана Бекьилъа Муи,
Рокьул асаразулъ даим кенчIолей.

**МАХIМУДИЛ ВАСИЯТ**

Гьаб дир хабаде ракь
ТIеренго бан те,

ТIамур хъвалеб гьаракь
Дида рагIизе.

Къаданиб гьитIинаб
КаратI гьабун те,
КечI ахIулеб хIасрат
Дида бихьизе.

Дир пандур цадахъ те, –
Макьил сагIатаз
Ригьунел ясазул
ТIохазда хъвазе;

ТIалайдухъан лъугьун,
Гьездаса юргъан
Панаял сариназ
ТIаса бахъизе.

*1970*

## МАГIАРУЛ ЭБЕЛГИ БАКЬАГЬЕЧIИСА ЧIАНКIАГИ

«БакьагьечIиса ЧIанкIа,
ГурхIелгун рахIму бугев,
Дуда аллагьги лъала,
Дуда гIаданги лъала;

Дуца какалги рала,
Дуца кечIги гьабула,
Гьаб дир бадив валагье
Цо бегьулеб батани...»

БакьагьечIиса ЧIанкIа,
ГурхIелгун рахIму бугев,
Балагьана, щибилан,
МагIарул чIужуялъухъ:

ЧIегIераб гурдегун кIаз
КIкIуйдулал гьумер, берал,
Гьелги магIид чурарал,

Черх сородулеб буго...

«БакьагьечIиса ЧIанкIа,
ГурхIелгун рахIму бугев...»
Соролел руго кIутIби –
КIалъана гьай гьасдехун:

КIиго-лъабго мухъ кочIол
Хъвай дир васасейилан, –
«Гъов Россиялда хвана
Япониязул рагъда.

Гъов вукIана цохIо вас
Дир МухIамад, дир МахIмуд,
Гьанже-гьанже бахIарай
Ячине къачIарав чи.

Месед гъансида жаниб
Лъолеб гIадат букIана, –
Дир месед лъурал бакIал
Лъазе кIоларо дида.

Киб гъосул хоб бухъараб.
Киб гъосий зани чIвараб, –
Занилъун букIа абе
КIиго-лъабто дур рагIи...»

БакьагьечIиса ЧIанкIа
ГIенеккана пашманго, –
Щиб жаваб гьабилаян
Пикрабазда хутIана:

Хирияй магIарулай,
Цо вас камурай эбел,
КечIалдаги дидаги
ЦIакъ лъала дур къварилъи.

Дица жигар бахъила
Лъараб куцалъ кечI хъвазе.
Какги бала кIовухъе
Гъосул рухIалъул рахъалъ.

Амма мун гъов гьавурай,
Гъосул кини кIикIарай,
Кинидахъ кечI ахIарай, –

Дур бухIи киса щвелеб.

Гьадинаб кибго гьечIо
Цониги шагIирасул
Дурго магIил гаралъа
Росе рагIаби кочIой.

Дур бухIулеб каранда
Кверги лъун, баче бакъан, –
Кинидасан байбихьун
Дур гIадаб кечI лъугьинчIо.

Дир рагIаби щибизе,
Дур рагIаби рукIина
МагIил гарал кинигин
Дур васасул зонода…

Дур гIадинаб бухIиги
Дур гIадаб пашманлъиги
ГьечIо, букIинчIо жеги,
Вас хвечIезда лъаларо».

МагIарул чIужугIадан
ЧIварай гIадин хутIана,
Хадуб ЧIанкIаца пулан,
Гьей нухда тIойитIана.

Нух букIана гьетIараб,
Росу букIана рикIкIад;
Гъасда цIа свараб рокъой
Пакъир гьай бецIлъукь ана.

Гьоркьор къоял аралго,
Аваразул росабалъ
КIиго назму щущана,
Щобалгин мугIрул рахун.

Япониязул рагъда
Хварав васасул рахъалъ
Рес къотIарай эбелалъ
АхIаралин абулел.

Цояб – ЧIанкIаца хъвараб,
Цояб – эбелалъул кечI;
Цоялъул пикру тIокIаб,

Цоялъулъ бухIи, унти...

Эбелалъ ургъараб кечI
Кинацаго ахIана,
МухIамадил зонода
Гьелъул рагIаби хъвана.

ЧIанкIалабги кIоченчIо,
КIиго-лъабго бакIалда
Лъай бугел гIадамаца
Гьеб рикIкIунеб рагIана.

*1984*

## БАТИРАЙ

ВукIана даргиязул
ГIумарил Батираян:
ГIащикъга кочIохъанги,
Кивго мугIрузда лъалев.

Абулаан, гьос чIвабзаз
ЧIаго гьарулин хварал,
Гъосул гьаракь, сариназ
Сах гьарулин унтарал.

Рагъабазде, тIохазде
Гъов тIаде вахаравго,
ТIолабго магъил хIалтIи
ХIалхьуда хутIулилан.

Росдал байданлъабазда
Гъос бакънал рачаралго,
Рагъабиги тIохалги
ХIалхьуда хутIулилан.

Гьев къулгIаде анани,
Лълъадаре ине гIилла
ГIолилаз балагьулеб
БукIана щиб гьабунги.

Гьезда гIертIазул ирга,

Иццухъе щвей кIочона.
Бох гьечIез тIил бекула, –
ТIокIаб мун хIажат гьечIин.

Нусгоясде дандеги
Цо арав бахIарасул
Гьес ахIараб мехалда, –
Херасги квер хIанчIула.

АхIана гьес, киб бугеб
Нужер хвалченгун чуян, –
«Хадур рахъа нижеда,
Магжида нусал хъварал!»

Чундузул берцинлъидул
Бакънал гьес тIамуралго, –
ТIолго чанакъабаца
ТункIал магIида рала.

Ясал гIадал гьайбатал
Гьел чIвазе инкар ккола...
… Гьесул гIищкъул сариназ
Сверухъ гIазу биана.

Амма хIиллагун цциналъ,
Цоцазде ургъел бикьун,
Щибаб ахIараб кочIохъ
Гьесул гIакIа бахъана.

Ясазул сабру чIванин,
Васазул гIакълу чIванин,
РачI, лълъар хьвагIулеб боцIи
МацI бахъун бакIарана.

Гьел цаби рикIулезул
ГIакIабаз мискинлъарав,
Санацагин ургъелаз
Унти ккарав, херлъарав;

Ахирги тIадчагIаз тун,
Цо чагур хутIарав гьас
Жиндирго къисматалде
Къваридаб кечI ахIана:

«Дун релълъуна гьабсагIат

Бесдаласул тIингъида,
ТIу-тIураб, бихъ-бихъараб,
БокIниде рехун бугеб»...

Огь, ГIумарил Батирай,
Гьаб дуниял тирарав,
ЦIа свараб гъасда хвана, –
АскIов щивго гьечIого.

Чанги чIагIа гьекъарав
Мунапикъин, капурин, –
Гьев вукъизеги кIиго
Мискин гурони щвечIо.

Бегавулас абуна,
Байила как, кечI гьечIин, –
«Гьанже лъил хъвалеб пандур,
Хъазан лъил кочIохъ цIелеб?»

Огь, ГIумарил Батирай! –
Гьедин буго дур къиса.
Къисмат гьединаб буго
ГIемерал дур вацазул.

II

ЛъарагIазул вукIана
Ирчи Казакин абун,
Авлахъазул Батирай,
Лъабго чIва тIармил бугев.

Цояб чIваялда рокьи
Харун уна гордухъе;
Хадусеб чIва – лебаллъи,
Бакъан лъедолеб буго.

Лъабабилеб, ахираб –
Дагъистаналъул къисмат, –
Къункърабиги цIумалги
Зодихъ роржунел руго.

Гьасул цIар машгьурлъигун,
Шамхалица ахIана
Гьав жиндир гьундузухъе, –
Гьалдолеб буго Каспий.

Гьес абуна, гьанжеккун
Дуца кучIдул гьареян,
Дир гучалъе рецц гьабун, –
Гьалдолеб буго Каспий.

Казакил пандуралда
ГьечIо ункъабилеб чIва.
КIвечIо гьерсал рицине, –
Гьалдолеб буго Каспий.

Гьундухъ цо гъаравашил,
Берцинай бесдалалъул
Беразде гьабуна кечI, –
Гьалдолеб буго Каспий.

Гьай лъарагIгейшаялъул
Гордухъ хIасратал бакънал
Бегасул гIинда чIвана, –
Ццидахун буго Каспий.

Лъабго чIва бараб пандур
Гьес цIадабе рехана,
Нух босе, гьардухъанин, –
Гьелчолеб буго Каспий.

Кверазда маххал рана,
ГIазу кьарияб соналъ
Сибиралде витIана, –
ЛъикIго букIа мун, Каспий.

Доба туснахъалдасан
Шамхалий нагIана кьун,
ШигIраби гьас ахIана
ХIайранаб Каспиялде...

...Санал ана, вуссана,
Дагъистаналде щвана;
Шамхалида бицана
ВачIун рагIулин Ирчи.

Гьалдолеб Каспиялъул
Карачелахъ балагьун,
КечI ахIулеб букIана
Гьас йокьулей ясалде.

Цо сардилъ гьав рокъоса
КъватIиве ахIун ана;
Къаси бецIлъукь тIерхьана, –
ТIокIав нахъе вуссинчIо.

Гьасул лъалкI балагьунин,
ЛъагIелаз тIаде ккечIо, –
Кинаб захIматаб гIумру!
Кинаб гIасияб ахир!

Гьадин букIана къисмат
МагIарул Гомеразул,
РагIи хъвазе лъаларел
Нижер Овидиязул!

III

Лезгиязул кочIохъан –
Кочхюралъул СагIидил,
Ясахъ балагъунилан,
Берал рахъана ханас.

Хириял шагIирзаби,
Дагъистаналъул лъимал, –
ЛъачIо цужеда рохел,
ХутIана ятималлъун.

АхIулаго назмугун,
Загьруялъул цIураб лълъар
КигIан гIемер гьекъараб
Гьал нижер Элдарилаз!

Накалда чагъана чIван,
Ахираб кечIги ахIун,
Арал, Бруно гIадин,
Нижер Хучбарал цIадай.

КигIан кIутIби рукъарал,
КигIан кварал тIутIурал! –
КечI ахIана Мариназ,
КечI ахIана Щазаяз.

Шамилица гьукъана, –
Гьукъаниги ахIана

Бакъназул гIащикъзабаз,
ГIищкъуялъул муридаз.

Гъаб кочIой талихIалги
Тирана дунялалда, –
Вай мун, ЧIанкIа Тажудин,
Туркалъе нух босулев...

Рокъоб букIунеб рохел
КъватIиб киса букIинеб? –
Гъудузе рохелалъе
Нухда хун щвана васал.

МагIарул Пушкиназул
Ккарал согIал дуэлал,
Гьезде ишан босарал
Дантесазул гIемерлъи!

Гьезул бицунеб мехалъ,
Дида цебетIамула
Испаниялда Лорка
Кинан фашистаз чIварав

КучIдукьа хIинкъулеб куц
Чилиялъул хунтаги! –
Цин Виктор Хара чIвана,
Хадув Неруда ана.

КъватIахъ рухIулел тIахьал,
Цин Дора, цинги гьанир...
ЦIаял, цIаял, гьал цIаял,
Факелал киса-кирго.

IV

ВукIун вуго магIарухъ
Цо рагIарав бакъанчи,
Бегавулас копое
Гьесул гIундул къотIана.

Бетховен кинигинан,
Жиндир кечI рагIуларес
РагIулезе рукIине
Рачун руго накаби.

Хадуб инкъилаб ккейгун,
Гьесул бакънахъ гIенеккун,
Кубачияца гьесда
Меседил гIундул гъуна...

Гьаб бицана инсуца, –
НекIсиял поэтазда
Гьанже меседил гIундул
Гъунин заманаялъин;

«Дида, Сулейманида,
Гьудул Гъапуровасда...
Гьалайчиясул чодул
Гьанже пунхъи бихьулищ!

Берал рахъизе ккечIо,
ГIундул къотIизе ккечIо, –
Кодобе чагъир кьуна,
Кодобе щакъи кьуна.

Сибиралде ритIичIо,
ЦIадай кIанцIизе ккечIо, –
ЦIализе тIахьал кьуна,
Бачине чагур кьуна.

Амма дол кIал букъарал
КIочене бегьуларо.
Амма загьруялъ арал
Жакъа ратизе ккола.

Дозул кучIдул нилъехъе
ГIасру бахун рачIана.
Дозул хабал кин ругел? –
Хал гьабе, гIолодъаби!

Гьел магIарул гIащикъал,
Гьезул цIа свине тоге!»
Гьедин дида абуна
Дир инсуца, поэтас.

V

БукIана Батирайил,
Дагьал ихаз цебехун,
Дагъистаналъ хIурматал

Гьалбал ахIун, юбилей.

Жив гьавураб къоялде
Къаникь вугев гIащикъас
РакIарана киналго
КучIдузул гьудулзаби.

Хъураб щинаб боцIи-панз
Гьасий буссинабуна;
Босун букIараб гIакIа
Гьас гьалбадерий кьуна.

Росабалъ, Москваялда
Гьасул кучIдул ахIана;
Капиев, дуй баркала,
Гьел руссине гьарурав.

Радио, телевизор,
Газет-журнал, докладал...
Дунги ахираб кьерда
ВукIинчIо дол къояца.

Дица авар мацIалда,
Анварица лъарагIалъ,
ЛъарагIалде гIагараб
Нугъай мацIалъ Кадриялъ:

Шах-Эмиргун Ханбиче,
Цояца цоял хисун, –
ХутIана цо Митаров,
Гьасул кучIдул цIаличIев.

Муица, жергъен бухун,
Биччалеб буго гьаракь;
Бурлият нахъа чIелищ? –
Хъвалеб буго гьалъ аргъан.

Рабаданов Сулейман, –
«Дерхъаб!» – стол къачIалев.
Къаси кIиго театр –
Гьасул пьесаби хIалел...

Хадуб хIукму букIана
Киналго гIахьаллъарал
ГIумарил Батирайил

Росулъе щвезе ине.

Гъаб мугIрул тIалъиялъул
Бищун берцинал тIугьдул
ТIолго халкъалъул рахъалъ
Гьесул хабада лъезе.

Нусго машина буго, –
ГАИдал критика...
Город нахъа хутIана,
РикIкIад гьечIо Уркарах.

Дунгун цадахъ гIодов чIун,
Дагъистаналде щварав
Шотландазул лорд вуго,
Лордасухъ – «хъахIал чуял».

«ГIумарил Батирай щив?» –
«Гьев нижерги Бернс вуго»...
Вискиги гIаракъиги
Гьесул рахъалъ гьекъана.

Шотландияс абуна:
«Пайда щиб, гьабсагIаталъ
Гьев Батирайги, Бернсги
Нилъгун цо гIодор чIезе...»

Гьедин харбида щвана
Хадур, цере я цадахъ –
Хоб бугеб бакI киб бугеб? –
Киналго – доре, доре!

Васал, ясал, кочIохъан,
ТIаса рахъарал тIагърал...
«ТIугьдул щиб зонохъ лъелел,
Батирай вукъарав кив?»

Гъаб хабзалахъ балагьун
Руго ниж хиялазда...
«Бице, халкъ, росдал чагIи,
Наслу гъосул киб бугеб?

КIалъай нуж, гIалимзаби,
Диссертация хъвалел,
Досул кучIдул сабаблъун,

Кандидатал рахъарал?

Бице, Рашидов Рашид,
Даргиязул кочIохъан,
Кив вукъарав Батирай,
Мун гьаб росулъа вугин?..»

Киназго гIенеккун чIун,
ЦохIо калам гьабичIо,
Гьабулезги бабадун,
Баянаб жаваб кьечIо.

Жидерго росдал шагIир,
Дагъистаналда лъалев,
Лъалеб гьечIо вукъараб
Къоно, хоб, зани гьазда...

Къо бакьулъе щун буго,
Щущарал хабал руго, –
ТIогьол кIвацIаби руго,
Кир нижеца гьал лъелел?

«Жеги ниж гьарилалде
Гьав нижедаса анин,
ЦохIоцин цIарги гьечIин
ЦIалун лъазе гьал занахъ.

Гьасул бакънал хутIанин,
БатIияб жо хутIичIин;
Гьав вукIараб рукъ лъалин,
Вукъараб бакI лъаларин..»

Гьадин руго кIалъалел
Бищунго кIудиялги, –
Гьезий кучIдул ахIарав
Унгоха мун, Батирай!

VI

Нижгун цадахъ вукIана
АбутIалиб Гъапуров...
Гьес абуна, жиндида
Лъалин Батирайил хоб.

Батизе захIмат гьечIин,

Дида цадахъ рилълъаян;
– Кидаго гьанив щвечIев,

Щибун дуда гьеб лъалеб?
– Дагьав кочIохъан дунги
Вугевха, ХIамзатил вас.
Дун цо зурмихъан гуро,
Дун цо пахьухъан гуро.

Подвалазул гъалайчи,
Дида гьаб гIумру лъана...
...Сверухъ батIи-батIиял
Хабазул ганчIал руго;

КIичIаралгун ритIарал
ЧIахIиялгун гIисинал, –
Борхалъуда, ахада,
Нухазул рагIаллъуда;

Хабазулъан раккарал
Кверал гIадин руго гьел,
КинабгIаги нижеца
Гьаниб тасдикъ гьабулин.

Ниж ракълида ругила,
Нижер къец-дагIба гьечIин:
Къеда ран танин хунжрул,
Хириял нижер чунгрул.
Нижеиа гьаниб цадахъ
Цо щибниги босичIин...

АбутIалиб лъалхъана, –
Харилъ тIегь баккун буго,
ЦохIо бетIер бихьулеб,
ГьитIинаб гъарим зонохъ:

«Гьале, дир гIолохъаби,
ГIумарил Батирайил
ГIумруялъул саназе
Гьаб росдаца бараб си.

«Гьагъаб цояб щай гьечIеб,
Гьугъуб цояб щай гьечIеб?» –
Щибго гIилла лъаларин,
Лъугьана гIолохъаби.

АбутӀалиб кӀалъана,
Гьагъабги гъосин бугин.
Мискинал щинал занал –
Киналго гъосул ругин.

«Цебе ресукъазеги,
Росдал шагӀиразеги,
ШигӀруялъ гӀадаллъарал
ГӀищкъул асиразеги;

Дагъистаналъул чӀухӀбуз
ЧӀвалел занал рукӀана,
Лъицаго рикӀкӀунарел,
Щибго кӀодолъи гьечӀел.

Гьале Батирайил хоб, –
Сверухъги Батираял...
Гьас саринал ахӀана,
Сверухъ такрар гьаруна».

ГӀемераб мех иналде
Бащадал хабал гьанир
Халкъалъул тӀугьдуз цӀуна,–
Гьел даим речӀаларо.

Дунги дирго квацӀигун
Гьел заназде къулана...
Огь, кинаб къисмат бугеб
МугӀрул кочӀохъабазул!

МугӀрул реццалъ таразул,
ХӀасраталъ къвал баразул,
Машгьурлъигун цӀаралда
ЦӀа залимаз гъуразул.

VII

...Нахъ вуссараб мехалда,
Дагъистан тирарабго,
Дунялалда гьарурал
Памятникал рихьигун;

Пушкинихъе щваравго,
Гётегун дандечӀвайгун,

Дантехъ балагьаравго,
Киса-кибго ракьалда,

– Огь, ГIумарил Батирай!
Дида цебетIамуна,
Доб харилъан баккараб
Кваркьи гIанасеб зани;

Гьавураб сон хъван гьечIел,
Хварал санал лъаларел,
Жалго хобал лъаларел
МагIарул гIакъилзаби.

Сулахъалде рехула
Дица Казакий тIугьдул,
Койсуялде рехула
БахIарчияй Мариний.

Карибалъул лъадалъе,
Карачелалъ хваразе,
Кубаялъул сеньораз
Рехулел кинигинан.

РикIкIада Индиялда
Океаналда дида
Эменги Сулейманги –
КIиго гама бихьана:

«Ассаламу ГIалайкум,
Сулейман Стальский».
«ВагIалайкуму Салам,
ЦIадаса ХIамзатилан».

Дун вихьигун цIехана
Дагъистаналъул хабар;
Дица гьезда бицана
Кинабго бугеб куцалъ:

КучIдулги гIемер ругин,
ГIумруги лъикIлъун бугин.
ГIунгутIаби кидаго
Церего гIадин ругин.

Нужехъе – кIияхъего
Памятникахъе щолин,

Гьенир мрамораЛъул
ГанчӀазда тӀугьдул лъолин.

ГӀалирзаца абухъе,
КочӀой квацӀаби лъолел, –
КигӀанго нужеразде
Щварал гьел гьечӀониги.

Амма цӀакъ захӀмат буго
Цересел поэтазул
Гьанже занал ратизе
ТӀубан филиалалъе.

Гьарураб мех лъаларин,
Хвараб сонцин лъаларин,
ГӀицӀго цо харбал ругин,
ГӀицӀго цо кучӀдул ругин…

Сулейманица, лъалеб
Килищ борхун, абуна
Кибниги шагӀиразул
Хобал рукӀунарилан.

Жибго шигӀру хутӀулин,
Жибго гӀищкъу хутӀулин,
Хвезе рижарал гьечӀин
МугӀрузул шагӀирзаби.

Инсуцаги абуна:
«Гьале дунгун Сулейман,
Гьаб дуниял сверулел, –
РатичӀо гьезул занал.

БатичӀо Батирайил,
БатичӀо дир Казакил,
Кирниги данде чӀвачӀо
Маринаги Шазаги.

Доб Ерусалималде,
Руставелихъе гӀадин, –
Мун хадув вахъаниги,
Гьезул хоб батиларо.

Хобазеги кечӀ буго
Гьезул гӀумругун гьунар,

ГӀенекке мун, Дагъистан,
ГӀенекке, нижер васал!

ГӀундул ратичӀонани,
Кубачияхъе ракке! –
Гьел доба устарзабаз
Меседалъул гьарила»...

...Дунги – магӀарул поэт,
КучӀдул чӀаго хутӀани,
Хабада чӀвалеб зонол
Дица бицине гьечӀо.

БукӀанани, букӀа гьеб
Гьавураб ЦӀада росулъ!
Бокьани ГъоркьагӀурда,
Бокьани ТӀасагӀурда.

Дора – гӀемер кьураби,
ГӀела, гьитӀинал гьечӀо!
Гьаб мрамор кучӀдузулъ
Кибго дица ахӀичӀо.

*1979*

## ГIУМРУЯЛ ЬУЛ ГЬОКО

(Непалалъул къисаби)

## ЧIАГОЯЙ АЛЛАГЬ

(Кумари)

I

НекӀсияб Индиялда,
Эверестил гӀунсузда;
Аза-азар буддазул
Борхатаб Гималаялъ;

Пулавалъул хьат гIадаб
ГIаздалаб Тибеталда;
ГIурул рагIалда мучIдул
Рохъдолаб Гангаялда;

Монголазул юртазда,
Непалалъул хIуржабахъ,
ХIикматаб Азия, дур
Ругел щинал аллагьал!

Щибасул асаралъе,
Хасият, намусалъе;
ХIасраталъе, ццидае,
Рокьиялъе, кьалалъе,

Бачунеб бакъаналъе,
Гьекъолеб чагъиралъе,
Берцинлъи-гIакълуялъе,
Бакъуегин цIадае, –
Дида цIарал кIочана,
Чан гьел ругел доб зодихъ!

Гьезул хIисабал, дарсал,
Философия – къиса;
Вишна, Шива, Кришна,
Какалги дугIабиги...

Дие гьезул бицана,
Амма бичIчIизе кIвечIо, –
Буддазул дугIагин как,
КечI жубан, къинабула.

Гьеб кочIолъе гIицIго цо
ГIодоаллагь ячIана, –
ЙорчIамиги дир гьелъий,
Сордо лъикIги дир гьелъий.

Сариназул бакъназулъ
ЦохIо Кумари йиго,
Киналго матIабазулъ
Гьелъул бетIер кенчIола.

II.

Кумари – гьитIинаб тIегь,

ТIугьдулъа йищун йиго, –
ТIолабто дунялалъе
Непалалъул хIалимин.

Кумари – лъалареб хIинчI,
ХIанчIалъа йищун йиго, –
Жеги тIавап гьабичIей
ЧIагояй аллагьилан.

Кумари – алмаз, маржан,
Маржаналъ йищун йиго, –
Гималаялъул каранлъ
КенчIе, гIодобичасин.

Кумари – гьитIинай яс,
Кини тун яхъарайго,
Мун тахиде яхана
Борхатаб дунялалъул...

Кумари – гьайбатай яс,
Гьедин тIадегIанаб чин
Цо пачаясе щвечIо,
Шагь, имамасе кьечIо.

Аллагь гурев цогияв
Аллагь гьечIилан абун,
АскIове гьеб рагIуде
ГIадан къазе виччачIо.

ГIодояли щан гурин,
Зодор космонавталги,
Бичасул цIарги босун,
Цонигиял руссинчIо.

ШагIирзаби рукIана,
ГIалимзаби рукIана, –
ГIадамасе къол щуцIул
Щивниги чи къуличIо.

Дуе Катмандул бакьулъ
КенчIолел гьундул рана, –
Керен гьелъул гордазда
Гурони цвичIей аллагь.

Жегиги би тIинкIичIей,

Анкьго сон тIубалей яс;
Жеги рахьдал махI бугеб,
Бахьинаб хъахIаб кьегIер.

Берцинлъуда хIур хъвачIей,
ХIинкъи черхалда лъачIей,
ХIеренаб гуреб калам
Киданиги гьабичIей.

Жеги кун ххечIеб рукIкIен,
РакIалда квешлъи лъачIей,
Киниялда бачунеб
Бакъан гIадай яцIцIадай.

Зодил хIалтIи лъаларо, –
ГIодоаллагь йикIуней
ГIумруялъ лъан букIинчIо,
Гьале гьай мун ятана.

III

Гималаялъул ракьал,
Нужер рокьи, гIадатал...
ГIемерал веказ накIкIикь
Нужер ракIалгин бакIал.

Нужедаса пардав цIан,
Гьел рихьизе гьаризе;
Маргьуги хIакъикъатги
ХIакълъун загьир гьабизе:

Мун бичIчIизе, бокьизе,
Бикь-бикьизе, хъамизе,
ХъахIаб Эвересталда
Байрахъ я зани чIвазе, –

Западгин Севералъул
СапарчатIазул гьижра;
Чан нухлулав вукIарав
РикIкIада улкабазул!

Маккаялде рачIунел
ГIарабал рукIинчIо гьел, –
ГIарцул гъансал рукIана
Гьезда макьилъ рихьулел.

Гималаялъул ганщал, –
Гьезул гарбазда квачI чIван,
Гьел квинилан гъулгъулеб
ГъалбацI – британазул.

Непал – недегьал пилал,
Гьезда тIад щив рекIинчIев, –
Нужер хвенхалъ тIутIаллъун
ТIепарал джентельменал.

Тибеталъул цурдулгун
Цадахъ сверулел циял
Сундул бицунел ругел? –
Индия буго аскIоб...

Цо аллагьас биххулеб,
Цогияе цIи гIуцIулеб;
Дица дагьаб цIалараб,
ЦIалун бичIчIичIеб улка.

Дир хирияв инсуца,
Аваразул шагIирас,
Дие гьелъул къисаби
ГьитIинго рицунаан.

Радал тIохда мохрода,
ТIингъил къвалакьа рахъун,
ТIахьал регулаан гьес
РикIкIадисел веказул.

Хадуб дунгоги ана
Гьеб Гьиндустан рагьизе, –
Гандил философия,
Тагорил кочIол щвантIих.

Рерихил картинаби,
Киплингил согIаб назму –
«Восток гьеб Восток бугин,
Запад гьеб Запад бугин...

Ниж унел, унел ругин
Африкалъул ракьалде,
Гьал нижер чакмабазда
Чияр нухлул хIур бугин...»

Дидаги сардил макьилъ
Рихьана гьадал ракьал,
Амма рокьи букIана
Дир хазина дозие.

Нижерги мугIрул руго,
ГIураб берцинлъи буго,
Дун гIищкъуялъ вачана
Дол чияр улкабазде.

Индияги Непалги
Дица рагьизе гьечIо,
Амма дие гIун йиго
ГIун ячIуней гьай аллагь.

Гьединай цойги гьечIо.
ЦохIого цохIо йиго, –
Цоги нухалъ вуго дун
Долъул гордухъ Катмандалъ.

Дой дагьалъ балагьана,
Цинги нахъе тIерхьана;
ТIадюссана, паркъана
Гьелъул багIараб гурде.

Гьимарайищ лъаларо,
Елъарайищ лъаларо,
Лъимадул ригьда йигей
Аллагь дихъги балагьун.

IV

Непал – дунялалъул тIох,
ТIадехун щибдай бугеб? –
Щвана дун Катмандалде
КIиабилеб нухалда.

Жакъа цIакъго къадруяб,
Къиралай гьаюраб къо.
Панчаяталъ ахIана
Аварав байрамалде.

Гьале гIодов чIун вуго
Дун РахIман Везировгин;

Азербайджаналъул вас –
Нилъер улкадул вакил.

Дида аскIор гIодор чIун
КIиявго принц вуго.
Цо кIудияб тахида
Жийго къиралай йиго.

Къого труба пула.
Нусго къали кьабула,
Кьвагьулел гIарадаби, –
«ГIумру кье къиралалъе!»

ЦIурмаца цIураб керен
Кьурдулел руччабазул;
Чурхдуздагин бохдузда
Зваргъолел маххал, рахсал.

АхIулел руго кучIдул
Цо рахъалъ, цоги рахъалъ,
Цинги кинабго байдан, –
«Къиралалъе гIумру кье!»

ГIундузда кIилкIал руго
Цо-цо бихьиназулцин, –
Рихьула гьел магIарзул
Къалал рорлъун раралги.

Цо-цо къунщбухъ балагьун,
КъахIиса ругин тана;
Надалда пахьул магIдан –
Гьид, цIунтIал цере чIана.

Чуял тIамулел руго,
Огь, тIанусдерил гIуру!
ГIоротIа кинигинан
Гьаби рагъизарула.

Рекерахъди, речIчIахъди, –
РечIчIун арал чIораца,
ЧIумал гIадин, иргадал
Рорлъун рачIунел хIанчIи.

Цо Цовкраялда гIадин,
КIанцIолел палугьаби...

Гьале бецIлъулеб буго –
Бакула азарго цIа.

ЦIадуда тIасан кIанцIун,
Цоги цIадухъе уна;
АхIдолел микрофонал, –
«Къиралалъе васал кье!»

Маскабалъ свердулел куц!
Маскаби жирулел куц! –
Маска гурищ гьаб гIумру?!
Маска гурищ гьаб гIасру?!

Гьезул русби гIадинал
Кверал дица росана, –
Огь, маскарад – дуниял,
Даим сверулеб гьобо.

Гьаниб квер къанагIатаб,
Кухри нус хъатикь гьечIеб.

Гьелъул цо паркъи, сваркъи,
Сакури гIощтIол гIадаб, –
БакътIерхьул гестапоялъ
Гуродай гьаб ургъараб?!

Дица пикру гьабуна,
ГьетI-гьетIараб гьалъие
Цо согIаб жанаваралъ
Жиндир гажал кьун ругин.

Гьалъ цо гьагIан кьабани,
ГIакдал бетIер къотIила, –
Амма гIакдал гьан квине
Гьукъун буго буддаяз.

Гьелъул гIадинаб хIурмат
Цо хIакимасул гьечIо, –
ХIайваналда хъварав вас
Инсулги тушман вуго.

Кухриялъ аза-азар
ЦIцIедул бетIер къотIула, –
БуртIазул гьан, гьеб буго
Гьаниб бугеб садакъа. »

Лъималазул гІин ккурал
Полициялин ккола,
Гьел цІцІани ккун рачІунел
Квер гІебал къасабчагІи.

Полициял абуни –
Тунчузда гьезул кверал, –
Киналъулго бетІергьай,
ТІолабго гьезда кодоб.

Гьезул мугъаз кинабго
Катманда бахчун буго.
…Корона Непалалъул
КенчІолеб букІараб куц!

Щвана къаси замана.
Ана къиралай нахъе, –
Къваридав дида цее
ЯчІуна дир Кумари.

V

Непал – дуниял рагІал,
Дунялалъул бакьулъ бакІ;
Югалъул Азиялъул
Гьоркьоблъиги бикьиги.

Гьелъул рачелалъул кІичІ –
КІичІараб гІоралъул кьо;
Нухал, къасдал цолъулеб,
Цинги гьел ратІалъулеб.

Непал – ракьул боррхалъи,
Биунареб доб гІазу;
ГІурччинал гъварилъаби,
Гъул-гъулел иххал бакьулъ.

Бакъвараб хъахІлъараб ракь
Мусруялда релълъуна,
Мискинав пуланасул
Жаназаялда бараб.

ДандчІвалесде Невералъ
МуцІи цІураб лъим тІола, –

ЦIад гьарулел ругила
Пальмабигун бананал.

Къоло кIиябго чвахи
Баханани, абула:
Анищ, мурад тIубалин...
Дур гьеб тIубанищ, Непал?!

Непал – къачIачIеб алмаз,
Жеги бессичIеб тIанса,
Цоцазулъ дагIба гьечIел
Гьегьал ракълилал динал.

Рукъ къварид гьабулареб,
Къец гьечIеб какги кечIги;
Цого каву бухулеб
Рохелги къварилъиги.

Байрамал, гIадатазул
ГIунгутIи гьечIо гьаниб, –
Огь, ганчIилаб пачалъи,
Огь, бичIчIулареб гIумру!

ВачIана дун гьаниве
Совет ТУялда рекIун;
Сверухъ – гарбал гьетIарал
Пилалгун варанаби...

Гьале байрам лъугIана,
Гьале байдан нахъ тана;
Хъил тIурал, тIечIел нухал,
ТIу-тIурал туртал гIадал.

Европалъул гьотелал,
Америказул корпус,
Цоцазда цун гьарурал
Принцазул минаби.

Рижун рачIунел михъал,
РакI бухIун, тIепун чIарал,
КъартI-мартIал къиралазул
Щибаб къотIноб суратал...

Гьел къваридал къватIахъан
КъватIисел посолазул

Гьунарел машинаби,
Гьезда гьоркьоб нилъер ЗИЛ.

Цо къотIноб хIурулъ бегун,
Багъарулареб гIака,
Гьелъие хIелхIедулел
ХIинкъарал шоферзаби.

Сверухъ чIунтарал рукъзал,
ЧIинтIарал гIертIал гIадал;
ГIемерал ганчIал речIчIун,
Хъурарал дадал гIадал.

ТIад гъалай бахунаго,
ХутIарал тIарсал гIадал;
Цо базар, цоги базар,
Базарал, казинаби...

Гьадинахъ Бейруталда
Балагьун вукIана дун;
Бейрут – бакъбаккул Париж,
Гьанже гъоб чIунтун буго.

Буддазул монастырал,
АскIор чвахулел гIорал.
ГIурул рагIал... цIулал гохI,
ЦIадар рухIулел чагIи.

Лъелъе балеб рохъо, хIур,
Нахъеги гIумру – базар.

Кашмиралдаса шалал,
Шайихзабазул чIумал,
Чундул, чIагоял хIанчIи,
Цинги гьещтIолел хIанчIи, –

Берал доре-гьанире
Хенон, сверулел ругел,
Цо божизе захIматал
ГIадамал кинигинан...

Одессалдаса Борис,
Месед-гIарцул тукаби:
«Мун – нилъер бакIалъул чи
Дица учузго кьела...»

Бичулелгун хисулел,
Ххам гІарщиназ борцунел, –
ГІарцул къайи кенчІолел
ГІисинал цІадираби.

Гьал базарал, тукаби –
Тибетал, китаязул...
Туристалгун битникал
Кинабго дунялалъул...

Гьазул цо къокъал тІажал,
ТІаса рахъарал гурдал;
Михъал, кІукьмах лъаларел
Мугжул, жегиги кІкІвачІел.

КІоларо дида лъазе,
ЧанцІул данде чІваниги, –
ЧІужугІадан щий гьазул...
Бихьинчи кинав гьазул.

Гьал гІакълу босизейищ,
Паракъалъи щвезейищ,
Рокъоб гьечІеб эркенлъи
Батизейищ рачІарал.

Я гьабулеб жо лъугІун,
ГІомо борлъулеб гІадин,
ГІумруялда рекІекълъун
Ратила «философал».

Ккола гьаниб камураб
Гьабилан цо жо гьечІин, –
Цо тукада бихьана
Сталинил суратцин...

ГьечІев аллагьги гьечІин, –
Амац цо гьечІеб гІадлу;
ГІунги тІокІ полициял, –
ГІолареб, унго, низам!

Лъана, гІадада гуро
ГІандисеца абулеб, –
ГІухьби гІемерлъаралго,
ГІиял бацІахъе щолин.

VI

Метер дун унев вуго, –
Дир намусалъул аллагь,
Дирго ургъел бикьизе
Духъе вачIун вуго дун.

Лаилагьа илалагь,
Бусурбабазул васас
Бисмила дуй бахъула,
Ракълилгин бакъул бичас.

Гордо рагье гьундузул,
Дир гьитIинаб банана,
Гьанже-гьанже бижулеб
Берцинаб пальмадул гъветI.

Апрелалда мокьрогъветI,
Маялда багIлидал гъветI,
ПарччахIав къиралаcул
Надалда тика лъолеб.

Дир бекулареб гага,
Дир билбагIараб жага,
Дир аллагьазул аллагь,
Азарилалъ цо йигей...

...Гьале горду рагьана, –
Маргьу щиб, хIакъикъат щиб,
Гьале гьитIинай аллагь, –
Гьаб макьуйищ, йорчIами.

КигIан берцин бищараб,
КигIан цIодор ургъараб
ЦIар гьаб хIанчIил тIанчIида,
ТIадегIанай бичасан.

Киналго гьулаказда
Гьереси лъачIел лъимал
Гьаб дунялалда дица
БетIергьанал телаан.

Рагъдаса халкъ цIунизе,
ЦIадудаса гьукъизе

Дица гьезий ралаан
Гьундул Женева бакьулъ.

Кинабго Парижалда,
ТIолго Хиросималда,
Палестина, дур лъимал:
«Рокъоре, рокъоре!» – ян.

Гьеб рахъалъ Непалалъул
Къиралaсулги дирги
ДагIба гьечIо щибниги,
Дов монарх вукIаниги.

Баркала досиеги,
Досул ватIаналъеги,
ГьитIинаб рижиялда
Аллагьин абуралъухъ.

Гьале гордалги къирун,
Гарана бахьинай гьай, –
Бице, рахьдалал кIутIби,
Нужеца щиб абураб?

Гьалъ керен цIутIизабун,
ЦIана, угьана хIухьел, –
Бице, хIеренаб микки,
Кинаб ургъел дур бугеб?

Дун лъикI балагьун вуго,
Амима лъазе кIоларо, –
КIарулейищ мун йигей,
ГIодулейищ мун йигей.

Бице, бице, бадисан
ЦIайищ кенчIолеб бугеб?
Яги цIамгIалаб магIил
Горойищ, гирун унеб?..

Кодор ясикIабигун
Ясандилей дир аллагь,
Дур кечI дида цодагьаб
БичIчIулеб гIадин буго.

Дица дирго мацIалде,
Дидаго лъараб куцалъ,

Дур калам чанго соналъ
Буссинабулеб буго.

Дица гьанже, Кумари,
Дирго кечI дур пикрабалъ
Каспиялъул рагIалда,
МагIарухъ хъвалеб буго.

Дида мун кIочонаро,
Щиб сордо-къо щваниги, –
Дир къасдалъ кьижичIого,
Кьинч гIадин, хьвадула мун.

Дие хIалхьи чIван буго
Дагъистаналда рокъоб, –
Дир хIисабалъ, хIинчI гIадин,
ЧIирчIидилей йиго мун.

Лъана дида дур чIи-чIи,
Лъана дида дур хIинкъи, –
Щибаб сордогин къоялъ
Къалеб буго дур керен.

Гьимулаго гIодулей,
ГIодулаго гьимулей,
ГIурухъе щолей йиго, –
Щобда байрахъ бахъана...

Гьедин бицана дида
Катмандалъул поэтас, –
Кумарие ахирал
МоцIал хутIун ругилан.

Невераяс лъабцIуса
Хъалян цIан бахъиналде, –
Долъул цIваги тIерхьунин,
Долъул цIаги хисулин.

ГьитIинай аллагьалъул
ТIоцебе би баккигун, –
Гьей гьундухъа хъамулин,
Пенсиялде йитIулин.

Бичасалъаги яхъун,
ГIадамалъаги яхъун, –

Рохъдоде юссинегIан
Жийго-жийго хутIулин.

Гьелъие рес гьукъулин
Рос-рукъалде юссине, –
Гьей Кумари хутIулин
Хадуб хъизан гьечIого.

КигIан гIужде щваниги,
ГIадан балагьичIого, –
ГIумруялъ къвал бачIеб черх,
Жеги къочичIел кIутIби.

КIутIбузда хъвачIеб гьоцIо, –
ГIумру гьуинлъагийин;
Килщида ххечIеб баргъич,
ХвезегIан яс – къоролай...

Къирал, мун битIун гьечIо,
Гьеб буго гIассияб суд, –
ГIищкъул кеп лъарав аллагь
Дагьавги тIокIав гурищ?

ТIинчIаб наялъул гьоцIо
Гьуинабин абула, –
Гьадинаб кьогIаб кинаб
Дир Кумарие кьураб?

Дида гьелдаса согIаб
Гьаб ракьалда лъаларо, –
Рокьи гIадаб аллагьлъи
АллагьасхIаги гьечIо.

Гъасда цIа бакулареб
ЦIорораб чIаголъи щиб?
Кинидахъ тIинчI гIодичIеб
ТIагIам щиб гIумруялъул?

КIиябго гъал бикьулеб
Гьоркьоблъи белъунелъул,
Гьоркьой толеб гIадат щиб,
Кар гьайбатай дир аллагь?

Яги мун къоролайищ, –
Росасе иналдего,

Абурав чи дур хвезе,
ВукIинецин вукIинчIев?..

ЦIакъ гьитIинго рукъалде
КъачIала гьанир ясал.
Нагагь цIар чIварав хвани, –
ХутIула даим къорол.

Улбуца къватIир гъола,
Нужер баркат гьечIилан, –
Гьел дида дандчIванщинал
Делиялъ, Калькутталда...

Вай, дир гьитIинай туснахъ,
Дур талихIалъул дагьлъи, –
Дунялалда гьал лъимал
Гуккулел куц маргьабаз.

Данде цогияв ккечIел,
Цо чирахъ, хъизан гьечIел,
Дур гьуинал макьаби
Ракьалда кьогIлъарал куц!

Хъизан, хъазан гьечIого,
Миллат кинан букIунеб? –
Миллат гьечIеб мехалда
Халкъул гIалам букIунищ?

Рукъ гьечIел росабиги,
Росу гьечIеб улкаги,
Улка гьечIеб дунялги
БукIунебищ, Эверест?

Гьадинги Непалалда
Бертаби дагь гьарула, –
Гьезул гIемериселги
ГIаздал моцIаз рукIуна.

Гьадинги Непалалда
ЛъабцIул хур бачIаниги, –
ГIемерал кIи-кIи вацаз
ЦохIо лъади ячуна.

Гьадинги Непалалда
Чиясул мех дагь буго,

Гьениб кIикъого сонги
КIудияб ригьин тола.

Гьадинги Непадалда
ГIемераб хъахIаб ретIел, –
ХъахIаб кIаз чIварал руго
Хваразухъ чIегIер балел.

ЧIегIераб михъ-мегеж кIкIван,
ГIолохъабиги руго,
Жидерго гIадаталда
Хварахъ зигара балел.

Гьадинги Непалалда
Лъимал гIемерал хола, –
Гьел гIемераз гьарула, –
Цо аллагьалъги гьаре.

Гьей егараб кинидахъ
АхIе Непалалда кечI, –
Гьеб цIунизе, гIуцIизе
ГIадамал хIажат руго.

Гьанир цIиял фабрикал,
Гьанир-дора заводал, –
Пилалда гуро, Непал
Машинаялда буго.

Дуниялалда буго
Балагь, рагъалъул хIинкъи, –
Рекъел цIунизе васал,
Рес гьечIо, хIажат руго...

РикIкIада Карпаталда
Костелахъ МахIмудида
Кодоб лъимергун гурищ
Мария данде чIварай?

Гьелъ асир гьавун гурищ,
Аллагь, дир Муийилан,
Аваразул шагIирас
Ярагъ гIодой рехараб?...

Ииччай нилъер Кумари,
Щибаб кверзукь лъимергун,

Дун нужер аллагь йигин, –
ЯчIине наслабахъе.

Дица, аварас, гьелъий
ХъахIаб бетIер къулила, –
Огь, къисмат, огь, Мандала,
Огь, дунялалъул гьоко!

Биччай, Кумаратаца
ЦIиял аллагъал гьарун,
ЦIваби кенчIезаризе
Пашманаб дунялалда.

Биччай, гъалал рикьулеб
Гьоркьоб бакI релъад белъун,
Жий рукъалде юосанин,
Бакъалда гьелъ абизе.

Биччай, гIураб мехалда
БахIарай Кумарица
БахIарасул къаданиб
ЦIулакьо лъунгутIизе, –

МагIарулалъ гьеб буго
Лъабго нухалъ цIар тIами, –
Лъабнусго тIамуниги
ТIоге гIумрудул рахас.

## ГIУМРУЯЛЪУЛ ГЬОКО

(*Мандала* )

Цо-цо тохал ишаздаса эркенлъани,
Дуда бихьила дунял бугеб гьайбатаб.

*А. Блок.*

I

Гималайгин Эверест,
Эхеде унел накIкIал,
Эхебе бачIунеб бакъ –
КечI жеги лъугIун гьечIо.

Гьеб лъугІула пикраби
ЛъагІараб заманаялъ, –
Пандур магІида базе
Жеги чІваби чучичІо.

Непал, нух къосарав чл
Зобазухъ балагьула, –
Мун цІвабзазухъ балагьун
Бугеб гІемерал веказ.

ГІаданлъиялъ гуккараз
ТІабигІат балагьула, –
ТІадегІанав аллагь, мун
Кив вугеван цІехола.

Мун – буддаязул гьулак,
Кього миллионасе
Лъебералда лъабазар
Аллагь гьавураб улка.

Азарго балагь лъана,
Азарго кьал букІана,
Гьел кьижизе гьаризе
Цонигиясда кІвечІо.

Мунни – бакъ баккул тІалъи, –
Бакъ тІерхьунел щобазда
ТІураб би ганчІаздаса
Жеги чурун бахъинчІо.

Лъабкъого миллион чи
Рагъул цІадулъ холелъул,
Гьел цІунизе цо аллагь
Европалда ватичІо.

КІкІуй тІад бетараб гІалам,
Бомбабазукь Варшава;
Берлиналда, дад гІадин,
Къвалакь кверги чІван фюрер.

БукІана Освенцима, –
Бесдаллъарал ясикІай;
Огь, дир Белоруссия,
Дур росаби, Хатынал.

РуцIцIун чIарал килисай,
Калам гьечIел михIмарал, –
Кий мун лъимергун йигей,
Вай, дир Аве Мария!

Цингиги Хиросима,
Августалъул бакъул къо, –
Бомбаби рехилалде,
Как балев зодихъ лётчик.

Рималда ракълил байдан,
Дуче папагин цадахь;
Фюрерасул каранда
КенчIолеб хъанч. Хасаб би...

Улбул, квералги рорхун,
КиналгIаги тIохазда, –
ТIадегIанав аллагь, мун
КIалъай гIадамаздайин.

Биял, биял... Библия
БуцIцIун чIана – бихьичIин;
БутIрул, бутIрул къотIулел, –
Къуръан – жинда лъаларин...

Лъабкъого миллион чи,
Рокъоре нахъ руссинчIел, –
Руссаралги гIемерал
ГIинкъал, рекъал, рукъ гьечIел.

Бакъ, ицц, берцинаб байдан
Бихьуларел, бер гьечIел;
Рокьи ккани, къвал базе
КъваригIунеб квер гьечIел.

КечI ахIула, музыка,
Мун тIагIана, – гIин гьечIо;
Маялда рагъ лъугIана,
Ругънал жеги лъилъичIо.

Гьел ругъназде тIадеги
Цоги ругънал рукIана, –
РекIекълъигун къварилъи
Лъараб гIумруялдаса.

Лъудби чияй ун ратун,
Росабаз ккурал бутIрул,
Васазда ричIчIуларел
Умумузул пашманлъи.

Гъулакал, лъимер гьечIел,
ГIемер улбуз кIикIана, –
КIал гьикъана гьерсица,
Гьимгьидана къварилъи.

II

Петрица, Грозныяс,
Гоголил Тарасица
Жидерго лъималазе
Лъала гьабураб диван.

Имам Шамилицаги
ТIоцевесев васасе,
Пачагун рекъонилан,
Бакъ гьечIеб бакI бищана.

Гьанже цилъер заманалъ
Цо-цо гIурал васаца, –
Дида гьел данде чIвана
Париж, Бонн, Лондоналда.

Балалайкаби кодор,
Кофегин виска хъатикь,
Магжида нус бахъичIел
Расалда кIукьмахх лъачIел,

Къокъал джинсал-тIажал,
ТIаби рахачIел гурдал, –
Гуро, лъазе кIоларо
Васалищ гьал, ясалищ?

Гьал хIикмат балагьула
Балагь лъарал умумахъ;
Бид бетарал байдабахъ,
Рохъдолал шагьаразухъ.

ХIакъикъатги хиялги
Цоцалъ хурхун рагъулел;

Хвелги гIумруги кинаб
ГIакъилаблъи лъаларел.

РакIбуссарал къасдазул,
Къваридаб божиялъул
Ццидахарал битниказ
Тира-оверана дунял...

СагIтал кIетIолел руго
Цоцахъе кверал кьеян, –
Цоцазе хIинкъи кьолел
Гьанжеги хIукуматал.

Роржунел руго чудкал,
Чиясул бер бикIарал;
Чархида кколел хунжрул, –
Кверзукь сородугеян.

Бекьулеб ракь – гвандаби,
Гудрал цоцазе гъолел;
Цоцахъе кьолеб ярагъ –
Кьвагье, кьвагье, кьвагьеян.

Югалда, Севералда,
Дунялалъул сверабалъ –
Сардилъ ахирал харбал,
Радал ахирал харбал.

Хваразул жаназаби:
Вьетнам, Корея, Чили...
Чи цIодорлъулев гьечIо, –
ЦIа – цин гьаниб, цин – доба.

КъотIе, речIчIе, чIвай – гьаркьал, –
Палестиналъул лъимал, –
Жиндирго хазиналде
Хвалчен борхараб гIалам.

Щиб рахъалъ бугеб гьури? –
Гьенисан бухIе, бухIе!

Базаралда ричулел
Руго жеги каскаби, –
Фашистазул къотIарал
БутIрузул сайигъатал,

Инсан мех бахъанагIан
ГIакъиллъулин абула, –
ГIалам, миллион саназ
Сундего кантIулареб.

Суал буго васазул:
Щиб жо ирсалъе тараб,
Умумал, нужецайин
Дунялалда нижее? –

ГIащтIал, гIурдул, тушманлъи,
Туснахъалгин чIунтелал...
ЧIаголъигун рокьуе
Ракьалде рачIарал ниж.

Цо гIолилас абуна, –
Дирго гIинда рагIана, –
Умумазул горбода
Гваниквар базе кколин.

Гьезул нусабго суал –
Цоялъе жаваб гьечIеб,
Азарго унтиялъе
Цо тохтур ватулареб.

Тату хваяб дуниял,
Дару гьечIищ чиясе? –
Фашистал щущан руго,
Фашизма хутIун буго.

Васазул гьулакалъе –
Гьаб чIунтараб Европа,
Атомалъул рогьояб
Рохъдол цIун Япония.

Бице, чIахIиял, бице,
ЧIвай-хъвейищ гIакъилаб жо?
ГьечIищ паракъатаб бакI
КIудияб дунялалда?

Аза-азар суалал...
Дида ракIалдещвана
Цо щвантIихалъул хабан,
ЦIакъ гьитIинго ратIараб.

III

ЦIигьулдерил парсазда
ЦIцIани хьихьулеб мехалъ,
Цо вехьас щвантIихги пун,
Бицана дие хабар.

ХъахIилал зобалазда
ХъахIлъарал мугIрул цураб,
ХIинчIги тIегьги гIемераб
Цо берцинаб тIалъидал;

Добе тIараде щвараб,
Доба рикIкIада бугеб,
РакIалъе паракъатаб,
Гьереси-ццин лъалареб,

ХIинкъи, бикъи лъалареб,
Рукъалда кIулал гьечIеб,
КIиазарго къагIида
ГIищкъуялъул ургъараб;

ЖахIда-хIусуд гьукъараб,
ХIилла-рекIкI букIунареб,
ХIайранал чвахиязул
МатIабалъ ватIан бугеб,

Рагъ лъалареб, кьал ккечIеб,
Кьижун питна, къец бугеб,
Бакъ, орден кинигинан,
Каранда веказ бугеб...

ЩвантIихалъ дий рачана
Чапун ракI унел бакънал,
РикIкIад Гималаялъул
Гордукь бугеб тIалъидул.

... Гьеб гьитIинго магIарухъ
РагIараб къисагун кечI
Кибго бугеб къагIида
КъватIи-къватIир ракьазда.

Гьезул гьаркьаз ахIунищ,
Паракъалъи бокьунищ,

Рокъоб батичIеб талихI
КъватIиб балагьизейищ?

Яги гучаб тIабигIат,
Гьелъул тIабгI босизейищ,
ТIадегIанаб Эверест,
Дур балъголъи лъазейищ?

Битникалгун туристал, –
Тургьиги мугъалда ран,
Тана нахъа Европа, –
Рилълъана Азиялде.

Сверана Индиялде,
РачIана Непалалде,
Маргьабазулъ абухъе –
Инги динги бахана-.

Доб рахъалде рачIана,
Гималай данде чIвана, –
Бакъгун гIазу рекъараб,
ГIемерал векал лъараб...

… Гималай, къисабазе
ГIисинлъи бокьуларо;
Дур гIемераб бицуна, –
Мун гIакъилаб, кIудияб.

РагIал гьечIеб океан –
Дагь бихьараб, дагь лъараб;
Гьелъул чIинкIиллъиялда
ЧIинхаллъун руго чагIи.

Лъарабги – цIакъ захIматаб,
БакIгин ракI буго накIкIилъ;
ЦIакъ бухь-бухьараб гарацI, –
БацIазул кIалдиб кьегIер.

Кьурул рагIал – гьаб гIумру,
РагIи батулареб мацI, –
Бице, щиб жо гьаб дунял,
Бице, щив гьанив кисан?...

... Гималаялъ гьебмехалъ
ПIуна жиндирго щвантIих –

Я ццидае, я рокьуй
Ракьалда хIалхьи гьечIо.

Халатал мугжул кIкIвайин,
Европалъул гIолилал, –
ГIумрудул гьакил хабар
Буго нижер буддазул.

IV

... Лъабго къуват рагIула
Гьаб гIаламалъул рокъоб,
ГIумрудул гьоко цIалеб
Гьелъул цIиналда бакьулъ.

Гьезул бищун цебесеб,
Цо щибго гIакълу гьечIеб,
Гьумер чуруца цIураб,
ЧамгIалаб болъон буго.

КIиабилеб – ццидалаб,
Цин-циялъуб кIичIулеб,
Рокьи лъачIеб, заралаб,
Загьруяб борохь буго.

Лъабабилеб – хъурумсахъ,
Хъощниб хIурулъ хъерщолеб,
ХIелкида бер чIварабго,
ЧIваркьулеб гIанкIу буго.

Гьел лъабазго цIан унеб
Дуниялги гIаламги...
Гьеб гIумруялъул гьоко –
Гьедда камураб гьечIо.

Квешлъи, ццин бищун цебе,
Цинги лъикIлъи, гIадамал;
Борхалъуда зоб буго
Жиндирго хъахIиллъигун.

ХъантIарал илбисалги,
Ракъарал щайтIабиги, –
Щаяли алжан гьечIо,
ЖужахI буго гIодочIун.

Дунялалъул чIаголъи –
ХIалтIи, пиша, как, дугIа;
Чундул, хIанчIи, хIайванал,
ХIетI бугел, кваркьи бугел.

Буго ракIазул хIасрат,
Цоцахъе кьолел кверал.
Цинги тIубалаб мурад,
Маян гьарулел лъимал.

Буго херлъи, буго хвел,
КIочон тун гьечIо щибго;
КIудияв Рана – аллагь
Гьал гIисинал ишазул.

Дихъа гьеб кинабниги
Бицун бажаруларо;
Гьеб дие бицунелги
Баянго ричIчIуларо.

Болъоналда гьикъана:
Гьаб дур чороклъи щибан? –
ЧамгIалаб дунял бугин, –
Данде жаваб кьуна гьелъ.

Борохьалда цIехана,
Дур кIичI-кIичIи щибилан, –
КIичIараб каратI бугин
ГIумруялъ, – абуна гьелъ.

Дур гIадаллъи щибилан,
ГIанкIуялда кIалъайгун,
Гьеб мокъида – къу-къу-къу, –
Къвакъвадизе лъугьана.

Гьал лъабазго абуна,
Жал кочIохъаби гурин;
Космосалде рахине
Жал хIадурулел гьечIин.

ЦIехана хIелкидаги,
Гъолъ у-у-у бачана, –
Балагь, квешлъи, ццидаца
Квер чиясде битIана.

ХъахIилаб борхатаб зоб,
Ахада ругел гIункIкIал:
Огь, гIадан, гIаданилан;
Огь, гIумру, гIумруйилан!

ШайтIан-илбисал руго
Жидер чи лъугьичIилан, –
Чиясдасан илбисал
ГIемерал лъугьун ругин;

Дунял цебе бачунеб,
Цинги гьеб нахъе цулеб
Ццин бугин, ракъи бугин,
Балагь къварилъи бугин;

Абуна, гIумруялъул
Багьа лъабго шагьийин, –
Гьебги – базаркъоялда
Къали бухе кIовухъе.

Абуна, гьеб гьобойин,
Абуна, гьорол хъалин, –
Пикрабазулъ вуго дун
Огь, Мандала, Мандала!

Дур мехалги, нухалги
Ругел батIи-батIиял,
ГьетI-гьетIарал, захIматал, –
Огь, Мандала, Мандала!

Бищун аслияб гьоко
Гьаб дунял-гIаламалъул,
Дуда данде щиб чIвачIеб, –
Огь, Мандала, Мандала!

ГIазу, цIер, цIаги, бакъги –
Дур бакъназул гIемерлъи;
Накъишазул цо кьерал, –
Огь, Мандала, Мандала!

КинабгIаги дудасан,
КинабгIаги дуй гIоло,
ГIалам гвангъараб чирахъ, –
Огь, Мандала, Мандала!

Мун – бищунго аслияб,
Мун – бищунго хирияб,
Киданиги хвел гьечIеб, –
Огь, Мандала, Мандала!

Дунни – дур нухлул бутIа,
Дун –дур иххалъул къатIра,
Дур къарнабазул лахIзат, –
Огь, Мандала, Мандала!

V

Мандала – магIарулалъ
ГIумрудул гьоко буго, –
ГIумру батIи-батIияб.
БутIа регъон гьабураб.

Миллиардал гIадамаз
Миллиардал санаца
Сургу тIамун къачIараб,
КъачIан жеги бахъинчIеб.

Цо рахъ седон бахъинчIо, –
Бихъун унеб цогияб;
Цоясул бетIер квачан,
Цоясул хIатIал квачан.

Цо бакIалда рукIкIен чIвай, –
Цогиялъуб чIалхуна:
Цоязе – чадил гурга,
Цоязе – горбода квар.

Нухаз, гьаказ, чарухъаз
Чи кивехун вачинчIев? –
Кинидаса зонохъе
ЗахIмалъи унеб нухлул.

Машгьурлъи, гьунар, рогьо
Цого гьакида ругел, –
Гьанже беканин ккараб,
Даим бекулареб гор.

Хиялал цIикIкIанагIан,
ЦIа гьалаглъун лъугьунеб, –
Чан цIадаб лъунаниги,

ЦӀилъун боржунеб феникс.

БукӀарабги, бугебги,
БукӀинебги – лъабабго,
Лъабго лъалев чанахъан
Кинигин, къацандулеб.

Цебе къотӀулеб хӀама,
Нахъа цӀан бачунеб чу,
Чи вуго нухлул бакьулъ –
Бикьун цолъулеб къисмат.

Огь, Мандала, Мандала,
Мун бугеб цо театр, –
Режиссерал хисула,
Халтура тӀагӀунаро.

Дарсал гӀемер цӀалана,
ГӀелму чанги малълъана, –
ГӀорлъун арал лъагӀелал,
ЛъугӀулареб институт...

VI

Гималайгун Эверест:
Эхеде унел накӀкӀал,
Эхебе бачӀунеб бакъ, –
КечӀ жеги лъугӀун гьечӀо.

Гьеб лъугӀила гьаб дагӀба
ЛъугӀараб заманаялъ, –
ДагӀба буго дир къойил
Дунял, гӀумрудул рахъалъ.

Дица ахӀулел руго
Дирго ракӀалдещвеял, –
Дир рукӀарал ихазул
Хасал корреспонденталзал.

Дица борхулеб буго
Дир хиялазул пардав, –
Хъвалеб буго музыка,
Замана – пластинка.

Дица гьикъулеб буго

Гьаб гІумруялъул магІна,
ГІатІидаб ралъдалъ раса
Дида бихьизабула.

Лъедолел руго санал
Карачалаби чІва-чІван, –
ЧІваби гІадинан руго
КІиябго рагІал лъадал.

Эбелалда гьикъана,
Гьаб гІумру щиб жойилан;
Гьулак бихьизабуна –
Лъималго лъималилан.

Инсуе суал кьуна,
Дунялалда цІар щибан, –
ЦІа бихьизе гьабуна,
Прометейица кьураб.

Гьудуласда гьикъана –
ГІолохъанал соназда
Цо ясалда къвал бана.
Расул, гьале гІмруян.

ШагІирасда гьнкъана, –
Пандур – далай-далаян,
Дунялалъул багьаяб
Бугин гьаб гІумруйилан.

Ханждалъ восун гьабигьан,
Гьесулгун ккана хабар:
«ХинкІил бетІер чІахъаги,
БатІияб жо кІваричІин.

ЧІачІа гьекъолел чагІаз
«Гьале гІумру, – абула, –
Гьаб аралъубе аги
Жеги азаргойила».

«Ассаламу гІалайкум,
Ва гІалайкуму салам –
ГІумру гьеб кІиго рагІулъ
Бугилан руго гьалбал...

Цояз гьадин абула,

Цояз додин абула;
Цояз нухан абула,
Цояз ахан абула.

Иццго, иццгоян цоял,
Хурго хурилан цоял;
Художник – Джокондал
Сурат бугин гIумруян.

Матросазе – океан,
Лётчиказе – хъахIил зоб;
Щибасе – хъулухъ, хIалтIи,
РитIухълъи, яхI, лебаллъи.

Унти, сахлъи, кеп, ургъел –
Кинабго буго гIумру.
Бакъ, цIад, цIер, пири, гъугъай –
Дунги гъез гьоркьов течIо.

Дир сардалги къоялги
Къандалъоялла инчIо; –
Къаси дир гордухъ чирахъ
Гьадинго бакун течIо.

Дир гIумру макьу гуро, –
Ракьалда гьеб букIана;
Дунги – чвахидал полоп,
Дунги – читIиралъул чIум.

Дир къисмат «У» – ян ккезе
Ургъараб маргъу гуро, –
Дунги – цIаялъул кунчIи,
Дунги – цIадалъул тIири.

Диеги къарнуялъул
КъотIун цо бутIа кьуна, –
Дунги – эбел-инсул вас,
Дунги – ясазул эмен.

Дунги къваригIел гьечIеб
ТIагIел гIадин вукIинчIо, –
ТIамурги хъвалеб буго,
Хъалянги цIан бахъинчIо.

Дунги, гъадица гIадин,

ГІемер сон бачІониги,
ГІезегІан кечІ ахІизе
ВачІарав шагІир вуго.

Халатаб заман барал
Гуро холарел чагІи, –
Холареб иш гьабурал,
Гьезулъ буго даимлъи.

VII

Огь, Мандала, Мандала,
Дунго веццулев гуро,
Рецц гьабулев вуго дун
Чиясул гІумруялъе.

Ракьалда гІураб бищун
ГІагараб хазинадай,
Гьаб хирияб дуниял
Данде къарал кверазе.

Непал, йохъ, гьариларо
Паракъатлъи ракІалъе, –
Гьалдолеб карачелалъ
Буго гама-дуниял.

Гьабиларо гьудуллъи
Къандалъодалгин дица, –
Дуэлалъ ахІун руго
ГІумрудул чІвадарухъай.

Руго дуниялалда,
Нижер дораги руго,
Гьаб гІаламалъул гьоко
Жидеца цулеб бугин:

Цояб рахъалда болъон,
Цогидаб рахъалъ борохь;
Цинги «къу-къу, къу-къу», – ян
Къвакъвадулеб доб гІанкІу.

Руго гІункІкІазул боял,
Буго гІунхрузул къокъа,
ГІиялъ речІчІулел бацІал,
Берал хъантІарал чудкал.

Руго дуниялалда
ЦIогьалгин гьерсихъаби;
ЦIукIаял хIелхIелчагIи,
Нич гьечIел хIакимзаби.

ГIумру чIезе гьабилин
Руго чIвадарухъаби, –
Дуниял чIунтизабун
Жалго чIаго хутIилин.

Руго гьегьал рукIназда,
Базабахъ, подвалазда;
Гьоркьо-гьоркьор гьундузул
Залазда, кабинетахъ.

Руго академиялъ
ГIалимзабиян абун,
Гьегьал трибуназда
Тухьулаби хъудулел...

Огь, Мандала, Мандала,
Дица гьел рехселаро, –
Мун цебехун бачунел
Цогиял кверал руго.

Дозул ханжар батани,
Нилъерги ханжар буго.
Хирияб феникс, дуе
ГьечIо киданиги хвел.

Чиги гIумруги лъазе
Лъабго хIалбихьи буго:
ХIинкъараб нухлул сапар –
Нухалда гьикъун бихье:

Инкъилаб гьабурал щал?
Берлин босарал киса?
Кинал васаз цIунараб
ЦIадулъа бахъун рекъел?

КIиабилеб хIалбихьи:
Бечелъи, боцIи буго, –
Дуца банказда гьикъе,
Дуца кепказда цIехе.

Кир ругел хъамалчагIи,
ХъантIарал чияр ракьахъ? –
Жидедасаго рикIкIад
БакIазул нарталъ мехтун.

Лъабабилаб хIалбихъи:
Бихьиназе – руччаби;
Баче диван, баче суд,
Эбел, яцалда гьикъе:

Гьезул васал чIварал щал?
Гьезул росал чIварал щал?
ЧIужугIадан ракьалда
Лъица къварид гьаюрай?

Огь, гIумруялъул гьоко,
Огь, гьайбатаб Мандала!
Мун цебехун бачунеб
Лебаллъи, гьунар буго.

Пикру бугел бутIруца,
ИяхI бугел ракIаца,
ХIасраталъ, ритIухълъиялъ
БахинчIеб мегIер гьечIо.

Мун цебехун бачунеб
Буго берциваб жаналъ,
Жигаралъ, гьудуллъиялъ,
Панаяб, гIаммаб кечIалъ.

Гьеб дицаги ахIула,
Цогиязги ахIула, –
Цебегосеб гимн буго
Дуниялалъул гвавул.

Гьеб нилъеда малълъана
Лъабго гучав шагIирас, –
Гьеб бичIчIуларел руго
ГурхIизе ккарал чагIи:

Болъонида релълъарал,
Борохьалде гIагарал,
Мокъида къу-къу бачун,
Къвакъвалеб гIанкIу гIадал.

Гьеб лъаларез Мандала
Цебе бачине гьечІо, –
Цебего инаан гьеб
Гъобе кІкІалал тІиналде...

ГІумруялъул гьакида
Киналго гІасрабаца,
Камилав лъабго шагІир,
Нуж нижгун цадахъ руго.

ТІоцебесеб – тІабигІат,
ТІадагІанлъи, гъварилъи,
Цо гІатІилъи, даимлъи,
ЧІухІи, хІикмат, берцинлъи.

Гъолде бахараб гьечІо
Хазина гІаламалъул –
«Ханжар лъалиниб лъе», – ян
Буго гъолъ кьолеб гІакълу.

КІиабилеб – халатал
ГІасрабазул хІалбихьи, –
Рекарал щинал бутІрул,
БатІияб гІел кантІизе.

ГІемер ругънал рихьараб,
Рагъал лъараб гьеб буго:
Чанги гІилла бугила
ГІадан цІодор вукІине.

Лъабабилеб – киналго
Веказул, улкабазул
Рекуларел фонарал –
Дир Пушкинал, Шекспирал;

Шопенал, Рафаэлал,
ХъахІабросулъа МахІмуд:
БитІун ккани рокьиян,
Мекъса ккани къалилан...

Ирсалъе васазе тун,
Сахаз тушманлъи гуро, –
КІудияб гІакълу буго,
Гьелда цІар рекъел буго.

Австралиялда
Макацалаялъул гъветI,
Гъолъ бараб щинаб заман, –
Гьелъул бицунеб буго.

Мексикалъул кипарис,
Дир кечI долъухъ урхъула, –
Азарго соналъ сарин
Гьелде ахIулеб буго.

Гьадин рикIкIаде ун щай? –
Аваразул кьурабаз
Кьвагьи теян чан нухалъ
Чан гIелалда абураб!..

... Гималайгун Эверест;
Эхеде унел накIкIал,
Эхебе бачIунеб бакъ, –
КечI лъугIичIо, Мандала!..

## ДИВАН

Судиялгlаги щал?

**Грибоедов**

Меседил звархидахъ дос гIин баларо.

**Лермонтов**

I.

Гьеб цIакъ кIудияб дагIба,
Диван къваригIун буго.
ЧIван къотIараб цо хIукму
КъотIизе мех щун буго.

Щив витIарав, щив тIекъав,
Веказ понцIораб дело, –
Цо ришват босуларел
Судияз босе сурав.

Тухумалде цIачIого,

ГIагарлъи цIехечIого,
ГIайиб лъида бугоян
Лъан кIалъазе ккун руго.

«КIиялго битIун ругин»,
Малла Насрудин гIадин,
Басиги гIощтIол гIоркьги
Бокьарал хIажат гьечIо...

ГIасрабазул питнадул
Поэмазул эпилог,
Гьеб диван букIине те,
Дун гьенив цо нугI вуго.

Дица дир килщал рорхун,
Гьале гьа балеб буго, –
Гьерсил нугIлъи, лъала, гьеб
Поэтасе хвел буго.

Кьабулеб буго квартIа
ЛъабцIул дуниял бакьулъ, –
Диван байбихьанилан,
Лъазабуна цIурмаца.

Меседил звархиялъухъ
Жидеца гIин баларин,
ГIарцул цIурал чвантабаз
Чучизе гьаруларин;

Президентал рукIа,
Къиралзаби рукIайин,
Къуватал гьазул гьечIин, –
Жидер зар – закон бугин;

Жидеца, телефоналъ
ХIакимзабаз ахIунин,
ХIукму къотIуларилан, –
Жал хIинкъизе чи гьечIин.

КIиго лъимер, цадахъго
Цо збелалъ гьарурал,
Улкабазда кIиялго
БатIа-батIаго гIуна.

Цояв велъулев вуго,

Цояв гIодулев вуго, –
«Щив витIарав, щив тIекъав?»–
Гьикъизе мех щун буго.

Цоясул цояб гIурхъи,
Цоясул цоги гIурхъи –
Гьел цолъизе гьаризе
Пикру къваригIун буго.

Цоясе рекъел бокьун,
Цоясе дагIба бокьун...
«Бугищ судалде дагIба?» –
ДиванчагIаз гьикъана.

ТIаде вачIана чапар,
Чодул мугъ бацIулаго;
Киналго сонал нахъ тун,
Кинабго дунял сверун:

«Гражданал судиял,
Суал буго дир нужей,
Лъабасдаго гьикъизе
ГьабсагIат бокьун буго:

Ришватал росуларел,
Меседихъ гIинтIамичIел,
ГIарцухъ балагьуларел
ДиванчагIи, нуж щалин?».

Цо судияс абуна:
Дун ритIухълъи бугилан, –
БутIрул хьвагIулел руго
ГIумру лъарал кIудияз.

БитIарабищ букIунеб
КIкIалахъе унеб нухин;
БитIарабищ букIунеб
КIичI-кIичIун араб гъабу?

ХанчIулеб чуриги тун,
КIарун белъана болъон,
Борохьги хьимхьидана,
ГIанкIуги къвакъвадана.

«БитIараб гъабищ бугеб

ГIодоаллагьалъе?» – ян
Абун, цее ячIана
Дир мискинай Кумари.

КIиабилев диванчи:
Дун намус бугин абун, –
Агьайгун вагьай буго,
Гьеб рагIун, гIолилазул.

Намус киса букIунеб
Беццаб гьорчоялъулин;
Гьеб лъидасан босилеб
Бадиб пулеб гьороца?

Хвенехги кIечIезабун,
КIарун белъана болъон;
Борохьги хьимхьидана,
ХIелеко уудана.

Мандала къиркъидана,
Кумари пашманлъана, –
Аллагьалъе пенсия
Гьеб намусищ кколебин.

Лъабабилев диванчи:
Дун – гьунар, лебаллъийин,
Гьайбатлъи, гIакълуйила –
ГIинтIамичIо, пештIана.

ГIакълу гьечIеб лебаллъи,
Лебаллъи гьечIеб гIакълу,
Бихьанила, гIунила,
ГIорцIанила церего.

Лебалав ХIажимурад,
ХIинкъараб мех букIанин, –
ГIакъилаб пагьмуялда,
Огь, мугьру чIвараб кIал-мацI!

Бицунел рукIанилан,
КIарун белъана болъон;
Борохьги хьимхьидана,
ГIанкIуги къвакъвадана.

Къиркъидана Мандала,

Зигардана Кумари:
Дир яшавалда цIар щиб,
ЦIаларал чагIийила...

... Ахир цо диванчияс
ТIаде вахъун абуна:
Дун история бугин,
Дие кье рагIийилан.

Дида лъалин киналго
ГIайибалгун такъсирал;
Дица гьабулин тамихI
Киналго рогьоязе...

Дагьаб сас багъарана,
Судияй балагьана, –
Руго заназул кверал
Киналго хабзалахъан.

Буго рагIи гьарулеб
Пакъирал бесдалаца;
Ракъарал руго рачIун, –
ЧIа, жал кIалъазе тейин!..

Судияхъ балагьана:
Ругъна, рагъал, туснахъал,
Лагеразул камерал,
Киналго гIащтIал, гIурдул.

Бадир килшал регьана
ЧIваразул улбуз, яцаз, –
ЧIегIераб кIазгун гьезда
Гьоркьой йиго дир эбел...

– Лъидехун нужер дагIба,
Сунда нуж рази гьечIел?
– Судияй, дуде буго
Нижер кIудияб дагIба:

– Судияй, История,
Хис-хисун бачIана мун,
Цо чIараб пикру гьечIел
Критикал гIадинан.

Цинцияз, бокьараца

Бокьухъе цIалана мун, –
Цояз цояхъе цIалеб
ЦIаха букIун буго мун.

Дур тIанчазул гьумерал
ХIелхIелчагIи кинигин,
ХIаким вихьун хисана,
Хал гьабун, гьимгьидана.

Цо къоялда цо бицун,
Цогиялъ цоги бицун,
Херав гьерсихъан гIадин,
Пударун гаргадана.

ЦохIого къеркьеялъул
КъоцIул хисун бицана, –
МунгIан росал гIемерай
ГIадан дида йихьичIо.

БитIараб тIекъ гьабуна,
ТIекъаб рекъезабуна;
Дур чагъанадул бакъан, –
ЧанцIул наку хисараб!

Хъачагъахъе цIа кьуна,
ЦIогьабахъе квер кьуна;
Кьалде ине васазе
Гьекъезе спирт кьуна.

Чияр бакIал рахъулел,
Гьурайилан, дандчIвана;
Чияр ракIал рахъулел,
НакIкI тIад тIупун, рахчана.

Дур хIакъикъиял тIанчал
ТIутIун рана, рухIана, –
ТIахьал цIадай рехарал
Берлиналъул байдаби.

ЧIвазе рачунел чагIи
Щайин гьикъараб мехалъ,
Дуде кверал ритIана,
Кинабго гьазда лъалин.

Мун букIана гьебмехалъ

Кагътал тIами гьарулеб,
ТIад ругез щиб абилеб,
Гьелъие пал тIамулеб.

ЧанцIуса Чингис-ханал,
ЧанцIуса Темирланал
Тункарал дуца цере,
Тункарал цинги нахъе!..

Абуна Сталинин
Халкъалъул бетIерилан, –
Хадуб чIезе гьабуна
ЧIвадарухъан вукIанин.

Гьаб дир Дагъистаналъул
Имам Шамилил рахъалъ
Щуго нухалъ хисана
Дур хабар, История.

АнцIила анкьабилелъ
Инкъилабалъул рагъал;
«Иркутск, Варшава,
Орёл ва Каховка».

Лъебералда анкьида
Гьезие гьабураб щиб? –
Гьалмагъ Тухачевский,
Гьалмагъ Муслим Атаев...

... Гьеб лъугIулареб хабар,
Халатаб къец къасдазул, –
Къиркъидула Мандала,
ГIодула дир Кумари.

Огь, болъон белъанхъула,
Огь, борохь хьимхьидула;
Огь, гIанкIуял цо хIелкил
ХIисабги гьабун руго.

– Святая Мария,
МунгIаги ячIунарищ
Гьал мунагьал чуризе?
– Йохъ чуризе кIоларо!

Дида кодоб гьитIинаб,

БацIцIадаб лъимер буго,
БацI лъугьинчIони гьесул, –
Гьелдаса рази йнго.

– Орфей, цо макъан баче
Рукъ къваридал васазе.
– Дир бакъан бомбабаца
Буго къине гьабулеб.

Балагье Кампучияхъ,
Балагье Бабий-Ярахъ,..
Гренада дирилан, –
Доб кечI цIилъулеб буго.

– Сикстиналъул Мадонна,
Дур берцинлъи бихьана, –
Бецалгицин канлъила, –
КIалъай гьал гIадамазда.

– Берцинал рихьун гурищ,
ТIугьдул тIолел, речIалел? –
Гьанже выставкабазда
Суратал цоги руго.

Живго Гитлер рагIана
Художник вукIанилан, –
Хал гьабе дунялалда
Гъос тарал картинабахъ..

ВачIана рагъал лъарав,
Ругънал къоло цо бугев,
Сталинил мехалъул
«Москвичгун» цо шофер.

«Балагье», – абуна гьас, –
Жиндир кабинаялда,
Кибего рехичIого,
КIиго сурат бугилан.

– КIиго щай, цо гIеларищ?
– Цо васазе, цо дие.
– Сурат лъил?
– Сталинил.
– Сталин цо вукIана.

– Цогияв хутІун вуго...
Цо вукІананиги, гъов
Дуца кІилъизавуна, –
Дур кІал гІела, гІасияб
История-диванчи...

История кІалъана,
Гьеб дир гІайиб гурила, –
ГІадамал дунялалъул,
Дун ургъарал нуж гурищ?

Нужерго гІакълуялда,
Нужерго гІадлуялда,
Нужерго намусалда
Нужецаго гьабе суд.

Гьекъолес гьекъолеб жо,
Хъизан гІодунин абун,
ГІодобе рехиларо, –
Жинцаго течІонани.

ЦІогьорас бикъулеб жо,
Туснахъалда лъуниги,
Толаро – лъикІ гурилан
Жинцаго абичІони.

ГІорцІуларо ришватчи,
ГІоларо цІаргин орден, –
ЦІадай, Хучбар кинигин,
Киналго кІанцІуларо.

КІиго хъулухъ щваниги,
Щуго жеги гьарула;
Питна, рагъал лъугІула, –
Рагъулел щал? – Нуж руго.

... Нужер почтагун банкал,
Кинабго телеграф, –
ЧІоларо нуж, нусцІуса
Нюренберг гьабуниги...

Цоги-цоги абуна
Историялъ халкъазда,
Къоябго гІасруялъул
ГІасияб иш бадибчІван.

Мандала гIенеккана,
ГIадамал руцIцIун чIана,
Кумарица абуна:
«Эбел, дун щай гьаюрай?»

Болъонги белъанхъичIо,
Борохьги хьимхьидичIо,
ГIанкIу тIанчIигун цадахъ
ТIинкъ бахъинчIого чIана.

Лъил гIайиб гьабчи абун,
Гьикъана Герценица;
Гьабилеб щибан абун,
Цоги гIакъил кIалъана.

II

Дун вукIана дол сардаз
Рокьул поэма хъвалев:
Йокьулей – цояб къвалакь,
Къалам, кагъат – цо кверзукь.

Рокьи жеги лъугIичIо,
КечIги лъугIулеб гьечIо, –
Каву бухулеб буго,
Бохдуцагун квераца.

Машинал, мотоциклал
Азбар-къоноялда чIун:
Авар шагIир, щай дуе
Рокьуларел гьалбалин...

Кьабулеб буго цIумур, –
ЦIадасев вахъайила;
Абе ПатIиматида
Гьеб стол гIуцIейила...

... Огь, дир рокьул поэма,
Кьижа гьанже паракъат, –
Гьалбал киса, щалали
НуцIа рагьизе инин.

ПатIимат, тIаде яхъа,
Бугеб тIагIам цебе лъе, –

Цинги дица гьабичIеб
Рецц дуе тезе гьечIо...

Дица нуцIа рагьана –
Привет, депутатин,
Дида лъалел, лъаларел
Цо халкъ жаниб бачIана.

Цадахъ буго къулагIи, –
КъотIун хьагиниб лъейин;
ЯщикIал коньяказул;
«Кизляр», «Дербент» – лъаларо.

Жал цо компаниялда
Кеп-гIоркьалда рукIанин,
Дур гордухъ канлъи бихьун,
Духъе щвезе рачIанин...

– Щиб гьабулев вукIарав?
– ШигIру хъвалев вукIана.
– Щиб гьелъухъ дуе щолеб?
– Дун гьелда тIад ургъичIо.

Гьал бухари тIагъразулъ
Дир тIахьахъ балагьана, –
Гьал тIанчазда, ХIамзатов,
ГIакълу букIунарилан.

ГIакълу чохьониб бугин,
ГIакълу чвантиниб бугин,
«Дурго гIахьучIалги тун,
ГIодов чIа нижгун цадахъ».

– Нуж щал кколел, кватIараб
Заманаялъул гьалбал? –
Гьал иргадал цо-цоккун
Дида цере рачIана:

Цоялда цIар цIогь буго,
Цоялда гьекъел буго,
Бикъи, хъами, хъачагълъи,
Хъулухъ цIехон хIелхIеди.

Ришватгун приписка,
Гьересигун гважилъи,

Гьабулеб мацI, чороклъи,
Жеги чуричIеб намус.

Цояв – «дун даран вугин»,
Цогидав – «ярагъ вугин»,
Цо бищунго кIудияв –
«Дун балагьгун рагъ бугин».

Болъон, борохь ва гIанкIу
РукIана киналгIаги, –
Кин, гIумруялъул гьоко,
Дуца гьал раччун ругел?

Дир гьитIинай Кумари,
Гьереси, ццин лъаларей,
Бице, гьулакалдайищ
Гьанже аллагьлъи бугеб?

Гьале гьалбал гьекъолел,
Кагътал тIами гьарулел,
Канлъи гIолареб мехалъ
ГIарцуда цIа бакулел.

Гьез абуна: «КIудияб
Диван бугин ракьалда,
Рокьигун рекъелалъул,
Бакъалъул, бецIлъиялъул.

Нижехъе щвана хабар,
Мун нугIлъун ахIун вугин, –
Аваразул кочIохъан,
Нижер рагIухъ гIенекке.

Дуца нижеда хъвалеб
ЦохIо кIал багъарани,
БецIаб цололъ дандчIвала, –
Цинги ракI бухIила дур.

Дур хъизан-рукъги буго,
РагIад нижеде гьабун,
РагIи абун батани, –
Балагье – кIкIал, гьоле – гIор.

Мунго вухIун теларо,
Дур росу, рукъ бухIила, –

БарахщичIо гури ниж
Живго Пушкинидаги.

Ришват – цIакъ къуватаб жо,
Къела мун нижедаса, –
Грециялда буго
Байроница тараб ракI.

Нижер цIадулъ рухIана
Бруноги Хучбарги, –
Хвелароан Галилей,
КIал богIой тараб ани.

Гренадалда аскIоб
Федерико Лоркае
Гъабураб диваналъул
Дудаго лъала хIасил.

Берлиналъул байдаби,
РухIулел кочIол тIахьал,
Гейнел тIанчазул рохъо,
Рихъун ралел Брехт, Бах.

ХIапиз, ХIаям гъукъарал
Гьалагал мехал лъана;
Гьезухъ хал гьабиларо, –
Дир Дагъистан, балагье:

Цоязул бер бахъана,
Цоязул кIал букъана;
Цояз загьру гьекъана, –
Рукъараб бакIцин лъачIо.

Цоял ракъуца чIвана, –
Цо чIезе лъаравани,
Инаанищ дов МахIмуд
Болъодаса гIодове...

... ГIемерал рукIана нуж,
ГIалимзаби, шагIирал,
Нижгун къеркьон чIечIого,
Къоял щвелалде хвана...»

ЧIухIи, хIинкъи цолъарал,
ХIалихьатал тушбаби, –

Дища гъазда абуна
Галилейил рагIаби:
«Гуро, кин букIаниги,
Дунял сверулеб бугин»;

КIудияб судалдаса
Нуж рорчIизе гьечIилан;
Киналго такъсиразда
ТамихIалъ кьабилилан...

Судиял щалин цоял,
Иргаялда гьикъулел, –
ГIакълу киса босилеб
Инсанас дунялалда?

Гьел даимал суалал,
БатIи-батIияб жаваб,
Буго сурав босулеб
Сверулеб гьобо – дунял.

III

Дир рекIел гъварилъуда,
Къасдазул сиялда тIад,
Соназул мегIералда,
ГIодор чIана судиял.

Кьабана гъаз квартIаби
ЛъабцIул дуниял бакьулъ, –
Диван байбихьанилан
Зваргъана кибго цIумур.

... Гьаб нилъ гIураб, бокьулеб
Ракьалъул цIаралдасан.
Ракьалда рижанщинал
ТIугьдузул цIаралдасан;

Гьаб гIахьалаб нилъер тIох,
Зобалъул цIаралдасан;
Зодор ругел киналго
ЦIвабзазул цIаралдасан;

Тарихалъул халатаб
Чвахидал цIаралдасан;
Миллатазул киналго

КучIдузул цIаралдасан;

Кинида лъималазул
Беразул цIаралдасан;
Балагьарал улбузул
Ургъалил цIаралдасан;

ЦIада росдал рахъалъан,
Маскваялъул рахъалъан,
Дир берцинаб праздник –
Парижалъул рахъалъан;

Чанги мехал нахъ тараб
Мандалалъул рахъалъан;
Дир мискинай Кумарил
Камиллъиялъул рахъалъ;

Дунялалда киналго
Хваразул цIаралдасан;
ЦIар рагIараб халкъияб
Инкъилабалъул рахъалъ;

Ленинил цIаралдасан,
Пушкинил цIаралдасан;
ЦIа хабада сунарев,
Солдат, дур цIаралдасан;

Киналъулго бетIергьан,
Чиясул цIаралдасан; –
ЦIан руго жавабалде
Жакъа тIолго квешлъаби;

Киналниги балагьал,
КиналгIаги мунагьал, –
Балагье гьазухъ, гьале,
ГIодор рукIун руго гьал.

ГIодор рукIун руго гьал
Диваналъул бакIида,
Туснахъалъул ретIелгун,
БутIрул кIкIварал такъсирал.

Цоялда нахъа цоял,
Цоялда хьолбохъ цоял,
Цоцазул гъуждузда тIад

Гъуждулги лъун руго гьал.

Гьаб гӀумруялъул согӀлъи,
Гьаб гӀаламалъул кьогӀлъи,
Кье жаваб – ахӀун буго
ТамихӀ гьабизе гьале.

ГъутӀбулъ бугеб хӀапаро, –
Гьеб хӀасраталъул загьру, –
Гьаб инсанасул рагӀи,
Рагье, киса гьури мун?!

Цоязда аскӀор цоял,
Цоязда хадур цоял, –
Гьал церего рихьарал
Дир некӀсиял тушбаби.

Гьал, куцалъухъ балагьун,
Киналго дида лъана, –
Дунял пасат гьабурал,
Гьунар цогияб гьечӀел.

Цо гьезул берал, гажал,
Гарбал, кверал, рагъари;
Рагъ буго гьазул пиша –
Гьереси, мацӀ, цӀогь – махщел.

Бидулгин магӀил гӀорал –
ГӀазабазул устарзай;
Атомги ракеталги –
Гьазул назмуги какги...

Гималайгун Эверест
Эхетараб тӀабигӀат, –
Гьаб бугеб тӀоцебесеб
ТӀадегӀанаб диванчи.

КӀиабилеб – миллион
Саназул заман буго, –
Законазул тӀахьазда
Гьелъ хъвачӀеб квешлъи гьечӀо.

Лъабабилев – чи вуго,
ТӀабигӀаталда гӀурав, –
Гьелъул гӀелму босарав,

Гьелъул кодексал лъалев;

Океан карачелал –
Гьезул кучIдул ричIчIулев;
ХIанчIи, цIваби, гъветI, тIугьдул –
ТIолазулго мацI лъалев.

Лъабабилел – гьел руго,
Хеккого камуниги,
Кинабниги замана
Дунялалда гвангъарал.

Дир Пушкинал, Байронал,
Дир Бальзакал, Сократал;
Одиссея ургъарал,
Иллиада гьабурал.

Авиценнада кодор –
КучIдулги дарабиги;
Шекспир – трагедиял,
Толстой – «Рагъ ва рекъел».

ГIакъилзаби – ракьалъул
Киналго гIасрабазул;
КочIохъаби сонисел,
КочIохъаби гьанжесел.

Волгагун Гангаялда,
Океаназул тIинда,
Азарго хъудулеб иш
ХутIана ахалъуда.

Заманалъул гьороца
ГIемерал цIарал ана;
ГIумру дагьал поэтал –
Гьел, кIвачIги бан, рачIана.

Гьале гьезул даимал
Режуларел сияца
Судалде ахIун буго, –
Берлиналда чIвараб рагъ.

Гьеб, чIаго гьабизеян
Бокьарал гIемер руго, –
ГIадамал, цIодор рукIа,

ГІадамал, хІерен рукІа!

ГІадамал, гІадамаллъун
Лъималазухъ балагье, –
Дунял гьитІинлъун буго,
Гьеб щибас каранде къай;
Бекуге гІумруялъул
ГІемер мех бараб гьоко!..

... Гьеле гьедин абуна
Лъабавго диванчияс.
Дун гьелда рази вуго, –
КечІалъ рекъел гьарула.

ГІадамал, нужецаго
Нужее гьабе диван,
Дуниялалъул рокъоб
Мекъльи-тІекълъи тІагІине.

Такъсиралгун гІайибал
ТІолго гІумрудал лъалел,
ГІадамал, нужецаго
Гьабе гьелъие хІукму.

Гьикъе тІабигІаталда,
ТІолалго заманазда, –
Киналго гениязда
Гаргадун, къотІе диван.

Фонарал ракаралго,
Канлъи цІикІкІун бихьула, –
Болъон, борохь, гІанкІуял
ГІадамаллъун гьаруге.

Берцинаб мурадалда
Цебехун унеб гьоко, –
Гьелда цере женжелел
Женал щущазе гьаре!

Гималайгун Эверест:
Эхеде бахунеб накІкІ,
Эхебе бачІунеб бакъ, –
ЛъугІана кечІ, Мандала.

ЛъугІана кечІ, Кумари,

КечI лъугIана, Кумари...

КечI лъугIараб мехалда,
Жеги цIияб хъвалалде,
ЦIураб лълъар, ма щварабин,
Кьолаан шагIирасе...

Гама биччалеб мехалъ
Шампанский бекула, –
Цо шиша рагье дуца,
Дир берцинай Кумари!

1984 сон.
Катманда, Дели, Москва,
МахIачхъала. ЦIада.

## ТIЕХЬАЛДА РУГО

Дагъистаналъул хIелеко
Гъадаб зобалхIаги зоб-ракьалхIаги
МагIарул зурма
КьогIаб гьоцIо
ГIабдулал гъветI
ЦIовкра
Ца хIушала, ца нушала
МугIрул гун арав ГIали Камалил Башир
ГьитIинав, гIадалав Салимил рахъалъ
«**Дун гьавураб сон**» – абураб поэмаялдаса лъабго кечI
Дингир-Дангарчу
Кинидахъ кечI
Эбелалъул кечI
Гъумекдерил ханги, хундерил нуцалги, гьидерил Хучбарги, лъарагIазул шамхалги, гьесул васги
**МагIарул рокьи**
ЦеберагIи
Гьвелги, чолги, магIарул ясалъулги къиса
Вай багIараб рокьи, чIегIераб рокьи
Базалай
**Шамилиде**
1. «Дур гьитIинаб зани заназул рохьоб...»
2. «Мун цоги бакIазда вукIаравани...»
3. «Мун – дир аваразул лъалев аварag...»
Ираклий Абашидзелгун хабар

Кавказалъул гъалдолел къоязул къиса
Цо магІарул къиса
Шамилил рокьи
КІибетІераб цІум
Шамилил ханжар
КІиго си
Бицуна
«Дир кІиго гІайиб буго...»
ГъаракІуниса СагІид
**ХІажимурадил кечІ**
«Дун ХІажимурад вуго...»
«Щуго килищ – щуго кечІ...»
**ХІажимурадил эбелалъул кучІдул**
1. «Къурулъа кІкІалахъе кІанцІана чанги...»
2. «БетІер къотІулебищ ХІажимурадил...»
«**ХІажимурад**» абураб картинаялъе
Эбелалъул кечІ
«МугІрул гІодулел руго...»
ЦІурмал рараб цІум
ХІажимурадил бетІер
ХІажимурадил хІакъалъулъ хъвараб киносценарий биччачІеб мехалъ
**Ахъбердиласде кечІ**
«АхІилин, магІарулал...»
«Бищун хвалчен рекІарав...»
Ункъкилщилаб квер
Къолохъанасул бетІер къотІараб ханжар
МугІрузда кІоченаро
Ханжарги пандурги
Цо панаяб хІухьел
Къисмат
Аллагьасул щцин бахъараб росу
Бащадаб гьечІеб къуват
Болъо
«МахІмуд, дуда хадув дун гІодиларо...»
«ТІамур каранде къала...»
«Огь, кинаб бухІараб рокьи букІараб...»
АхІана МахІмудица
«Лъабго гІаданалъухъ ккараб цо гІищкъу...»
МахІмудил васият
МагІарул эбелги БакьагьечІиса ЧІанкІаги
Батирай
**ГІумруялъул гьоко** (Непалалъул къисаби)
1. ЧІагояй аллагь (Кумари)
2. ГІумруялъул гьоко

3. Диван